Муратбай НЫЗАНОВ

# ТАҢЛАМАЛЫ ШЫҒАРМАЛАРЫ

## VIII ТОМ

(Роман, гүрриңлер, драбблер)

НӨКИС
«БИЛИМ»
2018

УОК 821.512.121-31
КБК 84 Қар 2
Н — 97

**М. Нызанов. Таңламалы шығармалары**. **VIII том**. (Роман, гүрриңлер, драбблер). Нөкис, «Билим» баспасы, 2018-жыл. 312 бет.

**УОК 821.512.121-31**
**КБК 84 Қар 2**
**Н — 97**

Жазыўшының бул томынан «Соңғы тилек» атлы жаңа романы орын алған. Онда тән қумарлығына берилип, өзиниң туўылған журтынан алыста жүрип өткерген өмири, қартайған шағында басынан кеширген азап-ақыретлери, өз Ўатанының қәдир-қымбатын кеш түсинген инсанның тәғдири қызықлы сюжетлер менен берилген. Сондай-ақ, томға жазыўшының жаңадан жазылған гүрриңлери, ең қысқа жанр — драббллери де киргизилген.

Пикир билдириўши:

**Кеңесбай Реймов** — *Өзбекстанға мийнети сиңген журналист.*

**ISBN 978-9943-4449-3-5**

**© М. Нызанов, 2018.**
**© «Билим» баспасы, 2018.**

# СОҢҒЫ ТИЛЕК

## Роман

## ПРОЛОГ

Бәҳәрдиң дәслепки айының орталары еди. Халық аўзында «буннан буяғына дүзде туўылған қозы өлмейди» десе де, еки күннен берги қара суўық, қозы түўе анасын да сеспей қатырады.

«Бар тапқаныңды бәҳәр иш, басқа ўақта зәҳәр иш» деген ата-баба бәҳәрдиң арықшылығынан шығысыў ушын. Соны есапқа алып, базардан бир килодан моллаў қазы алдырып, палаў астырдым. Қазы жүдә бир таңсық аўқат емес, сонда да күнде палаўға қазы төсеп атырған шаңарақлар шамалы. Биз де солардың қатарындамыз. Аўқатқа бөлек шығып кеткен баламды да мирәт еттим, ақлықлар менен.

Ҳәмме дастурхан басына жәм болдық. Асхана беттен демлеўи жетилисип киятырған палаўдың ийиси танаўыңды қытықлап баратыр.

Усы ўақытлары есиктиң қоңыраўы шыңғырлады. Кешлетип келеди деп күтип отырған ҳеш кимимиз жоқ еди. Соның ушын ба, бала-шаға күтилмеген қоңыраўдан бир шоршып түсти. Оның үстине қоңыраў да бир шыңғырлап қоймады, усти-үстине басылды. Бул бир суўыт хабар болмаса не жақсы, жай-жәйўат жүрген адам қоңыраў түймесин бир мәрте басып, соң жуўабын күтер еди.

— Бул ким болды екен? — дедим мен кемпирге қарап. Кеўлимде қандай да бир ҳүрей пайда болған еди.

— Қызлар шығар, — деди кемпир пәрўәйи-пәлек. Бағана баллаларыңды алып кел деп қоңыраў етип едим.

— Қызлар бүйтип қайта-қайта шыңғырлата бермейди-ғо!

— Баллары-дә! Суўықта тоңып турған шығар, бар Дәўлет тез ашып кел.

Дәўлеттиң барыўынан қайтыўы тез болды.

— Түр-түси әбеший бир адам турыпты, — деди ҳаўлығып. — «Қудайы қонақ»пан дейди.

Күни менен қызы менен ақлықларын күтип отырған кемпир бирден сергекленди.

— Ол неғылған қудайы қонақ? Усы заманда қудайы қонақ бар ма?!. Тур, өзиң бар, қудайы қонақ алмаймыз де. Қайдан билесең, қандай пыйғыл менен жүрген адам екенин?!

Мен пахталы шапанымды ийниме салып сыртқа шықтым. Бул үйде «қудайы қонақ»тың мәнисин тек кемпир екеўмиз билемиз. Баллар ондай сөзди еситип көрмеген. Бизлердиң киширек бала ўақтымызда есигине «қудайы қонақпан» деп келген адамды төрге шығарып, аўқаттан кеш келсе арнап қазан көтерип, қудайдай сыйлайтуғын еди. Себеби, ол қудайдың атын айтып келди. Сөйтип саўап табатуғын еди бизден алдынғылар.

Ҳәзир заман басқа. Ҳәмме жетилискен. Ҳеш ким барар жерине жете алмай жолда қалмайды. Жүдә қалып баратырса мийманхана бар. Адамлар енди әлле ким түўе, қызының үйине де қонбай, күнине барып, күнине қайтатуғын болған. Тоқшылық пенен жоқшылықтың парқы сонда — жоқшылықта адам баласы бир-бирине мүтәж, бир-бири менен татыў болады екен дә, тоқшылықта ҳәмме нәрсе ағыл-тегил, биреўге биреўдиң иси түспейди. Бирақ, соның менен инсанлар арасындағы мириўбет те әсте-әсте көтериле баслайды екен. Буны сиз де, биз де елестирмеймиз.

Сыртқы есикти аша бергеним, босағаның аўзында зиңирейип турған бийтаныс адам менен маңлай дүгистирип қала жазладым.

Аўызда узын бойлы, қақ шеке –арық, шинельге усаған сүр реңли сукнодан тигилген гөнетоз пальтосы бар, басында қаснағының бир шети сынық қара шапка, аяғында сириси жалпайып, өкшеси көринип турған гөне туфлий, сақалы тәртипсиз ғаўлап өсип кеткен бир киси турар еди.

— Дийўанаман! – деди ол сәлем жоқ, әлем жоқ, түйеден постын тастағандай дүрс еттирип. — Қудайы қонақ аласаң ба?

Мен де өзиниң саўалына қарай қарсы саўал бердим.

— Дийўанасаң ба яки қудайы қонақсаң ба?

— Күндиз дийўанаман, кеште қудайы қонақпан. Қорықпаң, қалтамда қурал-жарақ, кеўлимде жаман нийетим жоқ.

Бүйтип турған адамға не дейсең?! Ўақтында ыссылы-суўығы жоқ дийўанада түр-түс қала ма?! Бир ақшам он ақшам болмас.

— Жүриң, — дедим оны ишке баслап.

Үсти-басы олпы-солпы биреўди ертип киятырғанымды көрген баллар орынларынан өрре-өрре турды. Қудайы қонақ баллардың да, кемпирдиң де сәлемлесиўге бийимлесип турғанын елестирмей, хантахтаны айланып, туўры төрге өтти. Дәслеп үстиндеги пальтосын шешип, шеп қолының шығанағына таслап бир қайырды да, оң қапталға таслады. Соң шапкасын пальтосының үстине қойды. Кейин хантахта тәрепке айланып, отырыўға ийкемлести. Бирақ, қалай отырыўдың есабын таба алмай бираз гибиртикледи. Соң барып, бир аяғын жамбасына қайырды да, бир аяғын столдың астына созды.

Қонақ, жайласып болғанша ҳәммемиз түргеп турдық. Соң дастурханды дөгереклеп, диз бүктик.

Мен аманлық-есенлик ушын пәтияға қол жайдым. Қонақ аң-таң болып гә маған, гә жабыла қол жайып отырған балаларға жалтақлап қарады да, соң ебетейсиз қолларын алға созды.

Келин мийманның қолына суў алды.

Ол қолына суў қуйылыўын күтпеген еди. Мен «қолыңды жуў» дегеннен кейин жеңлерин түрип жиберип, ләгенге қолын созды. Нәзеримде оның териси ғағырлап кеўип қалған, қолларына суў жуқпастан, сыпқанан ағып кетип атырғандай еди.

Мийман оғыры аш еди. Өзинен бетер көзи аш еди ол байғустың. Қол жуўып атырып еки көзи нан салынған табақта болды. Мен нанды алдына жақынлаттым. Ол жас бала қусап нанды шаппаттайдан сындырып алар ҳәм оны еки қабатлап, гүреп-гүреп асар еди.

Келин мийман екеўмизге еки шәйнек шай әкелип қойды. Қонақ шайды кесаға сорпа қуйғандай толтырып қуйды. Соң ол суўыйман дегенше гүйсеўин даўам етти.

— Ақсақал, каяқтан киятырсыз? — дедим оннан өзлигинен жуўық арада саза шықпаслығын аңлап.

— Мен ақсақал емеспен, — деди ол нан шайнап отырып бөлип-бөлип сөйлеп. Соның арасынша шайы суўыңқыраған болса керек, бир тынбастан симирип ишип, кесаны тарс еттирип столға қойды. Мен өзимниң шәйнегимнен кесасын қайта толтырдым.

Ол маған жаман көзи менен түксийип қарады.

— Мында бар ғой.

— Ишебериң, мен жаңа да ишип едим.

Мен жуўапсыз қалған саўалымды қайта тәкирарладым.

— Ақсақал болмасаңыз да бизден жасы үлкен шығарсыз? Қайдан киятырсыз, қайда баратырсыз, жол болсын сорап атырман?

— Одессадан киятырман, — деди ол. — Бирақ, баратуғын жағымды билмеймен.

— Одессадан?!

— Аўа. Еситпеп бе едиңиз?

— Еситтим. Лекин...

— Ағайним, лекин-пекинди қойып тур, азымаз қарынға ел қонсын, көзим тойса, кеўлим тойса, жөн-жосағын айтып беремен, болмаса ҳәмме «бомж»лар қусап, чердакта түнеп шыққандай бир ақшам уйқылайман да, азанда кетемен.

— Мәйли, мәйли. Жең, жеп алың.

Соның арасынша келин есиктен бас көрсетти.

— Аўқатты сала берсин бе? — деди шығып кетиўге бәне таба алмай отырған кемпир шырп етип.

— Сала берсин. Баллар, сизлер-әм апаңыз бенен ана тамға барағойың. Бизлер мийман екеўмиз сөйлесип отырып аўқатланамыз.

«Ғарқ боларсыз!» деп гүңк етти кемпир шығып баратырып. Сөйтпесең ҳаял боласаң ба?

Ортаға табақ толы палаў келди. Аўқаттың тең ярымын бизлер бетке салыпты.

«Еле несин көрипсең, қыл таққан соң ғаңқылдайды» дегендей, мийманның күни мененги нан жеўи жеў ме, «аўқаттан басла» деўимди де күтпестен жабадай қолын толтырып бир алғанда табақтың бир шетиниң түби көринди. Кейин ол өз бетинен ортаға қарай жол сала баслады. Ортаға барғаннан кейин үйилип турған палаўды жайып-жайып жиберип, және тазадан жол салды. Ортаға туўрап әкелген қазы қашшан палаўға араласып кетти. Бундай алапасырлы аўқатланыўды көрмеген мен, табаққа қол салармыдысалмасымды да билмей, екиленип қалдым. Бирақ, «пискен астың күйиги жаман» деген, арысланнан айбынып, олжаға жақын бара алмай турған гиена қусап ҳәр ўақта бир алып отырман. Мийманның болса мениң жеген-жемегеним менен иси жоқ еди.

Ақыр аяғында мийман аўқаттан тыйылды. Тойды. Мен алдымда турып суўып қалған шәйнектен еки кеса толтырып шай қуйдым. Ол бирин-бирине қоспастан симирип жиберди.

— Ал, енди сорай бер, — деди ол кейин шегинип, диванға жаўырынын берип.

Бирден не сорарымды билмей гибиртиклендим.

— Қаяқтан келдиңиз, атыңыз ким? — дедим азырақтан кейин.

— Жасың нешеде? — деп ол маған қайтарып сораў берди.

— Сизден төрт-бес жас киши болсам керек.

— Бирақ, меннен бурын тозып атырғанға усайсаң. Қаяқтан келгенимди бағана айттым ғо... Атым...

Ол азырақ иркилип қалды. — Атым Арзыўбай, — деди соң бирден есине түскендей. Ҳүжжетте солай. Ерқасымов Арзыўбай. Бирақ, ҳаялым ертеде маған «Алик» деп ат қойып еди, кейин ҳәмме сөйдеп шақыратуғын болды. Ырас атымды сийрек еслеймен.

— Ҳаялыңыз орыс па еди?

— Украинка. Не парқы бар, сениң менен маған бәри орыс.

Ол табақта қалған еки асамдай палаўға суқланып қарап қойды.

— Палаў жүдә мазалы болыпты — деди соң.

— Жең, жең, қалмасын, — деп табақты алдына жақынлатыңқырадым.

Ол табақтағыны сыпырып-сыйырып еки асады да, қайтадан диванға сүйенди.

— Билесең бе, мен жигирма-жигирма бес жылдан бери палаў жеген жоқпан. Оннан арыда бир мәрте өзим асып, ҳаялымды, қәйин атамды, қәйин енемди бир тойдырғанман. Мақтап отырып жеди. Лекин, палаў менен тиси шықпағаннан кейин... Ишетуғыны гилең «ши»ме, суп ба...

— Қашан келдиңиз?

— Кеше.

— Үйиңизге бардыңыз ба?

— Үйим болғанда сениң үйиңде не жеймен?

Соң мушын ийегине тиреп, бираз үнсиз қалды.

— Улыўма... үйим бар еди, — деди кейин гүмилжи. — Кеше келип қаланың батысы қайда, шығысы қайда биле алмадым. Дусмаллап барған жерлеримде гилең бес этажлы жайлар. Шамасы, биз-иң үйлер бузылып кеткен болыўы керек. Ҳәр ким — ҳәр кимнен сорайын деп жақынласам, меннен қашады. Жабайы адамға усайман ба?

— Сақал-муртыңыз алынбағанға...

— Бомжлар сақал-мурт алмайды.

Үйи жоқ-күйи жоқ, ҳәр жерде жасырынып жасайтуғынларды «бомж» деп атайтуғынын еситетуғын едим дә, бирақ, бүгингидей жүзбе-жүз гезлескен емес едим. Кемпирдиң кеўлиндеги қәўетер енди маған да өтейин деди.

— Елден қашан шығып кеттиңиз?

Ол азымаз ойланып қалды да, кейин, шамалап жуўап берди.

— Анық жылы есимде жоқ, әйтеўир, отыз-қырық жылдай болып қалды-ғо.

— Төсек салып берсин бе?

— Яқ, — деди ол кескин. Соң көзиме тесирейип қарады. — Сен мениң кимлигиме қызықпайсаң ба?

— Қайдан билейин...

— Мениң делбеленип сөйлегенимнен қорықпай-ақ қой. Мен ондай жаман нийетли адам емеспен! «Аш адам урысқақ» болады. Енди мине, қарын тойды. Бир шәйнек шай алдыр, ашкөзленип жей берippен, палаў тесип шығаман деп тур.

Мийманның алдына бир шәйнек шай қойдырдым. Шынтағына еки көпшик бердим. Ол аяғын созып, арқайынласты. Маңлайындағы жыйрықлары да жазылайын деди.

— Сизиң атыңыз ким? — деди маған.

— Хожақмет.

Азырақтан кейин шып-шып терге түсти. Енди ол бийтаныс үйде емес, көптен көрмеген қәдирдан достын ушыратқандай, ашылыса баслады.

# БИРИНШИ БӨЛИМ

***

— Шешем мени усы турысымда усқынсыз етип туўмаған, — деп баслады ол сөзин. — Жаслығымда тап сениң жаңағы балларыңдай, керек десең олардан да сулыўырақ, узын бойлыдан келген сүлингир жигит болдым. Бирақ, ҳеш жерде оқымадым. Он алты жасымда үш айлық курсты питкердим де, рульге отырдым. Шофёр болдым. Айдамаған машыным қалмады, асфальтқа суў себетуғын машын айдадым, канализация тартатуғын машын айдадым, шөңкермели машын айдадым, самосвал. Бирақ, бәри гөне машынлар еди. Көп ўақытқа дейин маңлайыма таза машын питпеди. Лекин, сонда да мен шофёрға усамадым. Усамағаным — я үсти-басымнан, я қолларымнан болып майдың ийиси шықпайтуғын еди. Анам бийшара «үйде жүрсең қулдай бол, дүзге шықсаң бектей бол» деп, көйлегимди үш күннен артық кийгизбейди, уйқылап қалсам оятып, шешип алып жуўып таслайтуғын еди. Усы тәрбияны көргеннен кейин өзим де таза жүриўге тырыстым. Кабинаға отырған адам, «иним, не сеўип қойыпсаң, ийиси танаўымды жарып баратыр ғо» дер еди.

Сөйтип жүргенде Қыдырбай аға деген бир жасы үлкен бар еди көшемизде, министрликте ислейтуғын, сол мени ден саўлық сақлаў министриниң алдына ертип барды. Жол бойы «неге барамыз? десем, жүре бер иним, мен сени жаман иске басламайман ғо» — деди де, аржағын айтпады.

Министр ҳәр ийнинде бир адам отырғандай ири денели, азырақ өзбекше қосыңқырап сөйлейтуғын өсик қаслы киси екен.

— Ақсақал, кешеги айтқан балам усы еди, — деди ол мени көрсетип. Мен ҳүрмет жүзесинен орнымнан турдым. Ол маған узақ тигилип турды.

— Атың ким? — деди соң.

— Арзыўбай, — дедим.

— Сеннен алдын ата-анаңның ул перзенти болмады ма яки улыўма бийперзент пе еди? — деди.

Бундай саўалды күтпеген мен, бирден не деримди билмей, тубалап қалдым.

— Анам биринши қызлы болғаннан кейин тоғыз жылға дейин қурсақ көтермеген, соң мен туўылғанман...

— Әне, көрдиң бе, ата-ана перзентке ҳеш ўақта дусмалый ат қоймайды. Демек, көп жыл перзент күтип, енди арзыўыма жеттим, деп қойған екен я, солай ма?

Мен үнсиз бас ийзедим.

— Буны сорап атырғанымды айыпқа санама, мына, Қыдырбай сени майыңды тамызып мақтады. Сонда да «атым Арзыўбай» дегеннен кейин, биреўдиң мәпелеп өсирген еркетайы болып, ертең көрсеткен қылығы қуйысқаннан шығып кетпес пе екен, деген мақсетте сорап атырман, балам.

— Аға, мен еркетай болып үлгере алмадым, әкем тоғыз жасымда қайтыс болды. Анам ҳәм бес жасар үкем менен жетим қалдық.

— Болды, болды, балам. «Кемликтиң камалы бар» деген, еле жетилисип кетерсең. Қолымнан келгенинше мен де жәрдемимди аямайман. Сени алдырғандағы мақсетим, атқосшым майыпланып напақаға шығып қалды. Маған атқосшы боласаң. Айлығың мына Қыдырбай ағаның табысынан кем болмайды, — деп күлип қойды.

— Айтпақшы, армияға бардың ба? — деди изинше.

— Бардым.

— Автомат усладың ба, машын айдадың ба?

— Әпиўайы қурылыс батальонында хызмет еттим.

— Зәлели жоқ, армияның аты армия! Темир тәртип. Ысыласаң!

Сөйтип, министрге атқосшы болдым. «Волга»сы бар еди. Шылт жаңа еди «Волга»сы. Мен оны бурынғыдан бетер сылап-сыйпап айдадым. Үш жылда бир деталын өзгертпедим. Бир мәрте жолда қалмадым. Бир мәрте де министрди күттирип қоймадым. Бирақ, жумысымда мынаў азан, мынаў кеш деп белгиленген ўақыт жоқ еди. Шемби, екшемби дегенди билмегенмен. Оның есесине еки жерден айлық алатуғын едим. Биреўи өзимиздиң гараждан, және бир айлығым, қаланың ишиндеги қайсы бир мекемеден. Қандай ўазыйпаға тийкарланып айлық аламан, оянын билмеймен. Дизимдеги өзимниң атымның тусына қол қояман, болғаны. Кассир шытырлатып ақшамды санап береди.

Усылайынша үш жыл «кимсең, министрдиң атқосшысы» болып дәўран сүрдим. Неге «үш жыл, үш жыл» дей береди деп отырған

шығарсаң. Үш жылдан кейин мениң турмысымда азы-кем өзгерис болды. Сол «азы-кем» өзгерис кейин ала мениң пүткил тәғдиримди өзгертип жиберди. Айтпақшы болғаным — үйлендим, Биибисара деген медсестра қызға. Министр өзиниң ең жақын адамларын ертип тойыма келди. «Орск» деген холодильник әкелди саўғаға. Бул дәптерге түскеннен бөлек. Билесиз бе, ол заманда «Орск» деген холодильникке ким болса соның қолы жете бермейтуғын еди.

Тойханада турып маған он күнге руқсат берип кетти.

— Келим-кетимиң тамам болған соң барарсаң, — деди маған.

Кәмбағалдың не келим-кетими бар. Еки күн ишинде-ақ тойдың қонағы саўылып болынды, үйде анам, мен, иним ҳәм келиншегим төртеўимиз қалдық. Анам бийшара тойдан кейин әкемниң сүўретин гилемнен алып, баўырына басып жылады. «Шабазым-аў, арзыўыма жеттим деп қуўанып, атын Арзыўбай қойып един. Бул күнлерди көре алмадың-ғо! Арзыўыңа мен жеттим-ғо! Сениң ушын да, мен жеттим-ғо арзыўыма! Балам дуктыр келин әкеп берди, енди аўырып-сызлаўдан қорықпайман» деп көзиниң жасын жумбай-жумбай төкти. Ҳәммемиздиң-әм кеўлимиз бузылды. Келиншегим де орамалының ушы менен көзин көлегейлеп, анам сүўретти орнына қыстырғаннан кейин, турып асханаға шығып кетти. Ол да қамсықты ма, я «туўғаныңды көргеним жоқ, өлгениңе жыламайман» дегендей, бизиң кеўлимиз ушын сөйтти ме, бунысына ҳеш қайсысымыз да итибар бермедик.

Жүрип үйренген адамға үйде отырыў қыйын екен. Киремен, шығаман, ўақыт өтпейди. Бирақ, кеўлим көтериңки. Сырттан кирип келсем келиншегим қасы-қабағыма қарайды. Қол жуўмақшы болсам дәрҳәл сүлгисин ийнине салып, ләген-қуман менен алдымда таяр болады. Кеште шешкен көйлегимди азанда кийгизбейди, таза, утюг басылғанын тутып турады. Қулласы, бир әширепи адамға айландым да қалдым.

Он күннен кейин жумысқа бардым.

— Келдиң бе, балам? — деди министр. Ҳәзир азымаз қабыллаўханада отыра тур, өзим шақыраман.

Бир кеса шай ишимдей ўақыт болған жоқ, өзимиздиң автобазаның директоры Қаржаўбай аға ентигип жетип келди. Ол киргеннен кейин азымаздан мени шақырды.

— Арзыўбай, — деди министр салдамлы түрде гәп баслап. — Маған жүдә садық, ҳәм шаққан, ҳәм тил алғыш бала един. Мине,

енди сениң-әм мойныңа ошақ илинди. Буннан буяғына мениң менен қосылып атлан-шап болып жүре бериўиңе болмайды. Жүр десем жүре бериўиң мүмкин, лекин, өз мәпимди ойлап, саған жәбир етким келмейди. Сен анаңның хызметин қылыўың керек, келинниң кеўлин табыўың керек, қара қазан қуры қайнамайды, базар-ошар деген бар, қулласы, сени азанда үйден шығып, кеште үйди табатуғын жумысқа өткермекшимен. Қапа емесписең?

Мен бираз үнсиз қалдым. Министр де, Қаржаўбай аға да мениң аўзымды бағып үнсиз отырды.

— Мәйли, аға. Бирақ, мен..... шофёрлықтан басқа оқымағанман ғо, — дедим гибиртиклеп.

— Билемен. Соның ушын да мына Қаржаўбайды шақырып отырман. Жақында гаражға медицина тараўына қәнигелескен таза сегиз «Москвич» келеди. Жаңа марка! Буның еле сүўретинен басқа өзин көрген адам жоқ. Әне, соннан биреўин сайлап алып айдайсаң. Жумысың саатлы болады. Тек министрликтиң хызметинде боласаң! Мақул ма?

Мен үнсиз бас ийзедим. Ырасын айтсам, қатты қапа болған едим. Атқосшылықты тапсырыў мен ушын ойламаған жерде ең қымбат мүлкимди жоғалтып алған менен бирдей болды. Еле сүўрети ғана келип үлгерген таза «Москвич»те мениң кеўлимди арбай алмас еди. Солай болса да, билдирмеўге тырыстым. Лекин, сыншыл ақсақал мениң кейпимди аңлаған еди.

— Қаржаўбай, саған тапсырма, — деди гәптиң бағытын өзгертип. — Арзыўбайға келген машинаның бәрин бирим-бирим айдап сынап көриўге руқсат бересең. Қәлегенин алсын! Кейин, ол және де Қаржаўбай ағаны дыққатланқырады. — Бир айдан кейин бе, бир жылдан кейин бе, Арзыўбай алдыма нарийза болып келсе, онда екеўмиз ағайиншиликти жыйнастырамыз.

Усылайынша мен «туўылмаған балаға әке» болғандай, гаражға кеттим. Таза машынды бир ҳәпте күттик. Соған дейин күндеги ойым: қәйерде қәте жибердим, неге министр мени өзинен узақлатты, бәлким, кимдүр жаманлады ма екен, еки жерден айлық алғаным ҳаққында арза түсти ме екен, олай болғанда мени шақырып сорамай ма, бәлким, ол ҳақыйқатында да мени «хожалығына қарасын» деди ме екен...? Усы ойлар менен басым қатар, күнде үйден пияда кетип, пияда келгенимди дәллилеў ушын анама түрли жалғанлар тоқып келер едим.

Ақыры «Москвич»лер келди. Асты-үстине машын тийейтуғын трайлер менен гаражға әкелип түсирди. Ҳәммеси тойғын қызыл реңде, белине сары сызық тартылып, алдыңғы кабинасына атанақ басылған медициналық машина екен. Умытпасам, маркасы «Москвич-2742» ме еди, қулласы, соған уқсас. Кейин ол машина өзин ақламады, шықпай қалды. Маторының қуўатына кузовының аўырлығы сай келмес еди. Күтимсиз айдалғанлары бир жылдың ишинде салтылдап қалды.

Мен ишинен биреўин таңлап, рульге отырдым.

— Ҳәммесин бирим-бирим айдап көрмейсең бе? — деди Қаржаўбай аға.

— Қойса аға, адамды мазақламаса өйтип? — дедим мен күлип. Ол да күлип жиберди.

Таза машиналарға онша жумыс табыла бермеди. Азанда үйден минип бараман, түсте түсликке, кеште және минип қайтаман. Табель жүрип тур. Лекин, буның өзи де жумыссызлық пенен бирдей болады екен.

Кейин ала жумыс гүжиди-аў. Гаражда сегиз машын қарап турғанын еситкен министрликтеги бөлим баслықлар, бас қәнигелер бирим-бирим районларға сорап миниўге қарады. Арасында ана емлеўханадан мына емлеўханаға медикамент апарыў, районлардағы қатты болып қалған наўқасларға «тез жәрдем» хызметин көрсетиў, қулласы, универсаль көлик болды. Әне, сонда билинди бул машынлардың әззилиги. Үш «Москвич» матор түсирди. Биреўлериниң ишине шаң иркилмей кирип кете беретуғын болды. Ең тазасы, ең абырайлысы, бизиң машын болып қалды.

Қудайдың тарыдай күни, өтип атыр белгисиз. Таң атады, күн батады. Гаражға бараман, үйге келемен, айырым комиссиялар менен районлардан айланаман. Усылайынша арадан бир жылдан көбирек ўақыт өтти.

— Сени Жумабай аға шақырып атыр, — деди бир күни азанда Қаржаўбай аға. — Анда-мында бар десе «яқ» деп жүрме, минези шеплеў адам. Министрге жаманлап барады, сени емес әлбетте, мени!

Жумабай министрликке жақында келген орынбасар екен.

— Арзыўбай деген азамат сенбисең? — деди маған қарап ҳәм қатар қойылған орынлықларға барып отырыўды нусқады.

Үндемедим. Оның карсысында министрликтиң терапия бойынша бас қәнигеси Дәўлетбийке апа, оның қарама-қарсысында

шашлары қара деп қара емес, сары деп сары емес, аралас, қаслары, көзлери қарадан келген, аққуба, сулыўшық бир рус қызы отыр екен.

— Сени маған ҳәр ким — ҳәр ким мақтап еди, — деп орынбасар сөзин даўам етти. — Тил алғыш, өзи ҳәр нәрсеге епшил бала деди. Соның ушын саған бир айрықша тапсырма бар. Айтпақшы, үйлендиң бе?

— Үйлендим.

— Жақында уллы да болды деп еситип атырман, — деп қосып қойды Дәўлетбийке апа.

— Онда баспағы қалған саранаўдай үйге жууыра береди екенсең дә! Мәйли, машынның таза ҳәм саз жүрип турғаны сеники деди. Енди хызметти тыңла — мына отырған қыз Оксана Сергеевна Кравченко деген Киев медицина институтының аспиранты.

Қыз өзиниң аты айтылған ўақытта күле шырай берип маған қарата бас ийзеп қойды.

— Усы қыз илимий жумысы бойынша еки ай даўамында бизиң республикамызда изертлеў жумысын жүргизеди. Темасын-әм айтып қояйын, медик болмасаң да усы елдиң азаматысаң ғо: «Балалар өлимшилиги ҳәм оның алдын алыў жоллары». Әне, усы көрсеткиш бойынша биз Союзда бириншилер қатарында екенбиз. Соның ушын Оксананы буяққа жиберген. Буяқта жасап көрмегеннен кейин жағдайдың қандай екенин не билсин?!

Бизиң республика Оксана ушын ашылмаған тың обьект. Аяқ басқан жеринен унамсыз факт табыўы мүмкин. Әлбетте, ол ревизор емес, комиссия емес, сондай болса да, жазған мийнети ертең китап болып шығады. Атымыз жаман жағынан көрине бермесин. Түсиндиң бе, иним.

Қулласы, усы қыз отыр десе отырасаң, тур десе турасаң, еки ай оның еркиндесең! Тағы ерли-зайыптай болып кетпең, — деп өзи айтып, өзи күлип қойды.

Үшеўмиз дизилисип орынбасардың кабинетинен шықтық.

— Дәўлетбийке апа, жасы үлкенниң гәплерине түсинбедим, тилиниң астында бир нәрсе бардай....

— Аўа, туўрылап айта алмай отыр. Унамсыз жағдайлар бойынша көремен деп турып алса, бир дәлил айтарсаң, илажы болғанынша ақ көкирекленип оның көремен деген жерин көрсете берме, деп атыр ғаны ғо.

— Сонда ... өтирикке машынды бузаман ба?

— Әй, енди, көрерсең дә! Өтирикти де адамлар қасттан ойлап таппаған, усындай қысыныспадан шығыў ушын ойлап табылған болса керек.

Екеўмиз шын кеўлимиз бенен күлистик. Оксана болса бизлердиң аўзымызға гезек-гезек қарап, жымыйып қойды.

Дәўлетбийке апа бизлерди 22-киши районлағы бир үйдиң үшинши подьездиниң 22-квартирасына баслап келди. Квартира еки бөлмеден ибарат, оның бир бөлмесинде жазыў столы ҳәм диван, кресло, екинши бөлмесинде еки адамға мөлшерленген үлкен диван-кроват қойылған екен. Асханасына да айланба орынлық, стол ҳәм кишкене асхана мебели қойылған.

Дәўлетбийке апа бөлмедеги үскенелерди бирме-бир қонақ қызға таныстырды. Диван кроваттың үстине тақлаўы менен турған бет қол сыпыратуғын, аяқ сүртетуғын, жуўынатуғын сүлги, көпшик қап, простина ҳәм одеал қапларды таслады. Бөлме ишинде кийетуғын еки тапочка қойды ҳәм бөлмениң бир гилтин усынды.

— Жақсы барып келиң, — деди соң. — Бүгинше мениң мийманым боласыз, кеште усы жерде сизди украинша «Ши» ҳәм қарақалпақша палаў менен күтип отыраман».

Ол мийманды бир қолы менен баўырына тартып жүзине ләбин тийгизди.

— Бул мениң квартирам, — деди соң маған түсиндирип. — Бизлер жақында жер жай салып, көшип кеттик. Оксана қарақалпақта еки ай болады екен. Еки айға дейин мийманханада болыў қолайсыз ғой. Бүйерде өз үйиндей кирип шығады, жуўынып шайынады. Сен-әм шаққан баласаң ғо, зериктирмессең деп ойлайман, иним. Орысша билесең бе?

— Бир-бирине дүгистирип сөйлей аламан, — дедим күлип.

— Сол жетип атыр. Булар тилди шала билгениңди айыпқа санамайды.

Мийманның дәскелерин шифонерге жайғастырып, саат онларда Қоңыратқа қарай жүрип кеттик.

***

Бул жаққа әлле қашан хабар етип қойылған болса керек, биз емлеўхананың дәрўазасына келип иркилиўимиз бенен-ақ, қараўылханадан ақ халатлы бир сулыўшық келиншек шығып, Оксананы қашшаннан күтип отырған туўысқанындай, күле шырай менен

күтип алды. Оксана буған таңланбады, кишипейиллик пенен күлимсиреп аманласты. Соң екеўи ишке бетледи.

— Биз бенен жүресиз бе?–деди қыз изине қайрылып.

— Яқ. Мен усы жерде машинада күтемен.

— Көп иркилип қалыўымыз мүмкин-ғо.

— Зәлели жоқ, мен күтип үйренгенмен.

Олар ишке кетти. Мен машинаның қапысын қыя ашып, келиўши-кетиўшилерди көзим менен күтип алып ҳәм узатып салып турдым. Бул жерде туўыў үйи де, басқа бөлимлер де бир дәрўазаның ишине жәмлескен екен. Сонлықтан адамлардың қайсы бөлимге баратырғанын яки қайсы бөлимнен киятырғанын парықлаў қыйын еди. Оксананың қайсы есикке кирип кеткенин абайламай да қалдым — туўыў үйине ме, балалар бөлимине ме, қулласы, усы еки бөлимнен жырақ кетпесе керек.

Қараўыл жүдә шәддес киси екен. Ол дәрўазаға келген ғарры ма, жас па ҳәммесине бирдей:

— Саат он екиге дейин ҳәш кимди ишке жибере алмайман, — деп айбарақ салып турар еди. Лекин, келиўшилер қандай жол менен болса да қараўылды жибитип, әллен ўақытларда ишке кириўге миясар болады.

Бир мәҳәл қызыл «Жигули» үсти-үстине сигнал берип дәрўазаға дүгип барып тоқтады.

— Ҳәй, қараўыл, аш есикти! — деп доҳ урды «Жигули»ге зорға сыйып отырған дәпең қара жигит ҳәм үсти-үстине сигналды басып-басып жиберди.

Қараўыл сынын бузған жоқ.

— Ҳаў, ақсақал, сизге айтаман, ашың!

— «Тез жәрдем»нен басқа машынның кириўине руқсат жоқ! — деди қараўыл муртына бир нәрсе жабысып турғандай, бармақлары менен әсте ысқылап.

— «Тез жәрдем»ди күткенимизге бир саат болды, аш енди, баланың басы шығайын деп тур.

Қараўыл бул рет те дәрпенбеди.

— Ақсақал, ашың, — дедим мен түсип барып. — Усыннан бала қысылып өлип қалса сиз жуўапкер боласыз. Мен алып келген орыс қыз усы мәселеде Москвадан келген.

Қараўыл соннан кейин барып шаштынан түсейин деди, дәрўазаны ашты. Дәпең қара дәрўазадан өтип баратырып, сыртқа шырт еттирип бир түкирип өтти.

— Көрдиң бе, маған көрсетип атырған қырын, — деп гижинди ғарры. — Сен иним, оны танымайсаң. Ол кирейкеш, қудай билсин неше сомын сылып алғанын. Ал, жаман аттың бәри бизде — қараўыл ешейин киргизбейди, ешейин шығармайды.

— Ырас-ақ, аға, кирип-шыққанға пул бере ме?

— Яғаў, не деп береди?! Тек ара-арасында уллы болғанлар, туў-май-туўмай жүрип перзентли болғанлар жоллық деп бир-еки сом таслап кетеди.

— Бир-еки сом да ақша ғой, аға...

— Әй, енди... Қудай тескен кегирдек... Жемейтуғынлар «Даўыт ата» да жатырыпты.

— Ол қыз ырастан да Москвадан келген бе?–деди қараўыл дәрўазаны жаўып атырып. Ғарры «жоллық» деп болса да бир-еки сом алатуғынын айтып қойғанына өкинишли кейипте еди.

— Ҳақыйқаты, Москва емес, Киевтен келген.

— Киев те бизге хожейин бе? «Бир белдарға он жасаўыл» дегендей... Бир күн Мәскеўден келеди, бир күн Ташкенттен, бир күн Нөкистен... Енди бир кемиси Киев еди!

Мен Оксананы тексериўши емес, тәжирийбе өткериўге келгенин айтайын деп турдым да, буның ушын бәрибир екенин ойладым да, еситпегенге алдым.

Қараўыл мениң менен буннан артық сөйлескиси келмеди ме, дәрўазаның қапталындағы пиядалар өтетуғын кишкене есикти де беклеп, айнасы сыртқа қараған пәскелтек бөлмесине кирип кетти.

Мен қайтып барып, машинама отырдым.

Бул жерде Нөкистегидей «тез жәрдем» тез-тез сирена сигналларын жағып  кирип-шыға бермес екен. Азанлы бери бир рет ғана әлле қандай бир наўқасты «қабыллаў бөлими»ниң алдына түсирип кетти де, қайтып шықты.

Көшеде транспорт ҳәрекети аз. Емлеўхана қорғаншасын жағалап өткен, асфальты тозып ойлы-шуқыр болып қалған тротуардан ўақты-ўақты пиядалар арман-берман өтер, ара-арасында ҳәр қыйлы буйым тийеген жүк машиналар тротуар бойына кишкене тахтайшада отырып алған сүт-қатық сатыўшы келиншеклерди буўдақланған шаңға көмип кетер еди. Олар машынлар жақынлағаннан ыдысларын ҳәр қыйлы сүлги я қандай да бир алжапқышлар менен бекитип, шаң әдеўир басылғаннан кейин қайтып ашар, ишине шаң урылды-аў деп гүманланған кастрюльларының ернеклерин бармақлары менен

сыпырып, жалап «тазалап» қояр еди. Соң әдеттегише қарыйдар шақыра баслайды.

— Келиң, азанғы саўылған сүт.

— Қатық бар, баўырдай.

— Түйениң сүти, көздиң жасындай қуйсаң қара шайың қоп-қойыў болады.

Сүт-қатық алыўшылар да жүдә аз еди. Көбинесе бир литрлик банкилерин қолына алған, емлеўхана халатындағы келиншеклер темир қорғаншаның аржағынан ақшасы менен ыдысын усынады. Олар саўдаласпайды, күндеги баҳаға үйренип қалған болса керек.

Бир гез басына үлкен ақ орамалын жамылған бир кемпир, қасында жас келиншек бизлер қатарлы бир жигит пенен келип, түптуўры қараўылдың терезесин қақты.

— Және келдиңиз бе? — деди ғарры сыртқа шығып.

— Және келдик. Қудақәлесе қурдас, бул рет сақалыңды майлап кетемиз.

Қараўыл «еситип коймады ма?» дегендей мен тәрепке жалт-жалт қарады.

— Келин шыға ма? — деди соң.

— Келин деген не, солдат шығады, солдат!

Бул жаңағы мен қатарлы жигиттиң гәпи еди. Кемпирди ийинлеп турған жас келиншек изине — жаңағы жигитке жақтырмай бир қарап қойды.

— Сен бар, машын таўып келе бер, туўған қатынның алдында нең бар еди?! — деди соң жекиринип.

— Машын мине, тап-таза «Москвич» «ким ба-ар, апарып таслайман» деп турыпты.

Ол тап мени кирейкешликке шақырып қойғандай, қолы менен нусқап көрсетти.

Кемпир менен келиншек ишке кирип кетти.

— Сиз жақынлатып таслайсыз ғой, я? — деди жигит мениң қасыма келип. — Алыс емес, базардан өткеннен кейин аз ғана жүремиз.

— Кеширерсең жора, мениң адамларым бар, ишке кеткен.

— Ким туўып атыр, ҳаялың ба?

— Ҳеш ким туўып атырған жоқ, комиссия!

Ол маған қутнақ исенип турған болса керек, не ислерин билмей, ҳайран болып қалды.

— Нели болдыңыз? — дедим оның кеўлин сергитпекши болып.

— Жәҳәнгир туўылып атыр, жора!

— Атын Жәҳәнгир қойдыңыз ба?

— Аўа. Қайын атам қойды. Жәҳәнгир деген шаҳ өткен екен бурын.

— Онда сизиң балаңыз да шаҳ болады екен дә! — дедим күлип.

— Усы заманда шаҳ бар ма? Обком болады. Жәҳәнгир ержетемен дегенше ҳәзирги обком қартаяды я шығады. Соннан кейин бизиң Жәҳәнгир отырады.

— Отырсын, отырсын! — Оған және бир нәрселер айтып, сөйлетким келип еди, иштен ғарғанып шығып киятырған бир кемпирдиң даўысы дыққатымды бөлип жиберди. Енди бөлмесине қайтып кириўге мейиллесип турған қараўыл да аңырайып қалды.

— Ҳә, қудайдан тапқырлар сениң! Қудайдан тапқырлар! Бул ширкинлер тек алыўды биледи, дуқтырынан қараўылына дейин!

— Ҳаў-ҳаў, — деп қараўыл албырақлап, бизлер тәрепке жалтақлады.

— Әп-әнедей, айы-күни питип он еки мүшеси менен туўылған қызымды үш күн ишинде өлтирип қолыма берди. Нәрестениң өлимин пышықтың өлиминдей көрмейди-ә, бул қудайдан тапқырлар!

Кемпир дөгерегинде адам бар ма, жоқ па, тилине келген сөзди қайтармас, изинде көзлери жасаўраған отыз-отыз беслер шамасындағы келиншек ҳәмме жери ақ простина менен орап тасланған қундақты көтерип, пырқылдап келер еди. Мениң бир таңланғаным, олардың изинде Оксана ҳәм бағана оны күтип алған келиншек те кемпирге тәселле берип, ерип келер еди. Лекин, ҳәзирги турыста ҳеш кимниң гәпи кемпирдиң қулағына кирип-шығып атырған жоқ еди.

— Айнанайынның жаўтаңлаған көзлери көз алдымда қатып қалды ғо, мениң! Жаны шығар алдында маған жалтаң-жалтаң қарағанын айтсаң-ә, нәрестем-аў!

Қундақ көтерген келиншек еңиреп жиберди.

Оксана оның алдына шығып «успакойся, успакойся» деп сүйириктей бармақлары менен көз жасларын артты. Кемпир еле тоңқылдысын  үдетип киятыр.

— Бизлер жети баланы сабанның үстинде туўып-ақ келе қылып едик. Булар ҳүкиметтиң берип қойған пәр төсегиниң үстинде гүлдей нәрестениң өмирин сақлап қала алмайды!

Олар жақынлар-жақынламастан-ақ, қараўыл дәрўазаны айқара ашып қойды.

— Буларды үйине жақынлатып қоясаң ба? — деди Оксананың қасындағы бағанағы келиншек.

— Мениң ерким Оксанада.

Ол Оксанаға қарады. Оксана ғамгун бас ийзеди. Докторлар кемпирди зорға дегенде көндирип, бизиң машинаға отырғызды.

— Апарады екенсең-ғо, — деди қасымдағы жигит маған өкпели тигилип.

— Докторлардан сора, сениң солдатыңды да апарып қояман. Апа, қаяққа айдайын?

— Үйге!–деди кемпир жулып алғандай етип.

— Үйиңиз қай таманда?

— Гөне қалаға қарап айдай бер, өзим силтеймен.

Кемпир үйине бараман дегенше докторларды ғарғап-силеў менен болды. Оның күйингенинше бар екен. Усының менен үшинши мәрте келини қуры қол қалыпты.

— Бир ай бурын Нөкиске барып жат дедим, сен қатынға! — Кемпир еле ҳәўиринен түсе алмас еди.

— Балаң жибермесе қәйтейин!

— Ҳә, баланың бақайына от түссин! Өзи жалғыз бала өнип-өсеғойсын десем, бир-бириниң жүзин көрмей қара жерге кирип болды.

«Оксана бул теманы бийкарға таңламаған екен ғой, оның үстине буны бизге жибериўи де тегин емес екен» деген қыяллар келди кеўлиме. Неде болса, оның биринши жумыс күнинде дус келген кеўилсизлик, түңилдирип тасламаса дейбер.

Мен айланып келемен дегенше «Жаҳангир шах» әлле қашан шығып кеткен шығар деп келген едим, яқ, кемпир менен келиншек ҳәм бағанағы жигит үшеўиниң ўақ-шақ болып қараўыл менен хошласып атырғанының үстине келдим. Қундақ көтерген жас келин үн-түнсиз олардың изине ерип шықты.

— Мына машын менен сөйлесип пе едиң?–деди кемпир бизиң машынды көрсетип.

— Яқ, бул машын апармайды. Буның хожейини ишке кетти, орыс қыз. Қәне, Жәмийла, Жаҳангирди маған бер.

Ол қундақты алып «дүй-дүй, дүй-дүй» деп еркелеткен болып атыр. Көзин жаңа ашқан бала соны түсине ме?

— Дүньяға шыққан күниң қутлы болсын, шахым-м! — деди бир ўақта даўысын созып.

Кемпирдиң қасындағы келиншек баланың желкесинен түйип жиберди.

— Өлим келсин саған! Емешең қурып баратыр ма еди? Анаңнан уялмасаң, әжапаңнан уялмасаң! Бер ана, туўған қатынның өзине.

Жигит дым үндемей қундақты келиншегиниң қолына услатыўменен болды.

Ҳәр кимниң тәғдири ҳәр түрли. Бағанағы кемпирдиң ақлығы тири қалғанда баласы оны жутып жиберсе де үндемес еди. Ал, бул болса дәрўаза аўзында гүзетип қалған қараўылдан, мыйықтан күлип қарап турған меннен уялып, инисин дүмпишлеп атыр. Әне, қаракеңшилик деген!

Олар жолға шығып кеткеннен кейин дәрўаза қайтадан жабылды. Қараўыл өзиниң бөлмесине кирип отырып алды. Сүт-қатық сатқан ҳаяллар да, сумкаларын босатып, үйлерине қайтты. Ҳәмме түсликке шығып атыр. Азанда бир кеса көк шай менен шыққан мениң де асқазаным сырнай шертип, жуғырлай баслады. Еки көзим дәрўазадан елиў-алпыс метрдей жердеги жарма қапылы ақ есикте. Бағана докторлар сол есиктен шыққан еди. Қапылып, ол есикте қулыпланып қалғандай тырс етпейди. Ең болмаса көзди алдап бирең-сараң адам кирип-шығып турса да жақсы екен, яқ, тыр-тым. Шамасы Оксананы иште түслендирип атырған болса керек, деп ойладым мен. Сонда жасы үлкен бир шофёрдың айтып берген бир ўақыясы ериксиз есиме келди. Бир ўәкил оның машинасын сорап алып минип, бөлим баслықтың үйине кирип кеткеннен, еки саатқа дейин қайтып шықпапты. Я буны ҳеш ким ишке мирәт етпепти. Ол болса сыртта түйе таўықтың сойылғанын, шертектиң астындағы қазанда писип атырғанын көрип отыра берипти. Ең ақырында қазан да, аўқат писирип атырған келиншек те дәскелерин көтерип ишке кеткеннен кейин бул да машинасының кабинасын тарс еттирип жаўып айдап кеткен екен. Пияда қалған ўәкил баслықтан үш дөңгелек трактор сорап алып, күн батыўға мейил бергенде үйине зорға жетип келген екен.

Лекин, Оксана ондай ақылсыз адамға усамайтуғын еди. Адамды бир көргеннен-ақ таныўға болады. Бәлким, иште және бир нәресте өлим менен өмир арасында арпалыста жатырғандур. Ал, мен болсам жудырықтай қарнымның ғамын ойлап түрли қыялларға берилип атырман. Адамлар жаздың мыс қайнаған ыссысында да шөлге, ашқа шыдап ораза тутқан ғой. Меники оның қасында....

Оҳ! Жарма қапылы ақ есик ашылды. Иштен бағанағы бизлерди күтип алған келиншек, изинде Оксана, оның изинде келте бойлы

дуғыжым бир қара ҳаял шықты. Олар туўры келип, машинаға отырды. Алдына Оксана, артта еки келиншек.

— Қаяққа жүремиз? — дедим мен издегилерге.

— Түсликке.

— Түслик қаяқта?

— Рәўшан совхозына. Сол жерде шай таярланған.

Биз Қоңыраттан шығып батысқа қарай жол алдық. Бираз жүргеннен кейин Үстирт көринди.

— Киятырсын таўдан келип пе едик? — деди Оксана маған қарап.

— Яқ, биз Нөкиске баратырғанымыз жоқ.

— Онда қаяққа?

Мен ушын издегилер жуўап берди.

— Түсликке барамыз, шайға.

— Мен ҳеш нәрсе ишпеймен. Иштейим жоқ.

— Оксана, қапа болма! Ол қыздың өлимине сен де, бизде айыпкер емеспиз.

— Онда ким айыпкер? Неге бала анасының қасында емес еди?

— Бизде туўыў үйинен шыққанша бала анасының қасына берилмейди. Емизип болып, қайтарып орнына апарамыз.

— Неге ондай?

— Министрликтен тәртип солай.

— Оған дейин бала анасының ийисин умытады ғо.

— Оны бизлер де билемиз, бирақ, тәртипке бойсынбасақ болмайды. Буны турмыс дейди, Оксана! Еле ҳәммесине көнлигип кетесең. Өмир деген сондай болады.

— К черту такому жизнью!

Оксана бул жерде көп отыра алмады. Биринши аўқаттан бир-еки шуқым аўзына шертип салды да, орнынан турды.

— Мен кеттим!

Олар енди мийманды ирке алмасын билди. Машинаға дейин ерип келди.

— Иним, багажыңды ашып жибер, — деди бизиң изимизден келген үй ийеси.

Мен багажды аштым. Ол пакетке салынған бир нәрселерди аўысық балонның қасына жайлады.

— Қонақ аш кетип баратыр. Барған соң кеўлин таўып, аўқатландыр. Нанға орап түйетаўықтың еки саны менен дымғозасын салдым. Пискен, шала емес. Тек гүртиги кемис болды.

Қас қарайғанда Нөкиске араластық.

— Может я завтра уеду, — деди ол подьезддиң алдында машинадан түсип атырып.

Қоңыраттан келемен дегенше оның үн қатқаны усы еди.

— Я не хочу видет умиравших детей!

Мен өзим ҳеш қандай тәўелле айта алмадым. Багаждағы түйетаўықтың гөши салынған пакетти алып, изине ердим.

Есикти ашыўымыз бенен жаңа пискен палаўдың ийиси танаўымызды жарып жиберейин деди.

— Оҳ, какой, вкусный запах! — деди Оксана күлимсиреп. Бағанадан бери оның жаңа қабағының ашылғанын көрдим. Қасыңда биреў қапа болса сениң де мазаң болмайды екен. Оксананың езиўиндеги күлки излерин көрип, мениң де желкемнен бир аўыр жүк ысырылып түскендей болды. Буннан Дәўлетбийке апаның ҳеш қандай хабары жоқ еди.

— Ал, сапар қалай өтти? — деди ол екеўмизге алма гезек қарап.

— Жаман! — деди Оксана. Жаңа ғана күле шырай берип турған қыздың жүзи және солғын тартып кетти.

— Қапа болма! — деди Дәўлетбийке оның ийнинен қағып. Биринши мәрте нәрестениң өлимине дус келген болсаң керек.

— Солай!

— Ертең буның есесине жақсы хабар еситиўиң мүмкин. Ал, мен сизге ўәдеме бола украинша «Ши», қарақалпақша таўық салған палаў таярлап қойыппан. Қәне, жуўынып шық!

Дәўлетбийке апа дастурхан үстинде олай деди, булай деди. Құлласы, Оксананың кеўлин тапты. Аўқат пенен бирге бир шийше «Самтрест» конягин алып қойған екен, еки-үш рюмка ишкеннен кейин нашарлар йошты. Оксана «Камалинка» ны айтты, Дәўлетбийке «Айдынлар»ды. Мен еки диземди дәп қылып қағып, оларға сазенделик еттим.

Түн ярымында Дәўлетбийке апаны мингизип үйге қайттым. Қоңыратта түйетаўықтың гөши салынған пакетти Оксана шығып баратырғанымда қолыма услатты.

— Бул сизге берилген қонақ асыңыз, — дедим мен.

— Билемен. Үйде анаңыз бар ма?

— Бар.

— Бар болса анаңызға меннен саўға. Ертеңге шекем хош! — Ол мениң қайтарып аўыз ашыўыма пурсат берместен, жүзимнен шорп еттирип сүйип алып, есикти иштен жапты.

— Қыз бийшараны жүректен урдың ба деймен? — деди Дәулетбийке апа күлип.

— Яғаў, «Самтрест»тиң күши-ғо, — деп күлдим де қойдым.

Жол-жөнекей бул ҳаққында қайтып гәп болған жоқ.

***

Оксана карта бойынша жумыс иследи. Карта оған районлардың жайласыў тәртибин билиў ҳәм сол бойынша районларды атлатып көриў ушын керек еди. Мәселен, бүгин Тахтакөпирде болса, ертең Төрткүлде, арғы күни Шоманайды көрсе, оннан соңғы күни Берунийди таңлар еди. Ол бизлер елестирмейтуғын нәрселерге көбирек итибар берди. Ҳәр бир районның ықлымын үйренди, халқының жасаў тәризин салыстырып билди, керек деген жеринде ҳаяллардың үйлерине барып та көрди, қайсы районның халқы қурғын жасайды, қайсы район кәмбағаллаў. Кемқанлық не себептен келип шығады, тойып аўқат жемеўден бе, усы ықлым шәриятына тән болған кеселлик пе, қулласы, оның итибарынан ҳеш нәрсе шетте қалмас, мисли оған бизиң республика турмысын ийнесинен сабағына дейин изертлеў тапсырылған да, ал ол болса усы мысалда пүткил дүньяны тәртипке салыў ушын бел байлаған иләҳий периштеге усар еди.

Ол жүдә тәсиршең еди. Қай жерде кеўли толғандай жағдайға дуўшарласса келемен дегенше билген қосықларын ыңылдар, ҳәзилдәлкек гәпи менен мени де күлдирип отырар еди. Егер балалар өлимшилигине яки шала туўылған, нәренжан  нәрестени көрсе қайтарда кабинаны тартып урып, көп жерге дейин қабағы ашылмай қалады.

Әсиресе, ол туўма кеселлик пенен, яки нәсиллик кеселлик пенен туўылған нәрестелерди оғыры аяр еди. Олардың ата-анасына ғәзеби келди. Мен медик болмасам да бәрҳа олардың арасында жүргенликтен бундай кеселликлердиң атын ҳәм ақыбетин жақсы билер едим.

Ол туўылғанына еле бир жыл болмаған нәрестелердиң адресин алып, үйлеринен хабар алар еди. Мен Жумабай ағаның пинҳамы тапсырмасы бойынша республиканың «абыройына» тырысып Оксананы алдай алмадым. Шылт жаңа машинадан билқастан илик табыўға ҳүжданым жол қоймады. Мәйли, көрсин. «Айды етек пенен жабыўға болмайды». Бизде ҳәмме ўақта келген комиссия бар ма,

қонақ барма, ҳақыйқатты жасырып, хожа көрсинге таярлаған жерлерди көрсетиўге, сөйтип олардан марапат еситиўге әдетленгенбиз. Оның орнына бар жағдайды көрсетип, зәрүр болса жәрдем алған жақсы емес пе? Яқ, биз ҳеш кимниң жәрдемине мүтәж емеспиз, ҳәмме нәрсе жеткиликли, төрт жағымыз қубла! Ура-Ура!

— Жети айлық қыз ата-анасындағы кеселликтиң бүгин болмаса ертең жүзеге шығыўын күтип атырыпты, — деди Қылышбай аўылынан киятырғанда Оксана. — Бийшара, ол бахытсызлықтан еле хабарсыз. Он бир жасар баласы қашшан қантлы диабет болған. Атасы инсулинде отырыпты. Пүткил бир шаңарақ кеселбент. Ата-аналар өзлери менен кетпей, бахытсыз перзентлерди дүньяға алып келди! Абсурд! Абсурд!

— Қантлы диабет емленбейди-ғо, — дедим мен.

— Дурыс, емленбейди. Лекин, алдын алыўға, сақланыўға болады ғо! Инсулинге шекем төзип отыра бериў керек пе?

— Өзи билмесе, қәйтсин!

— Демек, районда диспансеризация дурыс өткерилмеген. Тек бир районда емес, ҳәмме районда сондай аўҳал. Төрткүлде көрдиң бе, бир шаңарақта он төрт перзент! Оны ертең қалай бағады? «Бул не десең?», «Бог дал», «Қудай берди» дейди.

— Дурыс айтқан, — деп күлдим мен. — Сизди де қуда бергеннен кейин туўылғансыз. Қуда сизди бермегенде сизиң орныңызға бүгин ким келер еди, ҳеш ким! Нәтийжеде балалар өлимшилигин изертлеў және артқа сүрилип бара берер еди.

— Шутник, ты! — деп жазылып күлди Оксана ҳәм азырақ өзин басып, жай-жайўат отыра баслады.

Ырасын айтқанда, оның меннен басқа сырласатуғын адамы жоқ еди. Барған жеринде болса оны үлкен бир комиссияның ўәкилиндей жапырылып күтер, саўал берсе сақланыңқырап, илажы барынша барын асырып, жоғын жасырып жуўап бериўге тырысар еди.

Дәўлетбийке апа болса анда-санда бир бой көрсетеди. Ол себеп пенен квартирасына бай ижарашы табылғанына мәс. Сонлықтан, Оксананың ең жақын сырласы мен, күйип-писсе де маған шағынады, қуўанса да биринши маған айтып, жас баладай ушып қонып келеди.

— Сиз неге қарақалпақты таңладыңыз? –дедим оған бир сапары. — Яки, Москва жиберди ме?

— Я-ә! Москваның не жумысы бар? Мен өзим таңладым. Бизиң Украинада қарақалпақты жақсы биледи. Мектепте оқығанбыз, Тарас

Шевченко Арал теңизи бойында сүргинде болған. Картаға қарасам, Арал теңизи Қарақалпақстанда.

— Бизиң республика балалар өлимшилиги бойынша биринши орында тура ма?

— Ким айтты? — деди ол бирден таңланып.

— Жумабай аға сондай дегендей болды, министрдиң орынсабары.

— Мен биринши еситип атырман. Жақсы болды айтқаныңыз. — Ол сумкасынан ручкасы менен блокнотын ала баслады.

— Яқ, жазбаң Оксана. Меники дусмалый гәп. Бәлким, Жумабай аға асырып айтқан шығар.

Мен өзимниң «гөжени төгип алғанымды» сездим. Ол мениң қарсылығыма қарамастан, жазып алды.

— Енди мен сизге ҳеш нәрсе айтпайман! — дедим өкпелеген түр билдирип.

— Почему? Милый мо-ой! — деп маған еркеленип ийниме басын қойды.

— Буны мен сиз айтты деп жазбайман, — деди ол бирден басын көтерип. Ерте ме, кеш пе, ол мағлыўматты статистикалық есабатлардан алар едим. Ҳәзирше тек оны белгилеп қойдым.

Арамызда бираз ўақыт үнсизлик ҳүким сүрди. Ол не деп гәп басларын билмегендей, меннен гәп күткенге усап ўақты-ўақты қарап қояр, ал мен болсам және «арбаны аўдарып алыў»дан қорқып, жақсысы, үндемегенди мақул билип келер едим.

«Шылпық»тың тусына келгенде ол бирден сергекленип қалды.

— Анаў не төбешик? — деди қолы менен нусқап.

— Бул мың жыллардан арыда таў басына салынған қорған.

— Жақын бара аламыз ба?

— Барамыз.

— Бул қандай қорған, не ушын салынған?

— Анығын билмеймен. Билесиз-ғо, мен орта мектепти де толық питкермегенмен. Бары-жоғы шофёрман.

— Яқшы-ы, болды-болды, қорқа берме. Мен сени айтты деп ҳеш кимге айтпайман.

Ол мени «енди саған ҳеш нәрсе айтпайман» деген ўәдеме бола сыр бергиси келмей отыр деп ойлап, маған ҳәр қыйлы ҳәрекетлер менен жағына баслады.

— Билгенлерден еситиўимше, буннан мың жыллар бурын ата-бабамыз жаўдан қорғаныў ушын усы бийикликке дәрья бойынан

ылай шығарып қорған салған... Сол жерден турып киятырған жаўды алыстан көрген ҳәм саўашқа таярланған, — дедим мен.

— Сол төбешиктиң басына ылайды қолдан шығарған ба? — деди ол ҳайран қалып.

— Яқ, бийик минаралы кран менен шығарған.

Мениң бул ҳәзилиме ол шын берилип күлди. Ийнимнен қағып «ты великалепный шутник» дей берди.

— Қорғанның екинши бир анықламасы бар, — дедим «Шылпық»қа жақынлай берип. — Ертеде Хорезм оазисинде жасаўшы халықлар отқа табынған. Сонда қайтыс болған адамлардың денесин усы төбешикке әкелип таслап, сүйеклери еттен сылынғаннан кейин, өртеп, күлин дәрьяға шашатуғын болған.

— Бул Зорастризм-ғо! Буяқтың халқы да Зорастризмге сыйынған ба?! — деди көптен излеп жүрген жоғының дәрегин тапқандай көзлери жаўдырап.

— Негизи зорастризм дини усы жерде пайда болған.

— Оның пайғамбары ким?

— Билмеймен.

— Зардушт! — деди ол мақтанышлы түрде. — Қәўли-қағыйдасы жазылған китаптың қандай екенин билесең бе?

— Оны да билмеймен.

— Авесто! Қалай енди сен усы жерде жасап турып, сол пайғамбарды ҳәм оның илаҳий китапларын билмейсең!

— Мен тек Алланы, Алладан кейин Мухаммед пайғамбарды ҳәм Құранды билемен.

Ырасын айтқанда мен Авестоны да, Зардушты да билер едим. Лекин, бул қыздың «нәсиллик кеселликлер» менен туўылған балаларды көрип, руўхы түсип киятырғанлықтан, жортаға «билимсизлик» етип оның кеўлин көтериўге тырыстым. Қыз баланың алдында мақтаншақлық еткеннен гөре, кишипейиллик қылғаным мақул деп билдим өзимше. Ол маған «Библия» ҳәм Исос Хрестос ҳаққында да мағлыўмат берип қойған болды.

Биз өрмелеп, «Шылпық»тың басына шықтық. Әдеўир жоқарылағаннан кейин ол маған қолын усынды.

— Жәрдем бер!

Биринши мәрте оның сүйриктей саўсақлары мениң алақанымда турды. Оның жүрегиниң дүрсили нәзик тамырлары арқалы мениң денеме өтип, еситилип турғандай еди. Гейде ол қолынан тартқаныма

да қанаатланбай турып қалар, бундайда, қолтығынан демеўимди күтер еди.

Қорғанның басында ҳеш нәрсе жоқ еди. Тобықтан өтпейтуғын келте-келте шөплер, қарамы малақайдан үлкен болмаған, күнге күйреп атырған қызыл таслар ғана бар еди.

— Бул қайсы дәрья? — деди Оксана Әмиўдәрьяны көрсетип.

— Биз бағана аспа көпир арқалы кесип өткен дәрья. — Әмиўдәрья! Ертеде буны Окс деп атаған.

— Окс деген не?

— Сизиң атыңыздың басындағы үш ҳәрип ғой?

— Ох, ты! — деп және ол еркелеп, арқама урды.

— Биреўлер «тентек» дегенди аңлатады деп те айтады, — дедим ҳәзилди қойып.

— Сендей ме? — деп күлди ол.

— Мен тентекпен бе?

— Тентексең! Сәл нәрсеге өкпелейсең! Жигит деген сәл грубаватый болыў керек. Ҳақыйқаттан да, бул жерден бес-он шақырым жер ап-анық көринер екен, — деп гәпиниң изин бурды.

— Әлбетте! Бурын душпанлар топарласып атта келген. Ат туяқларының шаңғыты бир неше метр аспанға көтериледи. Демек, жаўдың шаңғыты өзлеринен бурын көринеди.

Биз төменге түстик. Оксана төменге түсиўден, яғный, жумалап кетиўден жүдә қорықты. Түсемен дегенше мениң ийниме биротала жабысып алды.

Төменде топарласқан қыз-жигитлер көринди.

— Булар ким, саяхатшылар ма? — деди Оксана маған.

— Яқ. Көрдиңиз бе, ақ бата кийген келиншек пенен, көксине гүл тaққан жигитти. Булар болажақ ерли-зайыплар! «Шылпық»та сүўретке түсиўге келген.

Шадлы музыка сестине елигиў менен төменге түсип болдық. Етеги жерге тийген липаста ойыншы қыз ойынға түсер, әтирапын орап алған қыз-жигитлер шапалақ шалып турар еди. Оксана мени қоя берип, топарға қосылды. Ортаға шығып алған сүўретши жигит ҳәммени гә топары менен, гә бөлек-бөлек сүўретке алып атыр.

Ойыншы қыз Оксананы қолынан тартып, ойынға мирәт етти. Ол бизиң қызларымыздай буўынлары менен емес, ийни менен ҳәм аяқларын марш тәризде алға-артқа таслап, дикилдетип ойнар еди. Бир гез ол руқсат сорап жас-жубайлар менен сүўретке түсти, соң

ойыншы қыз бенен. Кейин ала жаслардың өзи де бул бийтаныс қызды өзлерине тартып, сүўретке түсе баслады. Ол ҳеш қайсысына қарсылық билдирмес, күлген аўзы жыйылмай, мирәт еткен топарға барып, гә бир қолын бүйирине таянып, хошласыў сыпатында бир қолын жоқары көтерип обьектке қарар еди.

Бир гез ол сүўретши жигитти қолынан тартып, топардан бөлек алып шықты.

— Артем, давай, сүўретке түсемиз! — деди ол маған. Мен үндемедим. Ол дәслепки күнлери бир неше мәрте мениң атымды ғабырыстырып, кейнинде «Артем» деп шақырыўға руқсат етиўимди соранған еди.

Сүўретши аппаратын таярлап, бизлерди күтти. Оксана сумкасынан өзиниң фотоаппаратын усынды.

— Мә, мына аппаратқа түсир. Сениң аппаратыңнан мен ала алмай қаламан, — деди ол сүўретшиге.

Биз ҳәр қыйлы турыста бир неше мәрте сүўретке түстик.

— Тәбият қойны қандай тамаша? — деди ол киятырып. Ол еле өзин сол қорған әтирапындағы кеўилли қурдан шығарып ата-алмай киятырғандай еди. — Сен де үйленгенде усы жерге келдиң бе?

— Яқ. Бул жер бизге алыслық етеди. Биз Нөкистиң әтирапын айландық.

— Мениң келгениме бүгин неше күн болды, билесең бе? — деди ол маған сораўлы нәзерде тигилип.

— Қайдам, — дедим мен немқурайды. — Еки ҳәптеден өтип қалған шығар.

— Жигирма бир күн!

— Бираз ўақыт болыпты-ғо.

— Сол жигирма бир күннен бери мен тек «жумыс, жумыс, жумыс» деў менен жүрмен. Сен мени ҳеш қандай қызықлы яки усындай тарийхый орынларға мирәт етпейсең!

— Сизди жумыстан алаға да етиўди еп көрмедим.

— Болмаса, алдымыздағы алтыншы күн, бир мезгил ўақтыңды маған қыясаң ба?

— Қыяман. Қаяққа барамыз?

— Ҳа-аў! Оны сен айтасаң дә!

— Мәйли. Оған дейин ойлап таўып қояман!

— Тоқта! Тоқта! — деди ол биз Шылпықтан әдеўир алыслап, асфальтқа қосылатуғын қумшаўыт жолға шыға бергенде.

Мен гилт тоқтадым. Ол пешанасын айнаға урып ала жазлады. Бирақ, Оксана оған итибар бермеди. Фотоаппаратын қолына ала сала, жуўырып түсти. Машинаның алдынан өтип, үлкен гүжим теректи киширейтип қойғандай, шөлге жарасып турған геўрекке жетип барды. Май айының ақыры шамаласқанлықтан геўреклер толық гүллеп, сап-сары болып алыстан көзди тартар еди.

— Қара мынаған, мен өмирим туўып бундай сулыў ҳәм кишкене дарақты көрмегенмен! — деди ол кеўилли түрде күлимсиреп.

— Ол дарақ емес, бир жыллық өсимлик!

— Яға-аў! — Оксана шөгирмедей ғаўқыйып турған геўректиң төмененен услап, оны шайқап, мықлы-мықлы емесин көрмекши болды.

— Шайқама, сынып кетеди.

— Ырас екен.

Енди ол геўректиң дарақ емеслигин анық билип, оны қапталдан, төменнен сүўретке ала баслады.

— Барған соң таныс художниклериме көрсетип, сүўретин салдыраман. «Огонёк»ке шығартаман.

Оксана жән-жақлама сүўретке алып болды. Соң оның жоқарғы ушынан шоқ-шоқ болып турған еки шақасын қыйыншылық пенен сындырып алды да, тез-тез келип машинаға отырды. Геўректиң шақасы бирден жулынбай қабығынан қыршылып, Оксананың қолына ширелери желимдей жабысып қалған еди. Машинаның ишин бәд ийис алып кетти.

— Қаяқтан шығып тур?! — Ол өзинен гүманланып туфлийиниң ояқ-буяғына қарады. Мен де тум-тусты ийискелей басладым. Мойнымды қыз таман еңкейтсем ийис әбден бурқырайды да, басымды тартсам сәл азайғандай болады.

— Гүлде! Ийис қолыңыздағы гүлде! — дедим мен Оксанаға.

— Яғә-әй! — Ол гүлди мурнына жақынлатып көрип, бирден аяқ астына таслап жиберди.

— Бул не? Гүл де усындай сасық бола ма?

Мен түсип барып Оксана бетки есикти аштым. Геўректиң гүлин оның аяқ астынан алып узаққа ылақтырдым.

— Қәне, қолыңды мурныма тут!

— Ту-уҳ! Ийис оның қолына сиңип қалған еди. Мен усы жақта сонша жылдан берли жасап турып, геўректиң бундай сасық болатуғынын билмеген екенмен.

— Төменге түс, — дедим оған.

Оксана түсти. Биз машинаның ҳәмме есиклерин ашып қойып, аз ғана шамаллатқан болдық. Лекин, саяң өзиңнен қалмағанындай, Оксананың қолындағы ийис қалай тайсалақласақ та бизди қутқармас еди.

— Қолыңды қум менен ысқыла, — дедим мен оған.

Ол төменнен бир уўыс сары қум алып, қолын жуўғандай етип, қум менен ысты.

— Кетпейди! — деди қолын мурнына апарып көрип.

— Алақанларыңды қумға бас.

— Қәйтип?

— Еңкей! — Ол дизесин жерге тийер-тиймес етип еңкейди. Алақанларын ебетейсиз түрде топыраққа басты. Лекин, бармақлары жоқарғы буўыннан бүгилип турар еди.

— Бармақларыңды тегис соз. Енди ысқыла!

— Тфу-у, билмеймен!

Мен нәйлаж оның қолларының үстине қолымды қойдым ҳәм арман-берман ысқылай басладым. Бармақлары бүгилип, қумға кирип кетпеўи ушын қолларымды оның бармақлары арасынан тарамыслап алдым. Соң ысқылаўды даўам еттим. Топырақ дәрья бойларындағыдай жумсақ қум емес, сонлықтан алақанларына майда қыйыршық таслар бата баслады.

— Аўырып кетти! — деди ол қолларын тартып алмақшы болып. Мен ысқылағанды қойдым да, лекин, жибермей басып турдым. Нәзик саўсақларындағы қандай да бир жыллылық мениң денеме өтип атырғандай еди. Енди оның қолларын ысқылаў емес, усылай услап тура бергим келер еди.

— Қанша турамыз? — деди ол маған қыя бағып.

— Алақанларың жымбырлағанша!

— Онда ҳәзир жымбырлады.

— Маған сезилмей атыр.

— Мениң алақаным сениң алақаның емес тә!

Мен қолымды алдым.

Ол қолларын аўырсынғандай, қайта-қайта бармақларын ашып-жумып ҳәм изинен мурнына тутып ийискеп көрди.

— Кетип пе?

Оксана мениң саўалымды еситпегендей болып турды да, бирден оң қолының сук бармағы менен мурныма шертип жиберди. Мурным

зирилдеп кетти. Көзимнен жас шыға жазлады. Ал, ол болса мениң аўырсынғаныма шақалақ атып күлиўи менен машинаға барып отырды.

— Кеттик!

***

Ертеңине арқа районлардың бирине бардық. Оксана күндеги ўақыттан дерлик ярым сааттан көбирек кеш шықты. Мен подъездиң алдында машинаның еки есигин айқара аштым да, билген қосығыма ыңылдап отыра бердим. Бир мәҳәл ол мени айнадан көрди де, «кеширерсең, ҳәзир, ҳәзир» деп ишке қарай жуўырып кетти. Изинше сумкасын шеп қолының ушында айландырып, екинши қабаттан тез-тез жүрип түсип келди. Оң қолында ортасына жуқа етип кесилген еки бөлек колбаса салынған еки бутерброд бар еди.

— Мә, биреўин ал, — деди ол кабинаға отырып.

— Рахмет. Мен шай ишип шықтым.

— Ишсең де ал. Биреў қасымда қарап отырса, мен аўқат жей алмайман.

— Мен алдыма қарап отыраман.

— Бола-ар, қыздай наз ете берме.

Мениң де бир қолымда бутерброд, бир қолымда руль, жөнеп кеттик.

— Кеше таўға шығып шаршап қалыппан, — деди ол кешиккенине бәҳәне таўып. — Аяқларым аўырып шықты.

— Ол таў емес ғой, төбешик.

— Бәрибир де! Еки жүз метр бар я!

— Бар болса бар шығар.

— Еле де буксирде шықтым.

Оның сәл нәрсеге шаршап қалғанына дәслеп онша исенбесем де, үлкен шәҳәрде пияда жүрип көрмеген қыздың нәзиклиги мениң бул ойымды бийкарлады.

Биз барған районның емлеўханасы көрер көзге жүдә усқынсыз, тозыўы жеткен бир қабатлы жайда жайласқан екен. Қашанлардүр атпа ылайдан салынған қорғаншасының сыбаўлары ҳәр жер — ҳәр жерден түсип, аржағында кесеги, айырым жерлерде үңирейген тесиктен қорғаншаның иши көринип турар еди.

Пахсаның сыртында кишкене қол салма болып, оның жағасына егилген ақ сөкитлер қараўсызлықтан ҳәм суўсызлықтан, шақалары тарбайып, жапырақлары қуўарып, қуўраў ҳалына келип турған екен.

Пиядалар киретуғын киширек жарма қапының алдына салмаға паяпыл ретинде еки қалың тақтай қойылыпты. Сууы әлле қашан тартылып, қуўрап атырған салманың ултанында әлжуўаз сууши-гинлер самал менен зорға тербелип турар еди.

Биз усы есиктен ишке кирдик. Киреберисте оң қол тәрепимизде узын етип тартылған сымға хәр қыйлы халатлар, хаял хәм ер адамлардың кеселханада кийетуғын көйлек хәм балақ кийимлери илдириўли турар еди. Оксана оларға көз қыйығын салды да, дәрхәл нәзерин бурды. Мен республика ушын жуўапкер болмасам да, мына көриниске қатты қысындым, хәм рети келген ўақытта Оксанаға бул көринислерди мысалға алмаўды өтиниш етиўди кеўлиме түйип қойдым.

Қорғаншаның есигинен емлеўхананың алдына барғанша тас гербиш төселген тротуар бар еди. Тротуардың еки бойында мийўе-лемей, шағына жетпей қатып қалған сийрек бағ бар еди. Бағдың ишине үстине қатар рейка қатырылған шойыннан исленген еки скамейка қойылған екен. Скамейкада төрт-бес ер адам сөйлесип отыр. Оксананың қайсы есикке кириўин аз ғана гүзетип турдым да, соң усы кисилердиң қасына келип дизе бүктим. Отырғанлар мениң сәлемимди бас ийзеп қабыл етти де, өзлериниң әңгимеси менен бола берди. Емлеўханада не хаққында гәп болар еди, қайсы шыпакер қандай, ким билгиш, ким шала саўат, қәйерде қандай аты шыққан тәуип бар, әңгиме сол әтирaптан узақлап кетпес екен.

— Мен усы Қудыярдан доктор шыққанына хайран қаламан, — деди жасы елиўлер әтирапындағы, ала пенжекли, семизшиктен кел-ген муртлаш киси.

— Неси бар, оттай кардиолог! — деди оған қасында отырған өзине төтелес, емлеўхананың ойма жағалы ақ көйлегин бренжисиниң сыртына шығарып жиберген, алдыңғы тислери кетилген бир жасы үлкен. Оның бул гәпи менен Қудыярды мақтап емес, ананың қытығына тийгиси келип турғаны сырт қарағаннан-ақ билинип турар еди. Сонлықтан, ол да буның гәпине итибар бермеди.

— Оның менен Ташкентте бир үйде квартирада болдық, — деп даўам етти гәпин. — Россия мийманханасынан қублаға қарай бираз жүргеннен кейин «Океан» деген тири балық сататуғын дүкән бар, әне, сол дүкәнның артында, басы берк көшеде турдық, үш жигит болып. Мен, Қудыяр хәм Шабатлы Бабажан деген жигит. Әдебинде бул қыздай мүсәпир жигит еди. Оны жайдың ийеси, Ханипа апа да

жақсы көрди. Мениңше, оны «жуўас, аўылдың баласы» деп аяйтуғын еди. Оған писирген аўқатынан пай қоятуғын еди. Бизлерге жоқ, оған бар! Үшинши курстан кейин бул талтайып кетти. Талтайғаны сол, азымаз қыйсаңлаңқырап келетуғынды шығарды.

— Ҳе, бул не?

— Әй, степендия алып едик, жигитлер менен пиво иштик.

— Бабажан бармады ма?

— Әй, ол ҳеш кимге қосылмайды. Бир тийинди он түйеди.

— Сиз қәйерде оқыйтуғын едиңиз? — деп оның гәпин бөлди жасырақ бир жигит.

— Мен ТИМСХ даман. Екеўмиз ҳүжжет таярлап жүрип танысып қалып едик. Қулласы қәлəм, ол күнде-күнде ишип келетуғын, Ханипа апа да енди оған писирген аўқатынан пай қоймайтуғын болды.

— Билесең бе, Төребек жора, — деди ол бир күни мени мойнымнан қушақлап алып. Арақтың бәд ийиси өкпеме атып баратыр. Әри-бери тайсалақлайман, яқ, ол жаздырмайды.

— Бизлер ҳәр күни бир кеселлик ҳаққында сабақ өтемиз — бир күни туберкулез, бир күни менингит, бир күни ақ қан... жүрегиң жарылады. Ҳәр сабақ өткен сайын сол кеселликтиң белгилери өзлеримизде пайда бола баслағандай, қара уўайым басады. Ақшамлары тынығып уйқылай алмайсаң: үй бетте жыйын болып атырған, қур дүзилип бақсы айтып атырған... билесең ғо, бундай түслердиң жорылыўы жақсылыққа апармайды. Әне, сол уўайымды умытыў ушын ишемен арақты. Етимиз үйренисип кеткеннен кейин қояман! Исенесең бе?

— Исенемен!

— Олла исенемен де!

— Олла исенемен.

Ол бетимниң дус келген жеринен былшыраған аўзы менен сүймеге қарайды. Кейинги ўақытлары мен де. Бабажан да илажы барынша оның көзине түспеўге тырысатуғын едик.

Қасыңда еки доктор болғаннан кейин, олардың да саў ўақтында айтысатуғыны кеселлик ҳәм оның дәслепки белгилери ҳаққында болған соң мен де өзимниң тамырымды услап көрип, пульсимди санап билетуғын болдым. Жым-жыртлықта тыңласам, жүрегимниң дүрсилдиси қулағыма еситилетуғындай. Сөйтсем, бир күнлери жүрегим шалшық суўда қалған шабақтай шыпырлап-шыпырлап кететуғынды шығарды. Дәслебинде жаңағылардың тәсири шығар деп

өзимди жубаттым. Оның менен бул шыпырлы қоймады. Қасымдағыларға айтайын десем, исенбедим. Олар еле оқыўшы. Булардың айтқан дәрисин алып жеп, өлип қаларман дедим де, поликлиникаға бардым. Доктор тыңлап көрип тахикардия деди ме, әйтеўир, бир нәрсе кардия деп дәриге қағаз жазып берди. Дәриханада қолыма пенцилин шийшедей бир дәрини усынды ҳәм қасына пипетка қосып берди.

— Усыннан үш-төрт тамшы дәрини бир уртлам суўға тамызып, үш мезгил ишесең, — деди дәриханадағы қыз.

Ҳеш кимге көрсетпей үш-төрт күн иштим. Жүрегим азырақ тынышланғандай болды, бирақ, шыпырлысы еле бар.

Бир күни енди дәрини қолыма алып атырғаным, талтаңлап Қудыяр кирип келди.

— Мынаў не? — деди қолымдағы дәрини жулып алып.

— Маған бер, бул жүректиң дәриси! — деп қолына асылдым. — Үш-төрт тамшы тамызып иш деп берди доктор.

— Ўәй, сен-әм... Меннен үлкен доктор бар ма? Буны үш-төрт тамшыдан емес, солайы менен ишесең, мине бийтип, — деди де аўзындағы тығынын алып, бир көтерди. Өзи жәми жыйналғанда бир уртлам шықпайтуғын дәри, Қудыярдың аўзына жуғым бола ма? Ғылқ етти де жиберди.

— Ўай, Төребек, ўай, мен кеттим! — деди де ол сылқ етип қасымдағы кроватқа бойын таслады. Қарасам жүзинде қан жоқ, бети ақ қағаздай ағарып баратыр. Кем-кем маңлайынан муздай тер қуйыла баслады. Бардым да, тамырын усладым. Жоқ! Соқпайды! Бир ўақлары бармағымның ушына дүрс етип бир урғаны билинди. Соң және жоғалды.

Басыңды аўыртып не қылайын, пульсы минутына төрт урады. Енди не қыламан? «Тез жәрдем» шақырайын десем квартирада телефон жоқ. Бар билгеним, бир қолым менен бетин желпиймен, бир қолым тамырда. Қудыярда болса сес жоқ, көзин ашыўға димары қалмады. Бир ўақлары пульси он екиге көтерилди. «Әй, қудайым, өзиң сақлайгөр, бийабырой етпе» деп тилегинде отырман. Басқа қолымнан не келеди? Жаңа жигирмаға шыққан жас жигитпен. Өлип баратырған адамның басында болып көриппен бе? Усыннан өлип қалса, мениң де жүрегим шоршынып, кеселге шатылатуғын шығарман деген ойға да барып үлгердим.

Бир мәҳәллери пульси он сегизге жетти, соң жигирма төртке, қулласы, пульси елиўден көтерилгеннен кейин ол көзин ашты, маңлайындағы муздай тер кем-кем сорыла баслады.

Сол-сол екен, аманлықта бул жерден өкшемди көтерейин деп, бир ҳәптениң ишинде басқа квартираға көшип кеттим. Соннан қайтып оның менен ушыраспадым. Бағана алдымнан өтип кетти, мени танымайды. Балалар кардиологи болыптымыш!

— Болғанда сорама! — деди бағана мардан қыздырып, буның қытығына тийген киси. — Мениң кишкене балам төрт жасар еди. Кеште бақшадан алыўға барсам, тәрбияшы қыз, «аға, балаңызды ертең кардиологқа апарың, туўма пароги бар екен» деп докторлардың берген қағазын қолыма услатты.

Түни менен уўайым болды. Порок деген жақсы кесел емес ақыры.

— Балаңыз жуўырып жүрип бирден көгерип қатып қалмай ма? –деди усы Қудыяр ертеңине.

— Яқ. Ондайын ҳеш сезгенимиз жоқ.

— Сезбейсиз, себеби балаға қарамайсыз, — деди ол. — Кеше мен тексерип көрдим балаңызды. Жүрегиниң бир клапаны ислемейди. Яғный, төрт клапанның үшеўи қанды айдайды, биреўи айдай алмайды. Нәтийжеде жүректиң бир бөлегине қан жетпей, ткань өле баслайды. Бул балаңыздың өмири ушын жүдә қәўипли.

— Енди не қыламыз? Нөкиске апарып көрейин бе?

— Аға-а! — деди ол отырған стулында шалқайыңқырап. — Ҳәммемиздиң оқыған әптүйегимиз бир! Егер қурбың келсе Ташкентке апар. Ташкентте он алтыншы кеселханада Эргаш деген курсласым бар, соған хат жазып беремен.

— Оның оқыған әптүйеги басқа ма? — дедим. Мени урып өлтиретуғын адам жоқ, қырсық сөйледи деди ме, ашып отырған журналларын жаўып, шықты да кетти. Әри отырман, бери отырман, келетуғын Қудыяр жоқ. Бир ўақлары медсестра келди.

— Аға, кабинетти қулпырмақшы едим.

— Ҳаў, жаңағы Қудыяр...

— Қудыяр аға бүгин болмайды, балалар бақшасына кетти — деди.

Қулласы, бир ҳәпте изинде жүрип, «ҳәўкесин қасып» зорға дегенде Эргашқа хат жаздырып алдым.

Эргаш деген бир кишипейил жигит екен. Баламды ҳәмме кабинетке өзи ертип барып, тексертти.

— Қудыяр ҳали-ям доктор ма? — деди соң.

— Доктор.

— Айтинг, ўзига бошқа иш қидирсин! Ўғлингиз соппа-соғ, ҳеч қанақа порог йуқ.

Сөйтип, қайта-қайта пәтиямды берип қайта бердим.

— Балаңыз расында да ауырмады ма соннан кейин, — деди отырғанлардың бири.

— Яға-аў, көз тиймесин, тымаўға жеңислик берип көрген жоқ. Ҳәзир институтта, физвоста оқып атыр.

Наўқаслардың әңгимелери мени ертек тыңлағандай еликтирип алды. Оксана қайсы есикке кирди, қашан шығады, әбзели еле-берин шықпағаны керек еди маған.

— Жақсы докторлар, балалар, ертеректе өтип кетти, — деди күни менен гәп қоспай, ўақты-ўақты сақалын тарамыслап отырған жасыл шекпенли бир ғарры. — Бир гезлери мен асқазан аўрыўға тап болдым. Ол асқазан ба, басқа жер ме, билмеймиз ғо. Әйтеўир, ишим бүреди. Әкем бийшара айта беретуғын еди. «Жалғыз дайым бар еди, қырқ еки жасында өтлеўден өлип кетти» — деп. Сол өтлеў деп жүргени ҳәзирги соқыр ишек екен ғо! Сондай, мен де бир күни өтлеўден өлип кетпесем болғаны ғо, деп уўайымлайман. Докторға барыўға да қорқаман, соннан бир нәрсе деп салса, әжелимнен бурын өлермен.

Ақыры, болмады. Районға, докторға бардым. Ол ўақта «кимсең-қара доктор» деп аты шыққан, баяғы аўдарыспақтың ўақтында Москваға келип қалған Тедя Синг деген ҳинд доктор бар еди. Москва оны оқыў питкергеннен кейин Ташкентке жиберген, Ташкент бизге...

Қулласы, асқазанды рентгенде көрип болмайды екен. Қара доктор аўырыўымның белгилерин сорай баслады.

— Қәйтип аўырады?

— Ишим бүреди. Түйип турғандай болады. Аўқатым сиңбейди.

— Дәретиңе қан араласа ма?

— Жақыннан берли араласатуғын болды.

— Асқазаныңда жара бар, — деди де ол алдындағы қағазды толтыра баслады.

— Емлеўханаға жатыўың шәрт емес, — деди кейин. — Саған өзиң ислеп алатуғын дәри буйыраман. Еки жүз граммлық стаканға аз толмас етип арақ қуясаң.

— Мен арақ ише алмайман, — дедим дәрҳал гәпин бөлип.

— Тоқтап тур, саған арақ иш деп атырғаным жоқ. Соған, узынлығы бир сүйемдей еки дана алоениң жапырағын майдалап туўрайсаң. Дыққат пенен туўра, ширеси сыртқа тамбасын. Соң оған майский палдан бир қасық пал қосасаң.

— Стакандағы арақ сыртқа шығып кетпей ме? — дедим мен.

Дуқтыр күлип жиберди.

— Ҳәммеси еки жүз грамм болсын, арақты аз толмас етип қуй деп атырман ғо. Таярлап болынған дәрини, бул енди арақ яки пал емес — дәри, аўзын бекитип, қараңғы жерде бир ҳәпте сақла. Бир ҳәптеден кейин аўқаттан ярым саат бурын бир шай қасықтан иш. Таўсылғаннан кейин маған келип көрин, — деди.

Көриниў қайда?! Стакандағы дәри ярым болған гезлеринде-ақ асқазанымның қаяқта екенин умыттым. Бурын жағдайыма қарап суйық етип гөже ишетуғын едим, енди түйени түги менен жутаман. Оннан бери де арадан жигирма жыл өтти. Жолым түссе бир рахмет айтып өтермен деп жүр едим, ол пақыр да өлипти деп еситтим.

— Әне, дуқтыр болғаныңа!

— Пай, садағаң кетейин!

Олардың еле де әңгимелери көп қусаған еди. Усы ўақытлары иштен жулқынып шыққан Оксанаға көзим түсти де, орнымнан турдым. Оксананың изинде еки доктор ҳаял бир нәрселерди айтып, ерип келер еди. Лекин, ол ҳеш бириниң гәпине қулақ аспастан, түптуўры келип, машинаға отырды.

Радио он екидеги еситтириўдиң сазын шертип баслаған ўақытлары Нөкиске қарай гүзар жолға түстик.

Оксана әлле негедүр қапа еди. Әсте көз астымнан қарайман, ол бармақларының тырнағына үңилип алған, үнсиз. Ўақты-ўақты еки ийнин көтерип терең дем алады, суўық дем. Мен оннан «не болды?» деп сораўға батына алмадым. Ўақты келип өзи ашылыспаса ҳәзир сиркеси суў көтермей киятыр. Усы келистен машина подъездге келип тирелгенше үн қатпады. «Шүйк» етип тоқтаған ўақытта барып, терең қыял қушағынан шыққандай болды.

— Жүр, үйге киремиз, — деди ол машинаның есигин ашып атырып.

— Рахмет. Қайта берейин.

— Яқ, яқ, қайтпайсаң! Ҳәзир кимгедүр дәртимди айтып жеңиллеспесем, жарылып кетемен.

Ол мениң ризашылығымды күтип отырмастан подъездге қарай бетледи. Мен найлаж изине ердим. Оны усы аўҳалда таслап кетиўди өзиме мүнәсип көрмедим.

Ол ишке кирди де сумкасын диванға атып урып, асханаға кирип кетти. Асханада әлле қандай ыдыслардың шақырлысы, газдиң ысылдап жанғаны, соң иштей ашатуғын жағымлы ийислер жай ишине тарап, танаўымды қытықлай баслады.

— Алик, түслик таяр, — деди ол мени столға шақырып. Еки кишкене тарелка үстине қойылған чашкалардағы кофелерден ийреңлеген пуўлар жоқары көтерилип, соң жайылып көзге көринбей кетип атыр. Мен алдымдағы кофеге қарар екенмен, үплеп жиберсең өшип кетейин деп турған ақ-сары көбиклерди көрип, сүўретли журналларда көретуғын рекламалар көз алдыма елеследи.

— Сиз ише бериң, мен ҳәзир, — деп Оксана мениң алдыма қағазлы шоколад салынған тарелканы жақынлатып қойды.

Оның ҳәрекети сондай тез, нәзеримде газге қойылған табалар да мультфильмдегидей аўқатты жылдам писирип таслағандай көринер еди. Ол ҳәр биримизге таўық гөшинен исленген еки сосиска менен бир мәйектен қуўырып, столға қойды. Соң жылтыр шөмиш пенен лаўабы кесаға «Ши» қуйды, өзине болса кишкене, шуңгиллеў тарелкаға.

— Баяғы ишкениңиз Дәўлетбийке апаң писирген «Ши», ал, мынаў мениң «Ши» диң ийесиниң писирген тағамы, — деди өзин кеўилли көрсеткиси келгендей күлимсиреп. «Ши» диң ийеси болып атырғаны олардың миллий тағамы екенлигин нәзерде тутып атырғанлығын түсиндим.

— Қәне, басладық, — деди ол мени аўқатқа мирәт етип.

— Сизге аўқат жетпей қалды ма? — дедим оған.

— Ҳе, неге? — деди ол таңланып. — Мында бар ғой.

— Тарелкаңызды кишкене көрип айтып атырман.

— Ҳе –е, — деп мыйықтан күлип қойды. — Маған усының өзи көп. Фигурам бузылып кетеди. Ал, сизлер, сильний пол, көп жеп, көп ишиўиңиз керек.

— Неге ояқтан қапа болып шықтыңыз? — дедим аўқат арасында гәп баслап. — Яки, және бир нәресте... «Өлип қалды ма?» деўге тилим бармады.

— Министрдиң орынбасары менен келисе алмай қалдық.

— Жумабай аға ма? Ол қашан келген?

— Билмеймен. Мен барсам, бас шыпакердиң ханасында мәжилис өткерейин деп атыр екен. Кирип барғаным сол, маған сондай бир жеркениш пенен қарады-ы... Лекин, шығып тур деп айта алмады. Мәжилистиң мазмуны — жоқарыға жазылған арза бойынша екен. Буннан үш ай бурын районлық туўыў үйинде бир ҳаял босана алмай қайтыс болған. Туўылажақ нәресте де набыт болыпты. Ҳаялдың күйеўи жоқарыға жазыпты. Фактлер тастыйықланған. Баладан бурын, ҳаялдан көп муғдарда суў кетип қалған. Нәтийжеде бала кеўип қалып, ҳаялдың туўыўы қыйынласқан. Биринши жәрдем көрсетилмеген. Я Нөкиске жибермеген, я ояқтан доктор шақырмаған. Нәтийжеде, екеўи бирден набыт болған.

Сол күнги нәўбетши гинеколог Фая Акчурина деген татар ҳаял екен. Министрдиң орынбасары Акчуринаны жумыстан босатып, хатқа жуўап бериўди усыныс етти. Жыйналысқа арза ийеси де қатнасып атыр екен.

— Мен қайыл емеспен! — деди жигит түргелип. Еки бирдей инсанды өлтирген адам неге енди жумыстан босатылыў менен ғана қутылып кетеди? Мен биреўди өлтирейин, ҳәзир апарып қамайды. Ал, ол... Яқ, жолдас зам министр, сизиң бул шешимиңизге қайыл емеспен. Мен және арыз етиўге мәжбүр боламан.

— Ҳаялыңыздың өлимине өзиңиз айыпкерсиз! — деди Фая түргелип. — Неге оның денсаўлығына қарамайсыз? Неге туўмастан алдын әкелип көрсетпедиңиз? Ҳаялыңыз кем қан! Ал, сиз оны дерлик ҳәр еки жылдан ҳәмле көтериўге мәжбүрлейсиз!

— Бул гәпиңди дәлиллеп бер.

Дәлиллеймен! Он еки жылда жети бала туўса сизге оннан артық қандай дәлил керек!

Он еки емес, он еки ярым!

Отырғанлар дуў күлип жиберди.

— Сиз нени жазып алып отырсыз? — деди бир ўақта Жумабайдың маған көзи түсип.

— Болған ҳәдийселерди...

— Сиз илим менен шуғылланасыз ба, яки шпионлық пенен?

— Не дедиңиз? Гәпиңизди тәкирарлап айтың?! — дедим ашыўым мурнымның ушына шығып. Ақыры, «шпионлық» деген... қайдам, ким ондай ғәреметти көтере алады?

— Не қыласаң тәкирарлағанда, қурбақа жуттырасаң ба? — деп ол маған бурынғыдан бетер кийликти. «Қурбақа жуттырыў» деген не зат ол? Түсинбедим.

— Бизде хан заманында қурбақа жутқанлар болған.

— Яғ-әй?! Тири қурбақаны ма?

— Тири қурбақаны! Хан айыпдарларға еки жазаның бирин усынған, яки тири қурбақаны жутыў, яки өлим жазасы. Айыпдарлар қурбақа жутыўды таңлаған. Лекин, оның да изи өлим менен тамамланатуғынын билмеген. Қурбақа ишине барған менен өлмей, тынымсыз тырмалап, кейнинде жутқан адам қыйналып өлетуғын болған.

— Мен сиз ҳаққында бир қанша мағлыўматқа ийемен — деп ол Акчуринаны қоя берип, маған тийисип кетти. — Сиз тек өзиңиздиң темаңыз бенен шуғылланып жүрген жоқсыз, барған жериңизден негатив мағлыўмат жыйнап жүрсиз! Сүўретке алып жүрсиз! Керек болса институтқа хат жазып, командировкадан қайтарып алдыраман.

— Мен не, унамлы жағдайларды жазбай жүрмен бе?

— Жазбай жүрсиз! Мәселен, мениң қолымда еки районда балалар өлимшилиги кескин азайғаны ҳаққында мағлыўмат бар. Соны алдыңыз ба?

— Ол мағлыўмат пенен таныстым. Сиз айтыңызшы, ол нениң есабынан?

— Туўыўды ретлестириўдиң есабынан. Бул өлимшиликтиң алдын алыўдағы соңғы жаңалық! Егер сол усылды усы районда да қолланғанда Акчурина жоқ жерден гүнакар болмас еди.

— Жолдас зам министр, мен сизиң тутқан жолыңызға түсинбедим, сиз ҳаял босанғаннан кейин оның туўыў жолын байлап жибериўди әлле қандай жаңалық билип отырсыз. Мениңше бул прогрессив усыл емес. Шығыўы керек инсан шықсын дүньяға. Сиз оны сақлап қалыўдың жолын излең! — дедим өшегисип.

— Сиз илимий болжаўлардан бийхабарсыз, — деп және мени баспалатпақшы болды. — Ҳүрметли, мәжилис қатнасыўшылары, сизлер де оң қулағыңыз бенен, шеп қулағыңыз бенен соны еситип алың, илимий болжаўлар бойынша 2030-жылларға келип дүнья халқы 10 млрдтан асады. Соның ишинде Өзбекстан халқы 40 млнға, Қарақалпақстан халқы 2,5 млнға жетеди. Жер бизди бағa алмайды. Адамлар тойып аўқат жеў дегенди умытады. Нәтийжеде кеселликтиң еле биз билмеген түрлери келип шығады.

— Мен ҳәмме қыялый болжаўларға исене бермеймен, — дедим. — Лекин, бир нәрсени есиңизге салып қояйын, сизлер аўқам

көлеминде азшылықты қурайсыз. Миллетиңиздиң келешеги Сизди тәшўишке салмай ма?!

— Сиз сиясий бурмалаўшылықты тоқтатың, — деди маған. — Қарақалпақлар тоғызыншы әсирде пайда болған, жигирма тоғызыншы әсирде де, оннан кейин де бола береди. Сизге және бир мәртебе айтаман, негатив мағлыўматлар жыйнаўды жыйыстырың!

Қулласы, арза бир жақта қалды, биз басқа темада кегирдекке суў бүркиўге өтип кеттик.

— Мәжилис бир шешимге келе алмады, — деди ол жыйналысты жабыўға қарар етип. — Арза ийеси менен Акчурина ортасында өз ара мәмлешилик орнамағанша, мәселе тоқтап турады.

Жыйналыс тамам болды. Оның нерв жүйкелери тартылған, көпшилик алдында өзин тута алмайтуғын дәрежеге келген еди. Биринши болып жыйналыстан «шпион» мен шығып кеттим. Енди маған бул емлеўхана менен ислесиў мүмкиншилиги қалмаған еди.

— Шаңарақты ретлестириў Жумабай ағаның ойлап тапқан усылы емес шығар, — дедим мен де өз билгенимди айтып қалғым келип. — Еситиўимше, Москвадан сондай буйрық келген дегендей еди.

— Буйрық — бул желкеге тутылған қылыш емес, — деди Оксана. Оны жергиликли жағдай менен салыстырып үйренип шығыў керек. Орынлаў унамлы нәтийжеге алып келетуғын болса орынланады, кери жағдайда оны тек қағаз көтереди.

— Мейли, буяққа өтейик, — деп ол ыдысларды шаққан-шаққан жыйнастырыўға қарады. Соң екинши бөлмеге барып, шкафтан кишкене күл салғышты алып, диванға шалқайып отырды.

— Кеширерсиз, сумкамды әперип жибериң.

Мен шкафтың жоқарысына илдирилген сумканы әпердим. Ол сумкадан сыртында англичанша жазыўы бар сигарет ҳәм зажигалка алды.

— Неге турыпсыз? Отырың. — Ол қасынан жай көрсетти.

— Сизиң сигарет шеккениңизди көрмеген екенмен, — дедим қасына аманат ғана отырып. Машинада отырыў басқа, диванда оның менен қатар отырыў басқаша еди. Қалай деген менен сулыў қыздың сусты басар, бирақ, рети келсе гәп таўып отырғым келер еди. Лекин, қәйтип? Билмеймен.

— Усындай, қапа болған ўақытлары ерниме сигарет қыстырғанымды билмей қаламан, — деди ол зажигалка менен сигаретти

алыстырып. — Темеки мениң дәртимди жеңиллеткендей болады. Сиз шекпейсиз бе?

— Яқ, шекпеймен.

— Дурыс қыласыз. Мен де таслаўым керек. Билмедим, қашан... Бәлким... Ана болсам, сөзсиз таслайман. Себеби, темеки туўылажақ нәресте ушын оғада қәўипли.

— Қашан ана боласыз?

Ол мениң саўалымды ерси көрмеди. Темекини қумарланып, үсти–үстине тартып, түтинин гә аўзынан, гә мурнынан шығарып бираз отырды.

— Қайдам, — деди соң ийнин қысып. — Улыўма бул мәселе мениң бир өзимнен ғәрезли емес.

Арамызға азы-кем үнсизлик шөкти.

— Сиз қыз бала болғаныңыз ушын ана болыўды ўазыйпам деп билесиз бе, яки арзыў етесиз бе?

Бундай саўалды бизиң жақтың қызларына берер ме единң, қайтып «ғың етпеўге» тәўбе қылдырар еди. Ал, Оксанаға мениң бул саўалым қонып түсти.

— О-о! — деп ол мойнын пәтикке қарай созып қыял сүрди. — Дүньяда ана болыўдан үлкен бахыт бар ма? Сиз жаңа туўылған нәрестениң ийси қандай болатуғынын билесиз бе? — Ол саўалыма жуўап күтпестен өзи тәрийиплей баслады.

— Оттан жаңа шыққан шөректиң ийси, яқ, яқ, ондай емес, шақасынан жаңа үзилген мийўаның... бул да уқсамайды. Улыўма, дүньяда нәресте ийсине усайтуғын ҳеш қандай жағымлы, ҳеш қандай хош ийис жоқ. Сизиң балаңыз бар ма?

— Бар.

— Неше жасар?

— Еки айлық.

— Қандай жақсы. Сен сонда, туўылған ўақтында қолыңа алып, алқымына мурныңды басып ийискеп көрмедиң бе? Сонда нәрестениң ийси қандай болатуғынын билер едиң?

— Яқ, ийискемедим.

— Неге?

— Уялдым. Анам бар ақыры!

— Түсинбеймен. Өзиңниң балаң ғо ол!

— Бизде ата-анасы бар жаслар туўған баласына тикленип қарамайды.

— Жаман дәстүр екен.

Ол сигаретин өширип, күлданға таслады.

— Зериктирип қоймадым ба? — деди соң күл салғышты қағып, босатып келип.

— Яқ, зерикпедим. — Ырасын айтсам, оның мениң менен гөржерди айтып отыра бергенинен қолайсызлана баслаған едим.

— Айтпақшы, сен маған балаңды көрсетпейсең бе? — деди ол күтилмегенде бир жаңалық ашқандай қуўанып. — Аты ким балаңыздың?

— Алпамыс.

— Ол нени билдиреди?

— Буннан мың жыллар алдын бизде усындай атта бир батыр жасап өткен. Қарақалпақлар балларын ер жүрек, ўатан сүйгиш, батыр болсын деп көбинесе Алпамыс қояды!

— Қара, қандай жақсы факт! Бир ўақытлары украинлы илимпаз қыз Кравченьконың монографиясында, ол сахнадағы актрисаларға усап ҳәрекет ете баслады. — Қарақалпақтың батыр баласы Алпамыс мысалға алынған болады.

Мен мыйықтан күлип, оның ҳәрекетлерин бақлап турдым.

— Ырас айтып турман. Балаңызды көрсетесиз бе маған?

Енди оған бир нәрсе деп дәлил айтыў қыйын еди. Оның Жумабайға деген ашыўы бираз тарқаған, яки өзин зорлап умытпақшы ма, қала берди еле кеш түсиўге ерте, не менендур алданғысы келип турғанын сездим. Бирақ, бул алданыш маған қымбатқа түспесе не жақсы! Үйде анам бар. Үйленгениме болса жаңа бир жылдан асып баратыр. Оксананы ҳәр күни машинада алып жүргеним аздай, оны үйге баслап барсам... Бизиң үрп-әдетимиз оның ушын қызық емес, түсиндирип отырыўға болса арсынар едим.

Бир мәҳәл телефон шырылдады. Дәўлетбийке апа екен.

— Жумабай аға сизге бир адрести барып көриўди мәсләҳәт етип атыр, — деди ол Оксанаға. — Тақыятаста бир анадан үш егизек туўылыпты — Аман, Есен, Турсын деген. Соны барып көрсин деп атыр.

— Рахмет, Даўлетбийке апа! Ҳәзир бараман! — деди де ол трубканы жаўып, «эҳ-ҳ!» деп балериналардай бир өкшеде айланды —зам министр шаштынан түсипти! Бул мениң дәслепки жеңислеримниң бири! Кеттик, Алик, Алпамыс подождёт!

***

«Қайғы жоқта қайғы болды, қәйиненемниң өлгени» дегендей, Оксананың «Алпамысты көрсет» дегени уўайым болды. Оны қалай үйге ертип бараман? Анам яқшы, түсинер, жумыс бабы деп, ал Бийбисараның оған «көзи ушып турған жоқ». Онысыз да муштай болып жүрген қабағы әдбен үйилип қалатуғын болды. Әдепки күнлери онша итибар бермей «әйтеўир, сол орыс қызды деп бизлерди умытып кетпе» деп ойынлы-шынлы күлип қояр еди дә, кейин ала мезгилли-мезгилсиз жүре бергеннен кейин гүманланатуғын болды. Гейде кешлеў келип:

— Шай аўқат бар ма? — десем:

— Орыс қызың тойдырып жибермеди ме? — деп илме-қармақ гәп таслайтуғынды шығарды.

Сондайда анам «ҳәссений» деп тисленип турады да, тағы урыс болмасын дей ме, ашыўын ишине жутады.

Бийбисараның анам қәйтип тисленгени менен иси жоқ. Қәйткенде мениң жулыныма биз тығады, қәйткенде мениң «ҳаққымнан шығады», бар ойы, дыққаты сонда.

Биреў қабағын үйип жүргеннен кейин отырып-турып берекетиң болмайды екен. Сондайда «шаршап жүргенимди бәнелеп» орныма барып жатып аламан. Ал, ол болса бир жуўған қазан-табағын он мәрте жуўып, қашан мениң көзим илинбегенше жайға бас суқпайды. Мәйли, бул кемли күнлер де өтип кетер, деп бар ызамды ишиме жутып, шыдап жүрмен.

Ертең шемби. Ўәде бойынша Оксанаға елимиздиң көрнекли орынларын көрсетиўим керек. Қәйерди көрсетемен? Дәслеп, музейди көрсетермен деп арқайын жүр едим. Бүгин сорастырып билсем, музей ремонтта, ҳеш қандай саяхатшыларды қабыл етпей атыр екен. «Елликқала» беттеги ески қорғанларға апарсам?... Лекин, ояқтағы қулап атырған дийўаллардың Оксана ушын не қызығы бар?! Оксана археолог емес, тарийхшы емес. Қала берди, ол қорғанлардың қайсысы не деп аталады, ол қашан салынған, онда адамлар қайсы дәўирде жасаған наўа билмеймен.

Усыларды уўайымлаў менен таңды дерлик уйқысыз атқардым.

— Қәне, Алик, мени қай жерге мирәт етесең? — деп Оксана кеўилленип машинаға отырды. Мениң түни менен басым қатып шыққанынан оның улыўма хабары жоқ еди.

— Сизди жер жүзинде жоқ бир сарайға апараман, — дедим оған.

— Яғ-әй?! Жер жүзинде жоқ?! Сол жер жүзинде жоқ сарай Қарақалпақстанда бар ма?

— Аўа. Қарақалпақстанда бар.

— Сен маған және ертек айтажақсаң я? — деп күлди ол.

— Яқ, ертек емес, азымаздан өз көзиң менен көресең.

Мен Оксананы Мазлумхан сулыў мавзолейине баслап келдим. Төменнен текшеме-текше көтерилер екенбиз:

— Қәне, сарай? Көринбейди-ғо! — деп ол тәкирар-тәкирар сорай берер еди.

— Шыда, ҳәзир көресең!

— Қолымнан тарт, «Шылпық» тан-әм бийик ғой, мына төбешигиң!

Оксананың өтирик назы ма, яки, ырастан да шәҳәрден тысқа шығып көрмеген адамға бийикке өрмелеў мүшкил ме, ентигиңкиреп дем алар еди ол. Төбеге шықтық.

— Қәне?! Ҳәммеси қәбиристанлық ғо! — деди ол мени алдады деген түсиникте қабағы салынып.

— Изимнен жүр.

Мен оны «Мазлумхан сулыў» мавзолейине — жер астындағы сарайға алып түстим.

— Минекей, жер үстинде жоқ сарай!

— Жер үстинде жоқ, бирақ, жер астында бар я?! Қызық! Ол жайдың рәңбәрәң нағысларына ҳәўес пенен қарай баслады.

— Бул қашан салынған?

— Билмеймен.

— Кимлер жасаған бунда?

— Қәйдем.

Сонда өзиме-өзимниң жиним келип кетти. Қуры жеңил машина айдағаныма мәс болып жүре бергенше, үлкемиздиң белгили-белгили орынларына саяхат етип турсам болмай ма?!. Сонда усындай ўақытта сарайда тап өзим салдырғандай сайрап берген болар едим.

Бахтыма онлаған саяхатшы топарласып, текшеден төмен түсе баслады. Қудаға шүкир, буларды баслап киятырған бир белгили адам бар шығар. Айтқанымдай, олардың арасында жумалақ жүзли, маңлай шашы түсиңкиреген, тамағы аўырғандай, даўысы қырылдаңқырап шығатуғын бизлер қатарлы бир жигит бар екен.

— Күни менен сизлерге айтып келген «Мазлумхан сулыў» мавзолейи мине, усы, — деди ол саяхатшыларды дөгерегине жыйнап. Оксана да оларға араласып кетти.

— Сарай он екинши әсирдиң орталарында салынған. Хорезм ойпатшылығына Ислам динин таратыў ушын келген Шамуннабий атлы рууханий арабтың Мазлумхан атлы сулыў қызы болады. Оған усы отырықлы жерден Әбиўтәлип деген уста жигит ашық болады.

— Егер сиз маған ырастан да ашық болсаңыз, мен сизиң алдыңызға бир шәрт қояман, егер соны орынласаңыз, сизге турмысқа шығыўға разылық беремен, — дейди қыз.

— Разыман. Шәртиңизди айтың, — дейди жигит.

— Маған жер жүзинде жоқ сарай салып бересиз.

Жигит «мақул» дейди де, сол күннен баслап, жер жүзинде жоқ сарайды, жердиң астынан салыўға кириседи. Арадан бир неше айлар өтип, сарай таяр болады.

— Сарайыңыз таяр болды, келип көрсеңиз? — дейди жигит қызға.

Қыз келип, бундай сулыў нағыслар менен безелген сарайды көрип ҳайран қалады. Ҳаслында ол устаның алдына қолынан келмейтуғын шәрт қойдым, деп ойлаған еди. Шәрти орынланғаннан кейин, ўәдесинен тана алмай:

— Сиз ырастан да маған ашықпысыз? — деп сорайды мәккарлық пенен.

— Ашықпан! — дейди жигит.

— Анық ашық екениңди билейин, усы салған сарайыңыздан бойыңызды таслаң!

Жигит ойланып турмастан сарайдың төбесине шығып, төменге бойын атады. Мине, мына жер оның қулап түскен жери, деп гид жигит шынжыр менен төрт мүйешлеп қоршалған, ултанындағы жылтыр таслары көшип болған орынды көрсетти.

— Ҳәмме аяқ астына үңилди.

Гид әңгимесин даўам етти.

— Қыз сонда барып өзиниң қәтелескенин биледи, ҳәм «усындай делбелерше ашық болған жигиттиң қәдирин билмедим, мен енди жер басып жүриўге ылайық емеспен», деп ол да сарайдың төбесинен жигиттиң үстине бойын таслайды.

Мине, мынаў екеўиниң денеси. Ол шетте турған ақ таўар менен жабылған еки бейитти нусқады. Антропологлар тәрепинен

тексерилгенде биреўинде 25 — 27 жасар ер адамның, екиншисинде 16 — 19 жасар нашар адамның денеси болғанлығы анықланған.

— Кеширерсиз, — деди Оксана гидтиң гәпин бөлип. — Сиз сарай питти, дедиңиз, питкен болса, олар қәйерден ишке бойын таслайды?

— Ҳәр қыйлы аңызлар бар. Биреўлеринде сарай еле толық питпеген, төбеси ашық болған деседи, биреўлеринде мына қапталындағы айнадан секирген деседи. Бирақ, айнадан түскенде бул жерге келип түсиўи мүмкин емес.

— Дийўалдағы мына рәңбәрәң нағыслы таслар сол дәўирде басылған ба? — Саяхатшылар арасынан кимдүр саўал берди. Бул саўалды Оксана да бермекши болып турған болса керек, оны мақуллап бас ийзеп, гидтиң аўзын бақты.

— Сол дәўирде басылған, — деди жигит қысқа қылып.

— Онда қалайынша бояўлары усы ўақытқа дейин өзгермеген. Яки, күн түспегенликтен бе?

— Яқ, оннан емес. Егер Хийўа, Самарқанд, Бухараларды көрген болсаңыз, сол сарайларда да бундай нағыслы таслар нешше әсирден берли ашық ҳаўада тур. Ҳеш реңи өзгермейди. Себеби, булар боялған емес. Ертеде усталар ең қатты тасларды сайлап алып, ол таслардың қурамында темир, титан сыяқлы қатты металлар да болған, оларды еки мың, — еки ярым мың градуста қыздырған. Әне, сонда таслар суўдай ерип, ҳәр қыйлы реңлерди пайда еткен. Усталар оны белгиленген қәлиплерге қуйып, усындай сарайларға ислеткен.

Саяхатшылар бул сыйқырды да билип алды. Себеп пенен мен де.

— Енди сизлерге сол руўхaний Шамуннабийдиң қәбирин көрсетемиз, — деп ол ҳәммени сыртқа баслады.

Бизлер топарымыз бенен жер үстинен сәл ғана бийик етип салынған қатара жети гүмбездиң қасына келдик.

— Шамуннабийдиң Мазлумхан сулыўдан басқа жети қызы болған. Олар атасы өлгеннен кейин ҳәр бири өз атына гүмбез салдырған. Солай етип, жети гүмбез пайда болған. Иште узынлығы 25 метрлик қәбир бар — Шамуннабийдиң қәбири.

— 25 метр?!

Ҳәмме таңланып, ишин тартып қалды.

— Шамуннабий ырастан да 25 метрлик узын адам болған ба, ояғы белгисиз. Оның қәбирин ашып көргенде үш-төрт дана ғана қойдың сүйеги табылған.

— Өзиниң сүйеги қайда? — деди Оксана.

— Аңызларға қарағанда Шамуннабий кəраматлы адам болған. Ертең жерлеймиз деп қойғанда бир ақшамда оның денеси Аршы-Аьлаға ушып кеткен деседи. «Қой бейиштен шыққан» деп оның орнына қойдың сүйегин салып көмген.

— Ертек! Ертек!

— Ужасный ертек! — деп ғаўырласты саяхатшылар.

— Шамуннабий ҳаққында жəне бир əңгиме бар, — деп əңгимесин даўам етти гид. — Усыннан бес-алты шақырым қубларақта Гəуирдиң қаласы деген естелик бар. «Гəуир» деген бул ғайры дин, кəпир дегенди билдиреди.

Шамуннабийдиң ҳаялы усы Гəуирдиң патшасы менен астыртын байланыста болады. Бир күни Гəуирдиң патшасына барса жаңа үйинде қалған ҳаялының сол жерде отырғанын көреди. Өз көзине исенбей, айланып үйине келсе, ҳаялы үйинде. Ҳаялын қатты қысқыға алғаннан кейин еки үйдиң ортасында жер асты жолы бар екени мəлим болады. Намысқа шыдамаған Шамуннабий Гəуирдиң патшасын жекпе-жекке шақырады. Екеўи бираз ўақытқа шекем бир-бирин жеңе алмайды. Сонда Шамуннабийдиң ҳаялы күйеўиниң аяғының астына тары шашады. Шамуннабий тарыға тайып, оң аяғын дизеден бүгиўге мəжбүр болады. Буны көрип турған оның байлаўдағы ийти жибин үзип барып Гəуирдиң патшасының шалғайынан тислеп тартады ҳəм ийесиниң қəддин тиклеп алыўға жəрдем береди. Қарақалпақта «ийт опа, қатын жапа» деген нақыл бар. Бул нақыл сол дəуирден естелик болып қалған.

Ақыр аяғында Шамуннабий Гəуирдиң патшасын, ҳəм изинен өз ҳаялын өлтиреди.

Мине, усындай бул комплекстиң тарийхы. Комплекс тутасы менен «Миздакхан» деп аталады.

Бул жигитти жеткерген қудайға мың қəтле шүкир. Болмаса Оксанаға не айтар едим? Енди болса тағы бирде жəне бир қонақты баслап келип, Мазлумхан сулыў ҳəм Шамуннабий тарийхын айтып бере аламан, егер умытып қалмасам. Ҳəзирше көкирегим сайрап тур.

— Бул естеликлерди ҳиндлер көрерме еди, — деди Оксана мениң шығанағымнан беккем услап төменге түсип келер екен. — Қашшан еки сериялы кино ислеп таслаған болар еди.

— Мен кино ислей алмайман, — дедим оған ҳəзил етип. Бары-жоғы шофёрман.

— Билемен... Бәрибир де мен Мазлумхан сулыўды да, ана бир жигитти де ким еди аты?

— Абутәлип.

— Абуталипти де ақыллы адам деп ойламайман. Ақыллы адамлар ашықлығын өлим менен дәлиллемейди. Егер дүньяға қайта-қайта келетуғын болсаң екен, бир мәрте өлип-ақ кетейин дер единң. Яқ, ондай емес. Өмир бир мәрте бериледи, өлдиң — жоқ болдың.

Биз машинаға отырдық.

— Сиз ашықлығыңызды қәйтип дәлиллеген болар едиңиз?— дедим мен бурылып жолға түсип атырып.

— Қәйдем, — деди ол немқурайды.

— Улыўма, ашықлық басыңызға түсип көрди ме?

— Қызық-қызық саўаллар бересең?! — деди ол маған шекелеп қарап. — Мен не, дүньяға жаңа келдим бе? Он жыл мектепте оқысам, алты жыл институтта, кейин аспирантура.

Мен рульге асылып, туўры алдыма қарап келе бердим. Енди өзи айтпаса, кимге ашық болды, қалай ашық болды, ояғын шықшығына тақап сораў қолайсыз болар еди.

— Ҳим, неге үндемей қалдың? — деди ол мени қапа етип алдым ба деген ой менен жасалма күлимсиреп.

— Үндейтуғын гәпим таўсылып қалды, — дедим күлип.

— Айтайын ба, кимге ашық болғанымды?

— Хош? — Ырасында да, оның кимге ашық болғанын билгим келип, жүзине тигилдим.

— Бир азиат жигитке!

Қыялыма дәрҳал бир ой келди: мени тымсаллап отырған жоқ па? Егер олай болса — бул жалған. Бул — мени мысқыл етиўден басқа ҳеш нәрсе емес. Көз астымнан оған пинҳамы нәзер тасладым. Яқ, ол қыялында кимдидүр көз алдына келтирип, шийрин ойларға шүмип отырғандай көринди.

— Мениң Нина деген достым бар еди, — деп азырақ тыныспадан кейин сөзин даўам етти. — Меннен еки жас үлкен. Лекин, мени ҳәмме досларынан жақын тутады, кеўлинде ҳеш қандай сыр гизнемей, маған ақтарады. Кеўил жақынлық жасқа қарамайды ғой, солай емес пе?

Мен мақуллап бас ийзедим.

— Ол қала шетиндеги әскерий горнизонда мүддетли хызметин өтеп атырған бир молдаван жигит пенен жүретуғын еди. Сержант

еди жигити, взвод командири. Бир күни ол мени сол әскерий горнизонға ертип барды. Жигити менен таныстырды. Никола еди аты жигитиниң. Мен онда он алты жаста едим. Тоғызыншы класста оқыйман.

Никола казармадан сыртқа қасында Бахром деген тажик жигит пенен шықты. Соң ойласам Баҳром Нинадан «қурдасларың болса таныстыр» деген болса керек. Қулласы, мен Баҳромды жақсы көрип қалдым. Қыз сүйгендей жигит еди ол. Узын бойлы, қыр мурынлы, бүркит көзли. Ол маған суқланып қараған ўақта, дәрҳал нәзеримди төмен алар едим. Сусты басым еди оның! «Қойың да, өйтип қарамаң да!» деп өтинер едим сол ўақлары. Егер биринши муҳаббат деген усылай, сезимлериң өзиңе күш бермей, күннен-күнге ынтық болыў менен басланатуғын болса, менде сол биринши муҳаббат басланғаны еди. Сиз «Взлетная полоса» деген тажиклердиң фильмин көргенбисиз?

— Көрдим.

— Баҳром сондағы вертолёт айдап, ҳаўада кеўилли қосық айтып жүретуғын жигитти сойып қаплап қойғандай еди. Мен ҳәр күни уйқыға жатар алдымнан қыялымда өзимди үйине өкпелеп шығып, дәрьяға бойын ататуғын қызға мегзетемен. Қайнаўытлап аққан қатты ағыслы дәрьяда мен гә қалқып, гә шүмип баратырман. Усы гез аспанда вертолёт пайда болады. Штурвалда Баҳром! Қаннан-қәперсиз қосық айтып киятыр. Бир мәҳәл суўға кетип баратырған маған көзи түседи де, дәрҳәл жағаға қонып, өзин суўға атады. Мен сулқ болып жатаман. Көзимди ашпайман. Жортаға ашпайман. Ҳеш қандай суў жутпағанман.

Бир күни оннан — сиз вертолёт айдап көрдиңиз бе? — деп сорадым. Қыялымда «аўа» дегенин қәлеп турдым. Егер «аўа» десе ол, сол жигиттиң өзи! Кинодағы лётчик! Мен бирден оның бойына секирип, мойнынан қушақлап аламан. Аяғымды дизден жоқары бүгип аламан. Жерге тийгизбеймен. Ол мени әтирапында шыр гүбелек айландырады. Айландыра береди, айландыра береди!

Тилекке қарсы, ол лётчик болмай шықты. Вертолётке минип те көрмеген екен. Көз алдымда күлимсиреп турған бул сүўрет, суў бетинде пайда болып, соң шамбыр етип түскен бир кишкене кесектен толқын-толқын болып жоқ болып кеткендей, көзимнен ғайып болды. Мен оны бир мәўритке жек көрип кеттим. Лекин, тез пикиримнен қайттым.

Биз онының менен алты айға дейин дәслебинде ҳәптеде бир рет, соң-соң күн ара геўгимлетип ушырасып турдық. Ол әскерий қурылыста минаралы кран айдайтуғын еди. «Егер қорықпасаң, он төрт қабат жайдың бийиклигине дейин көтерип шығараман» дейтуғын еди маған.

Оксана сол бир тажик жигитти сондай ықлас пенен тәриплер, өзиниң қәйерде киятырғанын умытып, мени де, мениң жүзимде пайда бола баслаған қызғаныш сезимлерин де нәзерине илмес еди. Жаныңа ийниңе ийин тийип отырған, бир нешше күннен бери сырлас болып қалған қыздың саған әлле қандай бир жигитти берилип мақтаўы, кеўлиңе аяздай батар екен. Онының сол мақтаў сөзлериниң тезирек тамам болыўын, тамам болғанда да сол тажик жигиттиң жағымсыз, пәс қылықларын кейин-кейин сезип қалып, оны енди жеркениш сезимлери менен бәләәтлеп өтиўин қәлеп турдым. Оған өзим бағдар бергим келди.

— Сөйтип не болды сол жигитиң, өли ме, тири ме?! — дедим кесетиңкиреп.

Ол бираз үнсиз қалды.

— Ол... өлди, — деди соң суўық демин алып. — Минаралы кранда мөлшерден зыят жүк көтерип, кран қулап кеткен. Жақсы жигит еди! Егер ол аўылына алып кетемен десе мен мектебимди таслап кетиўге таяр едим. Анам бирақ қарсы еди. «Азиатлар ҳаялларға феодаллық қатнас жасайды» деп мени ҳәр күни үгитлер еди. Лекин, ол үгитлердиң биреўи де қулағыма кирип шықпаған.

— Кейин не болды?

— Кейин де кеўлиме қол салып көрмекши болғанлар болды. Лекин мен оларды муҳаббат деп есапламайман. Өткинши булт еди олар!

Биз подъездиң алдына келип иркилдик.

— Жүр, кофе ишемиз, — деди ол қапыны ашып.

— Рахмет! Ертерек барайын. Соңғы ўақытлары Бийбисара сизден қызғанатуғын әдетти шығарды.

— Сен оған айтып қой, көп қызғана берсе, биротала тартып алып қояман.

Ол нәўше жас қызлардай еркеленип, подъездге жуўырып кирип кетти. Мен онының изинен бираз ўақыт ар-сар болып қарап турдым да, ходлаў ушын машинаның гилтин зорға излеп таптым.

***

— Ене, сүйинши, орыс келиниң киятыр!

Көкирегин қызғаныш кернеген Бийбисараның тамның саясында отырған апама айтқан «үлкен жаңалығы» сол болды. Бул илме қармақ гәп жүрегиме тыйықтай қадалса да, иш-ишимнен оны аядым. Мениң қанша ҳақ-наҳақлығым оның ушын гүмилжи болса, таңның атыўы-күнниң батыўы, өз ерки өзинде, қой дейтуғын хожа жоқ бир қылтыңлаған нашар менен бирге жүрсем... Еркек болса екен, күш жумсап қумардан шығады. Ҳаял бийшараның қолынан не келеди? Усындай шағып сөйлеўден басқа шарасы жоқ. Соның менен дебдиўин шығарғандай болады. Лекин, ол дебдиў шықпайды. Ишинде қайнап атады!

Биз жақын районнан ертерек қайтып, туўры үйге киятыр едик. Баяғы «Алпамыс подождёт» деген гәпи жол бойы Оксананың ядына түсип, үйбетке айдаўымды өтинди. Мен оған жоқ жерден дәлил таўып, еркек басым менен қашқалақлай алмадым.

— Ҳаў, келеғойсын, — деди апам Бийбисараның илме қармақ гәпин ҳәзилге алып. — Бир үйге еки келин көп болама! Балам әкесине тартқан шығар, әкесиниң изине де нашарлар ошағандай жабысып жүретуғын еди.

Бул гәплер Бийбисараға жақпаса да, апамның оған бийтаныс адамның алдында сыр бермеўи ушын сыпайылап айтқан тәселлеси ҳәм тәмбиси еди.

Алпамыс уйқыдан турған, теректиң саясындағы әткөншекте жән-жаққа жаўтаңлап қарап жатырған екен.

Оксана апамлар менен аўызша сәлемлести де:

— Көрсем бола ма? — деди Бийбисараға.

— Көриң, көриң.

Ол баланы әткөншектен алып, ҳәўлетип қол ушына көтерди. Алпамыс жатырқады ма, қорықты ма, шырқырап жылап жиберди.

— Чего, чего! Милый мой! Ой, какой хороший парень! — деп орысшалап жубатқан болып атыр. Еки айлық бала орысша түўе өз анасының алдарқатқанына түсинеди я түсинбейди. Лекин, Оксана оның жылағанына итибар бермей, қайта-қайта қол ушына көтерер еди. Бийбисара болса баласы ҳәр ўақ жоқары көтерилген сайын ийеги менен барып-келип тур. Соның ушын ана дә, ол! Тап усы мәўритлерде мен ҳаққындағы қызғанышы да ядынан көтерилген шығар.

Бир ўақлары Оксана баланы төбесине көтерип турып, жүзине тигилип турып қалды. Негедүр Алпамыс ҳәзир жылағанын қойып, бул бийтаныс нашарға кишкене көзлери менен жаўтаңлап қарады.

— Неге қабағы қатып тур? — деди Оксана Бийбисараға қарап.

Ол «қәйдем» деп ийнин қысты.

— Мә, жерге жатқар.

Бийбисара баланы Оксананың қолынан алып, әткөншектиң қасына көрпешеге жатқарды. Апам ҳеш нәрсени түсинбей желкемизден қарап тур.

Оксана нәрестениң көйлегин көтерип, жағымталлы етип қарнын сыйпалады.

— Азаннан бери неше мәрте иши жүрди?

— Түннен бери шықпады.

— Не?! — деп Оксана шоршып кетти. — Түннен бери шықпады-ы?! Сен усыған шыдап отырсаң ба?

— Не деп атыр? — деди апам Оксананың түри өзгерип кеткеннен шоршынып.

— Иши жүрмей атырған қусайды.

— Айттым-аў, келинге! Усы ўақлары шымшықтай жырқылдатып шыға беретуғын ўақытлары ғо. Бул болса жөргегиниң таза турғанына қуўанады.

— Баллончик бар ма? — деди Оксана.

— Ҳәзир алып келемен, — дедим мен Бийбисараны қысыныспадан шығарыўға тырысып. Ол Оксана ҳәр нәрсени сораған сайын бир қысым болып барар еди.

Мен дәриханадан баллончик әкелемен дегенше Алпамысты жаңа жөргекке клёнка төсеп жатқызып, клизмаға таярлап қойған екен.

Бала клизманы аўырсынып, қатты жылады. Лекин, иши босасқаннан кейин өзинен-өзи жымыйып күлди.

— Қара, күлип атыр! –деди Оксана қуўанып.

— Айнанайын, периште күлдирип атырған ғо! Апам маған қарап, Оксана ҳаққында сорады.

— Неше баласы бар мына келиншектиң?

— Турмысқа шықпаған.

— Ҳаў, солай ма?! Еситип қойған жоқ па жаңағы мениң гәпимди. Бирақ, бала услаўға жүдә епшил екен, тап мусылманның қатынларындай.

Апамның нәзеринде тек мусылман ҳаяллар ғана баланы әлпешлеп биледи, ғайры диндеги ҳаялларды туўа сала таслап кететуғын

өзгеше бир инсанларға мегзетер еди. Оксананың балаға ҳазар бермей көтерип алыўлары, жөргеклеўи, оны басқа тилде болса да кишкишлеп жубатыўлары апама жүдә унап қалды.

Оның Оксанаға ықласы аўғанына Биибисараның әбден қабағы муштай болды. Лекин, Оксананың кеўлине ҳеш нәрсе алмастан баланы дыққат пенен көриўлери, оған өз баласындай шыжа-пыжа болыўлары Биибисараның қызғанышынан үстем келди. Кеўлинде «ол доктор, балалар доктары, мениң күйеўим менен улыўма иси жоқ» деген сезимлер өтсе әжеп емес. Тағы ким биледи дейсиз... Қызғаныш деген күл астындағы шоқтай, шамал болса қайтадан алысып кете береди.

Ертеңине биз таң азаннан Мойнаққа кеттик. Жол узақ еди. Қоңыраттың сыртынан айланып, Мойнақтың жолына түскеннен кейин Оксана шыдамады.

— Және қанша жүремиз? — деди алдымда созылып атырған узыннан-узақ гүзар жолға көз тигип.

— Және усы қурақым ҳәм оған қосымша жигирма километр.

— Усының бәри бир республикаға қарай ма?

— Бул еле жары жолы, — дедим мен күлип. — Егер «Каракалпакия» посёлкасына бараман десеңиз, бес жүз шақырым.

— Я-а-ақ! Бармайман ояққа, усы жақтан қайтаман.

— Ой, мына гүллерди қараш! Қандай сулыў я!

Март-апрель айларында үзликсиз жамғыр болып, асфальттың еки бойына сығасқан майшешек гүллери шығып кеткен еди. Ырасын айтсам «Мойнақтың жерлери сондай боз, сондай ҳасыл» деп көп еситетуғын едим дә, бирақ, асфальт жағаларындағы таслақлы топырақты жарып шығып ақ, сары гүллер өсетуғынын көрмеген едим.

— Бул гүллерди узыннан-узақ егип шыққан ба? — деди Оксана еле таңланыўшылығын баса алмай.

— Яқ, өзи көгерген. Туқымын тәбияттың өзи сепкен!

— Онда неге газеталарда «апатшылық зонасы» деп қапылтып жазып атыр. Бизде бундай гүллерди қолма-қол егип шығады. Нешше мың сом қаражет жумсайды. Жүзлеген адам бәнт болады.

Бир мәҳәл қарсы алдымыздан ири қораз қырғаўыл сескенбестен алшаңлап кесип өте баслады. Мен оны қағып алмаў ушын машинаның тезлигин пәсейттим.

— Петух! Петух! — деди Оксана қолын шошайтып.

— Яқ, ол петух емес, қырғаўылдың «петух»ы, — дедим мен күлип. — Фазан!

— Ҳақыйқаттан да фазан ба?

— Фазан!

— Мен оны тек оқыўлық китапларда ғана көрген едим. Бул жерде олар өзлери өсип көбейе ме?

— Аўа. Анаў қатар торańғылларды көрдиң бе, әне, сол торańғыллардың шақасына қонақлап, азанда, кеште шақырып турады. Мәкийенлери майда, шоқ-шоқ болып өсип киятырған шырпы торańғыллардың түбине мәйек қояды ҳәм ғурқ басады!

— Әжайып, Әжайып тәбият!

Районға сонша ерте шықсақ та, саат он бирсиз жетип келе алмадық. Оксана емлеўханада бир сааттан көбирек ғана иркилди. Шамасы, ол бул жерде өз темасынан көре, басқа нәрселерге қызығып келгендей еди.

Түсликти бизге Илья деген келиншек шөлкемлестирген екен. Емлеўханада бас шыпакердиң өзи ме, орынбасары ма, яки бөлим баслығы ма, қулласы, бир абырайлы қәниге екенлиги билинип турар еди, шөлкемлестириўшилик уқыбынан.

— Мен бул жерге изертлеў обьектимнен басқа Арал теңизин көриўге, корабльге миниўге ҳәўес болып келгенмен, — деди Оксана балық қарманы тиконинен абайлап, зорға жеп отырып.

Илья күлди.

— Корабльге миниўге он-он бес жыл кешигип қалдыңыз?

— Неге?

— Неге дегенде, теңиз жүз шақырым арыға қашып кетти. Параходлар келген-келген жеринде қалып, металлары ширип, адам скелетине усап, қабырғалары көринип атыр.

— Билесиз бе, Илья апа, мен не ушын қарақалпақты таңладым. Маған теңизде шомылыў, корабльге миниў таң емес, бизиң Одесса порт қала, Қара теңиздиң бойында. Мен мектеп сабақлықларында украин шайыры Тарас Шевченконың Арал бойына сүргин қылынғаны, лекин, ол сүргинде теңиз бойында жасап, сол әтирaптағы халықлар менен дosласқаны, қарақалпақлар оны тутқын емес, бир қәдирдан дос сыпатында таныған ы ҳаққында көп еситкенмен. Дузнесип тартып келген екенмен, енди сол бабамыздың аяғы тийген жерлерди көрмекшимен. Қала берди, қарақалпақтың докторлары бизиң Киевте маманлық арттырыў бойынша тез-тез барып турады. Республикаңыздағы бирден-бир институт Шевченконың атына қойылған екен, усы нәрселердиң бәри туўысқанлық тамырындай мени бул үлкеге баслап келген еди.

— Жүдә жақсы. Тартылып атырған теңизди көриуге келиўди туристлер де үрдис етип баслады. Сизге де сол теңиз ултанын, қайырлап қалған корабльлерди көрсетиўимиз мүмкин.

Түстен кейин районға тийип турған теңиз жағасына бардық. Жағыс демекши ол кем-кем бийиклеп бара беретуғын төбешикке уқсар еди.

— Мына, биз жүрип киятырған жолдың өзи бурын теңиздиң асты еди, — деди Илья машинада жол көрсетип киятырып. — Улыўма, Мойнақта хәр бир үйдиң босағасының аўзына дейин суў теўип туратуғын еди. Районның жайласқан орны — «Мойнақ атаўы» деп аталады. Оған тек Қоңырат беттен, ҳәзир өзлериң кирип келген жол менен ғана келиўи мүмкин. Басқа ҳәмме тәрепи суў болған. Район халқы тек балықшылық пенен, оны аўлаў, кептириў, дузлаў ҳәм консервалаў менен шуғылланған.

Төбешикке өрмелеп машинаны ириктим. Төменде кип-кишкене болып, бояўлары тат баса баслаған төрт-бес корабль қатара турар еди. Әтирап еспе қумлар менен қапланған. Туў алысырақта көгис тартып суў көринеди.

— Анаў көринген теңиз бе? — деди Оксана Ильяға.

— Яқ, ол сағым. Анығырағы, теңизден бөлинип қалған кишкене көл. Оған хәр жылы аз ғана муғдарда суў түседи де, гүзге қарай ол да тартылып кетеди.

— Барып көрейик.

— Бара алмаймыз. Оған көлик пенен де, жаяў барыў да мүмкин емес! Әтирапы уйма.

— Артем, жүр, корабльлерди көремиз.

Ол мени қолымнан услап, төменге қарай жетеледи.

— Илья апа, сиз бармайсыз ба! –дедим изиме бурылып..

— Бараберiң. Мен бара-бара ығыр болғанман. Бир-биринен он-он бес адым қашықлықта бири үлкен, бири киши, бири орташа –төрт корабль тур еди. Биз оны айланып көре басладық. Оның биразының қапталындағы темир листлери кесип яки жулып алынған да, арасындағы өрелери адамның қабырға сүйегиндей сийрексип турған еди. Олардың арасынан адам емин-еркин кирип шығады. Корабльдиң ишине болса усы қабырғалардың арасынан еспе қумлар кирип, үстине майда-майда шөплер шығып кеткен.

Биз ортадағы үлкен корабльдиң ишине кирдик. Айналары сынып қалған каютаның есиги ашық еди.

— Кирип көрейик пе? — деди Оксана.

— Яқ, жақсысы палубаға көтерилип, әтирапты тамашалайық.

Бир-еки текшеге дейин көмилип қалған палубаның текшелеринен жоқары көтерилдик. Палуба үстинде суў турмай ағып кететуғын етип, ернекке қыялап исленген екен. Оксана бир қолы менен маған асылып алды. Ол аяғындағы бийик өкшели туфлийиниң тайып кетиўинен қорықты. Палубаның шетиндеги қорғаншалар да ҳәр жерде үзик-үзик еди. Араларынан абайламай түсип кетиў ҳеш гәп емес. Соның ушын мен де Оксананы беккем услап алдым.

Әтирапта самал менен тамырынан суўрылып кетиўге сәл қалып турған қаңбақлар, узағырақта шала қуўраған қамыс қопалар көринеди. Бағанағы қол болса еле сол турысында — көк жийектеги сағымдай булдырап тур.

Бир мәҳәл Оксана қум үстинде жүрген үш-төрт түйени көрип қалды.

— О, верблюд! Верблюд! –деди меннен қолын тартып алып.

— Абайла, жығылып кетесең!

— Мен оны сүўретке алыўым керек.

— Ала бер, усы жерден.

Ол мениң «бирге барамыз» дегениме де итибар берместен, тез-тез текшеден түсти де, отлап жүрген түйелерге қарап жуўырып кетти.

Оның жүриси өнбес, адым жерде еспе қумлар менен тамыры суўрылайын деп турған қаңбақларға сүрнигип, еңтерилип барып турып кетер еди.

— Оксана, қайт! Барма ояққа, барма! — деп Илья апа жағада турып бақырды.

Лекин, оның узақтан тал-тал болып келген даўысын, Оксанадан әдеўир изде киятырған мен зорға еситтим, ол улыўма абайлаған жоқ. Оның бар дыққаты түйелерде еди.

Оксана топарлы түйелерден бөлек, былайырағында жалғыз жүрген бир түйеге қарай туўрылады. Шамасы елиў-алпыс қәдемдей қалған ўақытта фотоаппаратын көзине тутып, түсириўге қайымлады. Түйе оның өзине жақын келип қалғанынан хабарсыз екен. Бир мәҳәл көзи түсти де, аўзынан ақ көбик шашып, Оксанаға қарай жуўырды.

— Оксана, қаш!

— Қаш, Оксана! Арзыўбай қаш! Жараған түйе!

Кейинги даўыс жағада шыжа-пыжа болып турған Ильяның бақырысы еди. Әдебинде түсинбей турған Оксана түйениң өзине

қарай есирип жуўырып киятырғанын көрди де, қышқырып бақырыўы менен кейин қарай атлықты.

Жаны қурғыр, мен Оксананың алдына түсип қаша бериппен.

«Түйениң шабысы аттан озады» дегенди еситиўим бар еди дә, бирақ, оның адамларды қуўғанын көрмегенмен. Балалығымда «түйелер бәҳәр айында жарайды, оның баўырындағы тас қышыйды, соны бир нәрсеге сүйкеп, қумардан шықпағанша жарағанынан арылмайды» деп еситкеним бар еди. Лекин, ол ертекке усар еди. Қала ишинде төрт-бес түйе баққан адамлардың шет-шебирдеги көше менен сыртқа айдап әкетип баратырғанын көргеним болмаса, оған жақын барып көрген емеспен. Ҳәзир болса турпаты мен көрип жүрген түйелерден әдеўир ириленип кеткен нар түйениң алдына түсип қашып киятырман. Изимде бийшара Оксана! Иркилип, оны қолынан услап алыўға пурса жоқ. Қорқаман!

Ҳәзир түйе қыздың изине жетип алады да, оны көкирегиндеги тасы менен езип таслайды. Оны қутқарып қалыў мениң қолымнан келмейди. Бир яратқаннан басқа сырттан келетуғын жәрдем жоқ.

Оксана қышқырғанын қойғандай болды. Дәрҳал изиме бурылдым. Қарасам, түйениң бир аяғы оқпанға кирип кетип, тартып ала алмай буўырқанып атыр екен. Пурсаттан пайдаланып, изге қайттым да Оксананың қолынан услап алып корабльлерге қарай жуўырдым. Аз да болса жеңил тартайын дедим. Қыздың алдына түсип, өз басымды саўғалап киятырғаныма ҳүждан азабы қыйнап келер еди мени. Биз дус келген корабльдиң қабырғасынан ишке атлықтық. Бул бағанағы корабльден киширек екен, қабырғасынан қыялап өттик.

Изимизше түйе де жетип келди. Ол қабырғаның арасынан басын тығып, бизлерге қарай көбик шашты. Оксана мениң баўырыма тығылып алды.

— Қорықпа, Оксана! Түйе сыймайды.

— Жоқары шығайық! — деди ол даўысы дирилдеп.

Лекин, қарасақ, бул корабльдеги текшелер қопарылып алынған екен. Каютаның қапысы сынып, аўзында кеселеп жатыр. Енди я каютаға кирип, я жоқарыға шығып болмайды. Түйе ҳәр буўсанған сайын Оксана сумкасын былғайды.

— Урма сумка менен, фотоаппаратың сынып қалады!

Қарасам, фотоаппарат сумкада емес, ийнине асынып алған екен.

Түйе биразға дейин бизди айланшықлап кетпеди. Оксана оннан сайын мениң баўырыма тығылды. Ол өзиниң қыз екенин, ал мен

жигит екенимди умыттым. Бундай гезде сезимлер де қорқыныш бийлеген кеўиллерден орын таба алмас екен.

Бул умтылыўдан нәтийже шықпасын билди ме, әлленемирде түйе кетти. Бираз жерге дейин изине қарап-қарап, бизден алыслады. Оксананың бир туфлийи қашып киятырғанда түсип қалған екен. Оны жаңа абайладық.

— Алып қайтайық, — дедим мен.

— Яқ.

Оксананы арқаламақшы болдым.

— Керек емес! — деп ол екинши туфлийин қолына алып, жағаға қарай бетледи.

Биз машинаға отырып, аз ғана солығымызды бастық. Жараған түйе жайылып жүрген басқа түйелерге де қосылмастан, сағым болып көринген көл таманға қарай жүрип, соң-соң көринбей кетти.

— Ҳаў, Илья апа қайда? — деди бир ўақта Оксана селк етип.

— Қайдем.

Өзимиз бенен өзимиз болып Илья апаның жағадан қашан кеткенин де абайламаппыз. Ол бизлерди қутқарыў ушын жәрдем күшин излеп кетти ме, яки өз басын саўғалап қаяққадүр жасырынды ма, бизге жумбақ еди. Бизиң машинадан түскимиз келмес, бул тилсиз тәбият бизге «үстинен күлдирип қоймаў ушын» және бир қорқынышлы кәраматларын таярлап турғандай еди.

— Тезирек бул жерден кетейик! — деди Оксана.

— Ҳәзир, Оксана.! Ҳәзир.

Машинаға гилт салдым Тым-тырыс. Ход алмайды.

— Шевченко бул жерден тири қайтқан ба? — деди Оксана. Оның көзлеринде еле ҳүрей бар еди.

— Тири қайтқан.

— Мен тири қайта алмайтуғын шығарман!

— Қорықпа, ҳәзир еки сааттан кейин Нөкисте боламыз. Соң Дәўлетбийке апаны шақырамыз. Мен дүкәннан «Самтрест» әкелемен...

— Мени алдарқатпа! Машинаңды ходла.

— Түсип көрейин.

— Түспе! Түйе келип қалады.

— Түйе кетти ғо!

— Онда крокадил келеди.

— Бизиң жақта крокадил жоқ.

Ол жибергиси келмей, қолымнан асылыўы менен қалды. Мен оннан зорға ажыралып, төменге түстим. Капотты аштым. Ҳәмме

детальлар орнында, саз. Ременлер үзилмеген. Соң ток жолын көрдим. Ток жоқ. Қарасам, аккумлятордың бир клевмасы босап кеткен екен. «Арбаның дөңгелегиниң сынық жери, жолдың жаман жерине дус келеди.» деген. Келип, келип, мийманымыздың жүреги дирилдеп отырғанда өшерсең бе?!

— Қаяққа барамыз? — дедим мен Оксанаға.

— Изге қайтамыз.

— Бирден емес, Оксана! Әдеп дүкәнға кирип аяғыңа туфлий аламыз, соң емлеўханаға барамыз.

— Ҳеш қандай! Тууры Нөкиске айда! Жайда екинши туфлийим бар.

Бир мәҳәл алдымыздан «Беларусь» тракторы шықты. Кабинада Илья апа.

— Үҳ-ҳ! Тирисиз бе?! — деди ол Оксананы бираз баўырына басып турып. — Иним емлеўханаға айда. Екеўиңизди де ЭКГге түсириўим керек.

Трактор изине қайтты. Оксананың қарсылығына қарамай, иштен тапочка алдырып, өзиниң қабинетине баслап барды. Ол бағана мен шамалағандай, бас шыпакердиң орынбасары екен.

Мениң ЭКГ-им жақсы шықты. Оксанаға ҳеш нәрсе айтпады. Оған ертедеги Арал теңизи, бир гезлери Россияға балық жиберип, аш-әптада балаларға берген жәрдемлери ҳаққында толып-тасып айтып берип отырды. Соң және Оксананың тамырын тыңлап көрди.

— 92, — деди.

— Бағана қанша еди.

— Бағанағыдан көп қайтқан.

Оның дәслепки пульсин жасырып турғанын Оксана да сезди, лекин, шық-шықлап сорамады. Ол кем-кем өзин басып алған еди.

— Рахмет, Илья апа, биз қайтамыз, — деди ол.

— Мәйли, жақсы барың. Барғаннан кейин қоңыраў етиўди умытпаң.

— Болады.

Жол бойы оның кеўлин сергитиў ушын аннан-мыннан гәп таўып отырдым. Ол бурынғыдай гәпиме гәп қоспады. Дыққатсыз тыңлады да қойды. Айтқан анекдотларыма да күлмеди. Ол түби жоқ терең ойда еди. Ҳақыйқатында ол еле сол қорқыныштан шыға алмай отыр ма, яки сапарының бундай кеўилсиз жуўмақланғанына қапа ма, ол тек өзине ғана аян еди.

Геўгим ара Нөкиске кирип келдик.

— Оксана, бирге шай ишейик пе? — дедим тоқтап атырып. Дәўлетбийке апаны шақырамыз.

— Яқ. Уйқым келип тур. — Ол усыны айтты да, әсте машинадан түсип кетти. Мен оның үйине кириўин, светлерин жағыўын күтип, бираз турдым. Негедүр ҳеш бөлмесинен жақты көринбеди. Изинен барыўға тартындым.

Түн ярымында телефон шырылдады.

— Арзыўбай, Оксанаға не болды? — деди Дәўлетбийке апа ҳаўлығып.

— Ҳе, не болыпты?

— Ҳәзир ғана қоңсылар қоңыраў етти. Кеселханаға алып кетипти.

Мен урман-пурман кийинип, емлеўханаға тарттым.

***

Биз Дәўлетбийке апа екеўмиз жетип барғанымызда нәўбетши шыпакер Оксананың ҳәзир ғана уйқылағанын айтты.

— Не болған? — деди Дәўлетбийке апа.

— Билмеймиз. Өзи ҳеш нәрсе айтпады. Көзлеринде қандай да бир қорқыныш. Пульси нормадан әдеўир зыятырақ еди. Оның өзи доктор екен ғо.

— Аўа. Аспирант.

— Маған тезирек тынышландырыўшы дәри салың деди.

— «Тез жәрдем»ге өзи қоңыраў еткен бе?

— Яқ, қоңсылары.

Буннан артық ол ҳаққында сорайтуғын сөзимиз қалмады.

— Не де болса таңның атыўын күтемиз.

— Солай еткениңиз мақул.

Жол бойы мен апаға теңиз ултанында болған ўақыяны айтып бердим.

— Демек, жүреги шоршынған, — деди ол қәўетери бираз басылғандай болып. Бир-еки күннен өтип кетеди. Азанда үйде күтип отыраман, алып кетерсең.

Түн бойы түрли қыялларға берилдим. Қалай да Жумабай аға көпти көрген адам, Оксана не қыламан десе бәрин орынлай берме, дегендей тапсырма бергенде ҳәр түрли жағдайдың жүз бериўин ойлаған екен. Ал, мен болсам... Оксана мен ушын үлкен баслық, мен

оның айтқанын булжытпай орынлайтуғын хызметкерге айланып қалған екенмен. Ол өзиниң нәзиклиги менен бе, жылўасы менен бе, бәлки кеўлинде ҳеш қыйлы қал жоқ ақ көкиреклиги менен мениң ҳүкимдарыма айланып қалған еди. Оның «барайық» деген жерине дәлил айтыў, қыйпақлаў қыялыма да келмеди. Мине, енди ақыбети... Ол белгили жоллама менен келген. Тапсырма менен келген. Оның аман-есен елине қайтып барыўына Республика жуўапкер. Жумабай аға басы менен жуўап береди. Ол министрге мени айтып қутылады. Сонда маған барқулла ғамхорлық етип киятырған адамға қай жүзим менен қарайман?!

— Қабақларың исип кетипти ғо, — деди Дәўлетбийке апа азанда машинаға отырып атырып.

— Түни менен уйқылай алмадым.

— Қорқтың ба? Пай, иним-аў, ҳеш нәрсе де болмайды.

— Кишкенелигимде апам маған қатты қорықсам муздай суў ишкизетуғын еди, жүрегиң ханасынан шығып кетеди деп. Оксанаға ҳеш ким муздай суў бермеди.

— Сен кишкене бала ўақтында ишкенсең муздай суўды. Ал, ол жигирмадан өткен қыз. Жүрегиниң қынабы беккемлескен. Тегинликте ол жүрек орнынан қыймылдамайды.

— Көп жатар ма екен? Жумабай аға еситип қалса...

— Билдирмей турамыз. Ол ағаң аспан бир жаўса, еки жаўатуғын қыйлы.

Оксана өзине арналған бир адамлық бөлмеде жатыр еди. Биз бенен ийегин қағып сәлемлести. Мен де, Дәўлетбийке апа да қол созбадық. Апаның «қалайсыз?» деген саўалына ийегин екшеп жуўап берди. Сөйлемеди. Бизлерге онша дыққат бөлмеди де. Еки көзи пәтикте, терең қыял қушағында еди.

Дәўлетбийке апа доктор менен сөйлесип шықты.

— Мен үш-төрт күнге командировкаға баратырман, — деди ол сыртқа шыққан соң. — Өзиң хабар алып турарсаң.

— Қорқынышлы емес пе екен?

— Яқ. Қорқынышлы емес. Бир жағынан зорыққан болыўы да керек. Бизиң қарақалпаққа бир-еки Бельгия жайғасады деп мақтайды ғо, сиясатшылар. Бул үйренбеген, дүз көрмеген қыз. Бир күн Шымбай, бир күн Төрткүл — шаршатқан шығар.

Кеўлим азы-кем тынышланғандай болды. Мойнақтағы Илья апа «барған соң қоңыраў етерсиз» деп еди. Мен оның телефонын

алмаппан. Алмағаным да жақсы болған. Еситсе уўайым болып, сонша жерден қанат байлап ушып келер еди.

Оксана емлеўханада бир ҳәптеден көбирек жатты. Сол реттен кейин Дәўлетбийке апа төбесин көрсетпеди. Мен азанлы-кеш мийўе-шийўе, қурғақ жегилик нәрселерден алып барып, хабар алып турдым. Ол мениң затларымды қолы менен қабыл етип алмас, тумбочкаға қойыўымды нусқар еди. Қыялы еле өз жайында емес, көз қарашығының түпкир-түпкиринде қандай да бир уўайым бар еди. Сол деңгене болғыр түйе оны ақылы-зайыл етип тасламаса не жақсы?

Соңғы күни ол күлип, мени кеўилли қарсы алды.

— Шаршатып қоймадым ба? — деди кроваттан қасынан жай усынып.

— Яқ, шаршатпадыңыз. Лекин, қорқытып тасладыңыз.

— Сизден имтихан алмақшы едим!

— Неге?

— Қыйланасыз ба, қыйланбайсыз ба? — деп.

— Өттим ба имтиханнан!

— Өттиңиз.

— Неше менен?

— Баҳа қойыўға ертерек.

Сизден де, Дәўлетбийке ападан да қәўетерге қойғаным ушын кеширим сорайман, — деди соң суқ бармағын бүгип ерниниң астына қойып. Мен сизлерге усы бүгинге дейин өзимниң ден саўлығым ҳаққында тис жарып ҳеш нәрсе айта алмадым. Мүмкин, Дәўлетбийке апа доктордан бир нәрселер билип алған шығар. Лекин, докторлардың өзи де күни кешеге дейин мениң аўҳалымды түсинбей келди. Мен оларға жумбақ бийтап болдым.

Сен мени түсирип кеткеннен кейин светти де жақпастан тас болып уйқылап қалғым келди. Өзим де узақ жолдан қатты шаршаған едим. Оның үстине түйениң салған ойқаны.... Дүньяда адамға ийттен басқа үй ҳайўанлары ҳүжим қылады деп ойламаған едим. Өмирдиң өзи ҳәр қыйлы сынағы менен адамнан имтихан алар екен. Балалығымда мени гүржи ийт тислеген. Соннан бери ийт затының бәрин жек көремен. Оған қоса пышықты да! Рөйим сүймейди. Бәри бир гөр! Бүгин олардың қатарына түйени де қосқым келип тур.

Диванға келип жатыўым сол, қапы ашылғандай болды. Изинше есикке кепленип түйе кирип келди. Бар даўысым менен қышқырып

жибердим. Түйениң подъездге кире алмайтуғынын, квартираның кишкеше есигинен сыймайтуғынын да ойлап отырмадым.

Тезирек светти жағыўға асықтым. Лекин, есикке дейин барыўға жүрек керек еди! Менде ол жүрек, ол батырлық жоқ еди сол мәўритте. Алдымнан түйе шығып езип таслайтуғындай. Диваннан еңбеклеп түстим. Тамды жағалап барсам түйеге дус келмеспен деп ойладым. Дийўалды жағалап барып светти жақтым. Ҳәмме нәрсе өз орнында. Ҳеш ким жоқ жайда. Қараңғыда көз алдымда пайда болған елес, ертеклердегидей, сол замат көзден ғайып болды. Қапы да ашылмаған. Сонда да қайтып барып жатыўға жүрегим даўамады. Стулчикке отырып, пульсимди санадым 104! Нормаль жүрек минутына 72 — 76 соғыўы керек. Ал, меники 104! Сенде болған ба сондай пульс?

— Яқ. Еслей алмайман.

— Бул турысымда қайтып барып жата алмасымды сездим. Бир ойым саған қоңыраў етиў еди. Трубканы көтерип үш номерди тердим. Соң басып таслaдым. Телефонды анаң яки келиншегиң алса ше? Оларға не деп дәлиллеймен!

Бул пикиримнен қайттым. Сыртқа шыққым келди. Сыртта жүргим келди. Көзим бүрилгенше не менендүр бәнт болыўым керек деп ойладым. Қәпелимде ойыма түйениң аўзынан шыққан ақ көбиги шашыраған көйлегим келе кетти. Дәслебинде қуўандым. Лекин, кейнинен қорқып кеттим. Түйе қутырған болса ше? Әлбетте, түйе мениң етиме жарақат салған жоқ. Лекин, ол қанша мениң көйлегиме көбик шашыратты. Мен оны еки жүз елиў шақырым жерден ийнимнен тасламастан кийип келдим. Көбик терим арқалы сорылып, қанға өтсе! Демек, мен де қутыраман. Медицинада қутырыў кеселиниң еми жоқ. Тек ғана оның алдын алыў мүмкин. Оның ушын түйени тексериў зәрүр. Түйе «дүньяның бир шетинде» қалды. Оны тексериў мәселеси пайда болса пүткил республикаға жайылады. Институтқа хабар береди, ата-анам еситеди. Изи үлкен шермендешилик! Мен жөниме өлип кетпеймен. Ҳәммени бүлгиншиликке саламан!

Мен Донецк областында әмелиятта жүргенимде қутырып кеткен баланы көргенмен. Ой, қыямет! Бир айға дейин шоршып шығып жүрдим. Мен енди қутырайын-қутырмайын, биринши гезекте ислейтуғын исим — көйлекти ҳәм туфлийимниң бир жубын өртеў еди. Кейнин ўақыт көрсете берер. Асханадан ярым кеса ақ май алып шықтым. Оны көйлекке қуйып, шырпы тийгиздим. Сыртта

тасланды салатуғын арнаўлы орын яки қуты жоқ екен. Май тийген көйлек бирден лаў етип, жақтысы бираз жерге барды. Жоқарыдан айнадан қарап турған үш-төрт ҳаял жууўырысып түсти.

— Кимсең? — деди ҳаяллардың бири келип.

— Квартирантпан.

— Көйлекти неге жағып атырсаң?

— Ишинде өзим болмағаныма қуўана бериң.

Олар бир-бирине қарап, өзлеринше бир нәрселерди айтты. Мени жин урды деп ойлаған болса керек. Соң еки-үш ҳаял мениң қолымдағы кесеўди зорлап тартып алды. Шала жанған көйлекти тепкилеп өширди. Туфлийим алысып та үлгермеди.

Ким хабар еткенин билмеймен, азырақтан кейин сирена сигналын жағып «тез жәрдем» машинасы келди. Ҳаяллар мени көрсетти.

— Не болды? — деди доктор чемоданын көтерип қасыма келип.

— Барған соң айтаман. Мени кеселханаға алып барың, — дедим.

Жараған түйе мәселесин ҳаялларға да, докторға да түсиндире алмасымды сездим. Дым үндеместен, машинаға отырдым. Ырасын айтсам, усы «тез жәрдем»ди шақырған адамға ишлей риза болдым. Бәрибир өзим шақырыўым мүмкин еди. Бүгинги таң-бүлген таң еди мен ушын.

Емлеўханада докторларға ҳеш нәрсе айтпадым.

— Мени уйқлатың! — дедим болғаны.

Олар мениң жүрек соғыўымды тыңлады, қан басымымды өлшеди ҳәм ырастан да уйқылаўым кереклигин түсинип, шаншыў иследи.

Ертеңине де мен оларға жөнимди айтқым келмеди. Сизлерге де айта алмағаным ушын кеширим сорайман. Мени бир ғана уўайым бийлеп алған еди. — Қутырыў! Докторлар мениң еле қан басымым ҳәм пульсим бир қәлипке түспегенликтен, шығарып жибере алмады.

Мен күни-түни сол қутырыў деген уўайымнан қутыла алмадым. Күн өткен сайын өзимнен өзгерис күтип жаттым. Қудаға шүкир, бир ҳәптеге дейин менде өзим ойлағандай өзгерис жүз бермеди. Пульсим қайтты. Қан басымым нормаға келди. Егер он күнди артқа салсам, толық исеним пайда болар еди. Лекин, оған шыдай алмадым. Бундай гүң характер мени зериктирип жиберди. Ақыры, күни кеше қутырыў кесели бойынша қәниге шақырттым. Мениң ядымда сениң «жараған» деп айтқан сөзиң мөрленип қалған екен. Оның орысшасын таба алмай көп қыйландым. Докторға ҳәрекетлерин айтып түсиндирдим.

— Ой, ақырзаман-әй! — деп ол күлип жиберди. Оның айтыўынша бул түйелерде бәҳәр айларында болатуғын өткинши қубылыс екен.

Қутырыў емес екен ол нәрсе! Соннан кейин барып өзимди басып бир жети күн жанымды жеген уўайымнан қутылғандай болдым. Бизлерге институтта профессор айтар еди «бир докторды емлеўден, медицина ҳаққында түсиниги жоқ жүз бийтапты емлеген аңсат» деп. Ҳақыйқатында да, биз гейде өзимиз бир аўырыў ҳаққында көп ойласақ, сол аўырыўды шақырып алыўымыз мүмкин. Сондай қорқынышлы кәсип бул, шыпакерлик деген. Сен де «жараған» дегенниң мәнисин түсиндирмедиң.

— Мен жараған түйе көриппен бе? Қалада өскенмен-ғо.

— Кешеден бери мениң қыялымнан қутырыў ҳаққындағы ойлар көтерилди де, орнын сен ҳаққындағы өзгеше бир қыяллар бийлеп алды.

— Қандай қыял?

— Мен саған қатты үйренисип қалған екенмен. Келген пайтыңда ашық сөйлеспесем де, еки көзим есикте болды. Сениң келмей қалыўыңнан қорықтым. Кимдүр маған жан ашытып жүргенин қәледим. Ақыры, бул қалада сеннен басқа кимим бар? Қудаға шүкир, сен мени жеккесиретпедиң! Дәўлетбийке апа доктор бола турып, меннен өзин аўлақ тутыўға урынды. Ал, сен өйтпедиң. Қыйын күнде қасымда болыўға ҳәрекет еттиң. Егер қатты аўырып қалсам, басымда гүзетте отыратуғыныңа исендим сениң:

Түйеден қорқып, сениң қушағыңа бойымды таслағанымда өзимди үлкен бир, оқ өтпес қорғанның ишинде турғандай сездим. Әлбетте, кеўлимде қатты қорқыныш та бар еди. Бирақ, сен сол қорқыныштан да үстемирек қорған болып турдың маған. Ҳәмме қорқыныш мени кеште, сен кеткеннен кейин излеп тапты. Қутырған түйе болып қорқытты ол мени! Егер сен сол ақшам жанымда қалғаныңда бундай аўҳалларға түспес едим. Жанымда қалғаныңды иш-ишимнен қәледим, бирақ, айта алмадым. Сен өзиң түсинбедиң!

— Қалай енди, қыз бала менен бир жайда...

Оксана шақалақлап күлди.

— Ол гәпти мен айтсам жарасар еди. Қулласы, сенде адамды өзине бәнт етип туратуғын бир сыйқырлы күш бардай. Сен не ушын маған ысық көринесең?

— Билмеймен.

— Әне, сол «билмеймен» деген сөзиң менен! Басқалардай жырбаңламайтуғын минезиң менен. Әдеплилигиң менен. Сол ушын да мен сени жақсы көрип қалдым.

Мен қысынып, нәзеримди төмен алдым.

— Қорықпай-ақ қой, мен сениң келиншегиңниң бахтын урламақшы емеспен. Жақсы көриў бул — сүйип қалыў деген сөз емес. Мүмкин сени меннен басқа да иш-ишинен жақсы көрип жүргенлер бар шығар.

— Сизди жақсы көрип жүргенлер де аз болмаса керек? — дедим оған.

— Мүмкин. Мен оны бийкарламайман «Мени жақсы көрмең» деп те айтпайман. Кимлергедүр унап жүргениңди билип жүриў қандай ләззет! Енди сен сол ләззеттен татып көрдиң!

— Кеттик пе?

— Кеттик.

Ол тумбочкадан кишкене пакетин алып, есикти ашты.

Жол бойы ҳеш нәрсе демедим. Ол еңкейип келип жүзиме тигилди. Сораўлы кейипте нәзер таслады. Мен өзимди зорлап күле шырай берген болдым. Оксана мени бундай ҳалда көремен деп ойламаған болса керек. Ырасында да, жаңағыдан кейин өзимди дүньядағы ең бахтияр инсан сыпатында сезиўим керек еди ғой. Усындай сын-сымбатлы, оқымыслы қыз «мен сени жақсы көрип қалдым, сен маған ысық көринесең» десе, маған оннан артық қандай бахыт керек? Өз елиңде қайсы қыз саған усындай жыллы гәп айтты? Ҳеш ким! Еки жыл бойы изине көлеңкедей ерип жүргенимде Бийбисараның да аўзынан шықпаған бул гәп!

— Жүр, кофе демлеп беремен, — деди Оксана есиктиң алдына келгенимде. — Ишесең бе?

— Әлбетте.

— Қаттырақ айт.

— Ишемен! Сизиң қолыңыздан шыққан ҳәр қандай суўсын мен ушын пал!

— О-о-о! Мени қуўандырып жибердиңиз!

Өзимниң гүмилжи ойлар қушағында қалғанымды умытыў ҳәм кеўлимди сергитиў ушын жасалма болса да оған усы бир хошаметти таўып айттым.

Адамсыз үйди демде шаң басады. Ол есиктен кирип болып, шкафларға қонған шаңға бираз қарап турды да, қолын бир сермеди. «Кейин сыпырып аларман» деген кейипте еди ол.

Асханаға кирип, газди қойды. Маған стулшик усынды.

— Тоқтап тур, сыпырып жиберейин, — деди киширек сүлги алып. Соң столды да жеңил-желпи артты.

— Хош, неге ғамгунсең? — деди еки чашка кофени столға қойып. Қарсы алдыма емес, еркеленип келип қапталыма отырды.

— Яқ, ғамгун емеспен! — дедим мен.

— Биле-ме-ен! Қәўетерленип қалдың! Бул қыз мени Бийбисарадан тартып алады. Мен Алпамысты сағынып қаламан. Лекин, ол мени көриўге де жибермейди, деген гүман сени үлкен тәшўишке салды. Солай ма? Солай деп ойладың ба?

— Ойламадым.

— Ойлады-ың!

Оксанаға не жуўап айтарымды билмей қалдым. «Аўа» десем, бизиң жақтың қызларының «пақыр-а-аў» деп мысқыллағанындай бир гәп айтып салса, ол қайтып есимнен шықпас, дедим. Үндемедим.

Усы ўақытлары есиктиң қоңыраўы шыңғырлап, екеўмиз де селк ете қалдық. Келген Дәўлетбийке апа еди. Оның қолында сары қағазда оралған бир нәрселер бар.

— Оксана, қалайсаң? — деди ол қушақласып көрисип.

— Көрип турғаныңыздай жақсыман! Отырың. Мен ҳәзир, кофе демлеп жиберемен.

Мен қапталға өтип отырып, апаны төрге шығардым. Соның менен бир-бирине тийейин деп турған Оксана екеўмиздиң орынлығымыз бираз узақласты.

— Дәўлетбийке апа, бир ҳәпте үйде болмағаннан кейин холодильникте кофе менен шоколадтан басқа хеш нәрсе қалмапты, — деди Оксана дастурханның кемшилигинен қысынғандай.

— Зыяны жоқ. Сениң кеўил хошлығың жақсы екенлигин еситип, қуўырылған шөже, миййе-шиййе алып барсам, шығып кетипсең.

— Алик, «болды енди, күнде-күнде қатнай беремен бе?» — деп турып алды.

Оксана өзиниң жалғаннан тоқып айтқан гәпи менен мени және өзине жақынырақ тутып атырғанын билдирип қойды. Арада бундай гәп болмағанын Дәўлетбийке апа да сезди, лекин, оның сөзин жөнлеп қойды.

Ол пакетти алып, қуўырылған шөжени тарелкаға қойды.

— О-о, шөже дегениңиз үлкен таўық ғой, — деди Оксана сукланып қарап.

— Сизлер-ғо, оны «шөже» деп жүрген. Бизде мәйектен жаңа шыққан ямаса бир-еки айлық болған тауықтың баласын шөже дейди. Оны жеп бола ма? Сизлер нәм-наған тауыққа «циплята» деп ат қойғансыз.

— Цыплята бизиң сөзимиз емес, русша.

— Бәрибир ғой!

— Неге бәрибир?! Улыўма, мен түсинбеймен — азиятлардың бәри украинды да, беларусьты да орыс деп түсинеди. Бизиң өз тилимиз бар, үрп-әдетимиз бар.

— Мейли, мейли, Оксана ашыўланба! Миллет мәселеси нәзик нәрсе. Басқа гәптен сөйлесип отырайық. Ертең қайсы районға барасаң? Яки бир-еки күн дем аласаң ба?

— Яқ. Дем алмайман. Бирақ, ҳеш қайда бармайман да!

— Неге? Көрип болдың ба?

— Болдым. Енди жуўмақластырып жазыўға отыраман. Оны институтқа барып даўам етсем де болар еди. Лекин, еле жети-сегиз күн ўақтым бар. Оның үстине ояққа барғаннан кейин қандайда бир мағлыўмат керек болып қалса...

— Бизде қарсылық жоқ. Жазсаң мине салыўлы төсек, салқын жай. Ишип-жемегиңди Арзыўбай ҳәзир етип турады. Улыўма қандай жуўмаққа келдиңиз?

Оксана бир мәўрит ойланып қалды.

— Аўқатты алың, жуўап бериўиң шәрт емес, — деди Дәўлетбийке апа.

— Жеп отырман... Билесең бе, апа, мен билген, мен анықлаған нәрсени сиз де билесиз, басқа докторлар да! Әлле қашаннан бери билесиз. Бәлким меннен он есе жақсырақ билетуғын да шығарсыз. Лекин, мениң сезгеним сизлердиң билгениңизден бираз парық қылады.

Дәўлетбийке апа «айта бер, айта бер» дегендей, сораўлы нәзер менен тигилди.

— Парқы сонда, — деп даўам етти Оксана. — Сизлердиң көзиңиз үйренип кеткен! Ерси көрмейсиз! Ҳәммеси солай болыўы керек деп ойлайсыз. Менталитетиңиз де көп кесент береди сизлерге. Бала өлсе «қудай өмир жасы менен бермеди» деп дым гүнасы жоқ қудайға жала жабасыз. Ана өлсе «жүриминиң болғаны шығар» дейсиз.

Дәўлетбийке апа маған сын көзи менен нәзер таслап қойды. Бул көз қараста «ҳәмме уңқыл-шуңқылды сен айтып берип жүрген жоқсаң ба» дегендей гүман сезилип турды.

— Хожелиде бир кәйўаны ҳаял: «қудайға шүкир, он жети бала туўып, қаның аз дегенди еситип көрген жоқ едим. Ҳәзиргиниң қатынлары бес бала туўып изине ерте алмайды» деп бопсыды. Мениң көзим тас төбеме шығып кетти. Он жети бала! Ол не деген сумлық! Ҳаял емес ол-инкубатор ғо! Сол жерде турғанлардың ҳеш қайсысы буған таңланбады.

— Сиз туўдыңыз ба сол он жети баланы ?! — дедим мен ҳайран болып.

— Аўа дә! Өзим туўмай көмек саламан ба?! — деп мени келеке қылды қайта.

Халқабадта бир мүсәпир баланы ушыраттым. Он бир жасар екен. Еси кирерли-шығарлы. Мойны қыйсайып, аўзынан суў ағып жүр.

— Бийшара балам, үш мәрте уў сеўген самолёттың астында турып қалған, — деп налыды анасы. — Апармаған дуқтырым жоқ. Ҳеш бири жәрдем ете алмады.

— Лётчик баланы көрмеген бе? — дедим.

— Қайдам? — деди ҳаял.

— Ол летчик онда инсан емес! — дедим мен, ашыўым келип.

— Ҳәй-ҳәй, өйдеме, өзиңниң аўылласың ол, — деди сол жерде бир медсестра апай. Бизге келип уў себетуғын самолётлардың бәри Украинадан келеди.

— Украинадан өзлигинен келмеген шығар, шақыртқан шығарсыз!

Мен ол ҳаялдан гәпимди алып қалмаў ушын солай дедим. Гәптиң ҳақыйқатында да солай ғой. Лекин, сол лётчикти ийттиң етинен бетер жек көрдим. Бала ғой, бала-малдың үстинен де уў сеўип өтиўге бола ма?! Негизинде, жергиликли ҳәкимияттың да айыбы бул. Не ушын дефоляциядан бурын ескертпейди? Не ушын радиодан, телевизордан реклама қылмайды?! Дефоляция исленетуғын жерлерде жүриў қадағанлығын хабарламайды?!

Мен әлбетте, барғаннан кейин Украина ҳүкиметине хат жазаман! Ол жақта адамлар жасап атыр деймен! Бул арктика емес деймен! Арктикада да айыўларды қорғайды.

— Бизиң ҳүкиметке де жазасаң ба? — деди Дәўлетбийке терең дем алып.

— Керек деп тапсам жазаман.

Оксана барған сайын пәт алып сөйлер, өзи сезген кемшиликлерди жипке дизгендей дизип таслар еди. Оның сын нәзеринен шаңарақты мәжбүрий ретлестириў, ҳаяллардың қырқы менен курсақ көтериўи,

егизеклердиң бақлаў астында болмайтуғыны, қулласы ҳеш нәрсе шетте қалмаған. Булардың ҳәммесин қаяқта үйренди, бул мағлыўматларды оған ким берди, бул жумбақ еди. Баратырып-киятырып улыўма бундай темада маған гәп ашпаған. Ол, аўылларда көпшилик үйлердиң кеште аўқат аспай қара шай ишип жататуғынын, ҳәптеде бир мәрте ғана гөш асып, базар шорпа ишетуғынын да қалдырмады.

— Бир районда, қайсы район екенин айтпайман, жас босанған ҳаял туўыў үйинен аман-есен шығып, үйине барғаннан кейин үш күннен кейин қайтыс болған. Он күнлик бала жетим қалды... Билесең бе, неден?

— Неден? — Дәўлетбийке апа өзине қайтарып саўал берди.

— Бийпәрўалықтан. Және оны «қан басымы түсип кеткен» деп диагноз қойып, туўдырған, қараған врачлар дым көрмегендей тайраңлап жүр. Мен ол келиншектиң неге өлгенин анықладым.

— Хош? — Дәўлетбийке апа оған қәўетерленип тигилди.

— Ол ҳаял туўыў үйине жоқары қан басымы менен келген. Қайсыдүр шыпакер оған еки таблетка клопелин иштирген. Дурыс, клопелин қан басымды тез түсиреди. Лекин, дәриниң күши қайтқаннан кейин басым бирден аспанға көтериледи. Ол докторлар буның менен де турмай, дибазол салған. Усылайынша оның қан басымын нормада услап турған. «Өзимнен кеткенше, ийесине жеткенше» деп ис тутқан.

Ҳаял үйине барғаннан кейин басы қатты аўырған да, докторлардан көргенин ислеп клопелин ишкен. Дәслеп бир таблетка, соңынан еки таблетка, ақырғы күни бирден төрт таблетка қабыл еткен. Нәтийжеде қан басымы кескин түсип кетип, бөтеке истен шыққан.

— Сен буны кимнен еситтиң?

— Күйеўинен. Күйеўи даў салып келип тур еди, сол жерде жасы үлкен бир кемпир оған тәселле берди: балам, қой, қудайдан көр, деми-күниниң болғаны шығар, былтыр мениң келиним-әм әп-әнедей баласын емизип болып, қурттай қыйсайып алайын деди де, сол жатқанынан турмады. Докторлардан көрме балам. Мәрт қудайдан көреди деген, — деди.

Жигит те қудайдан көрип, «даўым жоқ» деп жазып берди.

— Енди соны илимий мийнетиңе жазажақсаң ба?

— Улыўма, жазатуғын нәрселерим көп. Әлбетте, бул фактти де көзим қыймайды. Мениң илимий мийнетимди оқыған адам, әдебий шығарма оқығандай тәсир алады.

— Кемшиликти табыў аңсат сиңлим, излесең айып ҳәммеде де бар, — деди Дәўлетбийке апа қабақ шытыңқырап. — Оны сапластырыў жолын айтыў керек!

— Бул бойынша да пикирлерим бар. Адамлар жасаў тәризин өзгертиў тийис. Ҳаяллар қояндай балалай бермесин! Бул жерде ана-аў, Москвада отырғанлардың да айыбы бар. Он бала туўса «Қаҳарман ана» деген атақ берип қызықтырады. Ҳәр туўылған балаға он еки жасқа дейин айма-ай напақа береди. Оның үстине бул жерде медиклер түсиник жумысларын жүргизбейди. Патранаж жоқ есабы.

Дәўлетбийке апа салфеткаға қолын сүртти. Бул оның «тыңлап болдым» деген белгиси еди.

— Онда қалған ўақытта жазыў менен шуғылланасыз ғой?

— Солай.

— Олай болса Арзыўбай ертеңнен баслап гаражына бара берсин!

— Я-яқ! –деп Оксана шоршып кетти. — Алик маған керек. Онысыз зеригип қаламан.

— Арзыўбай маймыл емес ғой, сизге ойнап беретуғын!

Оксана Дәўлетбийке апаның ашыўланғанын сезсе де, өзин билмегенге алды.

— Бәлким, бир районларға қайта барыўыма туўра келип қалар. Керек болса транспорт ушын және қосымша пул өткертип беремен.

— Буны басшылар шешеди, — деп Дәўлетбийке апа орнынан турды. — Арзыўбай, мени жақынлатып тасла! Я қонасаң ба?

— Яғаў, үйге қайтаман.

Оксана бизлерди есик аўзында гүзетип қалды. Дәўлетбийке апа әдеўир жерге дейин үнсиз барды.

— Ата-бабадан гәп қалмаған, «атасы басқа менен аң аўлама, атар да жанына байлар» деген. Биз оның асты-үстине түсип әлпешлеп, минисине машын берип, барған жерлеринде алдына «жая менен жал» қойғандағымыз ба, мынаў қылығы?!

— Оның илимий жумысы институттың архивинде қалмай ма? — дедим мен.

— Қалмайды. Ол кандидат боламан дегенше газеталарға мақала береди, китапша шығарады. Соның бәринде мысал болып биз турамыз. Оны министр көрсе, Жумабай екеўмиздиң еситетуғын ақыретимиз өз алдына.

Дәўлетбийке апа тап бүгин-ертең гәп еситип қалатуғындай, әдеўир қапа еди. Оның қапашылығы мениң де кеўлиме ғулғула

салды. Өзимди Жумабай аға екеўиниң алдында гүнакардай сезине басладым.

— Оксананы пикиринен қайтарыўға болмай ма?

— Билмедим... — Ол бираз үнсиз қалды. — Ол тек бир адамның гәпине кириўи мүмкин.

— Кимниң, министрдиң бе?

— Яқ. Министрдиң бурынғы шофёрының!

Апаның бул гәпи еки түрли мәнисте маған қарата айтылған еди.

***

Биз Оксана менен үш күннен бери ушыраспадық. Бир-биреўге қоңыраў да етпедик. Лекин, ҳәрдайым мениң қулағым телефонда еди. Сыртқа шықсам да тез қайтып киремен, қыялыма мен босағадан шығыўдан қоңыраў келип қалатуғындай. Қайтып келип көз астымнан Бийбисараға нәзер таслайман. Ол маған ызғарлы түрде: ана, келгинди нашарың излеп атыр, деп жүрегиме ништер суғып алатуғындай. Дәслебинде сол «ништерден» шоршынып тураман да, бирақ ол үндемегеннен кейин сол илме қармақ гәпти ынтық болып күтемен.

Бийбисара лекин, мениң азанлы-кеш үйде екениме қуўанышлы. Қашанлардүр биреўге берип тураман деп, қайтып ала алмай жүрген буйымы қолына тийгендей аяқ-қолы жеп-жеңил. Оксананы да бетиме баспайды. Еслемейин дей ме, билмеймен. Арамызда ҳеш нәрсе болмаса да, Бийбисараның алдында жалтақпан. Ишки сезимлерим өзимнен «тергеў» алып атады: әп-әнедей келиншегиң бола тура бийнека нашарға қыйсаңлағың келеди-ә!

Мен өз-өзимнен қысынып, қыялыма маңлайымнан муздай тер шыққандай болады. Услап көремен. Яқ, қурғақ!

Анам мениң жумысқа бармай қалғанымнан гүмансырай баслады. «Балам, биреў менен гәп алысып қалмадың ба? «Баслықларың излеп қалмасын, хабар алсаң-о, ҳеш болмаса» дегендей, жүзиме сын нәзер таслап қояды. Лекин, мениң бийғамлығым ҳәм машинаның есиктиң алдында турғаны оның кеўлине далда болады. Көп зинҳарлай бермейди.

Гейде қатты зеригип кеткен ўақтымда ишки сезимлерим маған ғулғула салады: «Қоңыраў етип көр, мүмкин оның телефоны ислемей қалып, сени таба алмай атырған шығар!» Екинши бир сезим мениң ол ойларымды бийкарлайды. Оксана ҳеш нәрсениң есабын таба

алмайтуғын босалаң қыз емес. Керек болсам өз аяғы менен излеп те келеди. Ол демек, илимий мийнет пенен машғул болып атыр. Оны алаң қылма! Кейинги сезим мени және де сабырлырақ болыўға шақырады.

Төртинши күни азанда телефон шыңғырлады. Әлбетте, оған дейинги қоңыраўлар маған «пәнт» берген. Кийимлерге утюг басып отырған Бийбисара шалт барып трубканы алды. Алды да, бир заман тыңлап турып трубканы маған усынды.

— Ким?

Ким екенин билип турсам да жорта аңқаўсырадым. Лекин, мениң бул аңқаўсыраўым тақыр жерде буққандай, жараспай қалды.

— Жөгисиремесе! Машығың да, ким болатуғын еди! — деди жүзи бирден сүрланып.

Мен жақтырмай турғандай болып, трубканы алдым. Бийбисара утюгти тикейтип қойып, сылт етпей трубкадан шыққан даўысқа қулақ түрди.

— Бүгин саат он екиге кел! — деди Оксана.

— Қайсы районға барамыз!

— Келген соң ойланып көремиз.

Түсимпаз қыз гәпти созбастан трубканы жаўды.

— Ҳим, және «шуў бәрекелла ма?», — деди Бийбисара утюгти жақтырмай қолына алып. — «Өзи жүйрик қоян еди, таяқ тийгенсоң әбден кетти» деген. Үш күннен бери ийегиңди соза-соза, мойның үзилиўге келип еди....

— Ҳәй, келин, — апам бизлердиң бөлмемиздиң тусынан өтип баратыр екен, еситип иркилди. — Тилиңди тартыңқырап сөйле! Күйеўиңниң жағасынан алғандай ҳалға жеткениң жоқ! Урлығын көрдиң бе, ғарлығын көрдиң бе? Мениң көзим тири екен, дәретсиз намазды мойнына қойдырмайман.

Апамның айбатынан қорыққан Бийбисара бул гәплерди тикке турып еситти ҳәм дым үндемей өз иси менен қумбыл болыўға киристи.

Апам сыртқа шығып кеткенше мен өз орнымнан қыймылдамадым. Тап ҳәзир көзине көринсем, мени де аяп қоймайды. Оның ҳәр дайым айта беретуғын бир ўәсият гәпи бар: еркек есиктен жөтелип кирип келгенде, ҳаял бир шоршып түспеди ме, ол қай ўақ бир ўақ күйеўиниң мойнына минип алады. Ол Бийбисараның мениң мойныма минип алғанын қәлемейди. Ары келеди. Ал, мен болсам

ҳәрўақ-ҳәрўақ Оксана екеўмиздиң ортамызда ышқы-муҳаббат ҳаққында тартынбастан айтылған гәп сөзлерди Бийбисара үйде отырып сезип қойғандай өз-өзимнен қысынаман.

Оксана мениң киятырғанымды айнадан көрип турған екен. Есикке қол соза бергеним, қапыға жан питкендей, ишке қарап ашылды. Аржағында өзгеше түсте кийинип алған Оксана күлимсиреп турар еди. Нәзеримде ол бүгин ҳәр қашанғыдан да басқаша сыяқлы, шашларын өзгеше пардозлаған, бедениненен айрықша жағымлы әтир ийси аңқып турар еди.

Ол мени туўры асханаға баслап келди. Стол байрамдағыдай безелген. Конфета, печенье, сыр, колбаса, қулласы, күнделикли дастурханда ушыраса бермейтуғын түрли-түрли шийринликлер ҳәм жемислер сығасып тур. Ортада болса үлкенирек тарелканың қарамындай, реңли кремлер менен безетилген дөңгелек торт. Торттың үстине бир неше кишкене шамлар қадалған.

— Мәрҳәмат! — деди Оксана мени дастурханға мирәт етип.

Мен отырмастан асхананың қалың пердесин түсирдим. Соң газдиң қасынан күкиртти алып, торт үстине қадалған рәңбәрең шамларды тутандыра басладым. Ҳәмме шам жанып, бөлме ишине көшедеги түнги шырақлардай сән берди.

— Енди үплеп өшириң! — дедим Оксанаға.

— Неше шам қадалғанын санадыңыз ба? — деди ол маған.

— Яқ. Қыз баланың жасы саналмайды.

— Тәслим болдым!

Ол уртын толтырып бир үплегенде ҳәмме шам бирден өшти. Екеўмиз қол шаппатлап жибердик.

— Енди пердени аша берсеңиз болады! — дедим оған.

Оксана барып пердени ашты. Сонда Оксананың жүзи бурынғыдан да бетер шырайланып кеткендей көринди маған. Бул үш күннен соңғы сағынып көрисиўдиң тәсири ме, яки ол бүгин туўылған күн болғаны ушын өзине айрықша пардоз берди ме, қулласы, мен оған жутынып қарай бергим келер еди.

Ол «Белый айст»ты маған усынды.

— Ашың.

— Бизиң дәстүрде биринши гезекте аманлық-есенлик сорасады, — деп мен коньякты алып, оның өзине таман стол үстине қайтарып қойдым. — Сиз бенен көриспегели жетпис еки саат өтипти. Аўҳал қалай? Зерикпедиң бе?

— Ой-бу-у! — деп ол шақалақлап күлип жиберди. — Сиз еле саат санап есаплап жүрсиз бе?

— Енди не деп едиңиз?

— Ырасын айтсам, зеригиўге ўақтым болмады, — деди ол өзин тутып. — Көрген-билгенлеримди умытып қалмаў ушын тезирек қағазға түсирип қалыўға асықтым. Қыялымдағы гәплерди жазыўға қолым үлгермес еди. Билеклерим сырқырап кетти. Қулласы, бүгин ярым ақшамда қаралап болдым. Бул мәзи жоба. Үйбетке барғаннан кейин илимий жақтан байытып, уллы алымлардың цытаталарына силтеме берип, қайта жазып шығаман. Әне, сонда ҳақыйқый илим кандидатының жумысы болады.

— Сонда бизиң аўылдың ҳаялларының кеште аўқат аспай, қара шай ишип жататуғыны да илимий мийнет бола ма?

— Ол жөнекей факт.

— Маған сол жөнекейиңиз онша унамай тур.

— Буның несине шоршынасыз?

— Бул нәрсеге мен емес, көбирек Дәўлетбийке апа қапа болып кетти. Ол ушын өзимди гүнакар сеземен де тураман.

— Дәўлетбийке апаң жалтақ болып қалған! Зам министриң де жалтақ! Ҳайран қаламан, мениң илимий мийнетимниң несинен қорқады? Мен бары-жоғы аспирантпан. Мийнетлерим көп болса институттың өз газетасында басылар, яки қалалық газетаға шығар. Брошюрам институт китапханасында сақланар. Оннан қандай жаман ат келеди сизлерге! Қала берди Украина Қарақалпақстанға хожейинлик ете алмайды ғо!

— Туўры. Лекин, сиз бизиң турмыс тәризимизди қалақлық деп мысал етпекшисиз. Бизиң аўылымыз Киев я Москва емес. Оны жүректен түсиниў ушын әдеп бул жақта жасап көриў керек. Мен сизге мысалдың үлкенин айтайын — өткен жылы бизден бир эпидемиолог шыпакер шәртнама бойынша бир жыл Африкада ислеп келди. «Аман-есен елге келгениме қуўандым, — деди ол бир мерекеде отырып. — СССРдан шәртнама бойынша он үш шыпакер жумыс иследик. Бизлерди бәрҳә сақшылар алып жүрди. Кеште жатақханамызды да қорықлап турды. Не екен десек, еле ол тәреплерде кийим дегенниң не екенин билмейтуғын жабайы адамлар бар екен. Олар жекке жүрген адамларды услап алып жеп қояды екен.

— Алик! — деди Оксана күлип. — Биз Африка емеспиз ғой! Қәне, қояйық бул гәплерди! Бүгин мениң туўылған күним! Қутлықлайсаң ба, мени?

Сонда барып өзимниң сол сапарғы Дәўлетбийке апаның «Оксана тек бир адамның гәпине кириўи мүмкин» деп маған исеним артып айтқан гәпин умыта алмай жүргенимди сездим ҳәм оған алыстан айландырып әкелип қәтере салып атырғаныма қысынып кеттим.

— Бизиң дүкәнларымызда «Белый айст» жоқ еди, қаяқтан таптыңыз? — дедим өзимди сол сезимнен шығарып алыўға тырысып.

— Буны үйбеттен алып келгенмен.

— Туўылған күниңизди усы жақта белгилеўди нийет еткен екенсиз-дә!

— Ол сәне кейинге сүрилип турмайды-ғо!

Еки қадаққа коньяк қуйылды.

— Оксана! Бизде қызларды қызыл гүлге мегзетеди. Лекин, гүлди қәлеген адам қолы жетип, үзип алыўы мүмкин. Ал, сиз — ондай гүл емессиз! Ҳәр қандай жигит қол созса, оннан сайын узақласатуғын, ҳәр қандай жигиттиң ышқы кетсе оннан сайын шырай ашып көз қамастыратуғын, периштеге мегзес қызсыз! Сиз бенен бир дастурхан басында отырып, туўылған күниңиз бенен қутлықлаў бахтына миясар болғаныма оғада қуўанышлыман!

Туўылған күниңиз қутлы болсын! Буннан кейинги сәнелерде де сизди қутлықлап қойыў бизге несип еткей!

Хрусталь жамлар жәң-ң етип сүйкимли ҳаўаз берди. Оксана шатырашлап қуйылған плиткалы шоколадтан бир бөлегин сындырып алып закуска усынды. Мен бул коньякты бурын татып көрмеген едим. Оның дәми сәл күйрек шоколадқа уқсап кетер екен, оның изинше сорыған плиткалы шоколадым аўзыма өзгеше дәм берди. Өз гезегинде мен де Оксанаға шоколад усындым.

— Арменияда теңиз жоқ деп еситтим. Сонда олар неге ишимлигине «Белый айст» деп ат қойған? — дедим мен.

— Ақ қуўлар аспанда уша ма? — деди Оксана маған.

— Аўа.

— Аспан Арменияда да бар! Енди бир қәтеңизди шығарсам өкпелемейсиз бе?

— Яқ.

— Бул армян коньяги емес, молдаванлардики.

Мен этикеткасына қарамай, «армян коньяги зор» деп адамлардан еситкеним бойынша айта салған екенмен, уялып қалдым.

— Бизде Ақ қуўлар ҳаққында бир қәсийетли гәп бар, — дедим жеңилгенимди сездирмеў ушын.

— Қандай?

— «Ақ қуўға оқ дарымайды» деген.

— Неге? Оны не деп түсинемиз?

— Оған тегинликте оқ тиймейди. Ақ қуўлар кийели қус. Оны атқан мерген бир иске шатылады. Сонлықтан ҳеш бир мерген жүдә зәрүрлик болмаса Ақ қуўға қарата оқ үзбейди.

— Сонда оларды ҳеш атып услаў мүмкин емес пе?

— Әлбетте, мүмкин ғой, лекин... Ақ қуўдың мәкийенине оқ тийип қуласа, қоразы диң ҳаўаға көтерилип оның төбесинде узақ айланып ушады. Жубайының ақ төси жерге жайылып жатырғанын көрген қораз, бийик шыңнан шүйилигип, өзин жуптысының үстине атып ҳәм биргеликте жан береди екен. Сонлықтан оны жубынан айырыўды ҳеш ким өзине мүнәсип көрмейди. Ақ қуўлар бизде опадарлық тымсалы.

— Ақ қуўлар ҳинд ҳаялларына усайды екен, — деди Оксана.

— Олар да жубайынан қалып жасамай ма?

— Сондай қусаған. Фильмлеринде көрдим, ҳиндлер Буддаға сыйынады. Өлген адамды өртейди. Сонда күйеўин өртеп атырғанда ҳаялы да өзин отқа таслаўы керек екен. Лекин, мен ҳинд болып туўылғанымда да ондай көзсиз муҳаббаттың қурбаны болмас едим. Өмирлик жолдасқа болған муҳаббаттан гөре, жасаўға болған муҳаббатты үстин қояман.

— Бир тилекке турарлық болып қалмады ма?

— Әлбетте, әлбетте!

Мен дәрҳәл қадақларға коньяк қуйдым.

— Өмирди сүйип жасайық, Ақ қуўдай бийиклерге қанат қағайық. Лекин, ҳеш ўақытта шүйилигип төмен тасламайық.

Бул Оксананың тилеги еди. «Үш рюмкаға дейин тап, қалғанын өзим табаман» деген екен арақ. Сол сыяқлы үшинши қадақтан кейин мен машинада келгенимди де умыттым.

— Таксиде кетесең, — деди Оксана.

— Ҳеш қайда кетпеймен! — дедим мен еркинсип.

— Бийбисараға не дейсең?

— Ҳеш нәрсе демеймен.

Бизлер бир тислем закусканы бөлисип жеўге, бара-бара қол узатпай, тислеримиз бенен бөлисип алыўға қарадық. Мурынларымыз бир-бирине үйкелесип кетер еди...

...Таң қараңғысында шөллеп оянсам, Оксана менен бир төсекте екенмен. Басым мең-зең болып, өзиме келе алмай, бираз отырдым.

Соң қыялыма келген бир ой мени сергеклендирип жиберди: үйге не деп бараман? Қаяқта қондым деймен? Алдаўым мүмкин, бирақ, көкирегим сезип турады-ғо! Бийбисараның я анамның көзине тик қарап турып айта аламан ба, еле ойлап көрмеген сол өтиригимди?! Балалығымнан жалатайлық етип үйренбегенмен ақыры! Өтирикти шындай етип айтыўға да уқып керек екен!

Бәрибир, айтыўға мәжбүрмен. Көзимди алып қашып турып-ақ айтаман. Апам мени «районда қонған»ым ушын гиналамайды. Бирақ, Бийбисара буған инанбайды. Инанбаған менен ҳеш нәрсе қыла алмайды байғус. Ишқыста болады! Қызғанышы ишине түседи. Күйеди, жанады! Сыртына шығарып айта алмаған менен, ишлей мени ғарғап-силейди.

Сол бир қысыныспалы жағдай еплеп өтти. Жоқ жердеги өтириклерди қурастырып айтыўға мәжбүр болдым. Исенип-исенбеўин күтип отырмадым. «Ўақтым қыстаўлығын» баҳана еттим де, тез-тез кийим аўмастырып, жөнеп қалдым. Бул үйден қаншелли аўлақ болсам, өзимди соншелли жеңил сеземен.

«Қой көрмеген қой көрсе, қуўалай-қуўалай өлтирер» деген. Кәпелимде «қол жетпес ай»ға қолым жетип, өлер-тирилер жеримди умыттым. Ҳәр күни түн ярымында қайтатуғын әдетти шығардым. Оксана да маған «кет ары» демеди. Бийбисараның тоңқылдысы да маған енди тәсир етпей қойды. Кейинги күнлери ол тоңқылдыдан пайда таппайтуғынын билди ме, керисинше, маған жағынып сөйлеўге, жөнли-жөнсиз сүйкениўге қарады. Маған оның жөлкерлиги жақпас еди. Оған барынша қабағымды шытып, жекиринип таслар едим.

Ол ўақытты уттырмай, басқаша жол тутыўға қарар етти. Оны мен күнлердиң-күнинде «гүзе сынғанда» билдим. Мен ғәплетте «қолға түсип қалдым». Енди ҳеш қандай ақланыў пайда бермес еди.

Үйге келемен дегенше бир-биримизге үн қатпадық. Ол жайға кирди де әткөншекте уйқылап атырған Алпамысты жулқылап оятты. Бала шырлап жылады. Апам менен иним жуўырып келди.

— Не болды?

Бийбисара үндеместен кийимлерин жыйнастыра баслады.

— Ана баланы ал, — деди апам иниме. Иним Алпамысты көтерип дәлизге шықты.

— Не болды деп атырман сен қатынға!

— Кетемен! Бул үйде бир минут турмайман!

— Қаяққа кетесең?

— Төркиниме! — Бийбисара мурнын тартып алып, жылаўдан тоқтап, апама тикленип қарады. — «Урлығын көрдиң бе, ғарлығын көрдиң бе», деп едиңиз маған. Көрдим! Ҳәммесин көрдим! Қашшанақ сезип жүр едим».

Ол шкафлардың қапысын айқара ашып таслап, керек кийимлерин түйиншикке салар, қолына тийген мениң кийимлеримди жеркенишли зат услап алғандай, дус келген жаққа шыңғытар еди. Кийимлер бир түйиншик болды. Ол түйиншикти бир түйди, бир шешти, қайтадан түйди. Қулласы, өзин басқара алмай атырған еди.

— Тоқтат! — деди бир ўақта апам қәҳәрли.

Бийбисара гилт тоқтап қалды.

— Алған кийимлериңди жай-жайына қой! Саған айтаман!

Бийбисара түйиншигиндеги кийимлерин аларын да, алмасын да билмеди. Ар-сары шығып қалды.

Мен мүйеште ийним қунысып, төмен қарап турман. Анама да, Бийбисараға да туўрылап қараўға бет жоқ.

— Кетип, «етегине намаз оқып жүрген» еркекти таўып аламан деп отырсаң ба? — деди апам еле сол қәҳәринен түспей. — Изиңдеги «күшигиң» менен қаяққа барасаң? Үйиңе сыясаң ба, я барған жериңе сыясаң ба?! Ҳәмме жерде маңлайыңа таяқ тийеди, билдиң бе! Оннан да талайыңа қайыл болып, гүмирашылығыңды исле. Қаяққа кетти екен деп ҳайран болып отырсам... Еркектиң изин аңлыған ҳаял ҳеш ўақта үй бола алмайды!

Бийбисара бираз ҳәўиринен түскендей болды.

— Ене, маған бақыра бересиз, неге балаңызға бир аўыз тәртип бермейсиз?!

— Баланың сықылына қарамайсаң ба?! Ҳәзир қулағына гәп кире ме? Тәңирдиң таңы ата берсин, оның еситетуғын ақырети басқаша! Бар, ана балаңды жубат, шалығып қалды!

Алпамыс уйқыдан шоршып оянғанлықтан еле қолда-аяқта турмай жылап атыр еди.

Апам шығып кетти. Бийбисара түйиншиктиң бир баўынан услап, кийимлерин силкип шашып жиберди. Бул маған көрсеткен қыры еди.

Түни менен уйқым келмеди. «Асқа шыбын түсти» Ол қандай ҳадалланады? Азанда апамның жүзине қалай қарайман?! Мейли бақырсын, кейисин, таяқлап урсын, ҳәммесине шыдаўым мүмкин.

Бирақ, жүзине тик бағып, дастурхан басына барыў маған өлимге айдағаннан бетер еди.

Қораз шақырды. Бул биринши шақырымы. Екинши шақырымында да ояў жаттым. Үшиншисин билмеймен.

...Үйге от тийип атыр екен. Мен диванда шалқама жатырман. Төбеге қарасам жайға бастырылған он бир ақтерек қып-қызыл шоқ болып тур. Үстиндеги жемтиклер де жанып болған ба, аржағында жулдызлар жарқырап көринеди. Бийбисара ҳеш нәрсе болмағандай кирип-шығып жүр.

— Жай жанып атыр-ғо! — дедим оған ҳаўлығып.

— Яғаў, қәне? Ҳаў, ырас, жанып атыр екен-ғо, — деди ол. Лекин, шоршынайын демейди.

— Бар, суў әкел!

Ол үстине қалайы шөлмек салып, бир шелек суў алып келди.

— Ана, жанып атырған ақтерекке қуй.

Ол шөлмек пенен жоқары қарай суў себеди, лекин, суў ақтерекке жетпей, қайтып өзиниң үстине төгиле береди.

— Ишша-а!

— Есиң дурыс па! Төбеге шық! Жоқарыдан қуй!

Қаяқтан өрмелегенин билмеймен, бир қарасам Бийбисара қолында шелеги менен пәрдийўалдың үстинде жүр.

— Қуй!

— Қайсыған?

— Мынаған. Мениң төбемдегиге.

Бийбисара шелектеги суўды мениң тусымдағы қып-қызыл шоқ болып турған ақтеректиң үстине аўдарды. Шелектеги суў шоқтың қызыўы менен бирден қайнаған суўға айланып, киндигимниң үстине ақтарылды. Жан айбат пенен орнымнан секирип турдым.

Мениң түсим менен оңым қарысып кеткен еди. Бийбисараның қолындағы газге қоятуғын темир шәйнек, маған соқлығысып, даңғыр-р етип жерге түсти.

Ол бир шәйнек қайнаған суўды бой өсеримниң тусына аўдарған екен.

# ЕКИНШИ БӨЛИМ

Бул ўақыя сырт көзге әпиўайы бир жарақат алғандай болып көринген менен, соңғылығында мениң тәғдиримди кескин өзгертип жиберди. Мениң усы күйге түсиўиме себепши болды. Мен елден шығынып кеттим.

Анам Бийбисараны үйден биротала шығарып жиберди. «Баламның өмирине қәўип туўдыратуғын ҳаялға бул үйдиң дузы ҳарам» деди. Жаңа бетине күлип қарап киятырған ақлығынан да кешти. Бул ўақыялар сол дәслепки бир-еки күнниң ишинде жүз берди. Буны мен иним Қанатбайдан еситтим. Ол және мына гәпти қосып қойды: апам егер Арзыўбай усы көргиликлерди умытып, қайтадан аламан десе о дүнья, бул дүнья ыразы емеспен, — деди.

Мениң тап усы күнде Бийбисара қайғым жоқ еди. Апам мениң изимнен келмеди. Келмегенин өзим де жүдә қәлер едим.

Емлеўханада бир айдан көбирек жаттым. Оң аяғым жуўан саннан баслап бойөсериме дейин күйген екен. Күйиктиң дәрежесин маған айтпады. Бирақ, еки мәрте операция болғаныма, күйиктиң тереңирек жерлерине екинши саннан ет алып жамағанларына бола, суў әбден қайнап пискен, Бийбисара оны газден аларын я алмасын билмей бираз иркилген болса керек деп ойладым. Соңында ашыўыза мениң өмириме туўдыратуғын қәўиптен де үстин келген.

«Медицинада уят жоқ» деп мектепте анатомия муғаллимимиз ҳәмме мүшелерди өз аты менен атай беретуғын еди. Бул гәптиң ҳақыйқатлығына усы жерде және бир мәрте исендим. Мениң ярым жалаңаш денеме жәп-жас мийирбийкелер келип дәри жағар, соң аяғыма байлаған бинтти белимнен айландырып таңып таслар еди. Мен усы аўҳалым менен ўатанларлық урысқа қатнасып, бомбаның зардабы менен бир талай жерге ушып кеткен жаўынгерди еслетер едим.

Күйикке жағатуғын дәрилери оғада сасық, баяғы геўректиң ийисин еслетеди. Лекин, шыдаўға мәжбүрмен. Тири қалғаным олжа. Аўырыўдың зардабы жүрекке түспеў ушын тез-тез тынышландырыўшы шаншыў ислейди. Оның қурамында наркотик затлар

бар ма, мисли ҳеш нәрсе болмағандай, есикке қарап, Оксананың келиўин күтип жатаман. Дәриниң күши қайтқаннан кейин және өз жаным қайғы болады. Бул аўҳал дерлик бир ҳәпте даўам етти. Соңсоң қәдимги ҳалыма қайта басладым.

Оксана кешқурынлары он күнге дейин қасымда болды. Қалай дегенде де ол да доктор, маған ҳәр қыйлы темаларда аңыз-әңгимелер айтып, аўырыўымды аз да болса умыттырыўға ҳәрекет ететуғын еди.

— Енди ҳәмме қәўип артта қалды, — деди бир күни ол азанда келип. — Қапа болмасаң, бүгин кешке билет алып Москваға ушаман.

— Киевке кетпейсең бе?

— Яқ. Биринши гезекте үйиме бараман. — Одессаға. Бирақ, Одессаға бул жерден рейс жоқ екен. Соның ушын Москва арқалы транзит билетке буйыртпа бердим.

Мен сам-саз қалдым. «Мейли, барағӑой, жолың болсын» деп айтыў да бирден қыялыма келмепти.

— Неге үндемейсиз? Кетпейин бе? — деди ол кроватқа еңкейип. — Я? Шыққанша қасыңда болайын ба?

— Яғаў, өзим әлле нелерди ойлап ... Мәйли, аман бар. Хат жазып тур.

— Әлбетте жазаман. Саған бир тапсырма айтсам орынлайсаң ба?

— Қыйын емес пе?

— Қолыңнан келеди.

— Болады. Бирақ, емлеўханадан шыққаннан кейин.

— Бийбисарадан кеширим сора.

Мен үнсиз қалдым. «Мен кеширим сораўым керек пе, яки ол. Әлбетте, биринши гезекте мен, кейин ол. Лекин, екеўмиздиң мәмлешилигимизден де үстин туратуғын бир нәрсе бар — ол анамның серти! Мен анамның сертин буза алмайман!»

— Ўәде бересең бе? — деди меннен тегинликте саза шықпағаннан кейин.

— Бере алмайман.

— Неге?

— Билмеймен.

Оған анамның айтқан сертин түсиндирип отырмадым. Түсиндиргенде де ол «бала өзиңдики ғой» дегендей, «турмыс екеўиңиздики, анаң кетеси адам» деп айтатуғыны турған гәп еди. Мен анамның атына ондай гәплердиң айтылыўын қәлемедим.

— Яқшы, жақсы болып кет. Кейин бәри жөнлесип кетеди. Ҳәзир сен ашыў үстиндесең. Меннен саған пайда жоқ. Қара, минекей кетип баратырман. Бәлким, енди бир өмир көриспеспиз.

Ол буннан соң мениң жуўабымды күтип отырмастан еки бетимнен алма-гезек сүйди де, есикке бетледи. Есик аўзында хошласыў иретинде қолларын былғады да, қапыны жапты. Мен қәдирли бир затымды жоғалтқандай ар-сар болып қала бердим.

Оксана мениң барлығымды-қуўанышымды, қайғымды, тәшўишимди өзи менен қоса алып кеткендей болды. Енди маған ҳәммеси бийпарықтай. Емлеўханадан шығыўға да асықпай қойдым. Бурынғыдай докторлардан, не қылыпты, қуўрылып киятырма, қашан шығаман? — деп те сорамайман. Жарақатым бираз жеңиллескенин билемен. Таңыў бөлмесине енди өз аяғым менен барып келемен.

Үйге келгеннен кейин де баяғы Арзыўбай болып кете алмадым. Көшеде не жаңалық, ағайин-туўғанларда не гәп-сөз, ҳеш қайсысы маған қызық емес. Көринген адамнан бой тасалағым келеди. Ҳәмме мени сыртымнан ғәреметлеп жүргендей. Бир жақсы жери, мениң қалай күйгенимди, не себеп күйгенимди мен, иним, Бийбисара, апам ҳәм Оксанадан басқа ҳеш ким билмес еди. Докторларға «тосыннан болған ҳәдийсе» деп карта толтырғыздық.

Апам да, Қанатбай да мениң менен бурынғыдай ашылысып сөйлеспейди. Бир ойым, «олар мени «ислеген ислери өзин қыйнап, ишқыста болып жүр, мейли өзине келип алсын, умытсын» деп өз ҳалыма қойғандай. Тағы, ким биледи... Өзим ашылысып сөйлеспегеннен кейин олардың да жайма-шуўақ болып отырыўын күтпеймен. Жақсысы, бәҳәне табылғандай болса сыртта, дүзде жүргим келеди. Жалғызлық, еслеў — мениң ушын ең жақын жолдас болып қалды.

Жумыста да абырайым кете баслағандай сезиледи keўлиме. «Баяғы ўақта министрдиң атқосшысы болсам болыппан-дә» деп өзимди-өзим жубатаман. Күнделикли буйыртпа бойынша андамында медикамент тасыйман, министрликтегилердиң бөлим баслықлары менен районларға шығаман. Күнлер бир-бирине уқсап өте береди.

Бир күни Оксанадан хат келди. Хатта ден саўлығымды сорапты, Бийбисара менен жарасыўымды және тәкирарлапты. Басқа ҳеш гәп жоқ. Мен оннан «арадан бир ай өтпей сизди қатты сағындым, Қарақалпақстанға қайтып барғым келип тур» деген жыллы гәплерди күткен едим. Яқ, жоқ ондай гәплер. Жалғаннан болса да сол

гэплерди жазғанда, кеўлим таўдай көтерилип қалған болар еди. Жазбапты. Жазып не қылсын?! Мен киммен оған?! Бирақ, өзим оған қатты баўыр басып қалғанымды иш-ишимнен тэн алар едим. Ал, ол болса мени өзинен узақлатыў ушын сол кеўилли күнлердиң ҳеш бирин еслемей, мэзи ден саўлығымды сораған да қойған. Ол мени умыттырмақшы! Өзи де умытпақшы! Ендиги мэрте буннан да қысқа жазады. Араны бираз өткерип жазады. Болмаса жазбай-ақ қояды. Нэтийжеде сен ким боласаң?! Қақайған бир сүр бойдақ. Я дүзге пайдасы жоқ, я үйге! Барып-барып саған Оксана да, Бийбисара да қыйсайып қарамайды. Дизеңди қушақлап тақ өтесең!

Әдетте, күткен адамыңнан хат алсаң өзгеше кейипте боласаң. Мен болсам... усылайынша уўайымыма-ўуайым қосылды. Кеўлим биротала қулазып қалды. Министрдиң атқосшысы ўақытта ҳэмме шофёрлар мениң менен ортада ҳүрмет сақлап сөйлескен. Олар менен ара-арасында мерекеде бирге отырған менен эжик-гүжик болып кетпегенмен. Ишпегенмен. Қадақ қағыстырыўға да бойымды бэнелегенмен.

Мендеги сол беглик эпиўайы айдаўшы болып қатарға қосылғаннан кейин де тегинликте сынбады. Ҳеш қайсысы менен енисип кете алмадым. Ырасын айтқанда, қуры жумыс деп жүрип, дос-ярансыз қалған екенмен. Сырымды шағынғандай кеўил жақыным жоқ еди мениң.

Арадан бираз өткерип Оксанадан тағы бир хат келди. Әдепкиден кеўлим қайтып қалған мен хатты асықпай қэлер-қэлемес болып аштым. Айтқанымдай бул хатта да мени қуўандырғандай жаңалық жоқ еди. Қэдимги гэп — Бийбисара менен жарастың ба, жумысқа барып кеттиң бе, болғаны. Өзиниң кандидатлық жумысын питкерип, илимий басшысына тапсырыпты. Егер оннан жақсы баҳа алса, кеңестиң келеси айда болатуғын мэжилисине қояр емиш. Оның бул жаңалығы мени енди пүткиллей қызықтырмай қойды.

Жаңа жылдың алдында Қанатбай үйленди. Көрпемизге қарап аяқ узатып, кишигирим той бердик. Аўылда туратуғын экемниң аталас ағайинлери бар еди. Олар менен той-мерекеде қатнасқанымыз болмаса, ара бираз суўысқан. Лекин, олардың да биразы қартайып, қэтқудалық жасына жеткен еди. Олар тойдан кейин мени ортаға алды:

— Қэне, сен баланыки не жүрис?!

Анам мени «не айтар екен» дегендей аўзыма үңилди. Өзи гэп қоспады. Мен де лэм-лим демей, нэзеримди пэс алып тура бердим.

— Анаң жесир ҳалына еки той берди, үшинши той бергендей шамасы жоқ, — деди олар. — Келинди барып алып кел!

— Яқ, келинди қайтып әкелмейди! — деди усы ўақта апам шыдамай.

— Неге?

— Солай! Бийпатпаның туқымының соңы болса да бул үйдиң босағасы оған берк.

— Ортада бала бар емес пе?!

— Баланың бақайына от түссин! Тири болса өзи әкесин табады!

— Ә-әй, биз қуры шөллеп отыр екенбиз ғо. Туўысқанымызда гәп жоқ, ҳәмме бәле сенде екен дә!

— Менде! Менде  ҳәмме бәле!

Апам орамалын ийнине силкип таслап, орнынан турып кетти. Ағайинлер «өзлериң билесиз дә, зарымыз бар, зорымыз жоқ» деп кийимлерин кийиў менен болды.

«Нәкәс перзент ата-анаға сөз келтиреди» деген. Мен анама сөз келтирдим. Бул ушын я анамнан, я ағайинлерден әпиў етиң деп сорай алмас едим.

Солай етип, үйге таза адам қосылды. Келин келди. Енди мен қайнағаман. Жүрер жолым бурынғыдан бетер жиңишкерди. Үйге дүзиў келип, дүзиў шығаман. Зыят гәп айтып салыўдан қорқаман. Ең болмаса келинниң алдында ҳүрметим жоғалмасын.

Келин ҳәммемиздики қатары мениң көйлек-шалбарымды жуўып, утюглеп таярлап қояды. Лекин, иш кийимлеримди ваннаны илип алып, өзим жуўаман. Өзим жататуғын бөлмеде кептиремен. Бийбисара кеткели берги аўҳал еди бул. Сол жағдай келин келгеннен кейин де даўам етип қалды.

Бийбисараға болған гийнем умытылмаса да, Алпамысты тез-тез ойлайтуғын болдым. Отыратуғын болды ма екен, еңбекледи ме екен, гейбир баллар жети-сегиз айда жүрип кетеди, мүмкин... Усы ойлар менен жолым түспесе де Бийбисараның үйбетинен өткенимди билмей қаламан. Оның үйиниң тусына келгенде машинамды барынша әсте айдайман. Набада далаға көтерип алып шыққанын көрсем. Яқ, сылт етпейди. Я қапысы ашылмайды. Кешлетип өтсем әйнегинен жақты шыққанын да көрмеймен. Мисли, көшип кеткен гөне журтқа усайды.

Бир күни Оксанадан томпағырақ хат келди. Бул ўақытлары оның кеткенине жети айдан өтип баратыр еди. Хат жазбай қойғанына

да бираз ўақыт болған. Хатты ашыўым менен ишинен бир сүўрет шықты. Өзиниң сүўрети екен. Тик аяқтан түскен. Бираз толысыпты. Бетлерине азы-кем безеў түсе баслаған. Лекин, ол өзине жарасып тур.

«Алик, — деп баслапты ол хатын. — билесең бе, саған алдыңғы жазған хатларымда өзимди умыттырыў ҳәм өзим де умытыў ушын қысқа ғана қылып жазар едим. Бирақ, хаттан «қызғанып» қалған сағынышым қатпар-қатпар болып жыйналып бара берер еди. Ақыры, ол бүгин атылып шықты. Мен сени умыта алмас екенмен. Сениң менен бирге қарақалпақ журтын да есимнен шығара алмайтуғынымды сездим. Өзимниң жаслығыма бола аўылларды аралап жүрип бәрҳә кемшилик излеп жүрген ревизор усап кеткенимди енди түсинип жетип отырман. Егер табаным тийип барағойсам, олардың ҳәр биринен кеширим сорар едим. Кем қанлыққа да, балалар өлимшилигине де ол ҳаяллар емес, жәмийет айыплы! Ақыры, ол бийшараларда не гүнә бар? Дәўлетбийке апаның квартирасының қарсы алдындағы домның төменинде азық-аўқат дүкәны бар еди. Азанда ерте турып қарасам, дүкәнның алдында бир неше банкалардың дизиўли турғанын көремен. Еле толық таң атпаған. Әтирап алагеўгим, жақты түсип жалшымаған ўақыт. Бир ўақытлары сүт тасыўшы машина келеди. Машинаны жол бойы аңлып турғандай, дизилген банкалардың ийелери — ҳаяллар да пайда болады. Сол ўақта машина бул дүканға бир яки еки пляг ғана сүт қуйып кетеди. Сол сүттиң үстинде баса-бас. Тең ярымына жетпей қалады. Инанасаң ба, өз көзим менен көрдим:

— Қарағым, маған бир литр бер, келинимнен сүт шықпай қалды, ақлығым усы сүтке қарап отыр, — деп жалбарынды бир кексе ҳаял. Лекин, дүкәншы тыңламады. Өзи үш литрликти толтырып ишке алып кетти. Оны да түсиниў керек, ақыры, балалары бар шығар...

Енди ойласам сол ўақыя да мениң жүрегимди «дыз» еттирмепти. Айыпты ҳаяллардан, докторлардан излей бериппен. Ҳақыйқатты билиў ушын ойерде жасап көриў керек екен.

Илгериде баяғы дәпең қара ҳаял мениң түсиме енди, есиңде ме, Дәўлетбийке апа екеўиңизге айтып бергеним. — Он жети бала туўып, кем қан дегенди билгенимиз жоқ еди, деген еди ол. Етлери қайрақтай, қарыўлы ҳаял еди. Түсимде соны көрдим.

— Әй, сиңлим, қағаз-пағазыңды жыйнастырып қой, — деди түсимде маған. — «Бизде алп анадан туўады» деген гәп бар. Анасы

қарыўлы болса, баласы кеселбент болмайды. Басқадан кемшилик излегенше әдеп өзиңе бир қарап ал, қумырысқа белиң шығып алып, көп болса еки балалық ҳалың бар шығар, деди. Қасымда турған доктор келиншек оның ҳәмме гәпин маған орысшалап түсиндирип берди. Тап оңымдағыдай. Сонда барып өзимниң «фигурам бузылады» деп көп аўқат жемейтуғыным есиме түсип, тилимди тиследим. Ол қатынға қайтарып ҳеш нәрсе айта алмадым.

Сизлер бетте жеген аўқатларым елеге дейин аўзымның суўын қурытады. Көрпешеде отырып аўқатланыўдың өзи бир нәше екен-ғо. Соларды күсеймен. Түйетаўық салған палаў!! Ой-бу-ў, пүткил континентти айланып шыққанда оған тең келетуғын аўқатты таба алмайды ҳеш ким! Саған «посылка етип жибер» деўге уялып отырман. Кейин ала, ишине ҳеш нәрсе салмайтуғын пирожнигиңиз бар ғой, ромба тәризли, майға пискен (баўырсақты айтып атыр) соны қатты жегим келип жүр. Әсиресе, буннан еки-үш ай бурын соған жүдә ҳәўес болдым. Аўырып қалдым, соны күсеп. Бул ҳаялларда болатуғын жағдай. Сен түсинбейсең.

Мен Дәўлетбийке апаны да, Жумабай ағаны да «жалтақ болып қалған» деп айыпладым сизге! Бул қәте пикир еди, енди билсем олар елиниң пидайылары екен. Миллетиниң жанкүйерлери екен. Улыўма ҳәммеси! Мен қай районда болмайын олар өз халқы ҳаққында басқалардың жаман пикирде кетпеўи ушын жан күйдирер еди. Буны мәмлекет талап етип атырған жоқ. Сиясат солай үйретип атырған жоқ. Олардың пүткил жаны-тәнине жаратылыстың өзи қан менен сиңдирип қойған екен.

Сен емлеўханада жатырған күнлердиң биринде өзим барған районлардың ҳәммесиниң бас шыпакерлери, орынбасарлары менен ушырасып қалдым. Министрликке жыйналысқа келген екен. Олардың қай-қайсысы да маған көзи түсиўден: — Ҳаў, Оксана! Өзиңбисең? Неге қайтып бармай кеттиң?! деп қушағын ашып келип көристи. Олар мени бираз ўақыт баўырына басып турды. Сонда мен оларға тексериўшидей шоштыйып барған ўақытларым есиме түсип қысынып кеттим. Әсиресе, Илья апа жараған түйе ушын кеширим сорап атыр. Не деген кишипейиллик! Мен киммен оларға!»

Олар еки-үшеўи жәмлесип мени музейге алып барды. Үлке таныў музейиңизди көрдим сизлердиң! Ой, қүдирет, қүдирет! «Ақ боз ат» деген бир портретти көрип, аўзым ашылып қалыпты. Тиридей-аў! Үстине минсең шаўып кететуғындай болып тур. Мен кинода, ат

шабар майданларда талай атларды көргенмен. Бирақ, сизиң музейиңиздеги ақ боз аттай сулыў жылқы туқымын көрмегенмен.

Оннан кейин музейде жолбарыстың кебин көрсетти. «Ең соңғы Туран жолбарысы. 1959-жылы атып алынған» деп қойған екен.

— Ҳақыйқатында да бул жақта жолбарыс болған ба! — деп сорадым бизлерди экспонат пенен таныстырып жүрген қыздан.

— Әлбетте! Бизде «Бозатаўдың еки бойы қалыңды, Жолбарысы ақырып алды жанымды» деген қосық та бар деди мақтаныш пенен. Мен сол еки қатар қосықты өзиме жаздырып алдым.

— Баҳайбат ҳайўанлар тек ғана Африка шөлинде емес, дүньяның ҳәмме түпкиринде де болған, — деп ол қыз әңгимесин даўам етти. — Ықлымның өзгериўи менен олар да мәкан өзгертип турады. Егер бул әтирапта жасамағанда қарақалпақлар Арысланды, Айыўды, Пилди қаяқтан билер еди? Қарақалпақша аты бар ҳайўанлардың ҳәммеси де демек, бурын бул әтирапта жасаған. Ҳәтте, жирафа да жасаған бул өңирде. Оны бизиң халқымыз таў тайлақ деп атаған.

Қыз өз ели ҳаққында толып-тасып айтады, сол үлкеде жасап қалғысы келеди кисиниң.

Жақында кандидатлық диссертациямды жақладым. Сизиң ел ҳаққында, балалар өлимшилигиниң себеплери ҳаққында өзим «утымлы факт» деп ойлаған негатив жағдайлардың ҳеш қайсысын да монографияда мысал етип келтирмедим. Елиңизден узақласқан сайын ушырасқан досларыма болған ҳүрметим арта берди, олардың ақ көкиреклигин, миймандослығын ҳәр қандай илимий дәрежеден жоқары қойдым.

Алик! Енди сениң ҳәм мениң ушын әҳмийетли болған бир гәпти айтпақшыман. Мен перзент күтип атырман Ол сениң перзентиң! Оның жақты дүньяға шығыўына еки ай ўақыт қалды. Сол қуўанышлы күнде жанымда болғаныңды жүдә-жүдә қәлер едим. Егер келе алсаң...

Келсең балаңа өзиң ат қоясаң. Фамилияңа аласаң. Егер келе алмасаң, меннен қапа болма, атын өз әкем қояды, фамилиясы Кравченко болады. Бирақ, буны мен иш-ишимнен қәлемеймен. Бала өз атасының фамилиясында болыўы керек.

Ҳаял-қызлар байрамы алдынан сизди күтемен. Еки көзим төрт болып күтемен!

*Оксана»*

Бул хатты көкирегиме басып узақ турдым. Ол мениң жүрегиме Оксана болып жыллылық бағышлағандай болды. Ол мениң сағынышымды бир мәўритке болса да басқандай еди. Онның өзи менен дийдарласқандай, көптен берли биринши мәрте жүзимде қуўаныш сезимлери ойнады.

Мен Одессаға кетиўге қарар еттим.

***

Одессаға Оксана айтқан мәўлетке бара алмадым. Илажы болса жетким келди, лекин, «келте жип гүрмеўге келмеди». Есаплы айлық. Апамда ҳәр дайым мың сомға жақын ақша болар еди. Сораўға бата алмадым. Ҳәр қыйлы дәлил айтып алсам болар еди, бирақ, ҳүжданым жол қоймады. Онысыз да анамның қартайғанда келин жумсап, ақлық сүйип рәҳәтте жасайман деген әрманын пушқа шығарғанымның өзи жетип атыр.

Сол ушын кешке қарай кирейкешлик қылдым. Ўақыт жақынлағанда мийнет демалысына шығыўға арза жаздым.

— Аўылда боласаң ба? — деди Қаржаўбай аға. — Жай-пайың оңлаўға келип турған болса материаллық жәрдем берейин.

— Жайдың кетилип турған жери жоқ аға, шамам келсе Москваға барып, әскерликте болған жеримди көргим келип тур.

— Қәйерде хызмет қылып едиң?

— Москва қасында Подольскте...

— Подольск.. Подольск, — деп бир заман ойланып турды. — Яқ, мен ол жерде болмадым. Красногорскиде, Люберци де... Бизиң ротамыз үш-төрт айдан көшип қонып туратуғын еди.

— Арза жаз, — деди соң.

— Не деп?

— Ден саўлығыма байланыслы емленип қайтыў ушын бир айлық материаллық жәрдем бериўиңизди сорайман де.

— Денсаўлығымның ҳеш нәрсеси жоқ.

— Ой-бу-у, онша келип коммунистиң шыға береди! Мен саған жәрдем бережақпан. Москваға барыўдың өзи бола ма?

«Өтирик деген-әм өзинен-өзи пайда болмаған, зәрүрлик ушын адамлардың өзи ойлап тапқан болса керек» деп еди Дәўлетбийке апа. Мениң «әскерликте болған жерлеримди көрип қайтажақпан» деп Қаржаўбайға өтирик сөйлегеним аздай, енди оның өзи мени ҳүжжет

жүзинде де жалған сөйлеўге мәжбүр етип атыр. Бул дүньяның өзи рас пенен жалғаннан, қуўаныш пенен қайғыдан ибарат болса керек.

Қалай да енди қалтам қампайды. Арқайын Одессадан да, Киевтен де айланып қайтыўыма жетеди. Енди анама айтатуғын дәлилди ойлап табыўым қалды. Мени ким Москваға жумсаўы мүмкин? Қолымда дипломым, мәжилиске шақырғандай ҳәмелим болмаса... Бирақ, барыўым керек. Күн өткен сайын Оксана жолыма қарай-қарай еки көзи төрт болып отырғандай. Еле нәзерим түспеген перзентимди де көргим келеди. Кимге усады екен? Оксанаға ма, яки маған? Не болғанда да оның тамырында мениң қаным ағып тур. Сол қан тартып тур мени.

— Апа, Москвадан машын алып қайтыўға үш шофёр барып қайтатуғын болдық, — дедим бир күни апама. Усы жалғанда зорға тоқтадым.

— Айдап жүрген машының әнедей емес пе? — деди ол. — Еле тозатуғын ўақты болағойған жоқ-ғо?

— «Волга» бермекши екен.

— Әй-й, шырағым-ай, машынды ойлағанша шаңырақ болыўыңды ойласаң-о! Мен тураға тураман ба?! Келгинди ширкин хожалығыңды бузып ол кетти, минаўың сирә... Бир ҳәптеден бери ақлығымды қайта-қайта түсимде көрип жүрмен. Аўырып қалды ма деп жаным жоқ. Оңбағыр қатын, ең болмаса арасында көрсетип кетейин-әм демейди.

Мен үн-түнсиз анамның алдында диз бүгип айтқан ўәсиятын тыңладым.

— «Ҳарамшылық ғош жигитти хор етер» деген, — деди ол. — Өйтип көрсеқызар болма! Келин де бир еси кемис нашар болды, ақыллы қатын болғанда «ат айланып қазығын табар» деп, «узын арқанлап, кең тусап қояр» еди. Не болды? Ақыбетинде, гүлдей нәресте тири жетим болайын деп тур.

Анам не айтса да, урысса да, кейисе де ҳақ еди. Ол усы бүгинге дейин ишине жутып келген дебдиўин шығарды. Мени «өзи ақылы жетер, ес-ақылын жыйнап алар» деген нийетте үндемей, шыдап жүргенин айтты. Бирақ, енди кеш еди. Мен ақырғы шешимге келип болған едим. Енди мени Бийбисараның кеширими де, Алпамыстың бетиме күлип қарағаны да жолымнан ирке алмайтуғыны анық. Әлбетте, Алпамыс еле кимниң ким екенин билетуғын болған жоқ, Бийбисараның болса бәрибир кеўлинде қатып қалған дық бар. Оны

жуўып та, қырып та кетире алмайсаң. Мениң кеўлимде де оған болған ысықлық, ықлас сөнген.

Анам ақ пәтиясын берди. «Аман барып саў қайт. Бирақ, ана орыс қатынның көзине көринегөрме, көрсе талақтай жабысып алар» деди. Мен бул гәплерге ужыбатлы жуўап айта алмадым. Не айтаман? Өзим соған баратырған болсам.

— Қанатбай, саған бир гәп айтайын, — дедим аэропортта мени шығарып салыўға келген иниме. — Мен машын әкелиўге баратырғаным жоқ. Одессаға — кишеңе баратырман. Оннан перзентли болдым. Лекин, апама тис жарып бир аўыз билдириўши болма. Сәти түскендей болса оядтан үшеў болып қайтармыз. Сонда апама өзим бәрин жатығы менен түсиндирип айтаман. Диз бүгип кеширим сорайман. Ақлығын көрген ўақта, әлбетте, мени де, Оксананы да кеширеди.

Москваға Ил-18 самолёты менен төрт саат уштық. Ҳәр қапталда еки мотор теңине гүрилдеп, мийимнен мий қоймады. Қасымдағы еки адам менен көтерилемен дегенше еки аўыз танысқанымыз болмаса, соң биротала алдымызға қарап отырыўдан басқа илаж қалмады.

Қолымдағы транзит билет пенен самолёттен түстим де, еки сааттан кейин «Москва — Одесса» деген рейс пенен ушатуғын ТУ-104 самолётына отырдым. Самолёт ескилеў болған менен ишке онша шаўқым өтпейтуғын, тегис ҳәм тез ушатуғын самолёт екен. Жолға онша көп ўақыт кетпеди.

Қалаға жақынлағанымызда суўы қап-қара болып ушы-қыйырсыз теңиз көринди. Одесса порт қала екенлигин, революциядан бурын бул қалаға француз мәденияты көбирек тәсир көрсеткенлигин, Қара теңиз қаланың ишине кирип турғанлығы, ондағы дүньяға белгили пляж ҳәм пляжға түсерликтеги әпсанаўий Потемкин текшелери, қулласы, қала ҳәм оның тәбияты, санааты, мәденияты, мийманханалары ҳаққында стюардесса қыз бираз ўақыт сөйлеп берди. Қыдырып киятырғанлар ушын аэропортта мийманханалардың жайласқан орны ҳәм оның баҳалары жазылған рекламалар, жеке тәртиптеги үйлерде жасаўды қәлеўшилер ушын квартира бюросы барлығын ескертти. Мен лекин, оларға итибар бермедим. Мениң баратуғын жерим тайын. Ол жерде бәлким Оксана самолёт ҳәр гүрилдеген сайын аспанға көз тигип отырған болса керек. Егер үйи аэропортқа жақын болса.

Қолымдағы адрес бойынша таксиге отырдым. Бул жақтағы көшелердиң көпшилигине дерлик үлкенлиги жудырықтай жылтыр

тас төселген екен. Бул таслар қар-жаўынға шыдамлы шығар-дә, лекин, машина дигир-дигир етип мудамы ийниң селкилдеп барар екен. Трамвайлар жол бойы ҳәр жерде қапталымыздан яки алдымыздан кесип өтип, ертедеги киноларды еске түсирди. Бир мәҳәл «А.Довженко» деген жазыў қыстырылған жайға көзим түсти.

— Кеширерсиз, Довженко деген фамилияны қәйердедүр еситкендеймен, — дедим таксистке.

— Оқып үлгермедиңиз бе? Александр Довженко атындағы киностудия.

— Бул қаланың өзи кино шығара ма?

— Әлбетте! Бул студияға мен Василий Шукшинди, Владимир Высоцкийлерди аэропорттан алып келгенмен.

— Высоцкийди таныйман, — дедим мен.

Таксист жалт бурылды.

— Ырастан ба?!

— Аўа. Кинода көргенмен.

Ол күлип жиберди.

— Кино бойынша оны жүз миллион адам таныйды, бәлким еки жүз миллион. Буяққа жайша киятырсыз ба?

— Докторға.

— Қайсы клиникаға?

— Клиника емес, жеке таныс докторым бар.

Ол буннан аржағын қазбарлап сорамады.

Оксананың айтқан квартирасы жетинши қабатта екен. Текше менен көтерилип, қара дермантин менен қапланған есиктиң қоңыраўын бастым. Ишкеристеги бөлмелердиң биринен «ким?» деген қарлығыңқыраған ҳаял даўысы еситилди. Шамамда қартайыңқыраған кемпир болса керек.

— Оксана усы үйде турама? — дедим өзимниң кимлигимди айтпай. Айтқан менен ол кемпир қайдан билсин.

Сытыр етип есик ашылды.

— А-ли-ик! — деп бақырып қоя берди бирден маған көзи түскен Оксана. — Өзиңсең бе?

— Өзиммен, өзим! Көрип турғаныңдай

— Мама? Оксана мени мамасы бурыннан таныйтуғындай, келди, деп көрсетип атыр. Шамасы бул үйде алдын да мен ҳаққында бираз гәп болған болса итимал.

Иштен бели бүгилиңкиреген, үстинде жағасының жоқары бетлери илинген төменги етек жақлары жаздырылып кеткен жемперде,

сары сынлы, жүзин әжим торлаған бир кемпир бизлерге қарай жүрди. Жаңағы жуўап берген усы кемпир екен.

Оксана анасынан тартынбастан мени қушақлап алды. Соң кемпир шығып келген бөлмеге баслады. Бөлмеде, төрде айнаның аўзына отырып дем алатуғын диван қойылған екен. Диванда қаслары өсип кеткен, сарғыш муртлы, бирақ, сақалы жоқ, шашлары мыс реңли, ири денели бир киси отырар еди. Ортаға стол ҳәм үш орынлық қойылған. Кексе киси бир қыялап жатырған екен. Мен жақынлағаннан кейин орнынан турды. Қол берип сәлемлестик.

— Мениң әкем, — деп таныстырды Оксана. — Сергей Васильевич Кравченко. Бул болса анам Ирина Ивановна Донцова. Миллети рус.

— Мен хохольман, — деди Сергей.

Мен сәл қолайсызланып қалдым. Хохол деген кемситиўши сөз емес пе екен? Әскерликте жүргенимизде Украинлы жигитлерге айрымлар «хохол» деп сын тағып айтыўшы еди. Бул болса өзи-өзине... Бәлким, биздеги руўлар сыяқлы миллеттиң бир тийреси шығар. Ўақты келип Оксанадан сорап аламан деп қойдым.

Мени столға мирәт етти.

— Түсликтен кеш келдиң, — деди кемпир. — Енди кешки аўқатқа шекем...

— Ма-ма! — Оксана оны иркип таслады. Қарақалпақларда мезгилден кеш келдиң деген гәп болмайды. Мийман қәлеген ўақытта ҳүрметли.

Соның арасында екинши бөлмеден жылаған нәрестениң сести шықты.

— Мама, Сергейге қарап тур. Мен қазанға айланысаман, — деди де Оксана шығып кетти.

Биз атасы екеўмиз қалдық. Ол маған өсик қаслы исик қабағын күш пенен зорға ашқандай болып, тигилип қарады.

— Нешеге шығасаң? — деди соң.

— Жигирма тоғызға.

— Ҳим... Оксанадан бес жас үлкен екенсең. Анатолий менен жас екенсең.

— Ким ол Анатолий деген?

— Үлкен балам еди. Он төрт жасында теңизге шүмип кетти. Денеси де табылмады. Не талап ислейсең?

— Шофёрман.

— Буяқта саған жумыс табылмайды. Шофёрдан көп нәрсе жоқ.

— Мен буяқта қалып кетпекши емеспен.

— Ҳе, неге? Оксананы алып кетпекшимисең?

— Жүрсе алып кетемен.

— Онда бираз күтиўиңе туўра келеди.

— Қанша?

— Ира екеўмизге әўлийеден орын қазылғанша!

— Ондай демең аға, сизлерге еле ерте.

— Қудай сеннен-меннен руқсат сорап отырмайды. Әкең бар ма?

— Яқ, өлген.

— Әнекей! Оған ерте деп айтпадың ба?

Мен гәп таба алмай қалдым.

— Урыста қайтыс болды ма?

— Урысқа бармаған.

— Сизлер бетте урыс болмаған-дә! Буяқта урысқа барғанлар да, бармағанлар да саўашқа қатнасты. Бармағанлар партизанлық ҳәрекетке қосылды.

— Сиз қайсысында болдыңыз?

— Екеўинде де. Әскерликтен жарақатланып келгеннен кейин партизанларға қосылдым.

Қәйин атамыз бенен бир минутты да босқа өткермей, әжик-гүжик болып кеттик. Ол Орта Азияда ҳеш болмапты. Самарқандты көриў әрманы бар екен.

— Лекин, енди узаққа барыўға ден саўлығым жарамайды, — деди ғамгун түрде.

— Ишиўди азайт, — деди усы ўақытта Сергейди жубатып келген кемпири.

— Ананқара, ҳәмме ҳаяллар ишиўшиликке қарсы! Ира, мен саған неше мәрте айтаман, саўашта жүргенде де бизге ишиўди қадаған етпеген. Қайта ҳүжимге өтерден алдын ҳәммеге жүз граммнан арақ берер еди. Жигерлендиреди деп.

Оксана мәйек ҳәм сосискаларды қуўырып әкелди.

— Вино қайда? — деди Сергей Васильевич.

— Ҳәзир апкелемен. Сизлерде алды менен шай ишиледи, — деди Оксана маған күлимсиреп қарап. — бизлерде вино.

Ол барды да графинде ярымнан жоқарырақ болып турған қызыл вино алып келди. Қасында төрт рюмкасы да бар еди.

Ғарры винони алып қуймақшы болды.

— Өзим қуяман, — деди Оксана. Ол ғаррыға толтырыңқырап, маған орташа, анасы екеўине бир қултымнан сәл зиятырақ етип қуйды.

— Қәне, алдық! — Ғарры қағыстырды да, қадақ толы виноны иркилмей симирип жиберди.

— Сен не қарап отырсаң, иш, — деди соң маған. — Бул сизлердиң виноңыздай күшли емес. Он бир-он еки градустан артпайды. Өзимиз қолда таярлағанбыз.

Мен қадақты көтердим. Вино ишимлиги жумсақ, сәл кермек дәми бар екен.

— Бизиң жақтың виносын ишип көрдиңиз бе? — дедим қәйин атама.

— Оксана алып келди.

— Еки шийше «Портвейн-26» алып келип едим, — деди Оксана әкесиниң ишимликке бейимлигине қысынғандай болып.

— Әне, оны вино десе болады. Бир стакан ишкенимде маңлайымнан тер бурқ ете қалды. Баяғыда бир мәрте Москваға барғанымда адамлардың Өзбекстан виносы деп қатарласып нәўбетте турғанын көрген едим. Бирақ, алмай кеткенмен. Енди өкинемен, соған. Айтпақшы, сен әкелмедиң бе?

— Яқ, мен билмей қалдым ғо.

— Сол винолардың ислеў технологиясын билмейсең бе?

— Яқ.

— Оны қалай ислейди екен-әй?

— Мениңше гәп жүзиминде болса керек. Бизде жыл он еки ай қуяш жайнап турады. Сонлықтан ҳәмме нәрсе калориялы ҳәм мазалы болып келеди.

— Алып келмейсең бе сонда! Маған аўзыңның суўы қурып мақтанғанша! — Ғарры бирден қатты даўыс пенен бақырып жиберди. Шоршып кеттим. Енди болмаса алдындағы графинди мойнынан услап ылақтырарма екен деп едим.

— Қапа болма, — деди Оксана маған нимканы етип. — Ағамның кантузиясы бар, гейде өзин тута алмай қалады.

— Бир мәрте Оксана Израйльға кетемен деп...

— Ма-ма! — Оксана кемпирге бирден жекиринип жиберди. Кемпир тыйылды да қалды.

— Израйльға да бардың ба? — дедим оған.

— Бара жазлап қалдым. Кейин айтып беремен.

Ғарры графинди қолға алды.

— Аға, болды. Режимди бузажақсыз? — Оксана ғаррының алдынан графинди алып қойды.

Кишигирим дастурхан усының менен жуўмақланды. Оксана мени өзиниң бөлмесине баслап келди.

Кишкене Сергей сым пружиналы аткөншекте уйықлап атыр. Оған узақ тигилип турдым.

— Усамай ма саған? — деди Оксана сораўлы нәзер менен.

— Билмеймен. Жас бала еле көп өзгереди ғо. Қанша күн болды!

— Бир ай бес күн.

— Гүўалық алдыңыз ба!

— Алдым. Ағам меннен кейин атым өшпесин деп Сергей қойды. Солай етип сизиң балаңыз Сергей Сергеевич Кравченко болды. Сен өзиңше ат қойып алыўың мүмкин.

— Мениң кеўлимдеги аты Сәрсенбай.

— Қандай, қандай?

— Сәр-сенбай!

— Сар-сен-бай... Сарсенбай, ... Сарсенбай. Болды, үйрендим.

Кеште мен оннан Израйль ҳаққындағы гәпти қайтармалап сорадым.

— Неге сол сөзге жабысып алдың? — деди ол.

— Мен ҳеш сырт елге барып көрмегенмен. Барған болсаң Израйль қандай ел екен деп сорамақшы едим.

— Ҳеш қандай да. Сениң ойыңда басқа нәрсе, басқа гүдик бар! Таптым ба?

Мен үндемедим.

— Айтабер, дәл таптым я? — деди ол еркеленип, мурнымның үстинен суқ бармағы менен басып.

— Таптыңыз.

Ол қолын тартып алып, бираз үнсиз, пәтикке қарап ойшаң жатты.

— Келисип алайық, — деди соң маған қарай бурылып. — Биреўбиреўдиң өтмишин қызғанбағайлы... Есиңде ме, Бахром деген тажик әскер жигитти жақсы көрип қалдым дегеним.

— Есимде.

— Оннан кейин не болды, деп сорадың. Мен «кеўлиме қол салмақшы болғанлар болды, лекин, мен оларды муҳаббат деп айта алмайман» дегенмен. Сол кеўлимди аўламақшы болғанлардың

бири Аркадий деген жоҳит (еврей) жигит еди. Ол политехника институтында оқыйтуғын еди. Инженер болмақшы еди келешекте. Бирақ, оның көкирегинде инженерликтен де үлкен мақсетлер турды. Сол мақсетлерин жүзеге шығарып айтқан ўақытлары мен тыңлап турып шоршынып кетер едим.

— Сен дүньяның ярымына ҳүкимдар болған Шыңғысханды билесең бе? — деди бир күни.

— Билемен, — дедим.

— Ол айтып кеткен бир данышпанлықты ше?

— Қандай данышпанлық екен?

— Шыңғысхан айтады: аспанда қуяш биреў, солай екен, жер жүзинде де ҳүкимдар биреў болыў керек дейди ҳәм өзи соған әмел етеди.

— Лекин, ол жер жүзине ҳүкимдар бола алмады-ғо.

— Болатуғын еди. Бирақ, өмири жетпеди. Өзи дүнья-дүнья болғалы алдына усындай мақсет қойған үш адам болды. Бириншиси Александр Македонский, екиншиси Шыңғысхан, үшиншиси Гитлер!

Гитлерди айтқанда жүрегим шоршынып кетти.

— Сен сол басқыншының тәрепин алып отырсаң ба? — дедим ашыўланып.

— Ҳүкимдарлық ҳәмме ўақытта да күш ислетиў жолы менен болады. Мусылманлардың пайғамбары Мухаммед те Ислам динин дәслепки ўақытта күш пенен мойынлатқан.

Мен буннан артық тыңлап тура алмай кетип қалдым. Ол бәрҳә усындай гәплер таўар, өз миллетин басқалардан үстин қояр еди. Сөйтсе де, оннан биротала безип те кете алмадым.

Бир күни ол хожалығының Израйльға көшпекши екенлигин айтып, мени де алып кетпекши болды. Ырасын айтсам, ҳаўаландым. Өзге журтты көргим келди. Бағанағыдай, дастурхан басында ағама қулақ-қағыс еткеним сол, қалтыратпа тийип кетти ағама. Қолындағы стаканын услап тура алмады.

— Ырас айтып отырсаң ба? — деди бақырып даўыслап.

Мен төмен қарадым.

— Онда сен бүгиннен баслап Кравченко емессең! — деди столды урып. — Фамилиямды қайтып бер. Ира, биз бийперзентпиз! Анатолий балықларға жем болған, Оксана ақылсызлардың жемтигине айланған. Бизлерде ул да жоқ, қыз да!

Мен дым үндемей өз бөлмеме кеттим де, жатып қалдым. Азанда алдыларына кирейин деп қапыны аша бергеним:

— Ашпа! Жап қапыны! Көзиме көринбе? — деп бақырды тағы.

— Аға, мен Кравченкоман. Оксана Сергеевна Кравченкоман! Сениң қызыңман! Ҳеш жаққа кетпеймен! — дедим.

Ағам кириўге руқсат берди де, бирақ, көп күнге дейин мениң менен ашылысып сөйлеспей жүрди. Ол Аркадийди жаман көрер екен. Ал, Израйль ҳаққындағы гәп оны пүткиллей шыдамының шегинен шығарып жиберген еди.

Усыларды айтып, Оксана суўық демин алды.

— Ҳе, Аркадийди сағынып кеттиң бе? — дедим мен күлип.

— Қояғойшы! Кел, енди усы теманы жабайық. Жақсысы аўылың ҳаққында сөйле! Анаңа не деп кеттиң?

— Өтирик сөйледим.

— Өтирикши-и! — деп ол және мениң еринлеримнен бармағы менен басып қойды.

Ярым ақшамға шекем екеўмиздиң де көзлеримизге уйқы келмеди.

***

Кишкене Сергейдиң дүньяға шыққанына бир ярым айдан асып баратыр. Ҳәзирше оның кимге уқсағанын аңлаў қыйын еди. Оның үстине мен де оған дыққат салып қарамайман. Тартынаман! Кимнен? Алыста қалған анамнан ҳәм қурттай Алпамыстан! Қыялыма анам туў сыртымнан қарап турып: ҳә, ессиз ғана еңбегим-ә! Әлле неткен бир келгиндиниң туўған баласы мениң Алпамысымнан артық болды ма? Туўмай туўа шөксем болмай ма сени туўғанша?! деп турғандай болады. Усы ойлар басыма урып кеткен ўақытлары өзимниң қай жерде турғанымды умытып кетемен.

— Қара, Алик, күлип атыр! — деп Оксана қундақтағы нәрестени мениң мурнымның астына келип тутады. Мен оған жүзине нәзер салған боламан, лекин, дуп-дуўры қарап турып-ақ я баланы, я Оксананы көрмеймен. Мениң қыялымның басқа нәрселер менен бәнт екенин сезген Оксана бирден қабағы салынып, үнсиз қалады. Үндемейди. Буяққа енисип кете алмай атырғанымды сезеди. Бирақ, дәртимди қозғамайды. Қайтыў ҳаққында гәп қозғаўымнан қорқады. Сондай ўақытлары усы қапашылыққа себеп болып атырған тилсиз нәрестени аяп, қундақта жатырған жеринен қолыма аламан. Оған мурнымды басып, ийискелеймен.

— Оксана, ҳақыйқатында да нәрестениң ийиси өзгеше болады екен, — деймен оның баяғы айтқанларын ядына түсирип.

Лекин, мениң бул хошаметим енди оған онша тәсир етпейди. «Нәрестениң ийиси»н көзабаға  сезип атырғанымды биледи ол.

Қәйтсе де оның азанлы-кеш айландырғаны усы кишкене Сергей. Бир майданда қыппа тайлақ етип шешиндирип таслайды. Ләгенге жыллы суў қуйып, оған қайта-қайта бармағын басып көреди. Ләген етине қатты тиймеў ушын суўға жуқа жөргек салып батырады. Соң Сергейди марганцовка менен жуўындырады. Ол да шомылдырып атырғанда ҳәз етип турады. Қулағына, аўзына марганцовка тийген ўақытта қышқырып жылайды. Оксана оның қышқырғанына қарамайды. Қолтықларын, қулағының артларын қайта-қайта ысқылап жуўады. Соң оны әлле қандай бир қысып шығаратуғын майлар менен майлайды. Майдан кейин және ҳөл шүберек пенен сүртеди. Қалай дегенде де оның бизиң жаққа барғанда ҳаяллардың баланы услап-тутыўларына кеўли толмағанының лийкини бар екен.

Бул үйде бесик жоқ. Баланы шомылдырып болғаннан кейин еки қолын ҳәм еки аяғын қосып, жиптиктей етип қундақлайды. Мисли, жиңишке бир кеспелтек ағашты орағандай болып түйиледи маған. Соң емизеди. Бала емип атырып-ақ, әсте пырылдап уйқылап қалады. Ҳәз етип уйқылайды. Бирақ, тез оянады. Нәрестеге тән қус уйқы ҳәмме балаларға да бир екен.

Оксана үйден бир ели былай-былай шыға алмайды. Күнделикли базар саўдасын анасы питкереди. Кемпир ғаррысынан бес-алты жас киши болса да, оған қарағанда бираз қартайғандай. Желкеси гүжирейип, мойнын алға еңкейтип, сүринип кететуғындай болып жүреди. Сөйтсе де, ҳаса усламайды. Базардан не әкеледи, ояғы маған қараңғы. Бизиң жақтың ҳаялларындай еки билеги сал болып келмейтуғынын билемен. Сонда да дастурханда ҳәмме нәрсе турады: колбаса, сыр, сары май, пал, жас мийўе ҳәм ҳәр  түрли қурғақ жемислер. Ыссы аўқатты да табақ толтырып ишип атырған ҳеш ким жоқ. Ана тарелкадан бир шуқым, мына тарелкадан бир шуқым алып, қурастырып қарын тойдырамыз. Дәслепки күнлери өзимди шөжениң тамақланғанындай көрип, қәнәәтленбей жүрдим. Буны Оксана сезеди. Бизиң жақтың аўқатланғанын көрип келген ол бундайда я ортадан алып, я өзиниң тарелкасынан мениң пайыма үстеме қылады. Атасы оған жақтырмай  көзин бир төңкерип таслайды да, бирақ, мениң кеўлиме қарайма , үндемейди. Бара-бара мениң де қарным тартылып, тырнаның жегениндей, тайпақ тарелкаға-ақ, тойып қалатуғын болдым.

Оксананың әкеси, үзликсиз вино ише бермес екен. Ол тек кешки аўқаттан алдын стаканды толтырып бир симиреди де, графинди орнына апарып қойғызады. Маған мирәт салмайды. Иш десе яқ деў қолайсыз, күш күйеў атымыз бар. Буларда бирақ, күш күйеўлик айып емес қусайды. Байқаслап көрсем, анаў-мынаў еркелигим де сыятуғын түри бар.

Қаншелли қуўаты пәс десең де, вино ғаррыны бираз сайратады. Буннан отыз-қырқ жыл бурын урыста қәйтип ерлик ислегенин, неше немисти атқанын, ол сумырайлардың елге бастырып келип бүлгин салғанын, Сталинниң не ушын қырым татарларын постырып жибергенин, қулласы, ҳеш нәрсе қалдырмай ақтарады. Дыққатсыз тыңласаң бақырып жибереди. Ира менен Оксана ғаррының айтып атырған «ертеклерине» онша кеўил бөлмейди. Оған кесент етпей, өзли-өзи әсте сөйлесип отырады. Әңгиме созылып кетсе, столдың үстин жыйнастыра баслайды. Тек мен бар ықласым менен сол фашистлер ҳаққындағы әпсананы тәкирар-тәкирар тыңлай беремен. Оксана қусап столдан бир тарелканы алып шығып кете алмайман. Өтирик дәлилимди түсинип қалыўынан тартынаман. Ал, олар буннан он жыл бурын да, он бес жыл бурын да бул әңгимени тыңлаған. Енди ол қызық емес. Ығыр болған.

Азанғы шайдан кейин кемпир қолына бир доғалақ жипти алып шулық па, жемпир ме — бир нәрселерди тоқып отырады. Ғарры сыртқа шығып «дом»ның алдындағы кишкене шертекшениң астындағы орынлыққа отырып, доминосын столдың үстине қояды. Соң жоқарыға қарап: Вася, Николай? деп даўыслайды. Азырақтан кейин өзи қатарлы еки-үш ғарры түседи де домино ойынға түсип кетеди. Сол отырыстан олар тап күн еңкейип қараңғы түскенше ишке кирмейди.

Бул жерде ең зеригетуғыны мен. Я домино ойнамайман, я тоқыма тоқымайман. Кишкене Сергей менен болса Оксана әўере. Оған қосыла емиренип атырған мен жоқ. Бурыннан да я қылығы, я тили шықпаған балаға ықлас қоймайтуғын әдетим бар.

Отырып-отырып «неге келдим?» деп өзимнен өзим сырнығаман. Оксананың сағыныш пенен жазған хатына елжиреп кеттим бе? Яки, камарымнан дөреген перзентти көргим келди ме? Үйде апамның маған суўысып кеткени, Алпамысты барып көре алмағаным, шаппаттайдан «қайнаға» болып, тез басылып қалыўға мәжбүр болғаным себепши болды ма, қулласы, елден шығып баратырғанда қыялыма

келмеген бул саўаллар енди күн сайын мениң жаныма егеў салар еди. Қайтып кетиў мәселесинде еле бир қарарға келмедим. Билемен, Оксана мени қайтып жибергиси келмейди. «Бийбисарадан кеширим сора» деп айтқан кең пейиллиги де мениңше көзаба. Ол мени сүйип қалды ма, сүймей-ақ мәзи үйренисти ме, қәйткенде де мен оған керекпен. Күйеў сыпатында болса да, кишкене Сергейге әке сыпатында болса да керегим бар. Ертең бир күн жасарын жасап отырған карияларды жерге тапсырғаннан кейин қаяққадүр кетсек керек. Оксананың ол ҳаққында не ойлап жүргенин билмеймен. Ал, өзим үшеў болып, яки төртеў болып Нөкиске қайтыўды ойлап тураман. Бирақ, сол заматы жүрегим шай тартқандай болады. Бийбисара Алпамысты ертип, қартайған анама қараў ушын үйге келген болса ше?

Алғаў-далғаў қыялларымды Оксананың «Алик» деген мүләйим даўысы бөлип жиберди.

— Ҳим? — дедим оған еле де қыялым менен бәнт ҳалда.

— Мен сениң алдыңда көп қарыздарман я?

— Неге?

— Сен мени қарақалпақтың ең түпкир аўылларына дейин алып бардың. Қаяққа бараман десем «яқ» демедиң! Өтиниш етип едим, Одессаға да келдиң! Мен болсам... сени төрт дийўалдың ортасында зериктирип қойыппан.

— Яқ, зерикпедим.

— Жалған. Ырасын айта бер — жалған!

— Егер жалған болса ше?

— Азанда қаланы айланыўға шығайық.

— Сергейди не қыласаң?

— Апасы қарап турады.

Оксана азанда күндегиден ертерек турды. Тез-тез жуўынып-шайынды да, дастурхан жайды.

— Қызым, сенде бүгин йош бар ғо! — деп күлди әкеси.

— Йош бар, аға. Жалығып кеттик үйде отыра берип. Қаланы, теңиз бойын айланып, шамаллап қайтажақпыз.

— Дурыс қыласыз. Бир жерде отырыў, бизлердей ғаррыларға жарасады.

Ол Оксананың ҳәм мениң жабығып жүргенимди сезди ме, қулласы, оның бул қуўатлаўы  кеўлимди бираз көтерди.

Таксиге отырдық.

— Қаяққа?

— Потемкин басқалдағына айдаң!

— Еле мәўсим басланбады-ғо? — деп күлди айдаўшы.

— Шомылыўға емес, мийманға сол әжайып орынды көрсетпекшимен.

Майдың ақыры шамаласып қалса да, апрельдеги жаўған қар толық еримей, қуўыс-қолтықларда, сая жерлерде ағарып жатыр еди. Күнниң желемик аязы бар.

— Сиз күте турың, — деди Оксана таксистке түсип атырып. — Еле биз көп жерлерге барамыз.

Бул әжайып басқалдақтың ени нәзеримде елиў-алпыс метрдей болып, ол көзди ғабырыстыратуғын майда-майда текшелер арқалы төменге — теңизге барып тирелер екен.

— Түсип көремиз бе? — дедим мен.

— Усы жерден тамашалаған жақсы емес пе? — деди Оксана. — Түсейик десең түсемиз, бирақ, шығарлығында шаршап қаламыз.

— Неше текше?

— Буны пляжға келгенде қатар-қурбыларымыз бенен санаўға бәсекилесип, талай мәрте ғабырысқанбыз. Бирақ, газеталарда еки жүз текше деп жазады.

— Теңиз буншелли пәсте!

— Сонысы жақсы. Егер қақпақлап турғанда, сәл жерде Одессаны суў алып кетер еди.

Жазда мына пляж, теңиз жағасына сығасып қонған қуслардай толып кетеди. Жаслар жилет кийип бираз жерге дейин жүзип барады.

— Акула жоқ па теңизде?

— Теңизде ҳәр нәрсе болыўы мүмкин.

— Қорқынышлы екен.

— Қәўетерленбей-ақ қой, — деп күлди Оксана. — Суўдан қутқарыўшылар жәмийетиниң моторлы қайықлары тынымсыз гезип жүреди. Мотор даўысынан суў жәниўарлары үркип, тереңге кетеди.

— Гитара шертип билесең бе? — деди бир пайт Оксана күлимсиреп.

— Яқ.

— Өзим үйретемен. Пляжға келгенде гитара шертип, қосық айтып отырсаң, ўақыттың қалай өткенин билмейсең. Ҳәмме шаршағанларың шығып кетеди. Мен саған «Червани руту» деген Украин халық қосығын үйретемен.

— Мен қосық айтып билмеймен.

— Екеўмиз қосылып айтамыз.

— Көрермиз. Жаз шыға берсин.

Және таксиге отырдық. Жудырықтай жылтыр тас төселген көше менен киятырмыз. Трамбайлар бизиң шеп жағымыздан, арман ҳәм берман өтип атты. Жолға қырқ-елиў метрдей жақын жайласқан, бир имараттың тусына келгенде Оксана таксиди ирикти.

— Бул академик Филатов атындағы көз кеселликлери бойынша илим изертлеў институты, — деп көрсетти. — Бундай институт аўқамда биреў. Халық аўзында «Филатов соқыр көзди ашқан» деген әпсана жүреди.

— Ырасында да сондай болған ба?

— Оның ырас-өтиригин ҳеш ким билмейди. Лекин, бул жерге соқырлар көп келеди. Көзиниң ашылыўынан үмит етип келеди.

— Ашыла ма?

— Билмеймен. Негизинде атақлы докторлардың, тәўиплердиң даңқы узаққа еки-үш есе бөрттирилип жетип барады. Бәлким, соннан шығар, өзимиздикилерден гөре, сырттан келетуғын көриниўшилер көп. Егер, аўылыңда көзи әззилер бар болса шақырсаң болады. Себеп пенен саўап ис қыласаң? Үйге апарамыз, қонақ қыламыз. Мен келинлик ўазыйпамды атқарып, хызмет етемен.

Нәзеримде ол мениң келиншегим екенлигин елдегилерге билдиргиси келетуғындай, оны өзине мақтаныш тутқысы келгендей сезилер еди.

— Одесса үлкен порт шәҳәр, деп еди стюардесса..?

— О-ой, сорама! — деди Оксана кеўилленип. — Ҳәзир портқа да апараман. Ол жердеги корабльлердиң басы-аяғына көзиң жетпейди.

Таксиге отырып портқа бардық. Ол жердеги жыбырлаған корабльлерди көрип, көз алдыма суў ишип болып, отарда дем алып жатырған мыңлаған қойлар сүриўи елеслеп кетти. Үлкен параходлардың арасында кишкене кемелер, моторлы қайықлар тынымсыз ҳәрекетте жүрер еди. Олар жаңағы көз қарастан маған қозыларды, ылақларды көз алдыма елеслетти.

Порттағы турған суў тулпарларының шети көринбес еди. Бурынлы-соңлы теңиз бойына келип көрмеген, соншелли көп параходларды ушыратпаған мен ушын дүнья енди ашылып атырғандай көринди.

Қалада жүдә ески имаратлар, парклер, музейлер көп екен. Олардың қайсы бирине бармайық, пайда болған жылларына көз

жуўыртаман, бир мың жети жүз, бир мың сегиз жүз... Олардың арасында жигирмаланшы әсирде пайда болғанлары аз еди.

Мениң ойлаўымша ҳәмме әжайып нәрселер, уллылықлар тек совет дәўиринде пайда болған, оннан алдын мисли, дүнья жаратылмағандай сезилер еди. Бизди мектепте де солай оқытар еди-дә!

— Бизлерди Дерибасов көшесинде түсирип кете бериң. Қалған жағына өзимиз барамыз, — деди Оксана таксистке.

Дерибасов көшеси өзиниң кеңлиги бойынша Нөкистеги бир-еки көшени қосып жибергендей кең ҳәм үлкен екен. Жолдың еки бойы қатара ярмарка. Биресе аржағына өтип көргиң келеди, биресе бержағына. Ҳәр еки тәрепте де баҳа бирдей. Биз тәрепте табылмайтуғын кийимлер сығасып атыр.

Бир мәҳәл үйилип турған гежи орамалларға дус келдик. Ақ гежи, қара гежи, қызыл, сары... «Япон орамалы» деп атлыға жеткермейтуғын орамаллар да усы жерде қат-қабат.

— Сизлерде де гежи орамал тарта ма? — дедим Оксанаға таңланып.

— Әлбетте. Жас минген ҳаяллардың бәри тартады. Улыўма, гежи орамаллар бизде тоқылады. Бийбисараға алмақшымысаң?

— Яқ, анама.

— Анаңызға ақ гежи алың, үлкенинен.

— Лекин...

Ол мениң екиленип қалғанымды дәрҳәл түсинди.

— Посылка етип жиберемиз, қайғырма.

Мен орамалды пакетке салып, қалтама қол суғып атырсам, Оксана билегимнен тутып қалды.

— Өзим есапласаман.

— Пулым бар.

— Билемен. Мен енди анаңа келинмен. Келиниңнен саўға деп жибересең. Жасы үлкен адамлар саўға алғанды жақсы көреди. Биз қыдырып бараман дегенше өкпе-гийнеси тарқайды.

Оксана өзине де, үйиндегилер ушын да ҳеш нәрсе алмады.

— Алпамыс нешеге шықты? — деди бираз аралағаннан кейин.

— Екиге шамалап қалды.

— Онда оған ползунка аламыз, жемпер, көйлек. Қулласы, екеўекеўден бир қатар кийим алайық. Олардың мәкан-жайын билесең ғо

— Билемен.

— Жүдә жақсы. Бүгинниң өзинде Қарақалпақстанға Украинадан еки посылка кетеди.

Сол күни почтадан аўылға еки посылка жиберип, өзимди әдеўир жеңил сезинип қайттым. Посылканың изинде мениң атым ҳәм адресим бар. Анам да, Бийбисара да енди мениң қаякта жүргенимди билетуғын болады. Анам тири жүргениме қуўанар. Бәлким, Қанатбайға айтып хат жаздырар: Балам, қайт! Урып-соғып хорласа да ел жақсы деген. Атым бир сүрникти деп шығынып кеткениң айып болады. Ҳәррелер де уясы бузылса қайтадан уя салады. Сен тилсиз-зибансыз ҳәрре қурақым жоқсаң ба? Мен сени кеширдим балам. Ананың ашыўы жипек көйлек кепкенше, деген. Кеўлим қулазып қалды. Алданарға ақлығым жоқ, сүйенерге сен! Қанатбайды жекке-сиретпе! Қайт балам!

Иш-ишимнен өзим апам болып сөйлеп, көкирегим өксикке толды. Жылағым келди, бирақ, жылай алмадым. Енди бар билгеним күн сайын жолға қараў, анамнан ҳәм Бийбисарадан хат күтиў еди.

Ырасын айтсам, аўылда Оксанаға айдаўшылық хызметин атқарып жүргенде көз қарасым пүткиллей басқаша еди. Ол маған қолым жетпес шоққыдай көринген сонда. Енди болса, булардың бәри ер жигит сыпатында ўақытша тән қумарлық, өткинши сезим сыяқлы. Бәлким, бул жат журтқа көнлиге алмай атырғанымнан шығар. Тағы, ким биледи дейсиз...

Оксана да мениң бул ҳалымды сезип жүрер, гейде мениң кеўлиме қарап ата-анасы менен де гәп алысып қалар еди. Мен бир отта күйсем, Оксана да өз отына күйип жасап атты.

Кешикпей Қанатбайдан хат алдым.

— Кимнен? — деди Оксана Сергейди уйқылатып атырып.

— Инимнен.

Ол дәрҳал қасыма келип отырып алды.

— Оқы.

— Оқыған менен түсинбейсең-ғо.

— Түсиндирип айтып бер.

Мен хатты оқыўға киристим.

«Әжаға! Посылкаңды алдық. Апам он еки шереклик орамалды көрип қуўанып кетти. Жазып көрди... «Гүллери түсимдар екен» деди. «Бул қаяқтан келди» деп сорады соң. Ҳақыйқатты айтпасқа болмай қалды. Апамның түси сурланып кетти де, орамалды алдыма таслады.

— Келинге бер, аршаға тасласын. Мен өлгенде жибиме саларсыз! — деди.

Сен бир ҳәптеге дейин келмегеннен кейин ол жумыс орнына барып келген еди. Ҳеш нәрседен хабарсыз жумыстағылар сени «жумыстан босап кетти» депти. Сол күни мазасы болмай, ҳеш нәрсе ишпестен, жеместен жатып қалды. Соннан берли сени «орыс қатынның изинен кетти» деп гүманланса да, иш-ишинен өтирик болып шығыўын, сениң басқа шарўа менен жүргениңди қәлер, бир күн «Ассалаўма алейкум, апа!» деп есиктен күлип кирип келиўиңди күтип жүр еди. Бүгин мине, бәри пушқа шықты. Жақында Алпамысты әкелип көрсетип, қуўантайын деп кишемниң үйине бардым. Есикти қағып турдым-турдым, ашпады.

Буннан буяғында қандай әмел қыласаң, өзиң қабырғаңа ойласып көр. Ҳәзирше апам саған қатты өкпели. Әлбетте сениң орыс кишемиздиң изинен кеткениңди емес, алдап кеткениңди кешире алмаса керек.

*Қанатбай»*

Мен анамның минезин билер едим. Ол сондай ғайбар ҳаял. Ағайин-туўғанлардағы келинлер босағадан сәлем берип кирмесе, қуўып шығар еди. Жаназаларда тәўеллеге турмай, аўнап жылаған нашарларға кейип таслар, қуран оқып атырғанда болса ҳәммесин жыңқ еттирмей қояр еди. Периштеси басым еди анамның. Оның өзи «еркек киси сырттан кирип келгенде ҳаял бир шоршып түсиўи керек» десе де, өзи шоршымас еди. Бирақ, ерин сыйлаўда ҳәммеге үлги болды. Әкем, анама қарағанда жуўас ҳәм кеўилшек еди. Ҳеш кимди қапа қылғысы келмес, биреўдиң кеўлине мәлел келетуғын сөз айтпас. Мейли, ол адам наҳақ болағойсын, мақул көрмесе — хошламаған кейипти ишинде сақлайды. Кишкентайымда әкем: Арзыўбай маған усаған, ал, Қанатбай анасы қусап қайсар болажақ дейтуғын еди.

Ҳақыйқатында да, айтқаны туўры шықты. Мен сезимлеримди жүўенлей алмай, елден шығып кеттим. Қанатбай болса қатыберезлиги тутып, болған аўҳалды дүрсе қойып жазып отыр. Мен болғанда «анам жүдә қуўанып қалды, қайда жүрсе де аман жүрсин деп атыр» деп кеўлин көтерген болар едим. Бул өтиригим қымбатқа түссе де солай ислер едим мен.

Хатты оқып болғанымнан кейин Оксана дым үндемей орнынан турып кетти. «Түсиндирип айтып бересең» деген талабын умытты.

Дурысы, умытқан жоқ, мениң түр-түсимнен түсиндириўдиң артықмаш екенлигин сезди. Кеўлимде пайда бола баслаған жараның аўзын тырнағысы келмеди. «Ўақыт өтер. Ўақыт еле ол жараны дым көрмегендей етип емлеп жиберер» деп өзин жубатты. Бул жубатыў менен мени де алдарқатыўы мүмкин еди. Лекин, ҳәзир мәўрити емес.

— Оксана, мен қатты зеригип кеттим, — дедим бир күни кеште. — Бундай аўҳалда узақ жасай алмасам керек.

Ол үн-түнсиз көзин бир ноқаттан алмай пәтикке қарап тигилип жатты.

— Өзим де сезип жүрмен, — деди соң. — Ҳәмме ўақытта қыялым сениң менен бәнт. Бир күни дым үндемей, мени дағда қалдырып кетип қалатуғындайсаң. Сени жалынып сүйдире алмайман, алдыңда жорғалап та жақсы көрсете алмайман. Сениң қаныңнан дөреген нәрестениң Сергей Сергеевич болып жазылғанына иш-ишимнен қапа едим. Жыллар өтсин, Сергей он алтыға толсын, сол ўақта саған да айтпастан Сәрсенбай Арзыўбаевич деп, миллети қарақалпақ деп паспорт әперип қуўантпақшы едим. Оған дейин әкем де, анам да бул дүньядан өткен болады. Олардың руўхы алдында кеширим сорап ислемекши едим бул исти.

Енди Сергейди өзим келе қыламан Атамды да, анамды да өзим көмемен. Сүйе алмасам, сүймеген адамым менен турмыс қураман. Саған руқсат бериўге мәжбүрмен. Барған соң анаңнан ҳәм Бийбисарадан мениң атымнан кеширим сора! Не болғанда да саған ырзаман. Сиз маған ул саўға еттиңиз.

Оксанадан бул руқсатты күтпеген едим. Ҳаслында «зериктим» дегенде басқа мәселе еди айтажағым.

Оксананы ийнинен өзиме қарай тарттым. Ол жулқынып ийнин тартып алды. Және тарттым. Бул ирет қарсылық көрсетпеди.

— Сен түсинбедиң Оксана! Мен үйде отырып зериктим демекши едим. Ирети болса жумыс ислегим келеди.

— Жумыс? — Ол қуўанып қоя берди. — Жумысқа кирмекшимисең? Жумыссызлықтан зериктиң бе?

— Аўа. Бар болса жумысқа кирсем...

— Шофёрлық табылмаўы мүмкин. Бирақ, басқа жумыслар табылып қалады. Қандай жумысты қәлейсең?

— Қандай болса да парқы жоқ, лекин, вагоннан жүк түсириўши болып ислемеймен.

— Өзим де сени ондай жумысқа қоймайман! — деди Оксана кеўилленип. — Азанда бирге жумыс излеймиз онда, яқшы ма?

— Мақул.

Усы ўақытлары кишкене Сергей оянды. Оксана бир мәўритке ҳәммесин умытып, баласын киш-кишлеп, алдастырмаға қарады. Енди оның меннен кеўли тоқ еди.

Бир ҳәптеден кейин мен электро үскенелер заводына мастерге жәрдемши болып жумысқа орналастым. Енди кеўлимдеги алағадашылық та бираз серпилейин деди. Аўылды да берилип ойлай бермейтуғын болып киятырман. Үйде болса күндегидей кеште дастурхан басында бирге аўқатланамыз. Сергей бир стакан виноны симирип ишип, азырақтан кейин немислер менен қалай урысқанын сайрап кетеди. Мен бурынғысынша «аўзым ашылып» тыңлайман. Ол гәпти кеше де тыңлағанман, өткен ҳәптеде де. Бүгин де жаңа еситип атырғандай болып тыңлай беремен. Өйтпесем қапа болады. Биреўдиң меннен нарийза болғанын көргим келмейди.

Бир күни кеште Оксана мени дастурхан басына бармай турып иркип қалды. Көриниси қапа еди.

— Бийбисарадан хат бар, — деп кишкене конвертти қолыма услатты. Соң мениң жүзиме тигилип, ойшаң қарап турды. Сездим, ол мени қуўанарма екен, қуўанбас па екен, деген еки ой үстинде тур еди. Ал, мен болсам Бийбисарадан хат келеди деген үмитти үзген едим.

Диванға отырып хатты аштым.

«Арзыўбай!

Қай бетиң менен Алпамысқа посылка жөнеттиң?! Сениң ҳарам қолыңнан шыққан кийимлерди үстине илдиреди деп ойладың ба? Бәрин өртеп жибердим. Қудайға шүкир өзимди баққан ата-анам ақлығын да бағыўға қүдирети жетеди.

Мен сениң есигиңе еңкейип түскенимде он гүлимнен бир гүлим ашылмаған гүлдей қыз едим. Сен мениң өмиримди хазан қылдың! Меннен диянат көрсең де, маған қыянет қылдың! Гүлдей нәрестени тири жетим еттиң!

Сени кеширим сорап келер я адам жиберер деп ҳәптелеп күттим, айлап күттим. Әкем қаладан түйетаўық әкелип сақлап қойды, биймезгил келсе қысынып қалармыз деп. Апам ҳәр күни мениң мийиме қуйды: өйтип келтеқонышлық етпе қызым, «узын арқанлап, кең тусап қоя бер», қәйткенде де ол сениң қурсағыңды жарып

шыққан перзентиңниң атасы! Кеширимли бол! Аллатаала «кеширимли болған бенделеримди сүйемен» деген. Әйтеўир, үйиңнен бас алып кетпесе болды деди. Мен бул тәўеллелерге тәўир жибисип, изимнен келиўиңди күтип жүр едим. Бир күнлери Москваға кетип, қайтып айланбапты деп еситтим. Сонда-ақ ишим ғым етип еди, сол саллақының изинен кеткен шығар деп. Айтқан жеримнен шықты. Енди изиме қайтаман деп ойламай-ақ қой. Көрерге көзим жоқ сени! Қай ўақта да сени мениң ықласым урады! Гүлдей нәрестениң обалы тутады! Қаңғырып қуладалада қаласаң! Дийўана боласаң еле!».

Хаттың изине атын да жазбапты, қол да қоймапты. Көз жаслары тамған дәптер бети дағалланып қалған еди.

***

Ўақыт ҳәмме нәрсени даўалайды деген дурыс екен. Арадан бес жыл өтип, мен де усы елдиң белгили турғынына айландым. Қаланы бес бармақтай билмесем де, кеше-бүгин сырттан келгенлерге жол силтей аламан. Шырайымның қара пәреңлигин айтпағанда ҳеш ким азиялы екенимди жүрис-турысымнан парықлай бермейди.

Жумыс орнымда да бир кисидей абырайға ийемен. Жақыннан бери «Ҳүрмет тахтасы»нда сүўретим туратуғын болды. Ырасын айтсам, жумысымды жақсы көремен. Азанда асығып жолға шығаман, кеште шаршап үйге қайтаман. Бирақ, бул шаршаўдың да өз алдына гәшти бар.

Кишкене Сергей бизиң жақтың балаларындай ерке емес. Үлкен адамды киширейтип қойғандай, естиярлы адамның гәпин айтады. Бет-әлпети маған онша усамайды, лекин, апама тартқан тәреплери көп. Апам усыны көрип қуўансын деп үшке шыққан ўақтында екеўмиз ортаға алып сүўретке түстик. Оксанаға қызыл гежи тарттырдым. Ийнине украинша нағыс салынған, бархаттан тигилген жеңсиз кийдирдим. Жүдә үңилип қарай бермесе қарақалпақша шолақ камзол екен ғой деп ойлайтуғыны анық.

Оксана соларды кийип, бизиң аўылдың жаңа түскен келиншеклериниң өзи болды қалды. Келиншеклер түскен күнлери ғумшадан жаңа ашылған гүлдей шырайланып кетеди ғой, сол сыяқлы қызыл гежи орамал, жасыл бархат камзол Оксананың шырайына шырай қосты. Өзи, ақбозлақ адамларға ҳәмме кийим де жарасады. Ал, Оксананың тап ҳәзирги сын-сымбаты улыўма еркек затын жутынып қараўға мәжбүрлегендей еди.

— Қалай, енди анаңызға унайман ба? — деп ол өзине-өзиниң ышқы кетип сүўретке қайта-қайта қарап қояды.

Биз қысқа ғана жазылған хат пенен сүўретти аўылға жибердик. Хаттың изине балаң Арзыўбай ҳәм келиниң Оксанадан деп қол қойдық. Конверттиң сыртында Қанатбайдың аты турған менен, ишинде анама сәлем бериўден басланған еди хат.

Сол күннен баслап екеўлеп ҳәр күнги почтаны асығып күтетуғын болдық. Арадан бес күн өтти, он күн, бир ай... Яқ, тым-тырыс! Әдеп мен анам хатты алыўдан-ақ, Қанатбайға: хат жаз, ақлығымды алып тез елге қайтсын! Орыс бола ма, орман бола ма келинди де алып келсин. Мусылман келин маған ийман әперди ме! Мынаў ийман жүзли нашарға усайды. Баяғыда Алпамысты жөргеклегенин көргенимде-ақ аңсарым аўып еди. Тек мына, ғайры дин деп... «Бир кәпирди мусылман еткен адам дозақ отында күймейди» дейди. Баламның билип-билмей ислеген гүналары соның менен жуўылып кетер. Тез жаз, балам!

Анамның йошланып кеткенде усылайтып ағытылып сөйлейтуғын әдети бар еди. Егер оның кеўлине жақты ма, доңыздың етин де ҳадалға шығарады.

Өзимше анам болып қыялымнан өткерген бул гәплер сөзсам қолың, бақырсам даўысым жетпейтуғын мәзи елес болып қалды. Хат келмеди.

Бопты! Енди улыўма қайтыў ҳаққында ойламайман! «Ер жигиттиң үш журты болады» дейди. Үшинши журт маған ҳақыйқый журт болып қалады! Ол қәйин журт!

Қудаға шүкир, бул жерде күн көрисим де бинәйидай. Оксана мединститутта сабақ береди, ҳәптеге еки мәрте балалар клиникасында нәўбетте турады. Айлығы меникинен бир ярым есе зыят. «Ҳаял еринен көп табыс тапса, үйде үстем болады» дегенди еситетуғын едим. Яқ, Оксана ондай емес. Маған ҳүрмети жақсы. Бетиме келмейди.

Атамыздың еле сол баяғы доминосы. Бирақ, ҳәзир Вася, Николайлар жоқ бул жерде. Оның орнына Иван, Тимофей, Антон деген ғаррылар пайда болды. Урыс қатнасыўшысы ретинде өтинишине бола биринши қабаттан, басқа кварталдан жай берди. Бүйерге көшип келгенимизге де еки жылдан асып баратыр.

Жазда көпшилик ўақтымызды баяғы пляжда өткиземиз. Гитараны да демде үйренип алдым. Бала күнлеримде қулағы сынық рубабым бар еди. Соның менен бир-еки наманы жоспарлап үйренге-

ним қол келди, гитараға бармақларым тез ийкемлести. «Червоны руту»ды еркеклер де, ҳаяллар да сүйип айтады екен. Әдепки ўақытлары қосықты Оксана айтты, мен сазенделик еттим. Соң-соң маған «қосыл» деп ымлай бергеннен кейин, жары жолдан қосылып кететуғын болдым. Өзимше қосық айтыўға түспейди деп жүрген «керзовой даўысым» украинша қосыққа мас келди.

Пляждағылар мениң өзге миллеттен бола турып украинша қосықты тилим сүрникпей айтып атырғаныма ҳайран қалар еди. Олар қызық-қызық пенен кем-кем қасымызға келер, ишип отырған ишимликлерин ортаға қойып, қур болып қол шаппатласар еди. Базылары «приз» берип атады.

Миллийлик деген көзге көринбейтуғын муқаддес сезим, инсан баласының жүрек төринде қайнаўытлап жатса керек. Ҳәр сапар усындай кеўил көтериспелер ўақтында мениң есиме әскерликке кетпестен алдыңғы бир ўақыя түседи. Сонда маған жақсылық еткен жигитлерди әжептәуир қыялпаразлар көрип, таңланған едим.

Сол сапары күн песиннен аўған пайытлары жолға шықтым. Қоңыратқа барып қайтыў керек болып, жорамның «Москвич» машинасын сорап алдым. Дәрьяның көпиринен өтип, Тақыятас жолдың бурылмасына жақынлағанда машина бирден өшти де қалды. Капотты ашып ҳәр жер-ҳәр жерин шуқлап көрдим. Лекин, қәйерден иллет таўып турғанын анықлай алмадым. Бир мәҳәл из беттен үлкен бир «Урал» машинасы келип, машинаны мениң алдыма тартты. Кабинадан шофёр ҳәм оның қасынан және бир жигит түсти. Екеўиниң де шашлары өсип кеткен, көкирегиниң жүнлери көйлегиниң жағасынан шығып турған бәдайбат жигитлер еди.

— Қаяққа бармақшысаң? — деди олар маған.

— Қоңыратқа.

— Тросың бар ма?

— Билмедим. Бар болса керек.

Кисиниң машынында не бар, не жоғын билмесем. Қарасам «Москвич»тиң өзине арналған жиңишке троссы бар екен. Олар тросстың бир ушын «Урал»ға, бир ушын «Москвич»ке тақты. Капотты да өзлери жапты.

— Рульге отыр, — деди соң.

Отырдым. Ҳайран болып киятырман. Булар не мақсетте мени тарттырып баратыр? Бәлким... Үстирттиң тусына барғанда мени өлтирип, машинаны алып кетпекши ме екен? Усы ой қыялыма

келгенде аяқ-қолыма қалтыратпа тийди. Тезирек иркилип, жаздырып кетиўин тилеп киятырман. Мейли, Қоңыратқа бармай-ақ жолда таслап кетсин!

Яқ. Келдим Қоңыратқа. Қалаға кирер жердеги айланбаға келгенде тоқтады. Екеўи еки жағынан түсти де, троссты жаздырды. Қарасам, кетип баратыр.

— Жигитлер, тоқтып турың, — дедим изинен даўыслап. Енди олардың жаман нийети жоқ екенлигин билип алдым. Қалтама қол суғып пул қарастырдым.

— Керек емес! — деп олар қолларын бир сермеп машинасына қарай жүрди.

— Онда кимсизлер? Не ушын мени жүз шақырым жерден сүйретип келдиңиз? Жигитлер күлди.

— Машинаңның артқы айнасына қараң, соң түсинесиз!

Қарасам, достым машинасына дөңгелек етип соғылған Сталинниң сүўретин қыстырып қойған екен. Сол жыллары шофёрлар машиналарының айнасына, шаштарезлер, етикшилер өзлериниң жумыс орнына усындай сүўрет қыстырып қойыў модаға айланған еди. «Урал»дағы жигитлер грузин миллетинен екен, өз халқының көсемин қәдирлеп, машинамның айнасына қыстырып қойған мен, оларға туўысқанындай көринип кеткен қусайман.

Сол сыяқлы «Червоны руту»ды айтыў арқалы көп украин жигитлерге дос болып қалдым. Бул қосықты жумыста кишигирим байрамларда айтып, саўғалар да алғанман. Қәйин атам мен алып келген қуўаты күшлирек винолардан ишип бир қумардан шығар, есесине «аўырып қалмасам, ендиги жылы сизиң жақларға барып қайтаман» деп мени хошаметлер еди. Аўырып қалмаса да жолға жарамайтуғынын өзи биледи, лекин, мениң кеўлимди алыў ушын «приз» әкелген ўақтымда усы гәплерди тәкирарлап турады.

«Айдың он беси жақты болса, он беси қараңғы» дейди ата-баба. Күнлердиң биринде мен ушын сол қараңғы күнлер басланды.

Ноябрьдиң ақырғы ҳәптеси еди. Жерде қар жоқ, бирақ, қара суўық. Қара суўық ҳәр қандай ығаллы аяздан жаман болады. Жағамды тик көтерип, қулағымның ашық қалған жағын қолғап пенен уўқалап, үйге ентигип кирип келдим. Есикти ашыўым мәттал, үйдеги жыллы леб жүзиме урылды. Лекин, төрден шығып атырған ашшы-ашшы даўыслар мениң тоңғанымды да, жыллы лебти сезгенимди де умыттырып жиберди. Бул бәлент даўыслар атамыз Сергей ҳәм Оксанаға тийисли еди.

— Аға! Мен не ушын бәрҳә наҳақ бола беремен?! Сиз тек ғана өзиңизди ойлайсыз! — деди Оксана ашыўлы.

— Сен әлбетте наҳақсаң! — деди Сергей бақырып.

— Неге?!

— Неге дегенде, мениң мүлкиме мийрасхор болыўға оның ҳеш қандай ҳақысы жоқ.

— Ол мийрасхор емес, квартираның ийеси болады.

— Болмайды! Квартираның ийеси Сергей Сергеевич Кравченко болады. Түсиникли ме?!

Даўдың неден келип шығып атырғаны мәлим болды. Буннан бир ҳәпте бурын урыс қатнасыўшыларына қоммуналлық квартираларды меншиклестирип алыўға руқсат етилген еди. Оксана пикиринен қайтпады.

— Сергей он алтыға толмай турып, жайға ийелик ете алмайды — деди.

— Етеди!

— Нызам руқсат етпейди.

— Нызам өзим! Орденлеримди тағып горкомға бараман. Тыңламаса ЦКға шығаман. Мен жанымды жаббарға тигип, урысқа кирмегенимде бул иморатлар қашшан жер менен жексен болар еди.

— Аға, сизиң бир өзиңиз емес ғой, жаўды қайтарған.

— Қысқарт! Жай Кравченкоға тийисли.

— Алик не қылады?

— Баласының атындағы жайда есапта турады.

— Атасы баласының жайында? Ҳим! Абсурд!

— Турмаса кетсин келген жағына! — Сергей қәҳәрленип столды бир урды. Стол үстиндеги стакан жыңғыр-р етип графинге тийди. — Мен әлле қандай келгиндиге жай берип қоя алмайман!

— Ол келгинди емес, мениң хожейиним!

— Бул үйде хожейин биреў –Сергей Кравченко!

— Оксана, атаң менен көп ерегисе берме, — деп араға түсти анасы. — Ол дурысын айтып атыр, «Қасқырды мың қолға үйретсең де, тоғайға қарап улыйды».

— Бизиң улыйтуғын тоғайымыз бир.

— Ақмақ! — деп гижинди тағы атасы. — Егер урыс ўақтындағыдай қолымда автомат боларма еди, сени де, сол баяғы Аркадийиңди де, мынаўыңды да, пытырлатып атып таслаған болар едим: Ҳәссений!

«Сени де, Аркадийинди де!» Усы сөз мениң жүрегиме ништердей қадалды. «Келгинди» деген сөзден де аўырырақ тийди маған. Келгинди екеним ырас. Бул топыраққа мениң киндик қаным тамбаған. Қосығын айтқан менен украиналы болып кете бермеймен.

Аркадий! Мен сылаған қолларды меннен бурын сен сыладың-ә?! Сол ғумшадай ләблерден меннен алдын сен поса алдың, заңғар! Неге сонда Израйлыңа арқалап кетсең де әкетпедиң?! Сонда мен әлле кимлердиң алдында кемситилип, қәдир-қымбатым жерге урылмас еди.

Яқ, Аркадий, сенде гүна жоқ! Ол жақсы көрди, сен сүйдиң. Көнбеди, тасладың да кеттиң! Мен қусап үйиңнен безип изинен жуўырмадың! Азаматсаң сен! Мен заты пәс...

— Аға! Олай болса мен бул үйден бас алып кетемен! — деген Оксананың өксик аралас даўысынан өзиме келдим.

— Кет! — деди әкеси пикиринен қайтпай. — Мени ҳүкимет көмеди!

— Яқ! Ол кетпейди! Бул үйден мен кетемен! — Бул ашыў менен кирип барып айтқан мениң сөзим еди. Ҳәммеси тыр-тым болып қалды. Олар мениң жумыстан қайтып келер мезгилим болғанын умытқан, ең баслысы, тосаттан кирип келиўимди күтпеген еди.

Сөзиме жуўап күтпестен қайтып шықтым да, өзимниң бөлмеме келип, шкафтан чемоданды алдым. Қыс кийимлерим үстимде болғанлықтан, чемоданға салатуғын затларым көп емес еди.

— Алик! — деп Оксана шығанағымнан тартты. Оны кейин қарай ийтерип жибердим. Оксана тентиреклеп барып, креслоның қырына жамбасы менен урылды. Аўырсынып турмастан және мениң қолымдағы чемоданға жабысты. Қәйткенде де, ашыўлы еркек адамның күшине ҳаял адам шақ келе алама? Оның қолынан жулқынып шығып кеттим. Босаға аўзында аңрайып турған анасы Ира ҳәм кишкене Сергей, айбынып, кейин шегинди.

— Алик қайт! Алик! — Оксананың бул даўысы қоңсы «дом»ды айланғанша изимнен жаңғырып еситилип турды.

Мен изиме бурылып қарамадым. «Ушарымды жел билсин, қонарымды сай билсин» деп жөналды қарабарақ ылағып баратырсам да, ебиндей сөзи өтимсиз байғустың тәўеллесине жибиским келмеди. Усы рет қатты беглигим тутты. Бес жыл киси елинде тентиреп жүргеним жетер, қайтаман! — деп ишимнен серт еттим. Бул сертимниң қаншелли шешиўши күшке ийе екенин билмесем де, ҳәзирше сол тоқтамға келип киятырман.

Үйге қайтаман! Анамның көксине бас қойып, «адасқан улыңды кешир» деймен. Бес жыллық перзент сағынышы оған ҳәмме ашыў-ызасын умыттырып жибереди. «Шырағы-ы-м, аман келсең болар, ҳәммеси жаныңнан садақа» деп елжирейди. Оксананы да, ақлығын да сорамайды. Ол келининиң хызметин көрмеген, ақлығы қолында өспеген, оларға бүйири бурмайды. Анама тек мен керекпен.

Келинди, Қанатбайды қулы-перен еттирип, дастурханға не барын шығартады. Жоғын таптырып келтиртеди. Түнги уйқы келип жыққанша мениң менен сөйлесип отырады. Бойы-сыныма қайта-қайта сын нәзер салады. Азып қалмадым ба, аўырып жүргеним жоқ па, жаслай қартайып, шашларыма ақ түсип кетпеди ме, бәрин-бәрин көзден қашырмайды. Буннан бес жыл бурынғы түр-түсимди ядқа биледи ол.

Аўылдағы ағайинлердиң бәрин бармақ бүгип айтып береди. Ким бар, ким о дүньялық болып кетти. Ким келин түсирди, ким қыз узатты. Қалдырмай саўдырайды. Бүгинше ол көкирегине питкен ғайбарлықты жеңип турады. Әпиўайы, сөйлемшек ҳаялға айланады. Бирақ, Бийбисара ҳаққында гәп қозғамайды. Мениң есиме салғысы келмейди. Тек мен иш-ишимнен ойлап қояман. «Мениң келгенимди еситсе ол не қылар екен? Баяғы ғарғап-силеўи менен отыра берерме екен яки анам қусап жибисе ме?» Оннан Алпамыс тез-тез сораса керек: апа, ағам қаяқта? Сонда ол не деп жууап береди екен? «Әкең мени таслап кетти» дей ме? Яқ, айта алмайды өйдеп. Ҳаяллар ушын бул қатты намыс. Нәрестениң алдында болса да ол өзиниң қорланып қалғанын сездиргиси келмейди. «Әкең Москваға кетти, сояқтан саған көп ойыншықлар әкеледи» деп алдарқатады. «Енди қашан келеди деп сорайды Алпамыс. Неше уйқыласам келеди?!» деп мазасын алады. «Жатып уйқыла енди, балам!» деп жекиринип қутылады. Онысыз да дәртли жүрегине Алпамыстың ныш қадай бергенин жақтырмайды.

Үйде бир-еки күн дем алғаннан кейин Қаржаўбай ағаға бараман. Яқ, жақсысы биротала министрге бараман. «Төрт-бес жыл Москваға барып, пул ислеп қайттым. Енди хожалықтан арқайынман. Қабыл етсеңиз атқосшы болсам» деп өтиниш етемен. Ол әлбетте, мени қыймайды. Баяғы әўметли күнлер қайта басланады. Сонда мен Оксананы биротала естен шығараман. Оксана сирә да енди мени излеп келмейди. Оған Алик болмаса Андрей, Андрей болмаса Николай... киноларда көп көрсетеди, бир некеде тоқтай алмайтуғын

буяқтың ҳаялларын. Қурсағындағы екинши перзентим және бир жат босағада, ямаса атасының үйинде менсиз дүньяға келеди. Ол да Кравченко болады ямаса және бир «ко» қосымта фамилияға ийе болады. Тамырында ағып турған мениң қаным ҳеш кимди қызықтырмайды.

Түби жоқ қыял теңизине шүмип үйден бираз узақласқан екенмен. «Тақ-тақ-туқ» деп тоқтаған трамбайдың даўысынан өзиме келдим. Барар мәнзилим анық болмаса да трамбайға отырып алдым. Қаяққа бараман? Билмеймен! Мейли, трамбай қанша жүрсе сонша жүре беремен. Ақырғы рейсине дейин түспеймен. Дала суўық. Сәл жерде тоңлап қалыўым мүмкин. Онда анамды көриў, қайтадан министрге атқосшы болыў ҳаққындағы шийрин қыялларым өзим менен бирге музлап қалады.

Шамасы бир сааттан көбирек трамбайда жүрдим. Ақырғы бәндиргиден түсип болып қайта отырдым. Екинши мәрте билет алдым. Кондуктор ҳаял маған саўал нәзер менен қарап қойды да, үндемеди. Енди көп жүре бериўге болмайды, бир жерде түсип қалып, басқа трамбайға отырыўым керек. Бул қатын меннен сезикленип, қәўипли адам сыпатында милицияға тапсырып жибериўи мүмкин. Сәл жерде шырылдыўға тап болыўым ҳеш гәп емес.

Бир мәҳәл бийик имараттың басында «Одесса мийманханасы» деген жанып турған жазыўға көзим түсти. Дәрҳәл бәндиргиден түстим де, мийманханаға кирип, дизимханада отырған ҳаялларға паспортымды усындым.

— Биз Одессалыларды мийманханаға алмаймыз, — деди орта жаслардағы администратор ҳаяллардың бири. — Үйиңизге барың.

— Мениң үйим жоқ, Қарақалпақстаннан келгенмен!

— Паспортыңызда жазылған, неге жалған сөйлейсиз!

— Мени ол жерден шығарып жиберди.

— Бул жағы өзиңиздиң машқалаңыз!

Усы ўақытлары кимдур мениң билегимнен услап өзине қаратты. Екеўмиз бир заман қарасып турдық.

— Арзыўбай? Сенбисең?

— Аўа, Арзыўбайман... Ҳаў! Қаржаўбай аға! Сизди қандай шамал ушырып келди бул жақларға?!

Екеўмиз шарппа қушақласып, бир-биримизди әдеўир ўақ жаздырмай турдық.

— Тәғдир шамалы, қосшым, — деди Қаржаўбай аға қолымды қысып. — Сен ше? Москвада емес пе един?

— Сорама аға! Мени де тәғдир шамалы ертерек ушырып, усы жақларға әкелип таслады. Бул жақта да енди қуйын турып атыр. Аўылға қайтпасам болмайжақ.

— Буяққа жүр, анда кишең отырыпты. Алыс журтта кимди тапты деп иши дүбирлеп атырған шығар.

Фоеде ҳәр қыйлы журналлар ҳәм мийманханаға орналасыў ушын толтырылатуғын бланкалар таслап қойылған столдың жанындағы қатар креслолардың биринде қоңыр түсли шуба кийген, басында ақ пухлы орамалы бар бир ҳаял отыр еди. Мен «Ассалаўма алейкум, жеңге« деп сәлем бердим. Ол алға қарай қолын созды. Мениң қолым бир жақта қалды, оның қолы... Сонда барып ҳаялдың көзли екенин аңғардым.

— Жеңгеңниң көзи көрмей қалды, — деди Қаржаўбай аға мени қасына отырғызып атырып. — Үш ай болды, көрсетпеген докторым қалмады. Министр кейнинде жоллама жазып берди, «Филатов атындағы көз кеселликлери бойынша институт» бар екен. Ҳәр кимҳәр кимнен сорастырсақ, дүнья жүзиндеги ең күшли клиника дейди.

— Бар сондай клиника, билемен, — дедим мен.

Ҳаял жанланып қоя берди.

— Соқыр көзди ашады дейди-ғо, ыраспа сол?

— Ырас болса керек. Көп адамнан еситтим.

Бийтаптың кеўлин алыў ушын жалған сөйлеген айып емес шығар, болмаса Оксананың айтқанынан басқа бул темада ҳеш ким менен сөйлесип көрмегенмен.

— Институтқа бардыңыз ба?, — дедим саўаллар буннан ары тереңлесип кетпеў ушын алдын алып.

— Яқ. Самолёттан түсип усы келип турғанымыз.

— Ертең өзим алып бараман. Бүгинше мийманханада тынығып дем ала бериң.

— Қаяқтан дем аласаң, орын жоқ деп атыр, деди Қаржаўбай аға. — Биреўиңизге жай бар дейди, жеңгеңди қалай таслап кетемен? Бул бийшараның көзи көрмесе...

«Жылағанның алдынан өкирген шығады» деп усындайды айтатуғын шығар. Усы қалада жасап турып, оларды үйге ертип бара алмасам. «Тышқан инге кире алмай жүрип, қуйрығына сипсе байлайды» деген. Кеше ушырасқанда бир гәп еди, бүгин мениң жағдайым Қаржаўбай ағадан төмен болса төмен, артық емес. Оларға жай болса мийманхана орын береди, маған мүмкин емес.

Жасы үлкенге не кеңес беремимди билмей, бираз үнсиз қалдым. Лекин, оның мына турыста меннен бөлек сүйенер тауы жоқ. Не деген менен бул қалада мениң «стажым» бар ақыры.

Бир мәҳәл жеңгейдиң алдлында турған кенепке көзим түсти. Кенептиң ишинде қандайда бир домалақ нәрселер, тағы да, қаптың аўзынан шығайын деп турған шыбық па, сым ба бар еди.

— Қаржаўбай аға, қабыңызда не бар? — дедим мен.

— Еки торнабат қаўын, жекен менен асып қойылған. Жеңгеңди емлейтуғын докторға берермиз деп алып шықтық.

Кеўлимде бир қыял пайда болды. Бизиң жақтың қаўынлары буяқтағылар ушын «Алаўатдинниң сыйқырлы шырағындай» кәраматлы зат. Оған ҳәр бири дус келе бермейди. Буяқтың қаўынларының қарамы жамбылшадан артпайды. Оның үстине көк тәрнектен артық дәми жоқ. Үстине қумшекер сеўип жейди. Бәлким, усы қаўын менен дизимханадағылардың көзин қыздырсақ, жай таўып бериўи итимал.

— Аға, қаўынды қалтадан шығарайық, — дедим мен. — Оны маған услатың. Сизлер изиме ере бериң.

— Қаяққа барамыз?

— Қаяққа баратуғынымызды ҳәзирше билмеймен. Тәўекел көре берейик Сәл жерде бир нәтийже берип қалар.

Мен еки қаўынды жекен ниқабының илмегинен услап алдым. Сөйттим де, сыртқа бетледим. Дизимханадағы еки ҳаялдың көзлери жарқ ете қалды.

— Ой, смотри, дыни, дыни!

— Мужики, продайте дыни! — деди изимизден.

— Қаўынлар сатылмайды, — дедим мен. — Қай мийманханада орын бар болса, сол жердеги дизимханаға тегин беремиз.

Ҳаяллар үндеместен отырып қалды. Сумлығымның нәтийже бермегенине ишлей қапа болдым, бирақ, изимдегилерге сездирмедим.

— Енди қайда барамыз? — деди Қаржаўбай аға.

— Трамбайға отырамыз. Усы қалада он алты мийманхана бар. Биреўинен болмаса биреўинен табылады.

Ырасын айтқанда қалада неше мийманхана барын билмеймен, аўзыма түсти айта салдым. Бес жылдан бери жасап отырып, оларға азы-кем жол көрсетпесем ким болғаным! Әйтеўир «Одесса» қаладағы жалғыз мийманхана емес, соған көзим жетеди.

Биз трамбай бәндиргисине жақынлағанда изимизден:

— Мужики! — деген даўыс шықты. Қарадық. Дизимханада отырған еки ҳаялдың бири изимизден шыққан екен.

— Жеке квартира бола ма? — деди изимизден жетип.

— Парқы жоқ. Алыс емес пе?

— Бул жерден бираз алысырақ, Филатов институты тәрепте.

«Филатов»тың атын еситкен ўақта Қаржаўбай ағаның көзи жайнап кетти.

— Неше сомнан? — дедим мен, бойымды бәнелеп. Енди ол ҳаялдың қаўынды қолдан жаздырғысы келмей турғанын сезип турман.

— Әдеп квартираны көриң, келисемиз.

— Бара берейик, Арзыўбай иним! Бир ақшам он ақшам емес, ақшадан ғам жеме!

Ҳаялдың квартирасына орналастық. Ол асхананы, жататуғын орынларымызды көрсетип, бир күнлик кирей ҳақыны ҳәм қаўынның биреўин алып, жумыс орнына қайтып кетти.

Қаржаўбай аға аўылдан алып шыққан затларын дастурханға қойды. Тандырға жабылған шөрек, баўырсақ, пүтини менен пуўға писирилген таўық... Бул тағамларға нәзерим түспегенине қанша заманлар болды дейсең. Әсиресе, жапқан нан менен баўырсақты айтса! Еки айдың ишинде Оксананың таңлайында татып, уўыз ийип қуртқан тағам бул!

Тамақ тойғаннан кейин әңгиме қаптың аўзы ашылды. Үй ҳаққында билгим келди. Анамның аманлығын сорадым. Лекин, Қаржаўбай аға бизиң үйдиң ҳал-аўҳалынан хабарсыз екен. Мен оған басымнан өткен жағдайлардың ҳәммесин қалдырмай айтып бердим. Кимгедур жарылғым келип, қанама сыймай киятыр едим. Қудай маған аўылдың адамларын жеткизди. Болмаса, бул қалада дәртимди кимге айтаман.

— Жеңгеңниң көзин емлетейик, кейин бирге кетемиз, — деди ол. — Анаңның алдына өзим алып бараман! Келинди, балаңды қайтарып әкелип беремен.

— Бир гәп айтсам кеўлиңе келмей ме? — деди Қаржаўбай аға сәл егленип.

— Яқ, аға, айта бериң. Жасы үлкенсиз, айтсаңыз пайдамды айтасыз ғой.

— Ырасын айтсам, екеўиңиз де келте қоныш екенсиз.

— Ким екеўимиз, Оксана менен бе?

— Яға-аў, — деп қолын сермеди ол. — Оксанаңды қайдан билейин! Аўылдағы келинди айтаман-дә! Оншама изиңнен аңлый берип бәле бар ма? Ал, не болды? Хожалығы бузылды. Оған және бир

Арзыўбай таяр тур ма екен?! Ҳәзир балалы қатын түўе, журттың үйден шықпаған қызлары бай таппай жүр.

— Қойшы, қапылтпай! — деди жеңгей күлип. — Өйтип қәдириңизди арттырмасаңыз-әм билемиз-ғо.

— Мынаў жеңгеңниң көзи-жүзи, деп даўам етти Қаржаўбай аға. — Быйыл жигирма бес жыл болады қосылғанымызға. Усы күнге шекем азанда «қаяққа барасаң?» деп, кеш келсем «неге кеш келдиң?» деп бетиме келген емес.

Енди сениң өзиңе келсек, иним, елден шығып кететуғын аўҳал емес-ғо, күни менен айтып отырғаның. Сен қылған жигитшиликти ким қылмаған дейсең!

— Әне, енди ырасынан келип атырсаң, — деп күлди жеңгей. Лекин, жасы үлкен бул гәпке итибар бермеди.

— «Жигитшилик-ийтшилик» деп ата-баба бийкарға айтпаған. Бир-еки ай шыдағаныңда бәри орынлы-орнына түсип кетеди-ғо. Анаңның ашыўы да басылады. Келинди анасы-ақ әкелип таслар еди үйиңе! Өзиң ойлап көр –бәрқулла усындай, ғыршылдаған жигит болып тура беремен деп ойлайсаң ба? Ертең улың ержетеди, қызың бойжетеди. Улыңның қолына шаппаттай ҳүжжет тийсе Киев бола ма, Москва бола ма, я алыс Тайга ма, қәйерде кеўлине жаққан кәр табылса өтә-кетеди. Оның геллесинде ата-анаға хызмет етиў деген ой болмайды. Орталық сондай, ақыры. Сояқтан биреўди таўып алып, үйленеди. Саған тойына да айтпайды. Қәйин енесиниң қолына кирип алады да, сизлерди биротала есинен шығарады. Есесине қызың бойжетеди, жүрген жигити менен үйиңе қолтықласып келеди. Сеннен ийбе сақлап, тартынып отырмайды. Қәрекеңшилик етип бир нәрсе десең, жаңағы изине ерип кеткен қатының қызы тәрепке өтип, аўзыңды қақпалайды. Ал, енди тәслим болмаған нең қалды!

— Қоя ғой, ағасы!

— Яқ, еле тийкарғы гәпти айтқаным жоқ. Кетеринде мен айтқан гәплерди айтатуғын адам болмаған буған. Болмаса, есин жеген жигит емес бул.

Ал, енди улы-қызың жайлы болды. Сениң оларға керегиң шамалы. Бирақ, сениң белиңнен димар, дизеңнен қуўат кете баслайды. Келмек ҳақ, кетпек ҳақ! Ертеңги күни Аллаға аманатын тапсырғаныңда сен ушын қабырғасы қайысып ким жылайды? Сүйегиң қай журтта қалады? Жаназа намазы оқыла ма? Оқылмайды! Сени ҳеш ким ақ жуўып, арыў кепинлемейди. Жаўырыны жоқ костюм кийгизип

жерге береди. Таңла махшерде қалай мусылманман деп айтасаң? Мусылманшылығыңды не менен дәлиллейсең?! Улыңды сүннет еттирмесең! Үйленгенде неке қыйдырмасаң! Аўқаттан кейин пәтия қылыўды билмесең! Ата-бабаңа тийе берсин айтпасаң!

— Қоя ғой, ағасы! Тығыныңалынып кетти-ғо, биротала.

Қаржаўбай ағаның күйиншеклик пенен айтқан гәплери жети жүйремнен өтти. Кеўлиңе келмесин деген менен, келди. Лекин, ол ҳақ еди! Әкем айтпаған, апам айтпаған гәпти ол айтты.

Мен бираз ўақытқа дейин үнсиз қалдым.

— Ә-әй, аға, — дедим суўық демимди алып. — Сиз ўақтында «ешек жойтпағансыз-дә!»

— Жойтпаў ушын қазықты қәйерге қағыўды билиў керек, қосшым!

Ақырғы сөзди ол айтты.

Түнниң әлленемиринде зорға көзим илинди.

***

Жеңгей профессордың қабыллаўынан егил-тегил жылап шықты.

— Қоя ғой, уятты, мына адамлар бар, — деп сыбырланып жалынды қолынан жетеклеп киятырған Қаржаўбай аға.

— Қәне, адамлар?! Мен ҳеш кимди көрип турғаным жоқ. Уялмайман-әм! Уялатуғын көзим жоқ мениң!

— Жеңге, сабыр етиң.

Ол мениң тәўәллемди еситкен де жоқ.

— Ой, қуда-ай! Көзимди алғанша неге өзимди алмадың? Енди маған жасаўдың не кереги бар?! Қап-қараңғы зимистаннан не күтип жасайман?!

Ол ҳәр ўақта бир айтынып, соң егитилип жылар еди.

— Ой, шырақ! Немене, көшеде бай-бай салып? Сәбимисиң түге!

Күтилмеген ҳөктем даўыстан жеңгей тоқтап қалды. Шамасы, аўыл беттиң қазағына дус келип қалдым деп ойласа керек.

Қатар қойылған арқа сүйери жоқ тапшанның бир шетинде түлки тымақ кийген жасы алпыслар шамасындағы еки бети шыжықтай дуғыжым шал отыр еди.

— Ассалаўма әлейкум, — деп Қаржаўбай аға екеўимиз теңине сәлем бердик.

— Мунда келиң! — деди ол сәлемимизди алик алыўға да асығып. — Не болды, дәригер оңатайсыз сөз айтып салды ма?

— Соған усаған...

— Усағаның не, жөндеп айтсаңызшы, болмайды деди ма?

— Сөйдеди, болмайды деди, — деди Қаржаўбай ағаның ҳаялы даўысы қалтырап.

— Оттай береди! Отыр мынжерге. — Ғарры қапталынан орын усынды. — Бул дәригерлериң дәнеңе де билмейди. Билгиштиң көкесин мен айтам сендерге.

Қаржаўбай аға ғаррының қасына отырды.

— Әйелиңди берман жибер, сениң көзиң саў емес пе?

Олар аўмасып отырды.

— Мен осы сендей болып жети жыл жетектесип жүргем, — деп баслады сөзин. — Пендемиз ғой, көнбей атамыз. Әйтсе де киси көрликке де үйренеди екен. Мен үйдиң ишин, шарбақты түгел жаттап алдым. Адамның бир мүшеси кетип қалса, басқа мүшелери дамып кетеди деўши еди биреўлер. Сол шын сөз екен. Мен кирип келе жатқан кисиниң еркек я әйел екенин аяғының дыбысынан айыратын болдым. Ол түгил, ким екенин де сөйлемей турып билем. Есимин айтып шақырам келген кисиниң.

— Ой, Нәке, сен балшы болыўың керек ғой! — деп қалжыңдайтын еди қурбыларым. Атым Нағашбай ғой.

— Сөйтип, көзиңиз қалай ашылды? — деди Қаржаўбай аға шыдамай.

— Кишкене шыдап турсаңшы, айтып келе жатырмын ғой. Сонымен өмир өте берди. Типти көздиң керек екенин де умытып бара жатқам. Бир күни Отырарға Алматыдан мықты дәригерлер кепти деп естидим. Отырар жақын ғой бизге... Сиздер өзи қай жердиң қазағысыз?

— Бизлер қазақ емеспиз, қарақалпақтанбыз.

— Көрши екенбиз ғой. Мен Қызыл Ордадан боламын. Сөйтип, балдарды алдыма салып, бардым Отырарға.

— Көзиңди ашамыз, — деди жаңағы жерде бир дәригер.

— Қәйтип?

— Алматыға бара аласын ба?

— Барам, дедим. Осы, сенесиндер ме, әтиги бир күнде еки көзимди ашты да қойды.

— Онда буяққа келгенше Алматыға барсақ болады екен-ғо, — деди жеңгей кеўилленип.

— Е, бәсе! Одессада неңиз бар түге?

— Өзиңиз буяққа неге келдиңиз? — дедим мен. — Көзиңиз ашылған болса...

— О-ой, несин сурайсың, пендеге тойым бар ма? Мынаў оң көзим ана қутыға қамап қойған әриптердиң жети қатарын оқыйтын еди, сол көзим төрт қатарын-ақ иледи. Бир күни үйге нағашымның баласы келди. Мықты адам өзи, Америкада оқыған. Сол айтты: ағатай, Одессаға барсаң, еки көзиңди теңдеп жибереди, деди. Малдың қуйрығын қарыстап отыра бермей барсаңшы деди. Соған баламды ертип келе бердим.

— Муныңа биз әсер ете алмаймыз, — дейди бу жердеги дәригерлер. — Бизиң зерттеп жатқан өз тақырыбымыз бар, сиздиң көзиңиз биздиң тақырыпқа кирмейди, деди. Нағашымның баласына звандасам, жатып күледи. Мени қалжыңдаған екен ол ийт.

Ғаррының айтып отырған кеселиниң пүткиллей басқа нәрсе екенин Қаржаўбай аға екеўимиз де түсиндик, лекин, оның аз да болса жеңгейдиң кеўлине жубаныш болғанына қуўанып, сөзин жөплеўге қайыл едик.

— Биз жүремиз, аға, — деди Қаржаўбай аға оған.

— Биздиң баланы көрмедиңдер ме? Узын бойлы әдеми жигит ғой. Жаңа бирге енип едик осы ишке, бир демде көзден тайып...

— Келип қалар.

Жеңгей Алматыға барса көзи ашылатуғынына исенди ме ямаса күни менен тынып қалып, қайтадан жылаўға уялды ма, қулласы, тыйылды.

— Сен квартираға барып гилтин тапсыр, — деди Қаржаўбай аға маған ҳәм аз ғана пул шығарып берди. — Бүгинги бир күнге кирей пулын да төле. Сөйт те сумкаларды алып, аэропортқа келе бер. Бизлер усы жерден туўры кетемиз.

— Қонбасақ та төлей берейик пе?

— Төлей бер. Түске дейин затларымыз турды. Пәнт берип кеткен болмайық.

Сол күни геўгимлетип Москваға Домодедова аэропортына келдик. Нөкиске самолёт ертең азанғы он ярымда ушады екен. Қаржаўбай аға транзит билетлерине орын қойдырып алды. Маған да билет табылды.

Күтиў залында адам көп еди. Ҳеш бир бос орынлық жоқ. Биз ҳеш гәп, көзли адамның түргеп турыўы қыйын болады екен. Мисли, пәрдийўалдың үстинде жүргендей, жән-жағына қолын созып, жығы-

лып кетиўден қорыққандай албырар еди. Оған әлленемирде «аналар ҳәм балалар» бөлмесинен орын табылды. Қаржаўбай аға жеңгейди жатқызып, азырақтан қайтып шықты.

— Қасындағы бир балалы келиншекке тапсырып кеттим, — деди ол. Маған қолайсыз екен, гилең ҳаяллар...

Екеўимизге бөлмеден узақ емес жерден еки орынлық табылды. Түргелип, аяқ жазбақшы болған еки адамның орнына отырып алдық.

— Бийшараға қыйын болды, — деди Қаржаўбай аға гүрсинип. — Келемен дегенше аяғындағы тикенди суўырып алатуғындай, исенип келип еди. Еле де баҒанағы ғаррының гәпи алданыш болды. Барған соң еле Алматыға бараман деп шығатуғын шығар. Ол кисиниң аўырыўы катаракта ғой. Оны аўылда да емлейди. Буныки — глаукома. Көздиң басымы көтерилип, тамыры жарылып кеткен. Аўылдың докторлары да айтып еди, пайдасыз деп. Сонда да «үмитсиз-шайтан» деген ҳәм жеңгеңниң кеўли бар. Енди сен қәйтесең барғаннан кейин? — деп маған тигилди.

— Қайдам.

— Анаңа өзим алып барарман, деп едим. Көрип отырсаң, бул турыста қалай барамыз жетеленип. Бир-еки күн өткерип жүдә зәрүр болса барарман. Ата-ана ҳеш ўақта перзентине өкпелемейди. Бойыңды көрген ўақта ҳәммесин умытады. Мәс болып кирип бара бер. Сен қуўансаң, ол да шад болады.

— Жумыс... — деп гибиртикледим мен.

— Келе бер. Таза РАФлар бар, «Волга»лар бар, санавиацияға тийисли. Биреўин аларсаң.

— Министрге кирип, бурынғы атқосшылығымды сорасам ба деп едим.

— Сен атқосшылық еткен министр Ташкентке өтип кетти. Орнына келген жигит те жақсы адам, лекин, өзи менен бирге алып келген шофёры бар...

— Онда болмайды, аға. Бара берейик, көрермиз.

— Тағы қайтып кетип жүр ме?! «Көр ҳасасын бир мәрте жоғалтады» дейди.

Мен жуўап берип үлгермей, жеңгейлер жатырған бөлмеден бир кишкене қыз жуўырып шықты.

— Кто Қаржаўбай?

Қаржаўбай аға жеңгейден хабар алыў ушын орнынан турды.

Нөкистен Қаржаўбай ағаларды өзиниң машинасы күтип алды, мен таксиге отырдым.

Жерде қалың қар, бирақ, қардан кейин суўық басланбаған болса керек, әсте ерип атыр еди.

Әсиресе, машиналар көп жүрген жолларда ериген қарлар жолдың шетине қарай ағар, ол жол шетиндеги топыраққа араласып жуқа батпаққа айланып, ол машиналардың дөңгелегине жабысып, гә жолға, гә шетке қарай шашырап барар еди. Адамлар батпақтан қашып, тротуардың ең шетинен тығылысып жүрер еди. Кеткели көшеде батпақ көрмеген мен: «Буяқлар қашап батпақтан қутылар екен», деп әдеўир бәленттен келип ойлап қойдым.

Бизлер туратуғын кишкене туйық көшеден машын жүрмегенликтен қарлар басылмаған, мамықтай аппақ болып тур еди.

— Қар өзи қашан жаўды? — дедим таксистке.

— Таңғы төртлерде баслады, соннан он бирге шекем тынбай жаўды. Бул көшеге биринши мен из салып атырман, — деп күлип қойды.

Есиктиң алдына келип түсип қалдым. Қар жаңа ғана артылған болса керек, гүректен кейин қуўыс-қолтықларды сыпырып шығатуғын ушлары желинип қалған шонтық сипсе кирер аўызда жатыр екен.

Ишке кирдим. Есик сылт етпей ашылғанға ма, дәлизде баласын алдарқатып кийиндирип атырған келин, мениң кирип келгенимди абайламады. Сонда апамның ҳәр ўақ айта беретуғын гәпи есиме түсти: еркек адам деген сырттан кирип келгенде жөткиринип, өзин билдирип келиў керек, сонда арқайын отырған қатын-қалаш дәрҳал жыйнақланады, дер еди.

«Иҳим» деп әсте жөткириндим. Келин шоршып түсип, артына жалт қарады. Дәслеп мениң ким екенимди аңламай, бир заман тигилип турды да, соң ушып турып:

— Ҳаў, қайнаға! — деп ийилип тәжим етип, сәлемге қолын созды.

— Саў жүрсең бе, келин? Мынаў мениң балам ба? Ўәй, жақсы бала екен-ғо. Қәне-қәне, ассалам етейик.

Еки-үш жаслар шамасындағы ер бала мениң ийилип қол созғанымнан қорқып, анасының артына тығылды.

— Ким бар үйде?

— Өзли-өзимиз.

Усы ўақытлары күнделикли дастурхан жайылатуғын бөлмеден ийнине жасыл футболка, төменине трико кийип алған Қанатбай шықты.

— Әжаға! — деди ол да таңланып ҳәм аўзындағы жеп таўыса алмай киятырған тағамын ирили-тирили шайнап жутынып.

— Қашан келдиң?

— Ҳәзир самолёттан түстим.

— Жүр, ишкерилейик.

Хантахта үстинде дастурхан еле толық жыйналмаған. Ортадағы кесалардың биринде ярымы ишилмеген көк шай, подноста жеп таўсылмаған шәўле тур еди. Мен төрден кейинги, өзим бәрҳа отыра беретуғын оң жапсарға диз бүктим. Үстимдеги пальтомды еле шешпедим. Көз астымнан апам отыратуғын орынға қарап қойдым. Бүгин ол төсекке ҳеш ким отырмаған көринеди. Биз әзелден анамыз үйде болсын-болмасын, төрге қарап умтылмас едик. Апам бир жаққа қыдырып кетсе де, келгенше ол орын бос турады. Бул тәртипти бизлерге өзи үйреткен. Кишкенелигимизде Қанатбай екеўимиз орынға таласып, гөзлеген жеримизге отыра алмай қалсақ, төрге шығып алып мақтанар едик. Сонда апам бирден ашыўланады:

— Шық бүяққа! Әкеңиздиң орны ол! — деп жекиринеди. Дәрҳал ушып турмасақ шаппат бериўге қайымласады.

— Ҳәзир ағам үйде емес-ғо, — деймиз пырқылдап, апамда аяныш сезимин оятыў ушын.

— Болмаса да бос турады. Екинши мәрте төрге умтылғаныңызды көрмейин түўе!

Онының өзи де төрге отырмас, ҳәмме ўақыт ҳәзир мен отырған оң жапсарда отырып, ағама шай қуйып берер еди. Ағамыз қайтыс болғаннан кейин бул орын бир жыл бос турды. Жыл садақасынан соң әўлийе басына барып келип, биринши мәрте төрге шықты. Дастурханға қол созбай турып қуран оқыды.

— Ағаңыздан руқсат алып келдим, балларым, — деди соң бизлерге. — Енди ҳәм әке болып, ҳәм ана болып балларыңа басшылық етиўге руқсат бер, дедим. Пақыр, үш күннен бери күнде түсиме енип жүр еди, енди кеўли қарар табар, иншалла!

— Апам қаяқта? — дедим Қанатбайға.

Ол үндемеди. Азы-кем төмен қарап отырды да, дастурханның шетинде турған сүлгини тегислеп, еки бүкледи. Соң бас кийим орнына төбесине қойды да, қуран оқыўға киристи. Бирден мениң көзиме жас келди. Көкирегим елжиреп кетти. Жүзиме сыйпаған еки

қолым ығалланып, анама тийеберсин айттым! Әкем мени кеширгей, бул сапар тийеберсинге оның атын қоспадым.

— Анамның басына алып бар, — дедим Қанатбайға. Соны айттым да, кисемнен қол орамалымды алып, көз жасымды жол-жөнекей сыпырыў менен сыртқа бетледим.

Байғус анам ғаррысының қасына бара алмапты. Әкемниң аяқ-буяғына басқа мәйитлер қойылып кеткен. Бийшара, тирисинде «қәйтип жасарыңды билсең де, қәйтип өлериңди билмейсең, кисимниң қасынан маған да бир орын қалдырып, сыртын қоршап қойың, балларым», деп ўақты-ўақты айтатуғын еди.

— Қойшы апа, қаяқтағыны айтасаң?! — деп бет бақтырмас едик бизлер. Анамыз бизиң усы гәпимизге ашыўланбайтуғын еди. Оның өлимин қәлемегенимизге риза болар еди иш-ишинен. Мине енди, күнниң күнинде ағам менен тирилигинде дастықлас болса да, өлгенде қасына жақын бара алмады. Бәлким, руўхлары табысар. Киси өлген соң жан арши-аьлоға ушып кетеди дейберетуғын еди уламалар. Илайым, мениң анам да периштелердей ушып жүргей.

Анамның қәбири аппақ қар менен қапланған екен. Ат ағашының үстиндеги қарлар шамал менен ушып кеткен болса керек, ағашы анық көринип тур.

Мен анамның аяқ ушына отырып, көз жасларымды жумбай-жумбай төктим. Өзим бир уўыс топырақ қоса алмаған қәбир топырағын алақанларым менен қардан арттым.

— Анажаным!, Мен келдим-ғо! Мени көрип атырсаң ба? Дийдар қыяметке қалған перзентиңди көрип атырсаң ба, апа!».

Кимдур желке тусымнан келди де, ийнимнен қақты.

— Қәбир басында еркек адам жыламайды!

Соң саққа жүгинип отырды да, даўыслап қуран оқый баслады. Қанатбай екеўимиз бирге аўмийинге қол жайдық.

— Жыласаң, көз жас пенен көз алды булдырап, дийдарыңды көре алмай қалады, дегенди еситпейтуғын ба едиңиз? — деди жаңағы киси берген нәзиримизди алып атырып.

— Еситтик.

— Еситсеңиз қәбирин бир айланып, аяқ ушында отырып қуран оқың. Көз жас төккен менен тирилип келмейди. Қала берди, кеше-бүгин өлген марҳум емес ғой бул, ат ағашлары күнге күйреп, саўсап баслапты.

Ол усыларды айтты да, қойымшылық арасындағы тар соқпақ пенен Атаға қарай кетти. Бийтаныс киси мен ушын анамның

усы бүгин жан берип атырғанын қайдан билсин! Анам күни кеше, Домодедова аэропортында таңның атыўын кирпик қақпай күтип отырғанымда тири еди-ғо! Мен самолёттан түсип таксиге отырғанымда да, дәлизге жөткиринбей кирип келгенимде де, еле мен ушын тири еди ғой ол! Тек Қанатбай басына сүлгини қабатлап қойғанда, биринши мәрте «ағыўзи» ге тили айланғанда жан берди. «Дийдар қыяметке қалды, балам» — деди. Бес жыл жолында көзим төрт болды, ең болмаса түсиме де енбедиң ғой, қуўатым!» деди.

Анамның усы пәриядлары мениң көкирегиме өксик болып тығылды. Аўмийинге қолларым дирилдеп, зорға қол жайдым, сол кисиниң алдында.

— Неден қайтыс болды? — дедим иниме кешки аўқат ўақтында.

— Апамның қан басымы жоқары екен. Оны аңғармаппыз. Ҳәрдайым «мийим айланып кетти» деп көпшикти бийик қойып, оған маңлайын тиреп бираз отыратуғын еди. Әлленемирде «енди қояйын деди» деп дастурханға айланады. Өткен жылы бәҳәрде намаз оқып атырып бирден жығылды. Сүйеп түргелтсек шеп аяғын баса алмады. Шеп қолы да салбырап қалды. Адамның жаны жоқ мүшеси аўыр болады екен. Зорға әкелип төсекке жатқардым. Доктор шақырдық.

— Инсульт — деди келген шыпакер. — Нәзеримде бас мийдиң тамыры жарылып кеткенге усап тур. Компьютерге түсирип көриў керек.

Апамды реанимацияға алды. Компьютерге түсирди, шыпакердиң болжаўы дурыс шықты. Апам тилден қалды. Лекин, дәслепки бир ҳәптеде ес-ҳушын жоғалтпады. Тек тили айланбады. Еки күннен кейин қолын былғап, ымлап шақыра берди. Қасына бардым. Бирақ, бармақлары менен шақырғанын қоймады.

— Арзыўбайды алдырайық па? — дедим.

Апам «аўа» дегендей болып, ийегин қақты. Сол күни саған телеграмма жибердим. Ертеңине телеграмма қайтып келди. «Бундай адам жоқ» депти.

— Турар жайымыз өзгерип кетип еди ғой, — дедим муңлы.

Үш мезгил хабар аламан. Келиниң күни-түни басында. Өзим аўқат таярлайман, бала бағаман. Кирип барсам, көзлери жайнап кетеди. Меннен жаңа хабар күтеди.

— Апа, Арзыўбай жолға шығыпты, бүгин-ертең келип қалады, —деп алдайман.

Бир күни ол және бармақлары менен әлле кимди шақыра баслады. Түсинбедим.

— Ене, ақ жигитти көргиң келди ме? — деди мынаў. Қанатбай келинди ымлат көрсетти.

Апамның ийеги кемсеңлеп, еки бетин жас жуўды. Медсестра бизлерге бақырып таслады.

— Қыйландырыўға болмайды! Неге тынышын ала бересиз? Шығың бар, өзлеримиз қараймыз.

Кеште Алпамысты Бийбисараның анасы менен бирге алып келдик.

— Өзи неге келмеди Бийбисараның? — дедим мен гәпин бөлип.

— Өзин күйеўи жибере ме? Сөйтип алып келген менен Алпамыс апама жақынламады. Еплеп жылатып апарып алдына туттық. Зорға ләбин тийгизип бетинен сүйген болды. Соң әсте көзин жумды да, қайтып ашпады. Сол жатыстан қырық бес күн өзине келмей жатты. Майдың 27-күни дүньядан өтти.

Буннан аржағына ҳеш нәрсе тыңлағым келмеди.

— Келин, маған төсек салып бер, басым аўырып тур, — дедим.

— Дәри берейин бе? — деди Қанатбай.

— Яқ. Ҳеш нәрсе керек емес. Бир заман тынығып дем алсам өтип кетеди.

Усылайынша мениң кеўилсиз күнлерим даўам ете берди. Үйде иним менен ашылысып сөйлеспей қойдым. Ол да мениң усы ўаққа дейин қаяқта жүргеним, қалай қайтып келгеним ҳаққында батылы барып сорай алмады. Сорағанда да, айтып бергендей кеўил хошым жоқ еди. Өз үйимде қонақтайман. Бүгин-ертең қайтыўым керек адамдай, үйден аманат кирип шығаман. Шарбаққа шығып қарайман, ҳәмме жақ қар, мен кеткендегиден қандай өзгерис барын сезбеймен.

Көшеде де таныс-билистиң көзине түским келмейди. Мен ушын ҳәмме нәрсе жат көринеди. Ҳәмме нәрсе бийгана, мен өзим де өз үйиме, өз елиме бийганадайман.

Қаржаўбай ағаның ўәде берген таза РАФлары да, санавиацияға тийисли «Волга»лары да қызықтырмай қойды. Берсе де айдап кетебережақ мен жоқ. Бир тилегим — не қылдың, қосшым? деп өзи келип қалмағай. Киятырғанын көрип қалсам, жасырынып тураман. Оған енди Одессадағыдай бар сырымды ақтарып отырғым келмейди.

Қулласы, қызбалыққа салып әп-әнедей жыллы орнымнан көтерилип кеткениме өкине басладым. Олар мени қуўған жоқ еди-ғо! Қартайып, гөриниң аўзы ашылып турған ғаррының сөзине неге бирден намысым қозып кетеғойды! Оксана неше мәрте қолыма

асылып жалынды. Түн қойнын жаңғыртып, изимнен бақырып жалбарынды. Керек емес жерде өр көкиреклигим тутып...

Жумыста мен ҳаққында қандай гәп болып атыр екен? Я арза жазып тасламадым. Еки-үш күн көринбеген соң үйге қоңыраў еткен шығар. Телефонды Оксана алса бир әмеллеп дәлиллер! Ал, атасына дус келсе «түйеден постын таслайды» . «Кетти ол келгинди елине» дейди. Сөйтип мен жумыс орнымда да келгинди атанаман.

Неге анамның қайтыс болғанын кеўлим сезбеди?! Неге түсиме енбеди? Дурыс, енбеўи! Ақыры, мен оны қапа қылып кеттим! Алдап кеттим, өз Каабамды! Ақ сүтине ырза болмай кетти анам! Қәйтип мен бул дүньяда өзимди ақлай аламан? Жақсысы, келмеўим керек еди. Жасай бериўим керек еди сөйтип?

Яқ! Келгеним дурыс болған! Анамнан кеширим сорадым, келип! Мраморға ойып салынған сүўретин сүйдим. «Улларың Арзыўбай ҳәм Қанатбайдан, ақлықларың Алпамыс ҳәм Полаттан естелик» деген жазыўды көрип, кеўлим жубанды. Иниме миннетдар болдым. Баласы Полаттан алдын Алпамысты жазып қойғанына риза болды кеўлим. Енди қайтып кетсем де кеўлим жай болады. Бул жақта мени излеп атырған ҳеш ким жоқ. «Сәлемине қарай алиги» деп, меннен опадарлық көрмеген Бийбисара бул күнде әлле кимниң қушағында. Мен ше? Еки кемениң басын усладым! Екеўин еки жаққа толқын ығызып кетти, өмир толқыны! Мен енди мантығып атырман. Мени қайнаўытлаған ийрим тартып баратыр. Бул ийримнен шыға аламан ба, жоқ па, билмеймен! Өзим умтылыўым керек енди. Суў жутып болса да, бул ийримнен шығып алыўым керек. Бир «кеме» меннен узақлап кетти. Екинши кемеге қайта асылыўға еле мүмкиншилигим бар. Соған умтылыўым керек. Болмаса, терең суўға ғарқ боламан!

Арадан бир ай өтти. Оксанадан я хат, я қоңыраў келмеди. Ақыры, бир күни кешлетип өзим қоңыраў еттим.

Ояқтан кимдур трубканы көтергенде жүрегим дүрсилдеп, тез-тез урды. Трубка көтерилди, бирақ, ҳеш ким үндемеди.

— Алло? — деп өзим биринши тил қатыўға мәжбүр болдым.

Телефонда улым Сергей еди.

— Кимсиз? — деди ол.

— Оксана қайда? — деп оның өзине қайтарып саўал бердим.

— Көшип кетти.

— Қаяққа?

— Өзиниң үйине.

— Ҳаў... Сен бирге кетпедиң бе?

— Яқ. Мени атамларға таслап кетти. «Ата менен апаны бағасаң» деди.

Мен үн-түнсиз трубканы жаўып қойдым. Балам бурыннан соңғы телефоннан мениң менен сөйлесип көрмегеннен кейин, даўысымнан танымады. «Көшип кетти. Өзиниң үйине кетти. Мени атамларға таслап кетти» Әне қала-ас! Бир айдың ишинде не деген өзгерис. Өзиниң үйи қаяқтан пайда болды? Ондай хабар жоқ едиғо. Демек, Сергейди ата-анасына қалдырып, және турмысқа шығып кеткен. Айтқан жеримнен шықты. Алик болмаса Андрей, Андрей болмаса тағы биреў... Мен ким болыппан оған? Буяқта Бийбисара да Алпамысты ата-анасына қалдырып... Қарап жүрмей еки нәрестени тири жетим қылдым. Өзим биротала терең қурданға кетиўге бет бурдым. Екинши «кеме» де меннен алыста.

Сол күни түни менен уйқылай алмай дөңбекшип шықтым. Қай жерде қәтелестим? Ғарры қәйин атамның гәпине өкпелеп, тура ылаққаным надурыс болды ма? Мәпилик ғаррының сөзин еситпегенге алғаным дурыс па еди?! Мейли, бул жерде меники надурыс болағойсын, бир ай ишинде Оксана қайдан өзиниң үйине ийе болағойды? Ким берди оған үйди! Меннен жасырып жүрген гөммеси бар ма еди?! Я-ақ, мүмкин емес. Екеўимиз де айлықты ортаға қоятуғын едик. Өзимизге керегин алып қалып, басқасын кемпирдиң қолына салатуғын едик. Усы үйдиң руўзыгершилигин тындыратуғын сол кемпир еди. Демек, бул жерде басқа гәп бар. Ол Оксананың үйи емес. Күйеўиниң үйи! Мен шығып баратырғанымда изимнен бир-еки бақырды да қалды. Изимнен жуўырып шықпады. Көзабаға бақырды ол. Мен кеўлимнен кеширген Андрей-Пандрейи оның өмиринде қашшан-ақ пайда болған. Мен сорлы «тулыпқа мөңиреп» жүре бергенмен! Қалай мен енди Оксананы дым үндемей берип қоя беремен? Онысыз қалай жасайман? Оксананы ойлаған ўақта өз үйиме бийгана болып көринип кеттим... Яқ! Буны булай қалдырмайман! Сол бузақы Андрейди өлтиремен! Биреўдиң муҳаббатына қол салыўдың қандай болатуғынын көрсетемен оған? Кейин Оксананы өлтиремен! Яқ, алды бурын Оксананы өлтиремен. Андрей оны зорлап алған емес. Оның өзи қыйсаңлаған. «Еме билген қозы еки саўлықты бирден емеди» деген. Биримизди-биримизге билдирмей дүньяны жалпағына сүрип жүрген, ол бузақы!

Мен сонда биринши мәрте Оксананы қатты жақсы көретуғынымды сезиндим. Таңның атыўына асықтым. Сестине суў қуйылғыр

қоразлар да сол күни кешигип шақырды. Биринши шақырымы менен екинши шақырымының арасын дым созып жиберди. Мениң шыдамымды сынап көрип атырғандай күйдирди олар-әм.

Азанда Қанатбайды оңаша шақырып алдым. Азымаз өзимди бастым. Түндеги қызбалығымды, Одессаға жаман нийет пенен қайтажағымды жасырыуға ҳәрекет еттим.

— Қанатбай, — дедим оған бираз салмақ пенен. — Мен Одессаға қайтпақшыман. Бул үйден, бул көшеден узақласып кеткен екенмен. Енисе алатуғын түрим жоқ. «Атадан алтаў тууўсаң да, ўатаныңа жалғызсаң» дейберетуғын еди анам пақыр. Сол айтқандай, тәғдир мениң несийбемди алысқа шашқан екен. Енди несийбемди соямтан шөплеймен. Кеше үйге қоңыраў етип едим, балам: папа, қашан келесең? деп жыламсырап атыр. Оларды әри-бери алып келиўге урынып едим. Оксананың ата-анасы «бизлерди көмип болып кетиң» деп жибермеди. Бәлким, соннан кейин келермиз. Ҳәзирше хош, аман бол! Егер көрисиў несип етпесе...

— Қойың да, әжаға, жаман ырымды басламай, — деп Қанатбай сөзимди бөлди. — Мен-әм бул жерден көшип кетсем керек. Сен келсең үйди таба алмай қалар деп жол қарап отыр едим. Мени Үстиртке геофизиклер қалашасына шақырып тур.

— Өзиң қабырғаңа ойлас. Қай жерде болсаң да аман бол!

Транзит билет пенен бир күн ишинде Одессаға жетип келдим. Самолёттан түсиў менен және жүрегим дүрсилдеп, қанасына сыймай ура баслады. Ҳеш ўақытта жаман нийетти ойыма алып көрмеген мен, өз-өзимнен ҳәўлире басладым. Өмиримде таўық сойып көрмеген адам, қалай жан қыя алар екенмен?! Кейин не болады? Милицияға бараман ба? Я жасырынып аўылға қашаман ба? Жақсысы милицияға бараман. Сол жерде арқайын боламан. Изимнен излеп келиўден қорқып, күнде мың өлип жүрмеймен. Бәлким... Бәлким, қанға көзим түскенде бирден жинли болып кетсем...

Тоқсан түрли ойдың толғаўында кешлетип, балалар клиникасына келдим. Мүмкин, бүгин нәўбетшиликте турған шығар. Бул жерден табылмаса азанда институтқа бараман.

— Ким керек еди? — деди тамшы дәри үскенесин көтерип баратырған медсестра алдымнан ушырасып.

— Оксана бүгин нәўбетшиликте емес пе?

— Оксананың емлеўханада жатқанына бир ҳәпте болды.

— Қайсы емлеўханада?

— Туўыў үйинде.

— Туўыў үйинде-е?! — деп шоршынып кеттим. Медсестра мениң қорқып кеткенимди сезди.

— Сиз кимисиз?

— Еримен. Бир ай бурын командировкаға кетип едим.

— Қорықпай-ақ қойың, таксикозы аўыр келген ҳаяллар сондай пайытта бир ҳәпте-еки ҳәпте жатып алады.

Мен суўық демимди алдым. Оны аяп кеттим. Бәлким, Андрей-Пандрейи жоқ шығар деп өзимди жубаттым. Сонда... Жай кимдики? Я-ақ, Арзыўбай, жибиспе сен! Ондай бояўы бос еркеклерди ҳаяллар да жақсы көрмейди. Өлтириў қолыңнан келмесе де доқ ура бер! Сонда сениң менен есапласады. Андрей басын алып қашады. Оксана өзиңе қалады. «Мен не сонда, сарқытқа ийелик етип қала беремен бе?» «Андрей де сарқытқа көнип жасаған-ғо! Муҳаббат ҳәр қандай сарқыт-парқыттан үстин турады».

Түнлетип Оксана жатырған палатаға кирип келдим. Олар еки ҳаял екен. Төрги кроватьта Оксана, есикте айы-күни тақалып турған жасы үлкенирек бир ҳаял.

— Ой, Алик! Сенбисең Алик! — Оксана орнынан ушып турып, келе мойнымнан қушақлады. Жүзлеримнен аймалап сүйе баслады. «Ой, жолик!» — деп қойдым ишимнен. Жибиме, Арзыўбай!».

— Келетуғыныңды билип едим! Менсиз жасай алмайтуғыныңды сезер едим. Соның ушын да изиңнен жуўырып шықпадым. Бир дом, еки домнан өтип келер дедим... Ал, сен болсаң... Аўылыңнан айланып келдиң бе?!

— Таза үйиң қутлы болсын! — дедим қабағым ашылмай.

— Рахмет! Неге қапасаң? Еле баяғы ағамның гәпине өкпелеп жүрсең бе?

— Андрей үйиңде ме?

— Ким Андрей? — деди ол қолларын желкемнен алып.

— Андрей болмаса Николай. Николай болмаса Егор.

— Не айтып атырсаң, мен түсинбедим?

— Жөгисиреме! Күйеўиңди айтып атырман.

Есиктеги ҳаял бизлердиң арамыздан «қара пышық» өткенин абайлап, сыртқа шығып кетти.

— Қандай күйеў, Алик? Күйеўим сен емес пе?

— Онда жай кимдики?

— Ҳе-е, — деп оның жүзине қан жуўырды.

— Жай екеўимиздики. Қаяқтан еситтиң?

— Оның әҳмийети жоқ. Туўрысын айт, кимге шықтың, ҳәзир қаяқта? Мениң муҳаббатыма қол салған сол ақмақтың қанын ишиў ушын қайттым аўылдан. Егер туўрысын айтып, жол силтесең, өзиңниң өмириң олжа. Саған қол қатпайман. Сени сүйгенлигим ушын, жақсы көргенлигим ушын тири қалдыраман.

Оксана изине бурылды. Барып кроватына отырды.

— Шығың! — деди кейин.

— Айт, ырасыңды.

— Шығың дедим сизге! Сениң менен сөйлесетуғын сөзим жоқ!

Мен еки ойдың кесиспесинде қалдым. Мен ҳақпан ба, ол ҳақ па? Не ушын ол ашыў етип атыр?! Демек, бул жерде басқа гәп бар.

— Мен Сергейге қоңыраў еттим.

— Еситтим. Көшип кетти, деген. Өзиниң үйине кетти, деген. Сол ма маған қойып турған айыбың?! Сен үйден бас алып кетиўден биреўге тийип алды деп ойладың ба?!

— Болмаса...

— Болмаса, жайды ким әперди дейсең-ғо! Қалай умыттың ақыры, «Алик, кооператив үйге нәўбетке жазылдым. Қай ўақта да биз ата-анамыздан бөлек үй болыўымыз керек ғой» дегеним қаяқта?! «Қалай пулын төлеймиз?» дедиң сен». Кредит аламыз», дедим мен. Оннан бери арадан үш жыл өтти. Бизлердиң жағдайымызды түс көрип билгендей, сен кеткеннен бир ҳәпте өтип үйге хат келди, нәўбетим келипти. Бар гәп сол!

— Ырас па?!

— Аўа-дә!

Мен Оксананы кроваттан көтерип алдым.

— Ҳеш қандай Андрей-Пандрей жоқ па?

— Яқ! Тек Алик бар мениң өмиримде!

— Доктордан сорап шық! Үйимизге барайық!

Сол күни биз мисли жаңа қосылған жас жубайлардай қуўанышлы едик.

***

Түн жатар мезгилден әлле қашан өтип кетти. Мен есней басладым.

— Уйқың келди ме? — деди Арзыўбай.

— Яқ, онша емес... Кеше кеш жатып едик, соның қурсы.

— Вино бар ма?

— Мен ишпеймен-ғо.

— Саған ишесең бе деп атырғаным жоқ, үйде вино бар ма?

— Билмедим. Баллар қонаққа деп алып қойғаны болмаса...

— Қарап көриң, мен-әм қонақпан-ғо, — деп күлди Арзыўбай.

Шкафларды, сервантларды тинтип бир шийше «Қара марварид» деген қызыл вино таўып келдим.

— Портвейн жоқ па екен? — деди мийман «Қара марварид»ке онша кеўли толмай.

— Қонаққа ҳеш ким портвейн қоймайды, соның ушын баллар оны сатып әкеле бермейди.

— Мынаўыңды ғой мен ишип көрмедим, лекин, сол бизиң дәўиримиздеги 53 пенен 26 дан пәс-аў, шамасы.

Ол кисесинен арқасында бурандасы бар шаққысын алып, виноның аўзындағы тығынын аша баслады.

— Барлық қурал-сайман саз екен ғой, — дедим мен күлип.

— Әлбетте. Бизиң үйимиз мудамы жанымызда болады.

Ол виноны ашып шай кесаға толтырып қуйды. Соң тилек-пилек айтпастан, симирип тартып жиберди.

— Түри қоқымдай көринген менен тынық екен, — деди соң.

— Ал, сөйтип... Кооператив жайға бардыңыз.

— Бардық. Енди мен буяғын қысқартаман. Онысыз-әм уйқыдан қулап қалайын деп отырсаң.

Биз Оксана менен сол иреттегиден басқа ҳеш қандай сен-менге барыспай жигирма бес жыл турмыс кеширдик. Баламыз Сергей жигирма беске, қызымыз Марьям жигирмаға шықты. Қызыма өзим ат қойдым. Фамилиясын Арзыўбаева деп алдым. Мениң де атым қалсын дедим, бул дүньяда. Ол мен ушын Марьям, Оксана ушын Мария еди. Қәйин атамыз Сергей баламыз он төртке шыққанда қайтыс болды. Арадан үш жыл өтип, кемпирин де қасына қостық. Сергей жайда бир өзи қалды. Бизге келип қосыл десек, келмеди. Өзи кишкентайынан-ақ бизди жатсынып өсти. Оксана узағырақ әжапасындай, мен болсам қандай да бир ағайинлери сыпатында едим оған.

Жигирма бирге шыққанда үйлендирдик. Дурысы — өзи үйленди. Биз отыз-қырқ адам шақырып, кишигирим банкет бердик. Бизиң перзентке ислеген хызметимиз сол, оның ата-анаға болған ҳүрмети ара-арасында жетеклесип қыдырып келип туратуғын еди. Лекин, бир мәртебе де үйде түнеп қалған емес.

Марьям медицина училищесин питкерди. Питкерип атырғанда Кемал деген түрк жигитти баслап келди. Анталияда турар екен. Марьямды гүзге қарай Туркияға алып кетиўге руқсат сорады. Биз келисим бердик. Негедур, гүзге жетпей-ақ, Марьям оның атын атамайтуғын болды. Кешикпей Игнать деген рус жигитин баслап келди. Сонда Қаржаўбай ағаның баяғы гәпи есиме келди: «Улың ержетер, қай жерде кеўлине унаған кәр болса, сол жаққа өтә кетеди, қызың тартынбастан үйиңе жүрген жигитин баслап келеди. Кәрекеңшилик етип бир нәрсе десең, изине ерип кеткен қатының қызы тәрепке өтип алады. Сен жалғызсырап қаласаң...».

Мен кәрекеңшилик етпедим. Буяқтың үрп-әдети кем-кем мен ушын қәўли-қарар болып қалған еди.

Сергей оқымады. Трамбай депосына машинист болып жумысқа кирди. Буған да биз пәлен-төлен демедик. Марьям Игнать пенен де араны ашық қылды. Кейин тыншып қалды.

Сол жылы, яғный турмыс қурғанымызға жигирма алты жылға қарағанда Оксана аўыр дәртке шалынды. Ақ қан болды. Өзи доктор адам аўырса тез болдырып қалар екен. Өзиниң даўасыз дәртке жолыққанын билгеннен кейин ҳәмме нәрсеге көзлери тоймай телмирип қарай беретуғын әдетти шығарды. Оның өмирге тоймай, жутынып қараўлары мениң жүрегимди егеўдей тилкилер еди. Көрип-билип турып оған жәрдем бере алмайтуғыным, көзине-көзим түскенде нәзеримди алып қашыўға мәжбүр етер еди.

— Екеўимиз сүўретке түсейик, — деди бир күни ҳәмме таза кийимлерин үстине илип. — Портрет қылып, диййуалға қыстырып қоясаң.

Ырасы, сол күнге шекем бирге сүўретке түсиўди ойламаған екенбиз. Салонға барып сүўретке түстик. Соң Марьям үшеўимиз бирге.

— Сергейди де шақырайық, — деди Марьям анасына.

— Шәрт емес, — деди ол бийпәрўа.

Оксана жумыстан қалмады, лекин, күннен-күнге солып бара берди. Түнлерде аўырыў зардабынан ыңырсып шығар, кейин-кейин бизлердиң уйқымызды бөлмеў ушын бир өзи бир жайда жататуғынды шығарды. Бунысы маған да, Марьямға да аўыр батар еди.

— Мама, Москваға барып қайтайық, — деп еди ол анасына. — Сол жақта онкологиялық орайға.

— Керек емес. Бул кеселликке еле дүнья жүзинде ем табылған жоқ. Қан кеселлигиниң ең аўыр, емленбейтуғын түри бул.

Солайынша бизиң гәпимизге кирмей, өз майына өзи қуўырылып жасай берди. Бир күни жумысынан аз да болса кеўилли кейипте кирип келди.

— Алик, мен Германияға кетпекшимен, — деди ол. Сол жақта бул киселликке шалынғанлардың аз да болса өмирин узайтыў мүмкиншиликлери пайда болған деседи.

— Оған көп ақша керек шығар?

— Институт барыў-қайтыўымды төлейтуғын болды. Егер өз аяғым менен қайтыў несип етсе.

— Әлбетте, қайтасаң өз аяғың менен.

— Кейин мениң бираз пулым бар екен жамғарма банкте.

— Қандай?

— Атам он еки жасымда өмиримди қамсызландырған еди, Сизиң жаққа кандидатлық жумыс пенен кетерде сол пулды маған алып бермекши болды. Бирақ, мен алмадым. Керисинше, және отыз жылға созып, тийисли пулын төлеп кеттим. Сол пуллар мениң аз ғана қалып турған өмиримде денсаўлығым ушын жумсаўға жетип қалар.

— Онда жүдә жақсы. Мен де жумыстан материаллық жәрдем алып берейин, — дедим.

— Яқ, — деди ол. — Оны қыйынлы күнлериңе сақлап қой. Маған тек Марияны алып кетиўге руқсат берсең болды.

— Беремен. Саған қараўға қасыңа адам керек ғой.

— Бир өзиң қыйланып қалмайсаң ба?

— Саў адамға жеккелик ҳеш нәрсе емес. Тек сен саўалып кетсең болды.

Сөйтип, гүзге салым Оксана қызым менен Германияға ушып кетти. Ол жақтан қызым маған тез-тез хат жазып турды.

— «Маманың денсаўлығы жақсы. Бурынғыдай түни менен урынып шықпайды. Тыныш уйқылайды».

— «Мамам бүгин түнде сәл сандырақлап шықты. Докторларға айтсам, «қорықпа, сәл нерви шаршаған, өтип кетеди» деди».

— «Пулыңыз бар ма, тарығып қалмадыңыз ба?» деп хат жаздым. Марья ҳәзирше жетип атырғанын, Оксана миллион-миллион сәлем жоллап атырғанын айтып қуўандырды.

— «Аға! Мамамның жүзи күннен-күнге ағарып баратыр. Докторлар көп қан қуйып атыр. Буяқта донор табыў қыйын екен. Мениң қанымның группасы туўры келмеди. Үш мәрте қуйған қанының

орнына қан тапсырдым. Кейин меннен қан алмай қойды. Көп ала бериўге болмайды, деди. Пулымыздың да изи көринип киятыр. Қан сатып алыў қымбатқа түсип атыр».

Арадан үш ай өтти. Жаңа жылды жалғыз күтип алдым. Баламдикине бармадым. Ол да «аға, жаңа жылды бирге күтейик» деп шақырмады. Германиядан кем-кем кеўилсиз хатлар келе баслады. Бир күни Оксанадан ҳәм қызымнан «жайды сатыўға қарсылығымыз жоқ» деген исеним хат алдым. «Алып қоя берсин, бир күни болмаса бир күн керек болып қалыўы мүмкин» депти Оксана.

Оксананың тәғдирге тән бере баслағанын усыннан сездим. Кейин бир айға дейин тым-тырыс, хат-хабар болмай кетти. Қатты кәўетерге түстим. Емленип атырған емлеўханасына хат жаздым.

«Оксана Кравченко клиникамыздан шығып кетти» деген хат алдым. Қаяққа кетти, жазылды ма, жазылмады ма, бул ҳаққында ҳеш нәрсе демепти. Бирақ, тири екенлигине исендим. Себеби, хатта ондай суўық хабар жоқ еди.

Бир күни кеште телефон шырылдады. Олар кеткели бул үйдиң телефоны гүң болып қалған еди. Алдым. Узақтан «Алло!» деген ҳаял даўысы тал-тал еситилди.

— Алло! Алло, кимсиз? — дедим мен ҳаўлығып.

— Мен Оксанаман! Мен Оксанаман! — деди бир ўақта ентигип.

— Оксана! Оксана, барсаң ба, жаным? Қаяқтасаң? Денсаўлығың жақсы ма?

— Жақсы. Алик, жайды сатып Тель-Авибке кел. Қан кеселликлери бойынша орайға кел. Келген соң бәрин айтып беремен. Жақында виза барады. Визаны күт...

Телефонда байланыс үзилди ме, яки артықша сөйлеўге шамасы келмей өзи жаўды ма, трубкадан «гук-гук» деген даўыс келди, болғаны.

Бир ай ишинде виза келди. Виза Аркадийден еди. О, яратқан Алла! Мени душпанымның алдына өз аяғым менен барыўға миясар көрдиң бе?! Не жазығым бар мениң! Бул жерде қандай сыр бар өзи?! Мени Оксана шақырды ма, яки Аркадий! Бирақ, Оксана ғой қоңыраў еткен маған. Демек, жанында Аркадий турған! Мени көргиси келипти-дә наинсаптың! Оксананы қасына шақырып алған. Мениң болса жайымды саттырып, қолында қул қылып жумсамақшы! Жумсап болыпсаң! Өлсем усы жақта өлемен!

Сондай қарарға келдим, енди Оксанадан да, қызымнан да хат яки қоңыраў келмеўин қудадан тилеп жасадым.

Күнлерим күннен-күнге кеўилсиз өте баслады. Жумысқа бараман-қайтаман, бараман-қайтаман. Қайтарда бир пакет қурытылған бирмешель әкелип, қайнаған суўға салып ишемен. Әдепки күнлери жекке баслылар ушын жақсы тағам екен деп жүрдим де, кейин ала ол да аўзыма дәм бермей қойды. Бәрибир, табылғанын ғаўзаныўға мәжбүр едим. Деним саў, ҳеш жеримде кеселим жоқ, бирақ, күннен-күнге жағымның етин жеп, аза басладым.

Бир күни қызым қоңыраў қылып қалды.

— Аға, визаны алдың ба? — деди ол.

— Алдым.

— Неге келмей атырсыз? Жай өтпей атыр ма?

— Сатыўға дағаза бермедим.

— Мамамның денсаўлығы төменлеп баратыр. Сизиң жолыңызға қарап атыр, аға.

— Болады, қызым. Бараман.

Сол заматы қыялымнан Аркадий ҳаққындағы пассық пикирлер шығып кетти.

Бир ҳәпте ишинде жайды өткенине саттым. Жумыстан арза берип босадым. Онысыз да кәрханамыз банкротқа жүз тутқан, күнде дерлик бир кәрхана жабылып, Аўқам тарқағалы басқа шығып, тарығып атырған жас хожалықтай, республика үлкен дағдарыста еди. Тель-Авибке ушып бардым. Такси мени гөзлеген мәнзилиме, клиниканың дәрўазасының алдына апарып түсирди.

Оксана төсекте зорға қалтырақлап отыр екен. Мен барып жүзинен сүйдим. Оның бетин жууўып кеткен көз жаслары кермек дәм берип, ләбимде қалды.

— Жақсымысаң? — деди маған. — Бизлерсиз зеригип қалмадың ба?

— Зериктим, сағындым сизлерди!

— Жақында бул тәшўишлердиң бәри артта қалады. Мен сизлерди бул машқалалардан қутқараман.

— Ондай демең, жазылып кетесиз!

— Яқ, мен ол басқыштан өттим. Саған айтажақ гәплерим бар. Сол ушын шақырттым сени. Мария, ағаң екеўимизди жеке қалдыр.

Марьям үндемей сыртқа шығып кетти.

— Мен шын атеистпен, — деп баслады ол сөзин. — О дүнья дегенниң барына исенбеймен. Бирақ, қудай барына исенемен. Ол бизиң тири жанымызға ғана хожейин. Өлгенимизден кейин ол да

бизиң машқаламыздан қутылады. Инсан өз өмиринде билип-билмей ислеген гүналары ушын тири гезинде есап береди. Керек болса, жазасын тартады. Қандай қылып жазаланады, бул қуданың еркинде. Мен көрип-билип ислеген гүналарымның жазасын тартып атырман. Жеке өзимниң өмиримди ойлап, Бийбисараның ғарғысын алғанман. Мени кишкене Алпамыстың көз жасы ғам дәрьясында жүздирип атыр. Жасырмайман, биринши муҳаббатым болған тәжик жигити менен арамызда ҳеш нәрсе болған жоқ. Бирақ, Аркадий менен.... Айтқан шығарман, оның өзимшиллиги маған жақпады деп. Оның үстине ағамның қәҳәрленип бақырғаны Аркадий менен байланысты үзиўиме жақсы бәҳәне болды. Ойламағанда сен маған ушырастың. Мен ол жаққа кандидатлық жумыс пенен шуғылланыўға барған едим. Жигит таўып аламан деген нийетте емес едим. Лекин, сениң сын-сымбатың, қыздай тынық минезиң мениң ақыл-есимди бийлеп алды. Бирақ, сениң менен қанша ашылысып сөйлессем де, сен маған сөз айтыўға бата алмадың. Ўақыт болса өтип баратыр. Ақыры, туўылған күнимди белгиледим. Ол сәне мениң туўылған күним емес еди. Саған «Одессадан арнайы алып шықтым деген «Белый айст»ты Төрткүлге барғанымда сумкама салып жиберген екен. Билип, билмей пара да алғанман сөйтип.

Билесең бе, өрмекши суп-сулыў аў тоқып, оған бир шыбын-шиょкей илинип қалыўын бир шетте турып гүзетеди. Түскен пайытында жетип барады. Ҳаяллардың мәккарлығы да өрмекши аўынан қалыспайды. Сол белгилеген туўылған күним — сен ушын тоқылған өрмекши аўы еди. Сени өз бойыма үйретип алғаннан кейин, маған биротала байланып қалдың. Бирақ, буннан Бийбисара хабарсыз еди. Ол хабарсыз болар екен, бул күнлер бәри бир өткинши болып қалатуғынын сездим. Оған өзим телефон етип шақырдым. Сен айып үстинде қолға түстиң. Болмаса, ол мениң жасайтуғын жеримди билмейтуғын еди. Нийетим иске аса баслағанына шексиз қуўанышта едим. Лекин, сени Бийбисара өйтип жазалайды деп ойламадым. Ол ушын кеширим сорайман.

Сениң енди меники болатуғыныңа исенер едим. Сынап көриў ушын дәслепки хатларымды аманлық-есенликтен ары өтпей, ықлассыз жаздым. Қарасам, сениң және меннен суўысып кететуғын түриң бар. Кейин сени қатты сағынғанымды, сеннен перзент күтип атырғанымды айтып, жүрек-баўырыңды елжиретип жазыўға мәжбүр болдым. Сен азамат болсаң да еркиң бос жигит едиң. Басқа

еркеклер қусап қолды бир сермейтуғын қаталлық жоқ еди сенде. Нәзик тәбиятлы едиң. Соның ушын да, ақырғы хатымнан кейин жетип келдиң.

Жаман болмадық. Шерек әсир татыў жасадық. Уллы болдық, қызлы болдық.

Енди мениң өмир жолымның ақырғы бәндиргиси көринип қалды. Усы ҳақыйқатлықларды саған айтыўды парыз деп билдим. Буннан буяғына қандай болады? Туўры айтқаным ушын мени кешир — сени бахытсыз ғаррылық күтип турыпты. Сергейдиң саған мийрими түседи деп ойламайман. Сонда да хат жазып жибердим. Жайды сатқаныңды айттым. Мени топыраққа тапсырып болып, сениң қолыңа барады, дедим. Қандай болғанда да әкеңди жеккесиретпе, сениң тамырыңда оның қаны ағып турыпты дедим. Буның менен оның кеўлинде мийрим-шәпәәт oята алдым ба, билмедим. Өз перзентим болса да шынын айтайын, Сергей атасына усаған — қатал ҳәм мийримсизлеў. Мениң әлпайымлығым оған өтпеген. «Сен кемпир апаңа тартқансаң», — дейберетуғын еди анам маған жаслығымда. Оғада тәсиршеңсең ҳәм сәл нәрсени жүрегиңе жақын аласаң». Саған усы жерде усы ўақытқа шекем тис жарып айтпаған, бәлким, айтыў зәрүр емес шығар деп келген бир ҳақыйқатты айтайын, мениң анамның әкеси балқар қызынан туўылған. Демек, мениң тамырымда мусылман қаны да аралас ағып тур. Мүмкин, сол қаны жақынлық шығар сениң менен табыстырған. Саған жайды саттырғанда дәри-дармақ ушын саттырмадым. Сени жекке жасап қалыўыңды қәлемедим. Билемен, жайды сатпасаң Сергейдиң қолына бармайсаң. «Жеккелик — қудайға жарасады» дейди халық. Сен маған пулыңды сарплама. Сергейдиң қолына барғанда есап пенен ара-арасында руўзыгершиликке ислет. Табысы жоқ деп Сергей де, келин де безигип жүрмесин.

Енди не ушын Тель-Авибке келгенимди айтайын. Германияда маған қолынан келген емин ислеп болды. Ақшаларымыз да шамаға келди. Мен интернеттен Тель-Авибте усы кеселлик бойынша жақсы клиника барын оқыдым. Дәрҳал Аркадийге хат жаздым, интернет арқалы. Бурыннан хат жазысып жүр екен деп ойлама. Өзимниң жазылмас дәртке жолыққанымды айттым. Өзиниң жағдайын, маған жәрдем етиў мүмкиншилиги бары-жоқлығын сорадым. Ол интернеттен хатты оқыпты. Ҳәм қызымыз екеўимизге билет алып жиберди. Келсек, клиникадан орын таярлап қойған екен.

Аркадий үлкен бир реңли металл өндириўши компанияның ийеси екен. Байлығының кирис-шығысының есабы жоқ. Оған пүткил өмирбаянымды қысқа етип айтып бердим. Сени сыртыңнан таныстырдым. Тель-Авибте компанияға тийисли бес жулдызлы мийманханасы бар екен. Соннан саған бир бөлме бәнтлеўли турыпты. Соған барып орналас. Лекин, Аркадий менен ушыраспай-ақ қой. Оған кек те сақлама! Мениң енди қызғанатуғын жерим қалған жоқ. Оған да сениң менен ушыраспаўын айттым.

Ақырғы өтинишим — мени Украинаға алып кетемен деп әўере болма. Дүзелмейтуғынымды билемен. Лекин, өмирден ең ақырғы минутларына шекем өз пайымды алып қалғым келеди. Мени усы қаланың бир қойымшылығына жерлең. Бирақ, Марияны қалдырып кет. Мен жат журтта жекке қалғым келмейди. Қызым тез-тез изимнен келип, басыма гүллер қойсын, руўхым менен сөйлессин. Усыған ўәде бересең бе, артымнан тынып кетейин.

— Оксана, ондай дей берме. Бирақ, бир нәрсени айтайын, Тарас Шевченко жат жерлерде жүрип:

Өлгенсоң мени көмиңлер,

Украинадай жериме, деп айтып кеткен екен.

— Мен Шевченко емеспен, Кравченкаман, — деди Оксана. — Ал, саған айтарым — қартайып белиңнен қуўат кеткенде елиңе қайт. Одессада сениң қәдир-қымбатыңа жететуғын ҳеш ким жоқ. Өз елиңе бар. Бар болса улыңды таўып ал. Бийбисара менен дийдарлас. Дүньядан өткениңде сүйегиң өз топырағыңа араласcын. Егер усы айтқаныма қулақ ассаң, аз да болса мениң гүналарымды жеңиллеткен болар едиң...

Усы мәҳәл тамшы дәри қуятуғын үскенени көтерип, медсестра кирип келди.

— Сөйлесип болсаңыз шығып турың, қан саламыз.

Мен Оксананы бундай ҳалатта көремен деп ойламаған едим. Қасына қызымды қалдырдым да, емлеўши шыпакердиң бөлмесине бардым.

— Доктор, мен англизше билмеймен...

— Орысша айта бериң, — деди доктор мениң гәпимди бөлип. — Мен Ленинградта туўылғанман.

— Онда жүдә жақсы! — Ырасын айтсам, аўылдың адамын көргендей қуўанып кеттим. — Бир нәрсе сорамақшы едим.

— Сораң.

— Бизлер мектепте оқығанда анатомия муғаллими адамның денесинде 5 литр қан айланып жүреди дейтуғын еди. Оксанада қан кеселлиги. Егер оның денесиндеги ҳәмме қанды тарттырып алып, орнын таза қан менен толтырса жазылмас па еди.

Доктор мыйықтан күлди.

— Ким болып ислейсиз? — деди соң.

— Тийкарғы кәсибим шофёр, бирақ, ҳәзир...

— Онда өз кәсибиң бойынша түсиндиремен, — деп гәпимди бөлди. — Егер автомобильдиң аккумуляторындағы клевмаларды жаздырып жиберип, «машинаны ходла» десе ходлай аласыз ба?

Үндемедим.

— Адам организми де сондай. Егер мийге бес минут қан бармай қалса, мий өледи. Кейин қан барған менен ол қайтып тирилмейди. Оған барып турған «клевма» жаздырылған.

Буннан аржағына езбелик етиўдиң пайдасы жоқ еди.

Бизиң Оксана менен ашылысып сөйлескенимиз усы болды. Кейинги сапар барғанымызда сәўбетимиз қысқа болды. Ол күннен-күнге төменлей баслады.

Лекин, мен Оксананың ҳәмме ўәсиятын булжытпай орынлай бермедим. «Сен маған дәри-дәрмақ ушын пул сарплама» деген сөзине әмел етпедим. Өмирлик жолдасымнан аяп алып қалған пулдың маған не кереги бар? Неге енди мен ул-қызымның анасын әлле қандай бир бахталасыма емлетип қояр екенмен! Не ушын мен өзимниң қәдир-қымбатымды аяқ асты қыламан?

Мен Аркадий берип кеткен дәри-дәрмақларды салдырмадым. Орнына өз пулыма әкелип, докторларға тапсырдым. Аркадийдиң дәрилерин купия сақладым. Деген менен, бул узаққа созылмады. Мениң қалтамның түби көринди, бирақ, Оксана бери қарамады.

Арадан бир неше ай өтип, оны жат журтта топыраққа бердик. Анасының ўәсиятына бола Марьямды Тель-Авибте қалдырып, Одессаға қайттым.

Мени бул жақта гезенделик өмир күтип турғанын ол пайытта қыялыма да келтирмеген едим.

***

«Ғазға жарысып ғарғаның шаты айрылыпты» дегендей, Израиль-да отырып дүньяның бир неше мәмлекетлери менен алды-сатты етип отырған олигархқа мен шақ келер ме едим? «Ҳаялымды өзим

емлетемен» деген өр көкиреклик ақыбетинде бар пулым да ада болды. Оның үстине Оксана мутлай деп ойлаған компанияға тийисли мийманхананың маған ажыратқан шағын бөлмесине де енепаттай ақша төледим. Қулласы, қайтарда кисемде 500 доллар-ақ қалған екен. Ол пул менен Одессаға жетип бара аламан ба, жоқ па — билмедим.

«Өлиниң айтқанын тири қылмайды» деген. Биз Аркадий екеўимиз де Оксанаға берген ўәдемизге қылаплық етип, бир-биримиз бенен ушырастық. Ушыраспаўымыз мүмкин емес еди. Оксана байғус бизлерди мәлеллесип қалады деп ойлаған болса керек. Енди мәллелесиў емес, бир-биримизге муңлас, дәртлес болып қалған едик.

— Сен бахытлы инсансаң, — деди ол маған. — Мениң қолым жетпеген әрманға қолың жетти. Егер мен жаслығымда байлық ҳәм өзимшеллик шырмаўығына оратылмағанымда, бүгинги ерискен ҳәмме ғәзийнелеримнен ўаз кешип, оның менен дәўран сүрген болар едим. Оксана меннен безе алмайды, бәри бир изимнен барады, деп ойлап едим сонда. Яқ, оның инсанылық қәлби, өз қәдир-қымбатын жоқары тутыўы мени сындырды. Бирақ, оны мен кеш аңладым. Усы бослық жүзеге келген ўақтында оның өмиринде сен пайда болдың ҳәм муҳаббаттың ләззетине мейлинше ғарқ болып жасадың.

Мейли, енди бул ўақыяларды еслеўдиң мәўрити емес. Оның муҳаббатына ерисиўге миясар болайын-болмайын, оған болған ҳүрметим жүрегимде бәрҳа сақланып қалады. Тири екенмен, оның руўхын ҳеш қашан бийтахат етпеймен. Марияға компанияға тийисли үйлерден қәлеген квартирасын саўға етемен. Қанша тураман десе еркинде. Ертеңги күни хожалық болып жасайман десе де ишитарлық қылмайман.

Сизге, жол қәрежетиң ушын бир мың евро беремен. Қайтараман деп қысынба, қалыс. Биз сениң менен енди көриспеймиз. Бир ўақытлары сыртымыздан бир-биримизге бахталас болып жасасақ та, бүгин кеўлимизде дық қалмаўы керек. Оксананың руўхы шад болыўы ушын солай ислеўимиз шәрт.

Аэропортқа мениң машинам шығарып салады. Билетиңизге буйыртпа берилген, иркиниш болмайды.

Биз Аркадий менен ески дослардай қушақласып хошластық. Ол мен ойлағандай менмен, өзин жүдә бәлент тутатуғын, Оксананың ери болғаным ушын көкирегинде ыза-кеги қайнап атырған адамға усамады. Ким биледи, енди пайдасы жоқлығын түсинип, өзин

жақсы инсан сыпатында көрсетип атыр ма... Қәйткенде де, мениң көкирегимде оған деген жек көриўшилик сезими орын алмады.

— Мен анамның ўәсиятына бола бул елде жасап қалыўға тийиспен, — деди Марьям мени аэропортқа шығарып салып. — Ырасын айтсам, қапа болмаң, мамам денесиниң Одессаға қойылыўын қәлеп еди, бирақ, марҳумды бир мәмлекеттен бир мәмлекетке алып барыўдың қыйыншылығын ойлады. Сизге қымбатқа түсетуғынын сезди. Аркадийге өтиниш еткиси келмеди. Олай етсе сизди бассыныў болатуғынын түсинди ҳәм усы елдиң топырағында қалыўға қайыл болды. Мен барып хабар алып турсам, мениң менен сөйлесип туратуғындай сезди өзин. Соның ушын бир жыл басына барып турыўымды ўәсият қылды. Бирақ, бир жылдан кейин де қайтаман деп айта алмайман. Оқыўды даўам етип, жетик медицина қәнигеси болыўды әрман етемен.

Апам Германияда болған пайытында да, бул жақта да бир нәрсеге өкиниш билдирди.

«Мен кандидатлық теманы надурыс таңлап қәтелескенмен, — деди ол. — Балалар өлимшилигин азайтыў ҳаққында қырғыштай китап жазып, кандидат болдым. Илимпазлардың санын бирге арттырдым. Хош, оның менен илимге не қостым? Таяр фактлерди жыйнадым. Балаларға үш жасқа дейин үлкен итибар қаратыў керек дедим. Дәслеп аналар өз денсаўлығыңа көбирек дыққат бөлиўи тийис дедим. Сонда балалар өлимшилиги азайыўы мүмкинлигин айттым. Буны әпиўайы балалар шыпакерлери де айтыўы мүмкин еди ғой! Неге, мен қырда қалған балықтың бар жан-тәни менен сууға умтылғанындай умтылмадым, неге қақпанға түскен қасқырдың тутқын болған аяғын шайнап үзип таслап, өмир ушын гүрескениндей, медицина илимине күтилмеген жаңалық қосыў жолында жанымды пидә етпедим?! Неге, Боткин қусап еми табылмаған бир кеселликтиң вирусын өз денемде сынап көрип, оның пайда болыў ҳәм раўажланыў жағдайы ҳаққында күнделик жүргизбедим? Оған қарсылық көрсете алатуғын дәрилерди ойлап табыўым керек еди ғой, егер илим, деп жан күйдирсем!

— Мама, ондай жағдайда сиз жаслай-ақ өлип кеткен болар едиңиз-ғо, дедим мен.

— Мейли. Оның есесине қайсы бир еми жоқ кеселликтиң белгилери медицина илимине мәлим болар еди. Меннен кейин жанын гиреўге тиккен және бир инсан табылса, кеселликке қарсы гүресиўдиң буннан буяғындағы усыллары ашылар еди.

Солайынша бир неше тәғдирлерди қурбан еткен даўасыз бир кеселлик кейнинде инсаниятқа тәслим болар еди. Ал, ҳәзир... Бизиң ҳәммемиз қорқақпыз! Илимпазлардың бәри! Кеселликти емлеўди тышқанларда, қурбақларда сынап көрип, қурттай өзгерис болса дүньяға жар салады. Ақыры, адам баласы қурбақа емес ғой! Тышқан емес ғой! Уқсаслық бола бериў мүмкин! Медицинада дусмалыйлық деген нәрсе болмаўы керек. Сол дусмалый болжаўларға өзимиз де исенбеймиз. Сонлықтан, мудамы даўасыз кеселликлерден қорқып жасаймыз. Оннан өзимиздиң аман болғанымызға қуўанамыз. Лекин, күнлерден бир күни оның үндемей келип тислейтуғын ийттей бизиң денсаўлығымызға тис батыратуғынын ойламаймыз.

Марьям бул гәплерди Оксананың ҳәммеге айтып кеткен ўәсияты сыяқлы тилине шығарып, ҳәм қамсықты, ҳәм ишки дебдиўин шығарды.

— Мен бирақ, анам әрман еткен сол усылға тәўәкел ете алмайман, — деди бираз өзин басып. — Солай да, медиклер арасында қатарымның алды болыўға ҳәрекет етемен. Бул елде, керек болса басқа да Европа мәмлекетлеринде, бәлким Америкада көп тәжирийбе арттырып, елге қайтаман. Сиз оған дейин аўырмай турың. Мен сизди мезгилсиз картайтпаў ушын жетип бараман.

Енди, жақсы барың! Сергейге, жеңгеме мениң атымнан сәлем айтың. Анамның жазып жиберген ўәсиятына садық болыўын уғындырың. Өзиңиз де, оның менен қарама-қарсылыққа бармаўға ҳәрекет етиң. Мен барғанша оңысып бағың. Соң сизди өзим қолыма аламан.

Самолётта киятырып, қызымның бираз ақыл тоқтатқанына қуўандым. Ол анасының ҳәмме ўәсиятларын көкирегине түйип алған еди. Лекин, жыллар өтип қайтып келиўине көзим жетпеди. Ол тәжирийбе топлаў жолында түрли мәмлекетлерди аралайды. Нәтийжеде, ел гезип жасаўға үйренип кетеди. Оның көкирегинде ўатан сүйиўшилик сезиминен гөре өзи ушын жасаў нийети күшлирек болады. Барып-барып мени де есинен шығарады. Мен, ўатан геда болып өмир сүргенде, ол ўатанпурыш болып қаяққа барар еди?! Ўатан гедадан, ўатан геда дөрейди-дә!

Кейин Сергей ҳаққында ойлай басладым. «Анаңды топыраққа берип келдим балам» десем, мениң көксиме бас қойып жылар ма екен? Оның көкирегиндеги суўықлықты анасының ўәсияты жылытқан болса не жақсы?! Сергей ғарры атасының қасында «Сени де, анаў Аркадийди де, мынаў келгиндиңди де патырлатып атып таслар

едим» деген ашшы гәплерди еситип өсти. Оның қәлбинде бизлер нәкас адамлар сыпатында сәўлелендик. Соның ушын да, ол бизлерге суўық болды. Дүньяға келтирген әке-шешесиниң жыллы уясында бир күн де түнемеди. Сол тәрбияда өскен бала мени қандай қабыл алар екен? Мен оған кинолардағыдай ғайыптан пайда болып «мен сениң әкеңмен» деп кирип барған кимсеге усамас па екенмен?

Самолёт жерге қонаман дегенше усы ойлар мени қыйнап келди. Оксана мен ҳәрдайым қапа болғанда:

— Қабағыңды ашып жүр, мың қайғы қосылып, бир шадлық алып келмейди, — деп жақсылыққа жетер еди. Бул гәплерди қабыл ете алмасам ҳәр қыйлы анекдотлар айтып, күлдириўге тырысар, дегенине ериспегенше қоймас еди.

Енди болса қасымда Оксана жоқ. Мениң не ойлап, не қойып отырғаным менен ҳеш кимниң иси болмайды.

Самолёт келип қонды. Аман-есен жетип келгени ушын адамлардың дүрлеген қол шаппатлаўлары мениң ойларымды сергитти. Арадан өткен еки ай ишинде Одесса мени, мен Одессаны сағынып қалған екенмен. Теңиз бойының салқын ҳаўасы зейнимди ашып, бир заман болса да ғам-қайғыны умытқандай болдым.

Сергейдиң үйине келгенимде күн тәўир еңкейип, батыўға мейил берген еди. Қоңыраў түймесин бастым. Күттирмей қапы ашылды. Лекин, босағада Сергей емес, самайына ақ ене баслаған, жасы бизлерге шамалас бир киси турар еди. Қайнатасы қыдырып келген болса керек деген ой қыялымнан жуўырып өтти. Келинниң анасын бурын көргенмен, лекин атасын көрмеген едим.

— Сизге ким керек? — деди ол маған.

Ҳайран болдым. «Ким кереги», неси! Баламның үйине келсем, әлле ким меннен жол болсын сораса.

— Сергей қайда? — деп қайтарып өзине саўал қойдым.

— Ким Сергей?

— Усы үйдиң ийеси-дә!

— Бул үйди биз сатып алдық, — деди жаңағы киси.

— Қаша-ан?

— Бир ай болды.

— Сергей қайда кетти?

— Билмеймен. — Ол усыны айтты да, қапыны жаппақшы болды. Мен қапыға қолымды тиредим.

— Бәлким, қаяққа көшкенин айтқан шығар.

— Яқ, бизге айтқан жоқ.

— Айтты, айтты, — деп даўыслады иштен бир ҳаял. — Сергей Донецкиге көшти. Сол жақта шахтада жүк тийеўши деген жумыс таптым, келиншегим де өзим менен бирге ислейди, деди. Сиз кими боласыз?

Мен ҳаялдың сораўын жуўапсыз қалдырып, подъездден узақластым.

***

«Ҳаял — қулыплаўлы сандық. Әўмети күлген жигит оның гилтин таўып ашады. Лекин, сол сандықтың ишинде кишкене сандықша бар. Әне, сол сандықшаның гилти ҳаялдың өзи менен қоса жерленеди».

Бул астарлы әңгимени жаслық жылларымда қатнасқан мерекелеримниң биринде төрде жасы үлкенлик етип отырған бир кисиниң аўзынан еситкен едим. «Буншама келип жумбақ етеди, өзинше данышпан болажақ па?» деп ишимнен мырс етип күлип қойған едим сонда.

Подъездден узақласар екенмен, арадан сонша жыллар өтиўине қарамастан, усы бир астарлы әңгиме өз-өзинен есиме түсип кетти. «Оксана — қулыплаўлы сандық, — деп ой кеширдим ишимнен. — Әўметим келип оның гилтин таўып аша билмедим бе?! Әлбетте, аша билдим! Ал, сандық ишиндеги кишкене сандықшаның ше? Буған көзим жетпейди. Ол мениң менен биринши муҳаббат ҳаққында сәўбетлескенде Баҳром деген тәжик жигитти биринши муҳаббатым деп еследи. Оннан кейин де кеўлин аўлаўшылар болғанын, бирақ, оларды муҳаббат деп есаплаўға арзымайтуғынын айтты. Усы жерде ол мениң жаслығынан хабарсыз екенлигимди билип, Аркадийди сүйгенин жасырды. Күнлердиң бир күнинде анасы Аркадий ҳаққында гәп ашып қалғанда «маған оның өзимшиллиги жақпады, оның үстине әкемниң қатты кейип бақырғаны оның менен араны биротала ашық қылыўға жақсы бәҳәне болды» деп және бул сырды сол кишкене сандықшаның ишинде жасырып қалды. Бирақ, өмириниң ақырғы демлеринде ҳеш нәрседен бас тартпастан Аркадийди өзи излеп тапты ҳәм оған болған муҳаббатына садықлығын дәлиллеў мақсетинде сүйегин сол журтта қалдырды. Демек, мен ҳәмме еркеклер қусап сол сырлы сандықшаны аша алмаған екенмен.

Оҳ, Аркадий, сен қандай бахытлысаң! Ол бахытты сен мәккарлық пенен маған аўдардың-аў, шерек әсир Оксана менен бахытлы турмыс кеширдиң деп! Мен жигирма бес жыл бойы Оксананың қуры кебин қушақлап сүйген екенмен, жүреги болса удайы сениң менен жасапты!

«Ғаз ашыўын ғарғадан алады» дегендей Сергейге болған ғәзебимди ишиме сыйдыра алмай, өлип кеткен Оксананың сыртынан «кәпир тонын» пишип, бираз жеңил тартқандай болдым. Апам гейде ашыў менен әлле нәрсеге кеўли толмай ғарғанып қойса, изинше пәске қайтып, «әси болсам қайттым, қудайым, кеширегөр» деп жағасына түкиретуғын еди. Мен де азымаз кеўлим жай тапқаннан кейин: кешир Оксана, бәлким сен маған жат нийетте болмаған шығарсаң, «адамның кеўли — доңыздың күркеси» деген, бийкардан-бийкарға руўхың шырламасын, деп сыбырланып пикирден қайттым. Қайтып болып, және өзимниң диянатсызлығыма ғәзебим келди. Өз-өзиме саўал бердим — сен кимсең өзи?! Ата-бабаңның қәдеми тиймеген жат журтларда қара басың қаңғырып, неғып жүрсең?! Одесса сенсиз қаран қала ма?

Сонда ерксиз мениң ядыма балалық жылларым түсти. Он еки-он үш жасларымда дайымның үйбетинде көп болатуғын едим. «Ой, мениң қошантайым зор-аў, — деп мени басымнан сыйпап еркелететуғын еди атам. — Атасына жүўери қорысайын деп келгенғо».

Жүўери ақ көз болып баслағаннан оның шымшық деген жаўы бар. Гүўлеп бир ушып келгенде, жүзлегени жүз жүўери басқа қонып алып, дәнин шуқып жеўге кириседи. Усындай ўақытта тез ушырмасаң, қырманда дәни жоқ, қуры қаўыққа ийе боласаң.

Атам еки атыз жүўериниң ортасындағы жуўан шелге суў тартылғаннан кейин мениң бойөсериме келтирип думпешик үйеди. Сол думпешикке минип, палақпанын «оқлайды». Оның бир писиктен екинши писикке дейин мұқыятлап сақлап қойған, жуўан арқаннан есип ислеген палақпаны бар. Палақпанның узынлығы үш қулаштай келеди. Уш бетинде кесек туратуғын уя исленген. Сол уяға жартысы сыртқа шығып туратуғын етип, қатты саз кесеклерден биреўин жайластырады да, арқанды, яғный, палақпанды қол ушында төрт-бес мәртебе айландырып-айландырып, тартып қалған ўақытта, палақпаннан шыққан кесек пәт пенен зуў етип сес шығарып, шымшықлар қонып отырған жүўерилерди шайқатылдырып барып, шиңгириктиң арасына түседи. «Жүз шымшыққа бир кесек» деген

усындайдан қалған болса керек, жүз шымшық па, мың шымшық па, дүрр етип аспанға көтерилип, қаяққадур топарласып ушып кетеди. Лекин, барыўынан қайтыўы тез. Атам олардың қайтып келетуғынын биледи. Палақпанды тағы оқлап қояды. Шымшықлар қонар-қонбастан жəне палақпанның кесеги зуўылдап ушады. Бул рет олар бир дəн де шоқып үлгере алмайды.

— Əне, балам, енди қалған жағында палақпан сениң қолыңда атылады, — деп дырлай жуўан арқанды қолыма услатады.

— Оқлап таярлап тур, ол найсаплар мениң атыздан шыққанымды туў сыртымнан көрип турады, жəне келеди.

Атам кеткеннен кейин палақпанды жақсылап оқлап, арқанды ийнимнен төмен қарап төрт-бес орап келтертип аламан. Шымшықлар да тегинликте келеғоймайды. Бəлким, атқан кесегим биреўине тийсе... бийшара шымшық, төрт-бес дəн шөплеймен деп өлип кетеди-аў. Еле кесек тиймеген шымшықтың өлимин уўайымлап турғанымда гүў етип келип қалғанын бир абайлап қаламан.

Палақпанды төбемнен айландырып, айландырып тартып жиберемен. Бир шымшық көтерилип ушпайды. Бир жуўериниң басы қыймылдамайды. Қарасам, палақпанның «оғы» уясынан шықпай қалған. Қулласы, бир атқан оғым уясында қалады, биреўи арт бетиме түседи. Палақпан атыўды үйрениў ушын да бир-еки гүз ҳəлек болғанман.

Хош, палақпанды не ушын еслеп отырман? Күни менен абайлаған шығарсаң, мениң өмирим де палақпанның кесегине усамай ма, қалың жүўериниң арасында қалып кеткен. Мени тəғдир палақпаны атқан узаққа. Қандай қарыўлы қол менен атқан десеш — Арал теңизиниң бойынан атып, Қара теңиздиң бойына түсирген. Мен палақпан атқанда жүўериниң арасына кирип, бет-аўзым жүўериниң шаңы менен аппақ ундай болып, атқан кесеклеримди жыйнап алатуғын едим. Бул тəғдир дегениң сондай қатал екен, атқан кесегиң излемейди де! «Өзиң ушын ол жетим» деп қоя береди.

Мен усындай тереӊ қыял дəрьясына батым шүмип, аэропортқа айланып келдим. Бул жерде квартиралар бюросынан бир ақшам қонып шыққандай баспана табыўға болады. Ертеңге қарай қудай разақ.

Квартиралар бюросы узын дизимди қолыма услатты. Онда квартиралардың адреси ҳəм кирей пулының баҳасы жазылған болады. Мен арзанлаў баҳаны қыдыра басладым. Бүгин түнеп шыққан баспана ертең де керек болады. Қудайдың тарыдай күни.

Қашанғы мен кирейде жасап күн көре аламан. Аркадий «бажам»ның садақа сыпатында берген евросы бир айға жете ме, жетпей ме? Оннан кейин мениң аўҳалым не кешеди? Мени излейтуғын ким бар? Камарымнан дөреген перзентлеримниң биреўи изин жасырып ғайып болды, екиншиси болса оқып, мениң «басыма шырақ жағыў» ушын алыс журтта қалды.

Оксана «Алик, қапа болма, сени бахытсыз ғаррылық күтип турыпты» дегенде усы аўҳалды билип айтқан екен-дә! Лекин, бахытсыз ғаррылықтың арасы Тель-Авиб пенен Одессаның аралығындай дым жақын, ийекке тирелип қалғанын ҳеш ойламаған едим. Мине, енди сол бахытсыз ғаррылық Одессаға геўгим түсиў менен-ақ басланды. Мениң өмиримниң геўгим тартқаны еди бул.

Дизимди еки-үш қайтара оқып, «Набережная» посёлкасындағы 16-жайға тоқтадым. Бул басқалардан гөре арзан ҳәм посёлка қаланың шаўқымынан жырақта еди. Соған қарамастан, бул посёлканың ортасынан түнги он еки ярымнан бирге дейин трамвай жүреди. Сәл жерде квартира унамай қалса минип барған трамвайымның қайтыўын күтип, бәндиргиде турағояман.

Жигирма үшинши трамвай менен дағаза берген мәнзилге барып жеттим. Мен таңлаған квартира ийелери жайының қапталынан арнаўлы түрде кирейге берип қойыў ушын айналарын үлкен-үлкеннен қойып, ағаштан бир бөлме жапсырып салған екен. Бул тек жаз айларында пайдаланылыўы мүмкин, қысқа қарай бул бөлмеде таўық та қыслай алмайды.

Жасы елиўлерден өтип жүрген бир ҳаял бөлмени ашып, мени ишке алып кирди. Кишкене бөлмеге араларынан бир адам жүргендей етип төрт кроват жайластырылыпты. Ҳәр кроваттың бас ушына кийимлериңди шешип қойыў ушын бир-бир гүрсиден қойылған.

— Қәлеген койкаңды төсестирип ал, — деп ол мениң қолыма одеял қап, көпшик қап ҳәм сүлги услатып кетти.

Аш адамға уйқы келмейди екен. Самолётта қусқа салғандай етип берген бир шуқым аўқаты әлле қашан сиңип кетти. Көзим бақырайып, одеялды бастырынып жатырман. Оның менен кирпигим илинетуғын емес. Қала берди, бөлмениң қарама-қарсысында жерге жабыстырылып салынған бир жай бар, шамасы, төменинде жер төлеси бар болса керек, соннан үзликсиз бир шөккиш даўысы тоқылдайды да турады. Арасында электрошардың қыйғырған даўысы қулағыңды жыртып жиберейин дейди.

Бул даўыслардың қашан тынғанын билмеймен. Уйқылап кетиппен. Оянсам, ҳәмме жақ жап-жарық. Кеўлиме бир жаман ой келди. Шыға салып, зып берсем қәйтеди? Маған бегликти ким қойыпты? Уят-абырайды ким қойыпты? Тәғдир мени сонша жыл палақпанның кесегиндей қылып ойнады-ғо, қәне, мен-әм бир оның менен ойнап көрейин. Усы ой қәпелимде өз кеўлиме мақул түсти де, бөлмениң есигин сырт еттирмей ашып, мүйешке айландым.

— Ҳәй! — деген бир ҳөктем даўыс шықты артымнан. Шоршып кетип, қалша қатып қалдым.

— Қаяққа қашып баратырсаң?

Қорқа-қорқа изиме бурылып қарап едим, түни менен тоқылды шыққан жер төлениң қапысының аўзында, қолында сабы еки қарысқа жетер-жетпес, кетпенниң «мурнынан түскендей» шапқыжоңғы услап, мурты шыйратылған, шашына ақ аралаған узын бойлы бир арық киси мени көзи менен жеп қояйын деп қарап тур еди.

— Берман кел, қаяққа баратырсаң! –деди ол тағы, мен я алға, я изге адым атпай турып қалған соң.

Қорқа-қорқа қасына бардым.

— Надя? — деп даўыслады ол үйбетине қарап.

Есиктен кешеги ҳаял шықты.

— Квартирант пенен есап-китап қылдың ба?

— Яқ. Азанда есапласармыз деп едим.

— Ал, бул есапласпастан қашып баратыр.

— Солай ма? Ой, сволщ!

Өмирим туўып бундай сөгис еситип көрген жоқ едим. Бес-алты гривеньниң жүзи қарашылығы деп, жетим баланың ҳалына түстим де қалдым.

— Буған қандай жаза берейин? — деди хожейин мениң билегимниң қарынан беккем услап алып. Бәрҳама шөккиш урып ислеген қолдың бармақлары бармақ емес, сүйектей қатты еди. Билегимниң қарына етим қысылып, ҳазарына зорға шыдап турман.

Екеўи алдын-ала жазаны ойласып қойғандай:

— Теңизге атып жибер, балықларға жем болсын, — деди ҳаялы. Ҳаял адам мийримли болады, дейтуғын еди, тапқан екенсең!

— Дурыс пикир, — деди де хожейин мени билегимнен бурынғыдан да каттырақ қысымлап, жер төлесиниң мүйешине айланып, теңизге қарай жетеледи. Теңиз жер төледен узақ дегенде 40 — 50 метрдей-ақ аралықта еди.

Екеўимиз тиртеклесип жағаға келдик. Ол алға қарап тартады, мен көткеншеклеймен.

Жардан төмен қарадық. Жардың бәлентлиги соншелли, теңиздиң жарға урып турған ақ көбик толқынларының сести жоқарыға жетип келмес еди.

— Теңиз бети усы жерден неше метр ой деп ойлайсаң? — деди хожейин маған көзлерин төңкерип қарап. Уясына кирип кетейин деп турған бул көзлер жүдә өткир еди.

— Он метр бар шығар, — дедим гибиртиклеп.

— Ҳим! — Ол мырс етип кекетип күлди. Изинше колындағы шапқысын жерге таслап, мени еле де жардың ернегине жақынластырды. Енди мени жардан ийтерип жибериў ушын өламата күштиң кереги жоқ еди.

— Бул тикжар жигирма бес метр! — деди ол нықлап. Егер усыннан атып жиберсем, өз салмағың менен теңиздиң түбине және жигирма бес метрге кетесең. Бул жарқабақ әжел жарқабағы. Қыянет еткени ушын биринши ҳаялымды усы жарқабақтан атып, он еки жыл отырып келгенмен. Сен кимсең оның қасында. Маған пәнт беремен деген адам — ата душпаным!

— Маған ийманымды үйирип алыўға бес минут пурсат бериң, — дедим.

— Не?! Руўханыймысаң? — деди ол сәл босасып.

— Яқ. Мусылманман. Ҳәр қандай мусылман өлер алдында өз ийманын өзи үйирип билиўи керек.

Ийман дегенниң қәйтип оқылатуғынын билсем сирә. Намаз оқылмаса, аўқаттан соң қуран оқылмаса, ийманға нәўбет қаяқтан жетсин?! Солайда, ешейин нәрсениң үстинде өлип кетиў, ким-кимге де әрман болатуғын шығар.

Хожейин билегимнен тутыўы менен еки-үш адым кейин шегинип, ийнимнен тартып өзине қаратты.

— Қаяқтан келдиң?

— Одессалықпан! — дедим мен. Сыртымнан бақлап турған адам болса жүзимде қан қалмағанын сол заматы-ақ билер еди. Әжел қәўпи бир-еки адым кейин шегинсе де, еле толық өзиме келе алмас едим.

— Одессалық?! Онда неге үйиңе бармай, квартирада түнеп жүрсең? Я ҳаялың қуўып жиберди ме?

— Яқ. Үйим сатылып кеткен.

— Қәне, паспортыңды берши.

Мен кисемнен паспортымды алып усындым.

— Жайыңды неге саттың? — деди паспортымды қайтып берип.

— Ҳаялым наўқасқа шатылды. Соны емлетиў ушын саттым.

— Жақсы болды ма?

— Өлди!

Хожейин қолларын еки ийнине, маңлайына тийгизип шоқынды.

— Дийўанамысаң? — деди изинше.

Бундай аўыр гәпти биринши мәрте еситиўим еди. Жүрегиме ништер қадалғандай болды. Бағанағы ҳаялының айтқан ғарғысынан да аўыр тийди бул гәп маған.

— Дийўанаман! — дедим мен де ызғарлы. — Лекин, сизикине қайыр сорап келгеним жоқ.

Ол жерге шаншыўлы жатқан шапкысын суўырып алды.

— Нағыз еркектиң гәпин айттың! — деп шеп қолы менен ийнимнен қақты. — Мен саған қайыр бермеймен. Бирақ, аз ғана жумыс берсем ислейсең бе? Хызмет ҳақыңды төлеймен!

— Ислеймен, — дедим ойланбастан. Бундай усынысты мулт жиберсең, бола ма? Онысыз да, тәңирдиң таңы атса өзим де қол ушы талап излеўге шықпақшы едим. Енди бизге баяғыдай мастерлик жоқ. Тарқап болған аўқамның тусында салынған завод-фабрикалардың бәри банкротқа ушырап, жабылып болған. Оларды да ўақтында бийлиги ҳүким сүрип турған, қолларында мөри бар кимселер арзангиреўге сатып алып, аяқ-астынан бай болып шыға келген еди. Онын үстине ҳәмме шегаралар ашылып кеткеннен кейин шет елли бизнесменлер бастырып кирип алды да, баяғы завод-фабрикаларды заманагөйлестирип ислетиў шәрти менен, жергиликли байларға шерик болды. Енди оларды «бай» демейди, еркелетип, бүгинги күнниң сөзи менен «олигарх» деп атайды. Ол олигархларға бизиң, әсиресе, мен қусаған, пенсияға ийек тиреп турған кимселердиң бир тийинға кереги жоқ.

Усы ойлар Тель-Авибтен келемен дегенше-ақ мийимде писип келген мен, хожейинниң бир аўыз гәпине ойланбастан келисим бердим.

Ол мени түни мененги тоқылдап шыққан устаханасына баслап келди. Устахана жердиң үстинде жарбыйып атырған кишкене жай болып көринген менен жер төле жағы терең ҳәм кең екен. Онлаған басқалдақтан төменлеп жер төлеге түстик. Төлениң төрт жеринде үлкен-үлкен лампочкалар жанып тур. Дийўалға жағалатып қойылған бир неше тас мүсинлерге көзим түсти. Олардың ишинде таў арқары,

аяғын созып жатырған арыслан, шақлары путақ-путақ болып кеткен суўын, және мен танымайтуғын әлле кимлердиң бюстлери бар еди. Ал, ортада болса гиддиман, келисиксиз формадағы, мен атларын билмейтуғын қатты таслар жатыр. Оларға жаңағыдай ҳайўанлардың, адамлардың сүўретлери пор менен дусмалый сызылған. Демек, жоныўға таярлап қойылған болса керек.

— Мен мүсиншимен, — деди хожейин. — Тас жоныў аңсат емес. Соның ушын маған жәрдемши керек.

— Мен не ислеўим мүмкин? — дедим мен.

— Сен мына пор менен сызылған жердиң сыртын үлгергениңше қашаўлап бересең. Сызықтан ишке өтпейсең. Ояғын келтириў мениң жумысым. Ҳәр күниңе бес доллардан пул төлеймен. Жатақ жайың усы бөлмениң иши. Ана, мрамор столға отырып аўқатланасаң. Ҳәжетхана, ҳаў анаў Сталинниң гипстен исленген бюсти турған мүйешти көрдиң бе, сол жерде. Жумыс бериў мүддети бир ай, ҳадал ислейсең, 150 долларды аласаң да кетесең. Тамағың аш болмайды, оннан ғам жеме. Келистик пе?

— Келистик — дедим азымаз иркилип турып. Негедур еки көзим жаңағы гипстен исленген мүсинде еди.

— Сен не, сиясатшымысаң? — деди хожейин меннен гүмансырағандай болып.

— Яға-аў, әпиўайы рабочий болып ислегенмен. Оны неге сақлап қойыпсыз?

— Ол мениң биринши жумысым. Жигирма бир жасымда гипстен соғып, жаслар паркине мутқа саўға еткен едим. Оны бийик постаменттиң үстине орнатты. Паркке ҳәр барғанымда «буны мен соққанман» — деп мазатланып өтер едим. Кешикпей бахты тайып, оның естеликлери жығылып, сындырыла баслады. Сонда бир түнде қопарып алып, устаханамның қуўысына қойдым. Бул жерге ҳеш ким руқсатсыз кирмейди. Мениң дөретиўшилик жумысым өзимниң перзентим. Перзентимди көшеге таслай алмайман.

Енди ана кранға бет-қолыңды жуўып, мен көрсеткен столға отыр. Ақлығым шай ҳалқас алып келеди.

Хожейин текшеден көтерилип шығып кетти. Күни менен ашық турған қапы ғыйқ етип сес шығарып жабылды. Шамамда, ол жасы жетпислерге барып қалған болса да, елеберин ғаррылыққа жеңислик беретуғын адамға усамайды. Оған қарағанда мениң еңсем гүжирейип баслағандай еди. Ҳаялының өзине қарағанда әдеўир жас көрингенине бағана сәл таңланған едим, енди ҳәммеси мәлим болды.

Бети-қолларымды жууып, төле ишин және көзден өткере басладым. Төлениң арқа тусында ени еки метрдей келетуғын бир қапылы дәрўаза бар екен. Дәрўаза төлениң ултанынан бир ярым метр шамасы бәлентликте. Сол бәлентликтен ултанға қарай цемент пенен қуйылған сыпқанақ текше бар екен. Шамасы, мына жатырған гиддиман таслар усы сыпқанақтан ысырып түсирилген болса керек.

Темир қапы және ғыйқ етип сес берип ашылды. Он бес-он алты жаслар шамасындағы, келте көйлек кийген, шашының ушына бантик таққан сары сынлы қыз подноста шай ҳалқас әкелип, мрамор столдың үстине қойды. Маған аўызша сәлем берди. Әкелген затларын столға тәртиплеп жайластырып «жағымлы иштей» деди де, подносты алып, сыртқа бетледи.

Шай ҳалқас ерксиз танаўымды жыбырлатып жиберди. Кешеден бери аштан қақланған мен, аўқат-шайларды ыдысы менен жутып жибериўге бар едим.

Бул әлле неткен күнликшиге берилетуғын тағамлар емес еди. Лаўабы кеседе пуўы бурқырап турған манна каша, қасындағы тарелкада қуўырылған бир мәйек пенен еки сосиска, кишкене — алақандай бир тарелкада иримшик, және бир тарелкада жигирма грамм шамасы сары май ҳәм төрт бөлек нан. Фарфор чашкада қара кофе бар еди. Ырасын айтсам, бундай күтимде бир ай емес, бир жыл ислеп қалыўға қайылман. Лекин, хожейин «жумыс бериў мүддетим бир ай» деди. Демек, аржағына келип турған буйыртпалар болмаса керек.

Аўқатланып болыўымды күтип турғандай, ыдысларды жыйнастырып атырсам, бағанағы шапкысын көтерип, хожейин кирип келди.

— Тура берсин, қызлардың өзи алып кетеди, — деди. Енди буяққа кел, жумыс баслаймыз.

Ол бағанағы жатырған гәўмис таслардың бирин көрсетти.

— Мынадан таў тайлақтың мүсинин ислеўимиз керек, — деди пор менен сызылған сүлдерди көрсетип. — Усыны қашаўлап формаға келтиресең. Сизге еки күн мәўлет беремен. Үлгересең бе?

— Ҳәрекет қыламан.

— Бизде ҳәрекет қыламан деген гәп болмайды, үлгеремен я үлгермеймен.

Ишимнен ойлап қойдым, «еки күннен басқа күн болмаса үлгермей не қыламан. Жаңағыдай аўқатларды алдыма қоятуғын Оксанам тур ма мениң!»

— Үлгеремен! — дедим хожейинди көп күттирмей. — Лекин...

— Мойны менен басына мөлшерленген тас түске дейин келип қалады, ... — деди хожейин мениң тасқа үңилип, ненидур излеп турғанымды сезип.

Екеўимиз еки жерде жумыс басладық. Түни менен «тоқ-тоқ, тоқ-тоқ» деп сес берип турған болса, оған енди «тоқа-тоқ» қосылды. Қулақ тутып тыңлаған адамға сыртқа «тоқ-тоқ, тоқа-тоқ, тоқ-тоқ, тоқа-тоқ» деп еситилер еди бул даўыслар. Лекин, хожейинниң тоқылдысы онша қатты шықпайды. Мүсинниң қәддин келтириў ушын гейде шық-шық еттирип, жуқалап шабады. Соң шабылған жерди электрошар менен егейди. Шардың тасқа тийип шыжылдаған даўысы мийиңди егеўлеп атырғандай, зорға шыдайсаң. Уста оған үйренип кеткен.

Түске таман дәрўаза қағылды.

— Костя, дәрўазаны аш, — деди бағанағы ҳаял.

Хожейин иштеги сыпқанақ түсерликтен барып дәрўазаны айқара ашты. Аржағында үш-төрт тонналық кишкене самосвал тур екен. Машина шеберлик пенен бәсип келип, дәрўазаның табалдырығына артқы баллонын тиреп иркилди. Келте кузоб бары-жоғы баллоннан бир метрдей-ақ шығып тур еди.

— Алдырақ айда, — деди хожейин шофёрға. — Шөңкерген ўақтында кузобың маңлайшаға тирелип қалады.

Шофёр машинаны бир метр алдыға айдады.

— Болды, түсире бер.

Самосвалдан сыпырылып төрт мүйешли, қарамы аршаның көлеминдей бир тас, кейин бир ярым-еки метрлик қарағайға усаған узынша еки тас бирин-бири ийтерип түсти.

— Болды. Надя, дәрўазаны жаўып, ақшасын берип жибер.

— Әне, таўтайлақтың мойны да келди, — деди уста.

— Келте емес пе? — дедим мен. — Киноларда көргенимизде мойны үш метрдей болатуғын еди.

— Таў тайлақты сол турысында көшириўимиз керек пе? Алдындағы геўдесиниң үлкенлигине қара, мойны менен басы соған мас келеди. Сен өзи искусствоға түсинесең бе?

— Мен техник хызметкермен.

— Онда түсинбегениң дурыс.

Сол-сол екен, оған қайтып саўал бермейтуғын болдым. Не буйырса гәп қайтармай орынлай беремен. Аўқат, жатақ жай кеўлим-

дегиден зияда. Қәнекей, қалған өмиримди усы жер төледе өткерсем. Ара-арасында сыртқа шығып, таза ҳаўа жутып келемен. Әсиресе, кешқурынлары теңиз беттен ескен самал, өзгеше бир ләззет бағышлап, қайтып ишке бетлегим келмей турар еди.

Бир ай толып, екинши айға қараған күни азанда Костя ҳаялы менен түсип келди.

— Мийнет ҳақысын бер, — деди уста.

Ҳаял кисесинен бир жүзлик, бир елиўлик доллар шығарып берди.

— Еле исленбеген жумыслар, соғылмаған мүсинлер бар ғой, деп ойлап турған шығарсаң. Дурыс, бар. Бирақ, маған жәрдемши керек емес. Ҳеш қашан жәрдемши жалдап мүсин соққан емеспен. Сениң теңизге түсип кетиў қәўпи дөнип турғанда да шоршымағаның, өлер алдында мусылманшылықтың шәртин услап, өз ийманыңды өзиң үйириўге мәўлет сорағаның маған унады. Мен де қудайшыл адамман. Ширкеўге барып тураман. Өзимдей бир қудайшылға жәрдем етким келди. Оның үстине ҳаялың өлип, бийшара ҳалға түсип қалғаның мениң де бир гезлери сондай руўхый азапта кешкен күнлеримди еслетти, кеўлимде мийриманлық оятты. Ал, енди жоқарыға шық. Жолың болсын!

Мениң ойда жоқта «қудайшыл» болып қалған жалғанымның буншелли шарапаты тийгенин қәйтерсең. Бәлким, Аллатала тилиме «ийман» деген сөздиң келгенине кеширимлилик етип, ғарры мүсиншиниң кеўлине жақсылық салған шығар.

Темир есиктен сыртқа шығып бул қәсийетли жер төлени көзим қыймай, оны көзлерим менен сүўретке алатуғындай суқланып қарап турдым да, соң әсте-әсте қәдем басып, трамвай бәндиргисине алып баратуғын соқпаққа түстим.

Изиме бир айланып қарасам Костя да, Надя да өзлериниң бир қәдирдан адамын узақ жолға шығарып салғандай, изимнен көз үзбей қарап турған екен.

***

Таўық биринши шақырымын шақырды.

— Арзыўбай аға, әңгимениң қалғанын азанда даўам етсек, — дедим үсти-үстине еснеп.

— Шыда-шыда, бир ақшам мың ақшам емес, — деди ол. — Түни менен өлип шығаман ба, қайдан билесең. Онда өмиримниң сөйленбей қалған тәрепи ишимде кетеди. Енди аз қалды.

Солай етип, көзиме ысық көринген төле изде қалды. Енди қайда бараман?! Ең баслысы, турақлы бир жумыс таўып алыўым керек. Сөйтип, пул топлап, жаман шатпа болса да өз үйиме ийе болыўым тийис. Бул жүристе бир күн болмаса бир күн дүзде өлип қалыўым ҳеш гәп емес. «Жатып жегенге таў шыдамайды» дейди. Бес-алты жүз евро менен бир жүз елиў доллар сарқылмас булақ емес.

Азанғы шай ҳалқасты ишип шыққаным жақсы болды. Тамағым тоқ. Ҳеш жерден үмит етпесем де кишигирим кәрханалардың есигин қаға басладым.

— Хызмет? — дейди баслық мурнының белине түсип турған көз әйнегин бармағының ушы менен көтерип.

— Жумыс излеп жүрмен.

— Бурынғы жумыс орныңнан неге шықтың?

Қай мәкемеге бармайын, усы саўал алдымнан шыға берер еди.

— Шыққаным жоқ, кәрхана жабылып қалды, — деймен мен.

— Қәнигелигиңиз не?

— Техник.

— Техник болғанда қандай — мотор оңлайсаң ба, больт жонасаң ба, улыўма қандай ҳөнер қолыңнан келеди?

— Мен электр үскенелерин соғатуғын заводта ислегенмен.

— Кеширерсиз аға, ҳәзир Совет дәўириндеги электр үскенелерине талап аз. Биз оның менен шуғылланбаймыз.

Усылайынша кешке дейин он төрт киши кәрханаға кирип шықтым. Мени ҳеш ким жумысқа алмасын әўелден-ақ ишим сезер еди, лекин, үмитсиз шайтан деген...

Кейинги ашқан есигим мени қайтып ҳеш бир мәкемениң есигине қол созбастай етти. Баслық деген кабинеттиң есигин қағып кирдим. «Т» тақылетте стол қойылған кишкене ғана кабинет екен. Кабинет ийеси шашлары мойылдай қара, мурны таў қошқарының тумсығына усаған дүңки, көзлери ири, адрақ, бетиниң тең жарысы сақал, муртлары да сақалға тутасып кеткен отыз бес-қырқ жаслар шамасындағы жигит екен. Ол есик бетке қойылған үш орынлықтың бирине «отырың» деп ишара етти. Соң мениң менен иси болмады. Телефонда әлле кимлер менен узақ сөйлести. Сөйлесип отырып, бармағының арасына қысып алған еки жағынан уш шығарылған ярымы көк, ярымы қызыл қәлемин ойнатып отырды. Бундай қәлемди көрмегениме көп заманлар болып еди. Ол биз оқыўшы гезимизде муғаллимлерде болар, олар парталарды аралап жүрип,

дәптеримизди тексерип, баҳа қойып кетер еди. Бул қәлемлер еле бар жеринде бар екен-дә!

Кабинет ийесиниң мениң бары-жоғымды елестирмеўи батайын деди. Шығып кетейин десем қурығыр үмит, «қаяққа барасаң, шыда, жаңа заманның баслықлары усындай болады» деп өз кеўлим өзиме тәселле берди.

Әлленемирде телефонда сөйлесип болды.

— Хош, хызмет? — деди ол да басқа баслықлардай.

— Есиктиң аўзындағы дағазаны оқып қайрылдым.

Ырасын айтсам, бул кәрхананы абайламай өтип баратыр едим. Сыртқы қапының оң қапталына баннерге «техник маманлықтағы қәнигелерди жумысқа шақырамыз. Айлығы жоқары» деп жазып қойылған еди.

— Номай айлық тапқың келди ме? — деди ол сынын бузбастан.

— Хызметиме ылайық төлесеңиз де қайылман.

Ол ериншеклик пенен орнынан турды. Стол үстинде шет ел жазыўы бар сигарет қутысынан жиңишке бир сигарет алып тутандырды. Оны уртын толтырып бир-еки тартты да, аўзынан-мурнынан ақшыл түтинди бурқыратып шығара баслады. Кейин қасыма келип, ийниме қолын қойды. Сонда барып төрт бармағында да жалпақ ҳәм қалың етип исленген бриллиант жүзигин көзим шалды.

— Сизди жумысқа алыўым ушын, — деп ийниме салған қолын бир көтерип қойды. — Алды менен табыт соқтырыўым ҳәм қәбирстанға ордер алып қойыўым керек болады-ғо. Ол маған артықмаш шығын болмас па екен?!

Баламдай жигиттиң мысқыллап айтқан мына гәпи жети жүйрем-нен өтип кетти. Оған жуўап қайтарарға сөз таппадым. Қолынан қағып жибердим де, есиктен атлығып шықтым.

— Старый хрень! — деп изимнен сөгинип қалды.

Сыртқа шықсам, күн қызарып батыўға мейил берген екен. Енди бүгин кеште қаяққа түнеймен? Яқ, түнеўдиң есабы болады. Алды менен бир нәрсе жеп алыўым, әсиресе, жаңағы осамастың гәпин ядымнан шығарыў ушын жүз-жүз қағып алмасам пәр төсекте жатсам да уйқылай алмаспан.

Қалада меншик кафелер, ресторанлар «балалап» кеткен еди. Лекин, қайсы бирине кирме, баҳалары «тислеп» алады. Арзан-гиреў асхана излеп бармаған жерим қалмады. Ең кейнинде «Пиво

бар» деген кафеге кирдим. Кафе жүдә шаўқымлы еди. Илаж жоқ, шыдаўға туўра келеди.

Бармен алдыма келди.

— Пиводан басқа не бар? — дедим.

— Ҳәммеси. Арақ, вино, коньяк...

— Маған жети жүз елиў граммлық вино алып келиң.

— Қандайынан?

— Қандай болса да парқы жоқ. Бирақ, қуўатлылығы 18 градустан кем болмасын. Соң еки шыбықша кәбаб.

Бармен шаққан жигит екен. Вино менен қоса дузланған помидор-қыярды да әкелип таслады. Буйыртпа бермеген болсам да, закускалар маған унады.

Қырлы стаканды толтырып бир симирдим. Көз алдымда маған табыт буйыратуғын баслықтың сүлдери елеследи. «Ҳәссений, баяғы Цинсадзе болар ма еди усы ўақта» деп әскерликте бирге хызмет еткен, меннен басқа жигитлердиң бәрин зирлетип қойған грузин жорамды аңсадым. Ол мени сондай жақсы көретуғын еди. «Ким қапа қылса айтып қой, өзим көзин уясына түсирип қояман» дер еди. Бир сапар командирдиң пол жуўыўға берген жазасынан да қутқарып қалды ол. «Ерқасымов пол жуўмайды» деди, болғаны. «Неге?» деп командир де қайтарып сорамады. Мен ҳәмме әскерлер қатары орныма барып уйқыладым. Егер ҳәзир Цинсадзе ғайыптан тайып көзиме көринеғойса туп-туўры жаңағы кеңсеге баслап барар едим. «Мына биреўдиң көзин орнына салып бер» дер едим. Бирақ, ол жас жигит-тә! Цинсадзе қартайған болыўы мүмкин, лекин, онда жүрек бар еди. Төбелесте қарыў емес, жүрек жеңеди.

Винонь ярымнан өткергеннен кейин қосық айтқым келди. Әсте-әсте «Червони руту»ды басладым. Бул қосықты көбинесе ҳаяллар айтатуғын еди. Бирақ, мен буннан басқа украинша қосық билмеймен. Орталарына келгенде ҳәуижге шықтым.

Басқа столда пиво ишип отырған жигитлер маған таңланып қарай баслады. Билемен, неге таңланғанын. Жигирма бес жыл усы елде жасасам да, ҳаўа райы мениң жүз теримниң реңин өзгерте алмады. Азиялы екенлигим көз ушынан қарағанға-ақ сезилип турар еди.

Бир мәҳәл төр беттеги столдан бир жигит қасыма келди.

— Бизлер бетке жүриң, шеф шақырып атыр, — деди ол.

— Ким шефиң? Мен ол шеф басқаратуғын мәкемеде ислемеймен.

— Ол мәкеме баслық емес. Бизиң топарымыздың шефи. Бармасаңыз қапа болады.

Ярымынан аз қалған виномды мойнынан қысымлап орнымнан турдым.

— Тасла, керек емес, — деди жигит.

— Неге? Еле бир ярым стакан шығады ғой.

— Ояқта буннан жақсылары бар. Шеф ашыўланып қалады, тасла!

Таcладым. Көзим қыймай изиме қарай-қарай жылыстым. Шеф дегени жәп-жас-ақ жигит екен. Лекин, дөгерегиндегилердиң бәрин аўзына қаратып отыр. Сол күлсе күледи, тоқтаса аўызларын жыйып алады. Қолындағы сигаретиниң күлин қаққысы келсе таласып-тармасып күл салғышты тутады.

— Жаңағы қосығыңызды қайтадан айтың, — деди шеф маған отырар-отырмастан.

— Червониды ма?

— Червониды?

— Оны өзлериңиз меннен жақсы билесиз-ғо! — дедим мен. Кеўлим йошып, айтқым-ақ келип тур, бирақ, беглиги қурғыр қурттай баллардың алдында қосық айтыўға сыныңқырамай тур.

— Айтың, маған сизиң айтқаныңыз унады! — деди шеф тағы.

Енди наз етиўге болмады. Әсте қосықты басладым.

— Және, және! — деп шеф еки қолын екшеп-екшеп жоқары көтерди. Бул «еле де бәлентирек» дегени еди. Әй, мен де дизгинди жаздырдым-аў! Арақ пенен пивоны араластырып, геллеси ғуўлап отырған жигитлердиң биразы қосылып баслап еди, шеф көзин бир алартқанда тым-тырыс болды. Тек шефтиң бир өзи столды шертип, намаға қосып отырды.

— Вискиден қуй оған! — деди қосық тамам болғаннан кейин. Виски деген татып көрген ишимлигим емес еди. Шет ел киноларында ғана көргенмен оны. Қолларым қалтырап, қадақты зорға усладым. Лекин, шефтиң хошамети ҳәм бир шийшеге шамалас ишилген виноның күши көкирегимдеги екилениўди сол заматы айдап шықты. Вискиди қағып салдым.

— Қай миллеттенсең? — деди шеф. Басқаларға сөз жоқ.

— Мусылманман.

— Мусылман деген миллет бола ма?

— Исламға сыйыныўшы ҳәммениң миллети ортақ, — дедим мен. Айтарымды айтып болып, жүрегим суў ете қалды. «Қураннан бир

сүре оқып бер» десе не қыламан?! Яқ, өйтпеди. «Червони руту»ды да тәкирарлап айттырмады. Мен жүдә журтта жоқ қылып айтпаған шығарман, мусылман бола турып олардың қосығын айтқаным ҳәммесиниң кеўиллерин йоштырып жиберген болса керек.

Отырыс енди ишимлик ишиў менен даўам етти. Бир гезлери еки милиционер келди.

— Жигитлер, бар жабылады.

— Болды, болды, ҳәзир турамыз.

Шеф мени өз туўысқанындай қолтықлап алды.

— Үйиңиз қәйерде, апарып қоямыз?

— Яқ, шәрт емес. Узағырақта тураман. Мени 23-трамвайға мингизип жиберсеңиз болды. Бундағы ойыма келип үлгергени Костяның үйине қайтып барыў еди.

— Женя, ағайды трамвайға мингизип қой, — деди шеф узын бойлы буйра шаш биреўине.

Ол мени қолтығымнан сүйеп трамвай жолына алып шықты ҳәм көз ушында киятырған трамвайды күтип турды.

— Миниң, — деди есик ашылғаннан кейин қолтығымнан көтерип.

— 23 пе?

— 23!

Салонда жолаўшылар жүдә аз еди. Көп өтпей, қаладан сыртқа қарай жол шығып кетти. Ҳәр бәндиргиде екеў-үшеўден түсип-ақ, жолаўшылар тамамлана келди. Кешеги посёлка көзге шалынбады. Салонда кондуктор, мен ҳәм бир келиншек ғана қалды. Ол келиншек те келеси бәндиргиде түсти.

— Мужик, сиз қәйерге барасыз? — деди кондуктор қасыма келип.

— «Набережная» посёлкасына.

— Оннан қашшан өтип кеттик-ғо.

— Онда қайтарсын түсемен.

— Ҳәзир түсип қалың, биз гаражға баратырмыз. — Ол усыны айтты да жаңа түсип кеткен келиншектиң изинен даўыслады. — Бул кисиге жол көрсетип жибериң.

Келиншек мениң қатты мәс екенимди билип, қолтығымнан беккем услап алды.

— Қай посёлкаға бармақшысыз?

— Набережная.

— Ой-бу, ол үш километр артта қалды-ғо.

— Сизиң посёлкаңыз қәйерде?

— Усы жер. Ҳәзир бес-он минуттан үйге барып жетемен.

— Мени квартираға алмайсыз ба? Азанда ерте турып кетемен.

— Биз өзи бары-жоғы бир бөлмеде турамыз. Күйеўим ҳәзир вино ишип көзи жер көрмей отырған шығар.

— Барсам маған да қуя ма?

— Яқ. Шийшени мойнынан қысымлап отырып, өзи қуйып, өзи ишеди, — деди күлип. — Мейли, сиз енди жети түнде қаяққа барасыз? Қонаққа аламан.

Екеўимиз дизилисип кирип барғанда күйеўи столға маңлайын тиреп, мүлгип отырған екен. Кимдур кирип келгенин сезип оңменин тикледи. Оның дәў турқын көрип, мәслигим бираз тарқап кеткендей болды. «Мениң ҳаялым менен қаяқта болдың?» деп дәретсиз намазды мойныма қойса, қайерге қашып тығыламан?!

— Бул ким? — деди айтқанымдай даўысы гүрилдеп. Ири денеден ири даўыс шығады-дә! Арысланлар ақырғанда даўысы тамағынан емес, көкиректиң төринен шығып атады-ғо. Буның даўысы да тап сондай еди.

— Бул квартирант, — деди ҳаялы шалт жуўап берип.

— Квартирантты қаяғыңа жатқызасаң, мынаў жайыңның аўҳалы?

Ҳаял столды айланып, жайдың ортасына керип қойған пердени ашып жиберди.

— Мийман мына кроватта жатады, — деп аржағында жаман-жәўтик көрпешелер тасланған кәтти көрсетти.

— Мен ше?

— Сен раскладушкада.

— Өзиң?

— Мен сениң қасыңда жерде жатаман!

— Болмайды! Кетсин бул жерден!

— Кетпейди! Қәне, айдап көр. Ол келмей атырып пулын төлеп қойды. Мына виноны соның пулына алдым, — деп сумкасынан бир шийше вино шығарып, столға дүрс еттирди.

— Күни менен соны айтпайсаң ба? — деп «арыслан» жуўасыды да қалды. Болмаса, стулшиктен қурттай бөксесин қыймылдатқандай болса шығып қашыўға таяр тур едим.

— Стакан қайда? — деди күйеўи шийшени бир қолы менен мойнынан қысымлап, бир қолы менен тығынын алып атырып.

— Мине, стакан! Ҳаял жерге домалап атырған еки жүз граммлық стаканды столға тық еткизип қойды.

Хожейин стаканға виноны бетлеме етип қуйды да, дем бермеске тартып жиберди. Изинше және қуйды. Шийшениң түбинде бир уртламдай-ақ қалды.

— Закуска?! — деди соң гүрилдеп. Соны айтты да, изге қарап шалқа ортасына қулады. Мен шоршып кеттим. Лекин, ол ҳаял ушын күнделикли ҳал болса керек, дәслеп өңменин раскладушкаға көтерип салды, соң аяқ бетин. Ол мисли өлимтиктей жатар еди.

Келиншек маған орынды көрсетти. Жатып болғаннан кейин бағанағы түрип таслаған пердени қайта жапты. Соң бирден серпип жиберди де, ишке кирип, қулағыма сыбырлады.

— Соңырақ қасыңа келемен?

Жүрегим суў ете қалды. Ана дәпең оянса, қасында бос шийшелер тур. Өлигим усы жерде қалмаса болғаны ғой.

«Несийбемнен көрермен, деп өзимди өзим жубаттым. Дәў де болса ҳаялынан қорқатуғын шығар. Болмаса, ол гәпти айтыўға жүрек етпес еди». Усы ойлар кеўлиме жубаныш болып, көзим илинди. Күни менен ишкен вино, вискилердиң күши енди билинип, силем қатып қалыпты.

Бир мәҳәл маңлайыма бир зат шақ етип тийгенин билемен, көзимниң алдында көк жалын ойнап кетти. Көзимди қайта-қайта жумып аштым. Жалын азымаз кеткендей болды. Сонда тас төбемде екинши мәрте урыўға мейилленип турған үй ийесиниң сүлдерин елес-елес аңладым. Лекин, ҳаял оның билегинен услап жибермей турған еди.

— Ол маған ҳеш нәрсе қылған жоқ. Жамбасыма жер батып жаңа келдим, — деп шарбаяланып, мени арашалап атыр екен. Сонда барып оның «соңырақ қасыңа келемен» деген сөзи ядыма түсти. Ол қанша мәс болса да үйде бийгана еркек жатқаны ушын сергек уйқылаған екен. Түнниң бир мезгилинде оянса ҳаялы қасында жоқ. Бас ушында жатырған бос шийшени алған да, бизиң маңлайдың жүн шықпаған жерине салып қалған екен.

Еркектиң мың қарыўлы болғанының пайдасы жоқ, иши-тысы белгисиз усы бир бөлме жай ҳаялға тийисли қусайды. Азанда күйеўиниң қолына чемоданын услатып, үйинен қуўып салды.

— Сен ҳеш жаққа кетпейсең? — деди мени қолымнан услап столға отырғызып. — Маңлайыңдағы исикти қарайсаң ба? Мен жараға мәлҳәм басып бир-еки күн емлеймен.

Усылайынша ол мени үш күн үйинде бақты. Аз-азлап көзимниң алдынан гүбелек ушқаны тарқап, өзиме келе басладым. Ол ҳәр сапар маңлайыма мәлҳәм басар екен, изинен еркелетип көзимнен сүйип қояр еди.

Ол қанша еркеленбесин, бул сапар өзимди тута билдим. Көз алдыма бийгүна нәрестениң көз жасы менен биреўдиң муҳаббатын тартып алғаны ушын жәбир шеккен Оксананың өлер алдында айтқан гәплери мениң нәпси қумарымды жылаўлап таслады. Жибимедим. Ақыр аяғында ол гүдерди үзди.

— Сен-әм өкшеңди көтер! — деди төртинши күни азанда. — Я сүт бермейтуғын, я гөш бермейтуғын ақта буғаны фермада да сақламайды. Квартира ушын елиў долларды столға қой!

Ишимнен «соның менен қутылсам болар» дедим де елиў долларды кисемнен шығардым да бердим. Бул қорқынышлы шатпадан узақласар екенмен, төрт-бес жыл қамақта отырып, ҳәзир азатлыққа шыққандай аяқ басыўым жеп-жеңил болып кетти.

***

«Жети есикке барса дийўананың бети ашылады» деген, иним, — деп Арзыўбай және әңгимесин даўам еттирди.

— Аға, сонша жыл сыртта жүрсеңиз де нақыл-мақалларымызды умытпапсыз, — деп күлдим мен.

— Ой, иним-аў, бул қәрекеңниң жүрмеген жери бар ма, узақта жүрсең өз елиң ҳаққында билгиң келе береди екен. Бизиң бабаларымыздан Волга бойы қалмаған, Венгрия қалмаған, Болгария қалмаған, Киев Русиниң де пуқарасы болған екен. Гезип жүрген дәўиринде шашылып қалған мақаллары шығар-дә. Тап мен айтқан нақылдың өзи болмаған менен, мәниси соған сыбайлас нақыллар орыста да, орманда да бар екен.

Сөйтип, мен арсыз, және азанда талап излеўге киристим. Өлмеген бендеге тиришилик керек-ғо. Усы қалада үлкенли-кишили кеминде бес мың мәкеме бар шығар. Биреўинен болмаса биреўинен қара жумыс табылмас па екен? Саған өтирик, маған шын табылмадыәй, иним! Басқан жерим ойыла берди. Күн батқанда шүйкилдеп бир кафеге кирдим. Жилигимниң майы сырқылып орнына келсин деп шетиректеги бир столға аяғымды созып отырып алдым. Кешегидей бир шийше виноға буйыртпа бердим. Не болғаны болар, бир заман болса да кеўлимди хошлап алайын, — деп өзимди-өзим жубаттым.

Қалтамның көтериуўине қарап, гөшсиз суп пенен бир шийше виноны ишип алдым. Вино жети жүз елиў грамм, аўқат ярым кило, оның үстине бес-алты бөлек нан, компот, қулласы, асқазанға еки килодай нәр барғаннан кейин бойыма қан жуўырды. Енди азанда қутылғанша асығып шығып кеткен үйди ойлай басладым. «Және бир бийшараның жүрегин аўыртып кетпедим бе екен?! Ол байғус маған исенип, әйдиңгир күйеўин үйинен қуўып салды. Еркек басым менен бойымды бәнелеп, үмитин пушқа шығардым. Тап сол ўақта Оксананың руўхы мийиме орнасып шықпай қата қалды. Руўхтан неге қорқаман?! Тири бендемен-ғо! Сонда неге өзи мени елимнен еликтирип шақырып алып, жары жолда таслап кетеди? Онысы аздай, сүйегин меннен жасырып жүрген биринши муҳаббатына бағышлап кетти. Демек, мен емес, мениң алдымда ол гүналы! Ол сорасын меннен кеширимди! Қайтып бараман! Азанда желкемниң шуқырын көрсетип кеткен есикке қайтып бараман! Ол ҳаял мени қуўанып-қуўанып қарсы алады. Қолымды муздай суўға урғызбайды. Керек болса, лолының қатынларындай мени өзи бағады. «Бир бас-бәле бас» деген. Оның менен қосылсам басымыз екеў болады. Үстимде үйим болады. Күн батыўға мейил бергеннен «қаяқта баспаналайман» деген уўайымнан қутыламан. Жулдыз санап көшеде жатпайман.

«Есиң барда етегиңди жап, Арзыўбай! Кешеги қатыныңды таўып ал. Ол енди үшинши некең болады. Некеден өтип не қыламан, солай жасай бермедим бе?»

Усы қыялдан кеўлим көтерилип, кешеги маршруттағы трамвайдың бирине минип алдым. Жол бойы «Набережная» посёлкасынан өттим. Костяныкине қайтып барсам ба екен деп те қыял сүрип қойдым. Және беглигим тутып шыдап өтип кеттим. Оның нәзеринде мен ерки беккем, мәрт адам болып сәўлелендим. Солайынша қала бериўим керек.

Кешеги ҳаял ҳәм мен түскен бәндиргиден алжаспай түстим. Оның есимде қалғаны, жол шетинде бийик электр бағанасы болып, басында прожектор тақылеттеги үлкен лампа жанып тур еди. Соны таныдым. Лекин, түскеннен кейин қыйыр-шыйыр соқпаққа тап болдым. Кеше қайсысынан жүрип едим? Бәри бир-бирине уқсас. Бир соқпаққа түсип қырқ-елиў адым жүрдим де, узақлап кетпей турып изиме қайттым. Бул емес. Келген жеримнен екинши, кеңирек соқпақ пенен жүре басладым. Бул өзи, кешеги жол. Ҳәзир көп болса 15 — 20 минуттан жетип бараман.

— Ҳаў, келдиң бе? Келетуғыныңды жүрегим сезип еди! — деп еки езиўи қулағына жетип күтип алады кешеги ҳаял. Ал, егер... Күтпегенде, және жүрегим муздай суў болды. Аяғым алға жүрмей қалды. Меннен гүдер үзип, кешеги алқашты шақырып алған болса не қыламан?! Ҳәзир ол қайтып келип, бир шийше виноны өзи қуйып, өзи ишип отырғанының үстине барып қалсам ол мениң менен гәп сатысып отырмайды. Жағамнан жуп тутып алады да, кроваттың астына бүгирлетип тығады. Яқ, өлтирип болып тығады. Оның дәўдей турпатына қалтырап жүрген мен дәдимал айта алмайман.

Кеўлимдеги усы қорқынышты сезгендей, жол қәпелимде кешегиден басқа жаққа бурылып кетти. Оның қаяққа алып баратуғынын билмесем де, жаңағы алқаштан узақласып баратырғаныма қуўандым. Көп жүрмей, ҳәр жерден есигиниң алдында емески жақты шығып турған үйлер избе-из гезлесе баслады. Демек, посёлканың басқа бир шетине араласып киятырман. Биреўи болмаса биреўиниң есигин қағып, бир ақшам квартираға алыўын соранаман. Бир уйқыласа таң атады, мениң он-он бес долларым ҳеш кимниң ишине теппес.

Бир гез жылап турған баланың даўысы қулағымды ербең еттирди. Дәрҳал сол тәрепке қарай жүрдим. Бул маған жақсы баҳана болды. Жылаған баланы жубатып, үйине алып киремен. Ата-анасы маған рахмет айтады ҳәм бир түн қонып шығыўыма қайылшылық билдиреди. Бәлким, мутқа қондырар.

Есик аўзында жылап турған 7 — 8 жаслар шамасындағы ул бала екен. Үстинде трусийинен басқа ҳеш нәрсе жоқ. Маңлайшаға орнатылған лампочканың астында бозборан болып тур. Жақтыға келген сүйир шыбынлардың шаққанына шыдамай тула беденин кишкене алақанлары менен тынбай шаппатлайды. Теңиз бойының шыбыны бармақтай болады. Шаққаны бала ҳәррениң шаққанынан кем болмайды. Бийшара баланың бет-аўзынан баслап, тула бедени қанталап кетипти. Дәрҳал, кешке қарай үстиме илетуғын пенжегимди шештим де, балаға жаптым. Нәресте, жылағанын лаппа қояғойды.

— Неге жылап турсаң? — дедим алдына жүре отырып. Бала жуўап берип үлгермей, арқамыздағы есик айқара ашылды да, иштен орта жаслардағы бир ҳаял атлығып шықты.

— Сиз кимсиз? — деди баланың үстиндеги пенжегимди жулып алып.

— Ҳеш ким! — Ҳаял пенжекти алдыма атып урды да, баланы желкесинен нуқып ишке алып кетти. Қапыны тарс еттирип жапты.

Ол есиктен узақлап кетпей турып, дәрҳал есикти қайтарып аштым. Бала анасынан қорыққанынан силтеген жағына қарай зыңғып баратыр еди.

— Сизге ким керек? — Бул рет ҳаял онша мәтибийсимей, ҳүрейлениңкиреп сорады.

— Кеширерсиз, бир уртлам суў болса, қатты шөллеп киятыр едим.

— Турың усы жерде. — Ол иштен кишкене қалайы шөлмекте ярым етип суў алып шықты. Шөллеп турған бәлем-әм жоқ еди, мәзи бәҳәне. Ўақыт өткериў ушын тисимниң арасынан сызылдырып жиберип турман.

— Суў ишиўиңиз шөллеген адамға усамайды — деди ол ашыўланыңқырап. — Не мақсетте жүрген адамсыз? Дурысыңызды айтың, болмаса, ҳәзир милиция шақыраман!

— Дурысын айтсам, ханым, үш күннен бери дүзде түнеп жүрмен.

Жағдайға қарай жалған дәлил ойламаған жерде табылады екен.

— Кеўлимде ҳеш қандай жаман нийетим жоқ. Бир ақшам квартираға алың. Айтқан пулыңызды төлеймен, — дедим.

Ол маған бастан-аяқ сын нәзер менен бираз тигилип турды.

— Қаяқтан келдиңиз? — деди соң.

— Одессалықпан.

— Одессалық?! Онда неге дузде түнеп жүрсиз?

— Жайым сатылып кетип еди.

— Ҳаял бала-шағаңыз қайда?

— Ҳаялым мени таслап кетти.

— Ҳим! — деди ҳаял ғәзеп пенен. — Дүнья күннен-күнге бийопаларға толып баратыр. Бир таңға отыз доллар. Қайылсыз ба?

— Қайылман.

Қайыл болмасқа илажым-әм жоқ еди. Бүйерден кетсем, қайтып ашық есикке дус келемен бе, жоқ па? Оксанаға бийопа деген лақап тақтырсам да, түнеп шығыўға баспананың табылғанына қуўандым. Әлпимиз алысып, сөйлесе кетсек, оның периштедей пәк нашар екенин түсиндирермен.

— Мына ишке кириң, — деп ол асхананың қапысын қолының арты менен ашып көрсетти де, өзи ишкери кетти.

Асханаға бир стол, үш гүрси қойылған екен. Стол үсти бос. Кешки аўқат ишип болынған, дастурхан жыйнастырылған. Бир гүрсиге аманат ғана отырдым.

— Кирей пулды созың — деди ол келди де. Қалтамнан отыз доллар шығарып бердим.

— Кофе ишесең бе? — деди ҳаял доллар қолына тийгеннен кейин сәл кеўли қарар таўып. — Аўқаттан кеш келдиңиз.

— Мәйли, аз ғана жүрек жалғағандай бир нәрсеси болса қасында.

— Бутерброд ислеп беремен.

Оның өзи де ишкиси келди ме, яки мениң аўзымнан жулып алғандай етип берген саўалларына қысынды ма, кофени еки чашкаға демледи. Бир-бир бутербродтан таярлап, қарсы алдыма келип отырды. Арамыз кем-кем жақынласып, жүзинде ысықлық пайда бола баслады.

— Баланы неге үйден қуўып қойып едиңиз? — дедим мен биринши гәп баслап.

— Оны қылмысына ылайық жазалап қойған едим.

— Не қылмыс ислеп қойды?

— Хрусталь вазаны сындырды.

Гәп буннан ары жалғанбай қалды. Қапылғыр чашкадағы кофе де азайып баратыр. Ишип болсам, «орныңызға барып жатың» деп әңгимени туўарса... «Ўақыт аз Алик, гәп атып қал, бул да жалғыз баслы ҳаял усайды. Оксана деп өлген адамның тилегин тилеп, қалған жағында дизеңди қушақлап өтесең бе? Қыймылда!»

Усы ишки сезим мени қайтадан гәп ашыўға жүрек еттирди.

— Хожейиниңиз кешки сменада ислей ме көринбейди? — дедим ийменииңкиреп.

— Яқ. Сениң ҳаялың қусап, ол да мени таслап кетти.

— Тәғдиримиз уқсас екен. Лекин, ол мени өзлигинен таслап кеткен жоқ.

— Неге? Өзиң мәжбүр қылдың ба?

— Олай да емес. Ол Аллатаалаға керек болды.

— Онда неге таслап кетти дейсең?

— Мени жары жолда таслап кеткени ырас ғой. Сизики ше, тири ме?

— Туўрысы, ол да мени өзлигинен таслап кеткен жоқ. Оны өзим үйден шығарып жибердим. Ол маған қыянет етти.

— Неге онда сиз де таслап кетти дедиңиз?

— Қуўып жибердим десем еркек адамның абыройы түседи. Бийопа болса да улымның атасы. Күйеўи таслап кеткен ҳаяллар елде баршылық. Оның ушын маған ҳеш ким күлмейди.

— Диянатлы ҳаял екенсиз. Күйеўиңиздиң қыянет еткенин қалай билип қалдыңыз?

Усы гезде мени аңлып келген Бийбисара ҳәм оны өзи шақырып алған Оксана қыялымнан тез өтип үлгерди.

— Мен поликлиникада ислеймен. Шыпакермен. Бир күни қабыллаўыма он үш жасар Ира деген бир қыз келди. Картасына қарасам, күйеўимниң фамилиясында.

— Әкең үйинде ме? — дедим оған.

— Яқ, өзиниң үйинде, — деди ол.

— Өзиниң үйи сениң үйиң емес пе?

— Бизиң үйге ол күндизлери келип кетеди. Басқа ҳаялы бар. Тек бир сапар зорға үйге зорлап қондырдым, жылай берип. Онда дым кишкене едим, — деди қыз.

Ол мениң күйеўиме усаған сумлықсыз, саўдыраған нәресте екен. Бәрин ақтарып таслады. Кеште болған ўақыяны өзине айтып бердим. Ол басын ийип төмен қарап отырды да қойды. Чемоданнан неке қағазды алдым да ортасынан бир бөлип, бетине ылақтырдым.

— Енди үйди босатып қой! — дедим, бүйиримди таянып. Ол жалынышлы түрде жүзиме бираз тигилип турды да, қәҳәримнен түспейтуғынымды билип, кийимлерин жыйнастырыў менен болды. Мине, енди бир ярым жылдан бери жесир ҳаялман.

«Берейин десе қулына, шығарып қояды жолына». Ойламаған жерде және бир жесир ҳаялдың табылыўына қара. Енди буған қандай етип гәп басласам екен.

— Ханым, бир шийша вино табыла ма, пулын төлеймен, — дедим.

— Қойың, жатың, төсегиңизди салып қойыппан, — деп ол алдымыздағы чашкаларды жыйнап ала баслады.

Түни менен дөңбекшип шықтым. Бир ойым: қасына бар, ҳәр қандай ышқый сырды айтыўға түннен қолай мезгил жоқ, және бир ойым: ярым түнде қуўылып кеткиң келмесе тым-тырыс уйқыла. Ушырасқан адамның бәри саған қаны қата бере ме? Ол басынан өткен ўақыяны айтты. Саған тийгиси келгенде тартынып туратуғын нашар емес, өзи белги берер еди. Жат жөниңе! Кейинги ойым әдепкисинен басым келип, түнниң әлленемиринде көзим илинди. Азанда баласы үшеўимиз асханада шай иштик.

— Мениң бүгин де, ертең де баратуғын жерим жоқ, — деп гәп баслап киятыр едим.

— Жақ, келмең, — деп ҳаял гәпти шорта кести. — Не демекши екенлигиңди түсинип турыппан. Мен ҳеш бир еркектиң ант-суў

ишкенине исенбеймен. Сонша опадар деп исенген еркегим ишмерезлик пенен қыянет қылды. Енди еркек атлыны көрерге көзим жоқ. Мени тынышыма қойың.

Солай етип, бул имканияттан да қуры қалып, сүйретилип есиктен шықтым.

— Арзыўбай аға, өзи жүдә қатынжанлымысыз деймен, — дедим мен күлип.

Ол бетиме бежирейип қарады.

— Ол не деген гәп?

— Ақыры, Оксана өмирлик жолдасыңыз болса, оның еле қырқы болған жоқ, жүзи болған жоқ. Жылына қарамайсаң ба?

— О-ой, иним-аў, оякта қырқы, жүзи деген гәп жоқ. Оның үстине дәстүр-пәстүр, сыйласық деген мыныяғың келисип турса болатуғын нәрсе-ғо. Жылын күтемен деп қыстың бир аязында дүзде сәррийип өлип қалыўым керек пе? Еле де жаз айы еди, сол — мениң қурбақадай ўарқ етип-шарқ етип, ҳәр жерде бир қонып жүргеним.

— Неге аўылға қайтағоймадыңыз?

— Қайтқанда қаяққа келемен?! Иним жайды қашшан сатып жиберген болыўы керек. Сатпаса да, тырнағы егитилип, қулап қалатуғын ўақты болды. Аўылдағы ағайинлердиң болса мен билетуғын, мени билетуғынларының бәри өлип болған. Олардың баллары я ақлықлары мени таный ма? Мен Одессада сүйегим қалыўға ыразы болып жүрген сорқайнағанман-ғо! Айта берейин бе, изин?

— Айта бериң, аға.

Сөйтип, ертеңине дүзде түнеп шығыўға қарар еттим. Ҳәр жерге отыз доллар-елиў доллар таслап кете беретуғын Харун байман ба? Еле де мүсинши берген бир жүз елиў доллар маған гәўмис шийшели вино ишкизип, жесир қатынлардың үйине кирей пул төлетип жүрген. Бүйтип сирә да узаққа бара алмайман.

Дүзде түнеп шығыўдың да өз машқаласы бар екен. Бир де тойғанша ишип, дус келген жерде жатып қалыўың керек, болмаса, денеңди жат көзден жасырғандай қуўыс-қолтық керек болар екен. Биринши жолды таңлаўға қорықтым, екиншисине болса аяқ көсилип жатқандай қуўыс-қолтық табылмады. Ең соңында паркке бардым. Парктиң бир жақсы жери ярым ақшамға дейин адамсыз болмайды. Тротуарлары жақты. Сейил етип жүрген жаслардың туў сыртынан тамашалап сен де жаслығыңды еске түсиресең. Ең баслысы, ўақыт өтеди.

Парктиң тасалаў бир мүйешинен рейкасының биреўи алынып қалған, қараўсызлаў скамейка таўып алдым. Бүйерге онша жақты да түсе бермейди екен. Маған сонысы мақул. Усы жерде отырып, түнги он еки-бирлерге дейин өткен-кеткенди тамашалап ўақыт өткердим. Соң бағда адамлар сийрексий баслады. Енди бир жамбасқа таслап, қыйсайсам да болады. Ағаш скамейка қаяғыма аўдарылып жатсам да батып баратыр. Бирақ, шыдаўға туўры келеди. Ким маған пәр төсегин таярлап қойыпты. Усы жерден де парктиң қараўылы келип қуўып жибермесе болар деп, шүкиршилик еттим. Көзим илинип кеткен екен, желкемнен жулқып атырған күшли қолдан уйқым шайдай ашылды. Апалақлап орнымнан ушып турып отырдым.

— Неғып атырсаң? Тез кет, болмаса, милиция алып кетеди, — деди төбемде турған еңгезердей бир киси.

— Мени не қылады алып кетип? — деп зиңирейип турған дәў турпатлы, жасы мениң изимди өкшелеп киятырған кисиге тигилдим.

— Не қылатуғын еди, қамайды! — деп ол қасындағы өзинен жасырақ кисиге қарап күлди.

— Қамаса сол жерде түнеп шығаман-ғо, бүйерден кеткен менен баратуғын жерим жоқ.

Олар екеўи бир-бирине қарасты.

— Бомжбысаң? — деди қасындағы жасырағы.

— Бомж? — Бул сөзди биринши мәрте еситиўим еди.

— Үйиң биротала жоқ па?

— Жоқ.

— Жоқ болса бомж емей несең?!

— Недеп ойлайсаң, бирге алып кетемиз бе? — деп жасы үлкени қасындағыға кеңести.

— Қайдам, дәртке жарар ма екен?

— Ертең цемент келеди, адам керек. — Ол қасындағысының ыразышылығын күтип отырмастан, маған қолын созды. — Қәне, қолыңды бер.

Мен қолымды узаттым. Ол мени орнымнан тартып түргелтти.

— Қолымды қыс, — деди соң.

— Неге?

— Қыс деп атырман, саған!

Қорқа-қорқа қысқан болдым. Булардың не кәрият көрсетпекши болып турғанын билмеймен. Ертең келетуғын цементи қандайдур астарлы мәниске ийе емес пе екен, кинолардағы пороль қусап?

— Қаттырақ қыс, — деди ол қолымды силкип жиберип. Енди қаттырақ қыстым.

— Бар күшиң менен қыс. Ҳәй-ҳәй, болды! — деп ол мен бар күшим менен қысқан ўақтымда қолын жулқып тартып алды. — Жаман емес, қарыўы бар. Биз бенен жүресең бе?

— Қаяққа бараман?

— Бирге қонып шығасаң. Ертең қара жумысқа басамыз.

— Тийин-тебен бересиз бе?

— Оны хызметиңе қарап көремиз.

Аяқ астынан бундай имканият табылар да, бойымды бәнелеймен бе? Турып, изине ере бердим. Парктен шығып, кишкене, буйынтық көшелер менен бираз жүрип, гилең тоғыз этаж етип салынған үлкен кварталға келдик.

— Вася, қара, дөгеректе ҳеш ким жоқ па? — деп жасы үлкени мени қолы менен ымлап, артына өтип турыўымды буйырды. Васясы тоғыз қабатлы жайдың мүйешинен әсте басын шығарып қарады.

— Еки адам подъезддиң алдында сөйлесип тур.

— Кетсин. Мениң атым Женя, — деди ол маған бурылып. Мынаў Василий — мениң орынбасарым. Жоқарыда Костя деген цыган жигитимиз бар, аўқат таярлап қойған болыўы керек. Мурныңа жағымлы ийис келип турған жоқ па?!

Ол мурнымнан бармағы менен басып, әсте күлип қойды.

— Атың ким? — деди соң.

— Алик.

— Мақул. Ҳәзир подъезддиң алдындағы адамлар кеткен соң тым-тырыс оныншы қабатқа шығамыз. Аяғыңды тапылдатпайсаң, жөтелмейсең.

Мен жоқарыға, жайға қарадым. Ҳәр этаждың тусында бир қабатты екинши қабаттан айырып туратуғын белги бар еди, бир, еки, үш,.. тоғыз қабат.

— Оныншы қабат жоқ-ғо, — дедим мен таңланып.

— Женя, адамлар кетти, — деди усы ўақыт Вася мүйештен басын шығарып қарап. Мениң Женяға берген саўалым жуўапсыз қалды. Ескертилген тәртип бойынша жөтелместен, пышық жүрис пенен тоғызыншы қабатқа шықтық. Соң және ярым этаж көтерилетуғын темир басқалдақ бар екен. Соған өрмелеп, тахтайдан құрастырып соғылған есиктиң алдына келдик. Женя қапыны әлле қандай намаға уқсатып, избе-из үш мәрте шертти. Азырақтан кейин қапы ашылды.

Үстинде қызыл көйлеги бар, шашлары күнге күйреп қалған негрлердиң үйтилген шашына уқсаған қара жигит ҳәммемизди киргизип болып, есикти жапты.

Женяның оныншы этаж дегени чердак екен. Чердакқа дизе бойлы етип керамзит төселген. Жоқарыда ыбыр-жыбыр трубалар. Узынына кеткен этаждың ортасы керамзиттен тазаланып бир адам сыйғандай жол исленген. Еки қапталындағы керамзитлер басқа жағынан бийиклеў шығып тур. Азырақ жүрип, төбеден өлимсиреген жақты берип турған лампочканың түсына келдик. Өйерде «П» тақылетте етип үш раскладушка қойылған екен. Ортада төңкерилген еки қуты, үстинде жуқа кленка дастурхан бар. Дастурханда үш-төрт стакан, бир буханка нан, ярымы туўралған, ярымы солай тур.

— Костя, не таярладың? — деди Женя төрги раскладушкаға отырып атырып.

— Ши, — деди цыган жигит.

— Мақул. Нанның болғаны ма мынаў?

— Яқ, бар

— Бар болса кес. Усы бизиң үйимиз. Алик, — деди кейин маған Вася отырған раскладушканың бир қапталына отырыўымды көрсетип. Көнлигип кетсең, бизиң хожалықтың ағзасы боласаң.

Мен үнсиз бас ийзедим.

— Есиңде болсын, бизиң чердактан кирип-шығатуғынымызды ҳеш ким билмеўи керек. Болмаса, бүйерден де қуўылып кетемиз, — деди Вася маған.

— Алдынғы уядай етип исленген подвальдан айрылып қалдық тә, — деп тиси аппақ болып күлди Костя. — Әсиресе, раскладушкаларымыз таза еди.

— Зәлели жоқ. Буннан буяғына бекем боламыз. Азанда адамлар жумысқа шықпастан бурын шығып кетиўимиз керек. Қаланың сыртында бир бай үлкен саўда комплексин қурып атыр. Сонда ислеймиз Вася екеўимиз. Ертең сениң менен үшеў боламыз. Саат сегизге еки цистерналы цемент тийелген машина келеди. Соны түсиремиз, кейин қағаз қалталарға салып қалталаймыз. Бола ма, сол жумыс? Қыйын деп таслап кетпейсең бе?

— Яқ. Қандай жумыс болса да ислей беремен.

— Лекин, цемент түсиргенде өзиңе абайлы бол. Болмаса, цементтиң шаңы тиккелей өкпеге урылып, ишиңде фундамент пайда болады.

— Ол «фундаментти» бирақ кейнинен ҳеш қандай дәри-дәрмақ пенен бузып болмайды.

— Аржаққа кете бересең, ҳа-ҳа-ҳа!

Женя менен Вася маған жумыстың түрлерин бири-бирин толықтырып түсиндирди, ҳәм ҳәр қандай қыйыншылыққа көниўим кереклигин зинҳарлар еди. Ҳәзирше мен мақуллаўдан арыға өтпедим.

— Қәне, бүгинги табысты соз, — деди Женя аўқатланып болғаннан кейин Костяға.

Костя қәлер-қәлемес болып орнынан тикейди ҳәм трубалардың бирине илдирип қойған шалбарының кисесинен аз ғана грибень алып, Женяға усынды.

— Қасыма кел! — деди Женя орнынан сәл жылысып. Негедур Костяның түр-түсинен албыраўшылық сезиле баслады. Аманат келип қасына отырды. Женя ақшаны демде санап болды.

— Болғаны ма? — деди Костяға бурылып қарап.

— Адамлар күнде көре берип мени танып қалған. «Кеше де бердик, пулларды қаяққа ислетип атырсаң?» деп қайыр садақа бериўдиң орнына үстимнен күлип кетеди.

Қонақтай қарап отыра бермейин деп дастурханды жыйнастырып атыр едим, бир нәрсе дүрс ете қалды. Шалт басымды көтердим. Қарасам, Женяның қасында отырған Костя раскладушканың аржағында домалап атыр.

— Тур-р, квенаматери! — деп сөгинди Женя. — Ертең бүгингиниң кемисин толтырмасаң, мына трубалардың биреўин кесип, ишине тығып жиберемен.

Костя қанаған мурнын қолы менен басып, орнына келип отырды.

— Бар, бетиңди жуўып кел! — Бул буйрықты Вася берди. Демек, бул «хожалықта» Женя хожейин, екинши бийлик Васяда екен. Ишиндеги әпиўайысы Костя, ертеңнен баслап оның менен екеў боламыз. Еки баслық, еки хызметкер.

Маған Костяның раскладушкасының артынан жатыўға орын берилди. Гөне-көкси кийимлерди жайып, өзимниң туфлийимди пәнжегиме орап көпшик қылдым. Жат жерге үйренбегенликтен, бираzға дейин уйқым келмеди. Оның үстине бар пулымды үнемлеймен деп, кешки ҳалқасқа еки пирожки менен бир стакан кампот ишиў менен шекленип едим. Костяның үш адамға өлшеп писирген аўқатынан маған шай кеса менен бир кеса ғана аўысты. Бирақ, наннан үш-төрт бөлек жеп қалдым. Аш қарынға уйқы келмейди екен.

«Үлкен үйге не керек болса, кишкене үйге де сол керек» деген. Булардың буйынтық жайында кишигирим қазан, шай қайнатыўға, аўқат писириўге пайдаланыўға бурап әсте, қатты қоятуғын тоқ плита да бар екен. Плитаға тоқ жоқарыдағы сымлардан тартылған. Оның жағып өшириўин өзлери билмесе, қәйерден жалғап, қәйерден жаздыратуғынын аңлай алмадым.

Әлленемирде көзим илинип, силем қатып қалыпты. Бир мәҳәл бас ушымдағы белгисиз бир сытырлыдан ояндым. Көзимди ашып жән-жаққа сер салып қарасам, шалбарының дизесин жамап отырған Костяға көзим түсти.

— Неғып атырсаң? — дедим оған.

— Тс-с! — деп бармағы менен аўзын басты ол. — Әстерек сөйле, Женя ояныпкетеди. Шалбарыма дермантиннен дизерлик салып атырман.

— Не ушын?

— Ертең базарда түсип қаламан да, ишке еки дизем менен жүрип киремен. Дермантинниң ишине патты-сатты салып тигип атырман. Сонда жер батпайды, дизем жара болмайды. Адамлар мени «бийшараның еки аяғы дизесинен төмен ислемей қалыпты» деп аяп, көбирек садақа береди. Сонда кешеги күнниң-әм есесин толтыраман.

Әне, ҳәр кимдики бир күн-көрис! Қолымызда жумысымыз, үстимизде үйимиз барда бул қусаған бомжлардың қәйтип тиришилик етип атырғанынан бийхабар екенбиз. Енди қатарына өзим қосылып атырғаннан кейин, тиришилик деген ғәниймет заттың аңсатлық пенен болмайтуғынын тереңнен уғына басладым.

Азанда таң атпай ҳәммемиз «жумысқа» шығып кеттик. Биз үшеўимиз қаланың сыртындағы саўда комплексиниң қурылысына, Костя күнделикли талабына — қайыр сораўға.

Сол күни кешке дейин цемент түсириў, оны қалталаў менен бәнт болдық. Хожейин еки дана маска таўып берди. Ол маған аўыспады. Соның ушын қолымнан келгенинше ернимди қымып, тисленип цемент түсирип, қалталадым. Бирақ, бәрқулла тисленип жүриў ушын да үлкен күш керек екен. Арасында жаздырып-жаздырып аламан. Тап соны күтип турғандай цементтиң шаңы дуп-дуўры өкпеме урылады да, жөтелип қаламан.

— Шыда Алик, цемент күнде келе бермейди, ертең фундамент қуямыз, — деп тәселле береди Женя. Буған да шүкир, әлле неткен биреў мениң денсаўлығым ушын қайғырып атыр.

Усылайынша тиришилигимиз өте берди. Ел жатқанда кирип, оянбастан бурын шығып кетиуге үйренип алдым. Костяның тәсили де жақсы нәтийже берген қусайды, қысым-қысым ақшаларды Женяға услатып, есесине хошамет еситетуғын болды.

Бир күни күтилмеген ўақыя жүз берди. Таң алдында Вася бизлер Женя екеўимизди шайқап оятты.

— Турың, турың! Костя өлип қалыпты.

Жүрегим суў ете қалды. Жалт қарадым. Ийни ийниме тийип жатқан Костя жатқан жеринде ағаштай қатып қалған еди.

— Неғыламыз? — деди Вася Женяға хүрей менен. Женя биразға дейин көзин уўқалап отырды.

— Төр бетке апарып, керамзитке көмемиз, — деди соң.

— Сасып, ийси шығып кетпей ме? — дедим мен.

— Не қылайық онда, табыт буйырып қәбирстанға ордер алайық па? — Женяның маған қәҳәр менен айтқан мына сөзинен кейин жым болдым. Бомжлардың қәйтип өли жайғастыратуғынын билмесем. Үшеўлеп Костяны жайғастырдық. Керамзитти шықырлатпай көмиўдиң де өзи болмады. Қосыўыслап алып, үстине жайдық. Әллен ўақытлары денеси жасырынғандай болды. Шай ишиў ҳаққында ойлап та отырмастан, жумысқа шығып кеттик. Кеште болса әўлийеге кирип киятырғандай едик кеўлиме. Аналар бирақ сыр бермеди.

Арадан үш-төрт күн өтип мениң айтқаным келди. Өлимтиктиң ийиси пүткил чердакты алып кетти.

— Бул жерден өкшени көтериўимиз керек, — деди Женя. — Ҳә демей ийис төменге урады, кейин жайдың турғынлары ийискеленип, жоқарыға шығады. Биз адам өлтирген болып, қолға түсемиз.

— Сонда қаяққа барамыз? — дедим мен ҳаўлығып.

— Сениң исиң болмасын. Есабын биз табамыз. Изимизге ериўди бил.

Ертеңине Женя саўда комплексиниң ийеси менен келисип, қурылыстың басындағы ағаш будканың гилтин алды. Бурынғы үйимизге қайтып дарымадық. Раскладушкалар да, ыдыс табақлар да сол жерде қалды. Көп күнге дейин оннан бармақ излеримизди таўып, излеп келе ме, деп қуры кебимиз жүрди. Әсиресе, мениң.

Қулласы, иним, басыңды аўыртып не қылайын, он үш жыл, тап кешеги күнге дейин Женя, Васялардың изине ерип гә чердак, гә подвал, гә қурылыс басындағы ағаш будкаларда күн кеширдик. Ири қурылыс объектлериндеги будкалар биз ушын арқайынлаў еди. Ол

жерде бизиң кирип-шыққанымыз бенен, үйимиз бары-жоғы менен ҳеш кимниң иси болмайды. Хожейин керисинше, биздей — саат санаспайтуғын, қарда жатар арзан жумысшы тапқанына қуўанады. Бирақ, сол он үш жыл ишинде бир мәрте шет елге көшип кеткен еврейдиң жайын кирейге алып, бир жыл даўамында жасадық. Бул жерде қудайымызды умытып (әлбетте, мен емес), тәртипсизлик ислеп, еркекшилигимиз қозып, «дом»дағыларды пәтеңге келтире басладық. Соң олар бизди қуўып шықты. Қайтадан қурылыс мәкемелериниң басына барып, ысқа қайнаған шай, қалайы ләккиден аўқат ишиўге мәжбүр болғанбыз.

Женя сонша қарыўы болыўына қарамастан исжақпас еди. Ол қурылыстың басына хожейин яки прораб келсе ғана жумыс ислеп атырған болып көринеди. Онда да, жеңилдиң асты, аўырдың үсти менен. Ылай тасыйтуғын, темирден исленген зәмберимиз бар, кеминде сексен-тоқсан кило ылай сыяды.

— Толтырып сал, — дейди Женя төбемде турып. — Хожейин бизиң қандай берилип ислеп атырғанымызды көрсин!

Аўырлықтың көби өзиме түсетуғынын билсем де, орынлаўға мәжбүрмен. Толы зәмбердиң бир жағын мен көтеремен, екинши тәрепин Женя менен Вася. Жамбасымның жиги айрылып кете жазлайды. Және алдында жүремен. «Қойып алайық па?» дегендей сораўлы нәзер менен изиме қарасам, зәмбер жамбасыма дүңк етип тийеди. Илажсыз алға тырбаңлайман.

Олар ўақты-ўақты «мурнын жалап» дем алып алады. Бундай ўақытта мен бир тонналық каританы, жаз болса ишине түсип, қыстың күнлери болса сыртынан айланып жүрип, топыраққа, суўға толтыраман. Соң кемпирлердиң тары қуўырғанындай тындырмай қарыйман. Женя темекини бурқыратып, төбемде турады. Ылайдың ишинде жумбаршақланған түйин қалмаўы, тап, қойыў етип писирилген манная кашадай болып ийлениўи шәрт. Буны ол қурылыстың сапасы жақсы болыўын қайғырып ислемейди, мени азаплаўдың жолы. Мениң барар жерим, батар көлим жоғын биледи. Сәл назырқансам:

— Әй, төңке, дүзден таўып алғанымызды умыттың ба? Биз болмағанда әлле қашан өлимтигиң қурт-қумырсқаларға жем болар еди! — деп бопса қылады. Қуры аўыз бенен айтып-әм қоймайды, я желкеме нуқып жибереди, я отырған болсам — етиги менен өкшеме теўип турғызады.

Ол мың айтқан менен «стажы» бар бомж. Армиядағы тил менен айтқанда «старик». Мен не де болса саў жүргениме, тири жүргениме шүкиршилик етемен. Бизлердиң алдымызда ҳеш қандай мақсет жоқ. Үйли болыў, бала-шағаға ийе болыў, — яқ, яқ, булардың ҳәммеси ядымыздан көтерилген. Тамағымыз аш болмаса, жумыссыз қалмасақ, таң атып-күн батса және бир күн өмир сүргенимизге мәс боламыз.

Жумыс бериўшилер де бизди биледи. Соның ушын ўақтында есапласа бермейди. Ярым ай -бир ай кешиктирип, үзип-жулып ҳақымызды береди. Биз азанлы бери қармақ қурып шалаңнан басқа ҳеш нәрсе илинбеген балықшыдай, қолымызға аз ғана пул тийсе, қармағымызға бекире түскендей қуўанып қаламыз. Оны да сыпырып-сыйырып Женя алады. Ол бизиң ғәзийнешимиз. Обалына не керек, ақшаны сытып алған менен бизден жасырып ҳеш нәрсеге жумсамайды. Бирақ, керегин, өзине унағанын алдырады. Ақша алған күни будкада «жетим қыздың тойы»н беремиз. Сонда Женя «екеўиңиз де мениң арқамда тиришилик етип атырсыз, мениң аяғымды сүйиўиңиз керек» деп доқ урады. Биз қорққанымыздан мақуллаймыз.

Женя бизлер екеўимизге қарағанда бираз пуқта ҳәм зықнарақ. Соның нәтийжесинде тапқан қәрежетлеримизден жумыссыз қалған жағдайда да бир ай-ярым ай күн көргендей қәрежет сақлап қояды. Оны да жасырмайды, айтады. Лекин, оннан көбирек жыйналып баратырса майшатқа урады. «Бизиң қайсы бала-шағамыз аштан өлип баратыр, бес күним-хош күним» деп ортаға атып жибереди. «Бар, Алик, дүкәнға барып кел, қойып тур, екеўиңиз барың, Алик келистире алмайды».

Бунысы бизге де жақсы. Екеўимиз бар қосығымызды айтып барып келемиз. Бирақ, бир тийин артық саўмаймыз. Қорқамыз. Исенимнен айрылсақ, көрген күнимиз күн болмай қалады.

Дүньяда жиллилер ҳәм бомжлар аўырмайды. Бул да қудайтааланың ол бийшараларға мийирими түскени шығар. Жилли аўырса ким оны дуктырға апарады, бомж аўырса қайсы пулына дәри-дәрмақ алады.

Лекин, мен бир мәрте аўырдым. Аўырғанда да қатты аўырдым. Адам танымай қалдым. Өз тәғдиримнен жүдә қорқтым. Аўырыўымнан қорққаным жоқ, Женядан қорқтым. Мени тирилей қайсы бир үңгирге тығып таслаўынан қорықтым.

Қақаман қыс күнлери еди. Қурылысшылардың будкасында жасап атыр едик  онда. Етим күйип-жанып атыр. Әсте ғана ыңқылдайман. Қаттырақ ыңқылдасам Женя я Вася былай өтип баратырып та, былай өтип баратырып та аяғы менен теўип кетеди.

— Тыныш жат, болмаса, далаға шығарып таслаймыз.

Тисимди-тисиме қойып зорға шыдайман. Көзим илинип кетсе, Костя керамзиттиң арасынан басын көтерип: «Кел, қасыма кел, екеўимиз де сыямыз», деп шақырады. Шоршып оянаман.

— Биз өзимизди бағамыз, кесел бақпаймыз, — деди бир күни Вася маған бир кеса шай усынып. Тезирек саўалыўдың ҳәрекетин ет, қатыныңның қойнында жатырған жоқсаң!

Вася бул доқ урыўы менен мени қорқытыўы мүмкин, лекин, оның ҳәмири қудайға жүрмейди-ғо. Мен күннен-күнге ҳалдан тая басладым. Сандырақлап шығатуғын әдетти шығардым. Бир күни түнде, түсим екенин я оңым екенин билмеймен!

— Буны не қылыўымыз керек? — деди Вася Женяға.

— Қутылыўдың жолын ислеўимиз керек. Лекин, ҳәзир жер тоң, тоң жибигенше:

— Шеригиңиз қаяқта деп хожейин сорап қалса, — деп гибиртикледи Вася.

— Не жумысы бар, ағайинлери келип алып кетти, — деймиз.
— Сен не, табыт буйыртып, әўлийеге қояйын деп пе единң?

Сол қулағымда емес-емес қалған даўыстан жаным көзиме көринди. Дениң саўда екен, өлимнен қорқпайман деп батырсынатуғынымыз. Әжелден қорқпайтуғын тири жан болмайды. Ҳайўан да қорқады өлимнен. Жағама қолымды апарып. Әй, алла, бир мәрте мени төсектен турғыз, аяғыма қалтырап турғандай болса да диңке бер, ең болмаса қариялар үйине жетип жығылайын, деп тиледим. Соң және ысытпам көтерилип, сандырақлай басладым. Тилегим қабыл болды ма, таң алдында оянсам, суў болып ағып атыр екенмен. Терим сорылғаннан кейин тула беденим муздай болып, көзим шайдай ашылды.

— Э, зорсаң-ғо, — деди Женя мениң жаўдырап турған көзлериме қарап. — Тур, кийимлериңди алмастыр, тер сасып кетти.

Алмастырғандай мениң не оңған кийимим бар, сонда да, қурастырып, қайта кийинген болдым. Бет-қолымды жуўып, дастурханға отырдым.

— Жумысқа шыға аласаң ба? — деди Вася.

— Бүгинше өзине келип алсын, — деп Женя руқсат етти. — Ертеңнен баслап күниге еки норма саламыз. Саған бюллетень төлейтуғын профсоюз жоқ бүйерде.

Қурттай тәуир болсаң қудайды умытасаң, аяғыма ебиндей диңке берсе қариялар үйине жетип жығылайын деген антымды умытып, ертеңине жумысқа кирисип кеттим. Қалтырап жүрип төменнен екинши қабатқа гә ылай, гә гербиш тасыдым.

Лекин, соннан баслап күйим тайды. Костя қусап өлигим дүзде қалмастан бурын елимди табайын деген қарарға келдим.

Буларға жумысқа жарап турсам ғана керекпен. Енди ауырсам... Ырастан да жыллар бойы шеккен ауыр мийнетим, маскасыз ислеп жутқан цементтиң шаңлары барып-барып өз күшин көрсетти. Кеселге шатылдым. Түнлерде ларсылдап, тынбай жөтелип шығатуғын болдым. Ҳәзир де қурттай дастыққа басым тийсин, шөккиш урып баслайман.

Женя менен Вася ушын мениң өлигим шыбын шелли көринбейтуғыны белгили. Костя қусатып керамзитке көме ме, яки подвалдағы трубалардың қууысына тығып кете ме... Өлгеннен кейин ҳеш нәрсе сезбейтуғыныңды билсең де, өлемен дегенше қорқады екенсең!

Женяның бир кеуил хошы жақсы ўақтында оған жалындым.

— Женя достым, маған бир жақсылық етиң, мен елиме барып өлейин.

— Бул жер сениң елиң емес пе?

— Яқ, мен узақ Арал бойынан келгенмен.

— Ояққа қалай жетесең?

— Азғантай қәрежет жәмлестирип берсеңиз... Жақсылығыңызды өле-өлгенимше умытпас едим.

— Оған өзи аз қалып тур-го, — деди күлип. — Мәйли, бәҳәр шықсын.

Қудай кеуиллерине жақсылық салып, ҳаял-қызлар байрамы күни Вася екеуи мени аэропорттан Москваға узатып салды. Баяғы Ту-104 деген самолётлардың орнына Боинг деген самолётлар шығыпты. Ешейинде, подвалдың сасық суўын ийискелеп күн көрген мына ағаң қәпелимде Боингта ушты, қосшым!

Москвадан бержағына поездда келдим. Самолётқа Женяның берген пулы жетпеди. Келип, мине туўылып өскен үйимди, жасаған көшемди таўа алмай жүргеним.

Саған бул айтып отырған әңгимемниң бәри аманат, иним. Набада, Алпамыс деген жигитке дус келсең, яки Қанатбай инимди ушыратсаң, мениң елге келгенимди айтқайсаң. Өлигимди тапса табар, таппаса да сыртымнан дуўа қылып, тийеберсин айтсын. Қай жерде өлип қалатуғыныма көзим жетпейди. Бирақ, узақ жасамайтуғынымды билемен. Енди бир нәрседен кеўлим тоқ — қәйерде өлип қалсам да, сүйегим туўған жердиң топырағына араласады. Мен елге өлиўге келдим. Өз ана журтымда жан тәслим етиўге келдим. «Адам баласы ана жерге киндигинен байланып турады, дейтуғын еди мениң анамның әкеси ҳәр сапары ата мәкан ҳаққында гәп кеткенде. — Жаслықта қәйерде жақсы жасасаң, жүре бериўиң мүмкин. Бирақ, бәри бир туўған жерге айланып келесең!».

Мен негизинде бахытлы инсанман, елден узақ жүрсем де шерек әсир даўамында өзим сүйген, өзимди сүйген инсан менен шийрин турмыс кеширдим. Соның менен бирге, бахытсызбан да, — бахытсызлығым — өз елиме бийганаман. Қырқ жылдай ўақтым Ўатангедайы болып жасадым. Ендиги яратқаннан соңғы тилегим — иләәтке өз баламның, Алпамыстың қолынан қойылсам, үстиме кәмарымнан дөреген перзентим бир уўыс топырақ тасласа, анасының қәбирим басында бир мәртебе болса да жылап отырғанын руўҳым сезсе, туп-туўры бейишке барған менен барабар болар едим. Қәйдем, ол тилегим әмелге аса ма, аспай ма?!

— Наүмит болмаң, аға! — дедим оған тәселле берип. Ырасын айтсам, усы гезлери көзиме жас келип кетти. Өмир бойы ўатан гедалықта күн кеширген бул жасы үлкенди бир кисидей аядым. Оннан басқа қолымнан не келер еди?!

Таң алдында уйқыға жатсақ та, Арзыўбай аға әтирапқа енди жақты түсе баслағанда-ақ оянды. Мен де оның менен қоса түргелдим. Ол басы дастыққа тийгеннен «шөккиш урды»ма урмады ма, оны да сезбедим.

— Арзыўбай аға, ваннаға түсип алың, — дедим оған.

— Уят болмас па екен? — деди ол тартынып.

— Ҳеш уяты жоқ. Жақсылап жуўының, кейин мен шашыңызды, сақалыңызды алайын.

Мийманның сақал-шашын алып боламан дегенше келин дастурхан жайып үлгерипти.

— Мерекелерден кийип келген сарпайлар қайда? — дедим ҳаялға.

— Турыпты түйиншикте.

— Бир-еки костюм-шалбар болыўы керек, алып шығың.

Ҳаял «оны неғылажақсаң?» деп сорамақшы болып турды да, ваннадан шығып киятырған Арзыўбайға көзи түсип, гәпи тилиниң ушында қалды.

— Келин, аршадан түйиншикти алып, атаңның айтқанларын әкел.

— Бәрин бе? — деди келин.

— Бәрин әкеле бер, ишинен сайлап алармыз.

Келин пакети менен турған үш-төрт костюмды алып шықты.

— Арзыўбай аға, буяққа келиң.

Мен қонақты төрги, кишкене бөлмеге алып кирдим.

— Мына костюмлардан қайсысы бойыңызға шақ келсе, кийип алың.

— Иним, көк тийиним жоқ. Доллар, евро дегенлер баяғыда-ақ тамам болды, — деди ол бетиме жалтақлап.

— Ҳеш нәрсеңиз керек емес, кийип алың, аға.

Ол тартына-тартына костюмлардың биреўин пакеттен алды.

— Қап-қалың, тәўир костюм екен, — деди күлимсиреп.

Биринши кийип көрген костюмы-ақ бойына шап-шақ болды. Шалбарына дейин.

Азанғы шай ҳалқасқа тойдырып, туўған-туўысқанларын таўып алыўына тилеклес болып, босағадан гүзетип қалдым. Қәлеген ўақытта келип қона бериўин, бул үйдиң есиги оның ушын бәрқулла ашық екенлигин ескерттим.

Ол жас баладай кеўилленип әдеўир жерге барғанша изине қарап-қарап, қол былғап, хошласып кетти.

## ЭПИЛОГ

Арадан үш-төрт ай өтти. Арзыўбай аға сол кетистен қайтып айланбады. Оның айтып кеткен аманатын да мен ийесине жеткизе алмадым. Маған Алпамыс исимли жигит ушыраспады, Қанатбай да. Ҳақыйқатты тән алыўым керек, мен оны аманат сыпатында да қабыл етпеген едим.

Күнлерден бир күни, умытпасам июнь айының орталары болса керек, сырттан үйдиң қасындағы қыйтақ жерге аз ғана ислеў берип геўгимлетип ишке кирсем, телевизордан «Дыққат қыдырыў» деп үш адамның сүўретин көрсетип атыр екен. Дәрҳал телевизордың алдында тоқтап қалдым. «Және қандай жынаятшы қуйрық услатпай жүр екен?!» Қарап турсам, бирден, үшинши сүўреттеги адам көзиме ысық көринип кетти. «Қәйерде көрдим?» деп шекемди қасып турдым.

«Усы жылы 13-июнь күни қалалық қыстаўлы жәрдем емлеўханасына Украина пуқарасы, миллети қарақалпақ, 1949-жылы Нөкис қаласында туўылған Ерқасымов Арзыўбай исимли наўқас аўыр аўҳалда алып келинген. Бийтаптың мийине қан қуйылған. Ҳәзирги аўҳалы жүдә аўыр. Оны таныйтуғын, билетуғын адамлар болса қыстаўлы жәрдем емлеўханасының қайта жанландырыў бөлимине хабарласыўын сорайды».

— Ҳаў, ҳаў... Мынаў Арзыўбай-ғо, — дедим ҳаўлығып.

— Өйдеген ким? — деди ҳаял.

— Баяғы, үйге қонып кеткен қудайы қонақ ше?

— Ой, бийшара-әй, емлеўханаға түскенин айтсеш, дүзде өлип қалмай.

— Ҳәзир кеш болып қалды я? Көлик-әм табылмайтуғын шығар...

— Ҳе, неғылажақсаң, табылса? — деди ол бирден ҳаўлығып.

— Үйге алып келемен.

— Дениң саў ма?! Үйиңе бир қонып кеткен дийўананың жаназасын мениң саў босағамда бережақсаң ба?

— Саўап ғой, бир мүсәпирге...

— Қойсаң-ә, садағасы кетсин ондай саўаптың! Қаяқтың мүсәпири ол — әлле неткен бир урғашы деп ақ сүт берген анасына, уўыздай келиншегине, гүлдей нәрестесине қарамаған иймансызды...

— Қой, өйтип гиналама. Мениң мойнымда оның аманаты қалып баратыр, усы айтқанларым саған аманат, балам Алпамысқа я туўысқаным Қанатбайға жеткизгейсең деп еди. Мен оларды излемедим. Қайдан билейин, қаңғалап жүрип бир күн өзи таўып алар деп едим.

Қулласы, түни менен кемпир екеўимиз бир шешимге келе алмадық. Балалар да ол тәрепке өтип алды.

— Оның әменгерлери қалмаған шығар, — деди азанда келин. Болмаса, еки күннен бери ол сүўретти көрсетип атыр.

— Әне, көрдиң бе?! Ҳеш кимге саясы түспеген адамның өлигин ким жайғастырады?!

— Мен жайғастыраман! — дедим әңгимени шорта кесип. — Үйге әкелмесем, мешитке апараман.

— Сөйтсең бир гәп.

Қыстаўлы жәрдем емлеўханасының қайта жанландырыў бөлимине бардым. Екинши қабатта екен. Бөлимниң есиги жабық. Аўызда жети-сегиз адам үймелесип тур. Биразлары есиктиң форточкасына басларын тығып алған.

— Киргизбей ме? — дедим мен турғанларға қарап.

— Яқ. Бир ғарры қайтыс болған, соны алып шығайын деп атыр.

— Мен-әм бир қарап жиберейин.

— Сиңлим, мына ағаң да бир қарап жиберсин, — деп форточкаға үңилип турған жас нашарды изинде турған кейўаны ҳаял жеңинен тартты.

Узын дәлизде өли тынышлық еди. Ҳәр ўақ бир-еки медсестралар бир есиктен шығып екинши есикке кирип кетеди. Олардың босағада тесиктен үңилип турған адамлар менен иси жоқ. Бир гез ең төрдеги, оң жақтағы екинши қапы кең ашылып, төрт дөңгелекли носылканы айдап бир санитарка шықты. Изинше оны ийтерип киятырған екинши ҳаял көринди. Ҳаялдың изинде ийнине ақ халатты желбигей жамылған узын бойлы бир жигит ҳәм бир-еки медсестра, шыпакерлер бар еди. Мен тесиктен кейин шегиндим. Изинше есик ашылды.

— Қашып турың, қашып турың!

Марҳумның бетине ақ жабылған еди.

— Аға, сиз тоқтап турың, — деди жаңағы ақ халат жамылған жигитке бир медсестра. Сөйтти де жуўырып кетип, аўызға жақын бөлмеден бир журнал алып шықты.

— Фамилияңыз ким еди?

— Ерқасымов Алпамыс.

— Кими боласыз?

— Баласы.

— Мына жерге қол қойып жибериң.

Буның арасында носилканы алып баратырған ҳаяллар төменге түсип кеткен еди. Жигит журналға асығыс қол қойды да, ийниндеги халатты жол-жөнекей кийим қыстырғышқа таслап, пәске қарай жуўырды. Мен де оның изинен кеттим.

Сыртта «Хундай» маркалы «тез жәрдем» машинасына марҳумның денесин мингизип, сыртқы есигин жаўып атыр екен. Жигит салонның есигин ашып, келте бойлы, семизшиктен келген, еле кемпирликти мойынлай қоймаған бир ҳаялға:

— Апа, миниң, — деп мирәт етти.

Ҳаял марҳумның бас ушындағы орынлыққа отырды.

— Иним, сен Арзыўбайдың баласымысаң? — дедим жигиттиң қолынан услап.

— Аўа, — деп ол маған таңланыңқырап қарады.

— Баласы болсаң, ағаңның бир-еки аўыз маған айтып кеткен аманаты бар еди. Бәҳәрде бир ақшам үйде қонып еди әкең.

— Не деди ағам?

— Ағаң «яратқаннан ең соңғы тилегим, мениң денемди перзентим өз қолы менен иләәтке қойса, үстиме бир уўыс топырақ салса, соң анасы қәбиримниң басында бир мәрте болса да жылап отырғанын руўҳым сезсе, бейишке барғандай болар едим», набада саған улымды көриў несип етсе усы аманатымды жеткер деп еди, иним.

— Қонағыңның соңғы тилеги жарым-жарты қабыл болыпты, — деди марҳумның бас ушында отырған ҳаял. Бул ҳаялдың Бийбисара екенлигине менде гүман қалмады. — Перзенти өз қолы менен иләәтке қояр, үстине бир уўыс топырақ та таслар, лекин, анасы басқа қәбирдиң басында жылап болған. Кетейик, балам, өлини күттирип қойыўға болмайды.

Ол усыны айтты да, тарс еттирип, машинаның есигин иштен жапты. Алпамыс нәйлаж изине қарай-қарай кабинаға отырды.

— Аға, мен сизди өзим таўып аламан, — деди есикти жаўып атырып.

Мен ҳайран болып қала бердим. Мени қаяқтан таўып алады, қалай таўып алады? Атымды сорамаса, мәкан жайымды билмесе...

Усыны енди сезгендей, машина аз ғана жүрди де бирден тоқтады.

— Аға, мен сизди қаяқтан излейин? — деди Алпамыс есикти ашып.

— Мениң турар жерим қыйыр-шыйыр, излеп таба алмассаң, иним, өзиң қаяқта боласаң? — дедим даўыслап.

— Мен университетте докторантпан.

— Бопты. Мени күт.

— Рахмет, аға!

Машина мүйештен айланып, дәрўазаға қарай зымырады.

Тамам.

*2018-Апрель-октябрь.*

## ОТЫЗ МЫҢ БИРИНШИ ОПЕРАЦИЯ

Бийтаптың аўҳалы жүдә аўыр еди. Қарын бослығындағы қатты аўырыўдан көзлерин қатты жумып, қасларын шымырып, мисли дем алысы тоқтап қалғанға уқсап кетер еди. Сондайда пешанасынан муздай тер қуйылады. Докторлардың сорағанларына жуўап бериўге шамасы келмей қалады. Саўалларды дурыслап қабыл ете алмайды да.

Профессор Нағмет Садуллаев эндоскоптың жуўмақларын және бир мәрте көзден өткерип, ақырғы шешимге келди. Тезден операция ислеў керек. Кешиктирилген ҳәр бир минут наўқасқа қымбатқа түсиўи мүмкин.

Ол ассистенти менен бирге бийтаптың жанына келди. Бул ўақта бийтап шаншыўдың тәсири менен бираз тынышланған еди.

— Қалайсыз? — деди профессор орынлықты наўқас жатырған кроваттың жанына жақын қойып отырып.

— Жаман емес, — деди наўқас.

— Жаман болмаўы керек, — деп күлимсиреп қойды профессор. Ол буның менен аз да болса наўқастың кеўлин тынышландырғандай болды.

— Бала-шағадан бар ма? — деди соң.

Жасы елиўлерге барып қалған адам ушын бул саўал ерсилеў көринер еди, лекин, бийтап өзине берилген бул саўалға таңланбады.

— Бар, деди әсте ғана.

— Перзентлерден нешеў?

— Үшеў.

— Жақсы екен, — деди профессор наўқастың тамыр урыўын көрип турған қолын қаттырақ қысып. — Менде де үшеў... нешеўи ул, нешеўи қыз?

— Үшеўи де ул.

— Үй-жайлы болған ба?

— Яқ, еле жас.

— Әне, көрдиң бе, сен енди перзентлериң ушын жасаўың керек.

— Кеширерсиз, доктор, сизиң перзентлериңиздиң нешеўи ул, нешеўи қыз?

Доктор бийтаптан бул саўалды күтпеген еди. Ийнин көтерип, терең дем алды.

— Үшеўи де қыз, — деди бираздан кейин. — Ҳәммеси де үй-жайлы болып кеткен. Кемпир екеўмиз қалғанбыз үйде.

Соң аўыр қозғалып, орнынан турды. Доктордың берген жуўабы да, орнынан аўыр қозғалыўы да, бийтапқа бир қыйлы тәсир етти. Орынсыз берген саўалына өзин қолайсыз сезе баслады.

— Операция ислеўимиз керек, — деди профессор наўқастың көзине тик қарап. Соң ассистентке жүз бурды. — Усы бүгин-ақ! Тезден операцияға таярлаң.

Нағмет Садуллаев палатаны тәрк етти. Босаған орынлыққа ассистент диз бүкти.

— Ҳаялыңыз яки балаларыңыз усы жерде ме? — деди бийтапқа.

— Яқ, — деди бийтап.

— Шақырта аласыз ба?

— Не ушын?

— Операцияға ыразылық алыўымыз керек.

— Ыразылықты өзим беремен, — деди бийтап исенимли түрде. — Олар бүгин жетип келе алмайды, аўыл алыс.

Ассистент саатына қарады.

— Он еки болыпты. Саат үшке операция. Ҳәзир медсестраларға тәртип беремен. Операцияға таярлайды.

— Операцияны ким ислейди?

— Профессордың өзи.

Бийтап үнсиз қалды.

— Басқа доктор жоқ па? — деди ассистент турып баратырғанда.

Ассистент иркилип қалды.

— Неге ондай дейсиз?

— Мәселен дә…

— Докторлар көп, лекин, бундай қыстаўлы ҳәм аўыр операцияны профессордың өзи ислегени мақул.

— Егер мен ыразы болмасам ше?

— Неге?! — Ассистент ҳайран болып қалды. — Операцияға ыразы емессиз бе?

— Профессордың операция ислеўине ыразы емеспен!

— Түсинбедим. Басқалар «профессордың өзи ислесин» деп өтиниш етеди. Ал, сиз…

— Мен басқа адам ислесин деп өтиниш етемен.

— Сиз профессордың кимлигин билмей турып ондай демең. Күни кеше ол ең қурамалы операцияны табыслы жуўмақлады. Бул, устаздың отыз мыңыншы операциясы еди. Институт жәмәәти оны қызғын қутлықлады, гүллерге көмип таслады.

— Болыўы мүмкин. Лекин, сол профессорыңыз отыз мың биринши операциясын басқа адамға ислесин. Мен ыразылық бермеймен.

Ассистент енди оған гәп айтыўдың пайдасыз екенин түсинди. Палатадан шығып, коридорда бираз иркилип қалды. Наўқастың операцияны профессордың ислеўине қарсы екенин устазына айтыўға жүреги даўамады. Ақыры, ойланып-ойланып, институт директорының алдына кирди.

— Бул ҳаққында бас шыпакер менен ойластыңыз ба? — деди ол.

— Яқ. Бас шыпакер Нағмет Садуллаевичке дүрс еттирип айтып қояды. Соң устаз қапа болып қалыўы мүмкин.

— Наўқастың аўҳалы қалай?

— Аўыр. Эндоскопта көриниўинше жуўан ишектиң шама менен он бес сантиметрин жара басқан. Оның иш бетки диййўалында кишкене тесик пайда болған. Иште қан кетиў процеси басланып атыр. Соқыр ишек те жарылыў алдында.

Директор бираз ойланып қалды.

— Яқшы, — деди аздан соң. — Маған наўқастың «Кеселлик тарийхы»н әкелип бериң, ойласып көремиз.

Бир заманнан кейин директор Нағмет Садуллаевичтан келип кетиўин өтиниш етти.

— Сиз операция қылмақшы болған наўқастың диагнозы менен танысып шықтым, — деди ол профессорға. — Егер, мениң мәсләҳәтимди мақул деп тапсаңыз, операциядан алдын консилиум өткерип алсақ.

— Неге? Мен диагнозды қәте койыппан ба?

— Олай емес, сонда да... «Кеңесли ел азбас» деген. Биреўден екеў жақсы.

— Иним, биз тәрепинен кешиктирилген ҳәр бир минут наўқастың өмирине қәўип туўдырады. Түсинип турсыз ба, наўқастың өмири қәўип астында қалады!

Профессор қызыңқырап кетти. Директор оған наўқастың өзи ыразылық бермей атырғанын қалай айтыўдың есабын таппай, үнсиз шыдам бериўге мәжбүр болды.

— Олай болса, усы ретки операцияңызды ассистентиңизге бериўиңизди өтиниш етемен.

— Неге?!

— Шәкиртиңизди сынап көриң!

— Бир бет қағаз? — деди профессор директордың столына қолын созып. Директор бир бет ақ қағаз усынды.

Доктор оған сытырлатып еки қатар сөз жазды да, алдына қойды. Бул, жумыстан босаў ҳаққында арза еди. Сөйтти де, әсте орнынан турды.

— Неге бундай етип атырсыз? — Директор профессор менен қосыла тикейди.

— Мен бир ўақытлары өз алдыма шәрт қойған едим, қашандүр маған исенимсизлик билдирилсе, сол күни жумыстан кетиўим керек, деп. Бүгин мине сол күткен күн келди. Жақсы қалың!

— Тоқтаң, устаз! — Директор шаққанлық пенен профессордың қолын тутты. — Мени кешириң. Сизге исенимсизлик билдириўге ҳақым жоқ.

Ол усыны айтты да, қолындағы арзаны бир неше бөлеклерге бөлип жыртып, тасланды салынатуғын тор шелекке таслады.

Профессор жақсы я жаман демеди. Шығып кетти.

Директор ишки телефоннан ассистентке таўлады.

— Бийтапты тезден операцияға таярлаң. Оған айтың, операцияны директордың өзи ислейди дең.

Санаўлы минутлардан кейин операция басланды. Бийтаптың аўырыў зонасы ашылғаннан кейин эндоскопта көринген ишектен басқа, екинши ишектен де қан кете баслағаны мәлим болды. Оның үстине соқыр ишеги де жарылып кеткен, организм зәҳәрлениў процесин бастан кеширип атырған еди.

Операция нақ төрт саат даўам етти.

Нәтийже күтилгеннен де ағла болды. Бийтаптың өмирине туўып турған қәўетер изде қалды.

Үш күннен кейин бийтап палатада, соң коридор бойлап жүре баслады. Еки ҳәптеден кейин толық саўалып, қайтыўға руқсат берилди.

— Директор өзинде ме? — деди ол кеселлик тарийхынан көширме усынған ассистентке. — Операция ушын рахмет айтпақшы едим.

— Директор бир ҳәптелик семинарға кетти. Лекин, операция ушын рахметти профессорға айтыўыңыз мүмкин, — деди ассистент.

— Маған ким операция иследи?

— Профессор.

— Ақыры… сиз маған директор операция етеди деген едиңиз?!

— Сизиң кеўлиңиз қәтержам болыўы ушын солай деўиме туўра келди.

Бийтап қолына берилген көширмени қалтасына салыўды да умытып, ар-сар болып турып қалды.

— Кеширерсиз, егер сыр болмаса, — деди ассистент пурсаттан пайдаланып. — Неге сиз профессордың операциясына қарсы болдыңыз?

— Мениң орнымда болғаныңызда сиз де сөйтер едиңиз. — Бийтап бир заман үнсиз қалды. — Есиңизде ме, «бала-шағадан бар ма?» — деп сорады. Ол мени таныған еди. Мени үй-жайлы болды ма екен деп, билиўге қызықты. Соң оған перзентлериниң нешеўи ул, нешеўи қыз екенлиги ҳаққында берген саўалым, оның жүрегиндеги қара қотыр болған жарасын қайтадан қанатып жиберди. Профессор «үшеўи де қыз» деп жуўап берди. Лекин, оның ул перзенти бар еди. Ең туңғыш перзенти ул еди. Буннан жигирма жыл алдын оның сол туңғыш перзентин жигирма еки жасар ўақтында мен жаўызлық пенен өлтирген едим.

Суд залында оған сөз берилди: Өткен ақшам мен улымды түсимде көрдим, — деди ол. — Сонда балам маған үмитли көзлери менен телмирип, «аға, мени өлтирейин деп атырғанда сиз қайда едиңиз?» деп сорады. Мен уйқыда жатырсам да өксиктен көкирегим тығылып, тилим сөйлеўге келмеди. Ақыры, өз перзентине қалқан бола алмаған әке — әке ме? Мениң мойнымда улымның перзентлик ҳақы қалып баратыр! Егер нызам көтергенде еди, мен бул қан ишер жынаятшыны тиккелей усы жерде атып өлтирген болар едим… Әттең! Әттең! Енди мейли, қолыңыздағы китабыңызға жүгинип, өзлериңиз жаза тайынлай бериң.

Маған өмирликке қамақ жазасы берилди. Бирақ, ол кейинирек он еки жыл менен алмастырылды. Буннан оның хабары жоқ еди.

Тәғдир мени жигирма жылдан кейин қуралсыз тутқындай етип оның алдына алып келди. Мен операция столынан шықпай қалғанымда да, оған ҳеш қандай нызам шара көрмес еди. Ол еркине берилген, нызам көтеретуғын мүмкиншиликтен де пайдаланбапты.

Наўқас мойны төмен салынған ҳалда есикке бетледи.

Ассистент бул қысқа әңгимеден биразға дейин өзине келе алмады. Профессордың олай ете алмаслығын, кәсиби алдында берген

антына муўапық ҳәтте душпанын да емлеп аяққа турғызыўға миннетли екенин айтыў қыялы тилиниң ушында қалды.

Бул ўақытлары бийтап коридордан шығып кеткен еди.

*22.10.2017-ж*

## «БИР ГҮЗЕ АЛТЫН ТАПТЫМ»

Төп тиражлы газеталардың биринде усындай ат пенен мениң мақалам жәрияланды. Ырасын айтқанда бул теманы мен қоймадым. Журналист пенен сәўбетлесип отырып «жаңа шығармамды жазып тамамлаған түни, бир гүзе алтын тапқандай қуўанып кетемен» деп едим. Сол гәпимди ол тема қылып алағойыпты.

— Бул қолайсыз емес пе? — дедим мениң разышылығымды алыўға келген журналист қызға.

— Неге қолайсыз? Редакциядағылардың бәри темасын көриўден қуўанып кетти, — деди ол. — Ҳәтте редакторымыз сәўбетти жәрияламастан алдын мақала ҳаққында анонс беремиз, адамлар газетамыздың келеси санын түн санап күтип жүреди, — деди. «Усы сәўбеттен кейин газетаның тиражы кеминде мың нусқаға артады» деди жуўаплы хаткер. Солардың мақтаўынан илҳамланып, алдыңызға қустай ушып келдим.

— Мейли, сизлердиң газетаңызға пайдасы тийетуғын болса қарсы емеспен, — деп қол қойып бердим.

Сәўбетимиз анаў-мынаў емес, газетаның еки бетиниң тең ярымын алып, узын көрпешедей болып басылып шықты. Дәл ортасында мениң сүўретим. Ҳақыйқатында да, бир гүзе алтын тапқандай кеўилли отырман. Гәптиң рети келип, бир анектод айтып едим, сол ўақта телефонына түсирип алған екен. Қалай да сүўрет те, сәўбеттиң бериливу усылы да өзиме унады.

Бундайда кәсиплеслерден қоңыраў күтесең. Я мақтайды, я азы-кем кемшилигин сезсе пикирин айтады. Негедүр, маған я жазыўшылардан болып, я журналистлерден болып ҳеш ким қоңыраў етпеди. Кемшилигимди де айтпады. Өзимнен бетер, жүреги шәўкилдеп жүрген журналист қызды аядым. Редакторы менен жуўаплы хаткериниң де болжаўлары жалған шықпаса болар еди.

Еки түннен кейин, енди уйқыға жатайын деп атырсам телефон шыр-р ете қалды. Қуўанып кеттим.

— Өзиңбисең? — деди аўылдағы өзимнен үлкен ағам.

— Ассалаўма алейкум. Өзиммен, аға!

— Баяғы Жоллы өлип қалды я? — деди ол.

— Аўа, бес-алты  ай болды.

— Кейин күшик-пүшик алып сақламаған шығарсаң?

— Яқ.

— Енди саған ийт керек болады. — Алтын таўып алғаныңды газетте оқығаннан кейин қаланың гәззаплары үйиңди аңлыйды. Талай айттым, ийтсиз болма, деп.

—Ким айтты мени алтын таўып алды деп?

—Өзиң газетте жазғансаң ғо, бир гүзе алтын таптым деп. Ҳәммениң аўзында сол гәп.

—Түсинбеген ғой, ондай емес...

—Гәпимди бөлмей тур, мынаңқара, Ҳәзир қыстың түни, күшик таба алмайсаң, мал-әм, қой-жанлық-әм бәҳәрде туўады. Ийт те ҳайўанның туқымы. Оған дейин сен былай ет, базардан бир ғаз сатып ал. Ғаз жүдә сетемшил болады. Бийсәўбет адам жақынлап кетсе, дәрҳәл ғаңқылдап белги береди. Тағы бир өзиң шығып жүрме сыртқа, қасыңа келинди, я балларды ертип шық. Келген адам жарақсыз келмейди.

— Аға, мен алтын таўып алғаным жоқ...

— Қой, мен саған душпанман ба? Таўып алсаң ала ғо! Хожалығыңды көтерип ал. Жазға шықсаң, жайыңа бир зал, бир дәлиз қос. Мен сеннен қарыз сорайын деп атырғаным жоқ. Тек сақ бол деп атырман.

— Яқшы, сақ боламан, — деп зорға трубканы жаптым.

Сол түни түни менен түсиме урылар енип шықты. Бир ўақта әйнекти сабалап атырған сестен шоршып ояндым. Ағамның «бир өзиң шықпа» дегени есиме түсип, сәл тың тыңлап едим, қудайға шүкир, урылар емес, буршақ жаўып атыр етен.

Ертеңине тағы бир қоңыраў болды.

— Таныдың ба? — деди қарлыққан бир еркек даўыс.

— Яқ, танымадым.

— Туўры ғо, танымайсаң. «Алтынның үстинде уйқылаған тышқан пышыққа айбат шегеди» деп еди баяғыда әкем.

— Сол әкең бар ма ҳәзир?

— Дениң саў ма? Усы ўаққа дейин әкемди қақлап қояман ба?! Өзим жетписке келейин деп турман.

— Кимсең енди, айт, танымай турман.

— Институтты бирге питкердик-ғо, сырттан. Сен армиядан келип, қайтадан үшинши курстан басладың, мен төртиншиге өте алмай, үшинши курсты қайтадан оқыдым. Есиңде ме, Садулла қосық муғаллим, маған «гарзовой» дейтуғын еди ғо, қосық айттырып көрип.

—Ҳе-е, Қошқарбайман десе!

—Таныдың ба әйтеуир...

—Ал, не гәп, питиргенимизге қырқ жыл болды, неғып мени еслеп қалдың, телефонымды қайдан таўып алағойдың?

—Буяғы көп гәп, оны айтып ўақтыңды алмайын. Сени излегендеги мақсетим генжетай баламның үйленгенине еки жыл болып еди, қолым келтелик етип тойын бере алмай жүрмен. Соған бир жети-сегиз миллион сом қарыз берип турсаң. Таба тура төлей беремен. Той өзин-өзи жаўып, аўыса кетсе жүдә бәрекелла, онда кешиктирмей қутылағояман.

— Айтқаның бөтен емес жора, бирақ, сол жети-сегиз миллион қаяқта?

— Әй, сен-әм, «Көзли де жылайды, көзсиз де жылайды» деген. Бизиң аўылда дуў-дуў гәп. «Жораң бир гүзе алтын таўып алыпты» деп мени қутлықлайды. Сол алтыныңнан қосыўыс емес, бир уўыс берсең де жетип атыр. Өзим пуллап аламан. Неше сомға сатқанымды жасырмай айтаман өзиңе.

Оған мақаладағы гәп образлы айтылғанын, ол алтын емес — шығарма екенлигин қанша майдалап түсиндирсем де инанбады. Ақыры, «сендей досты ылайдан соғып алғаным жақсы» деп телефонын өширди.

Буннан кейин Бабаназар деген тис техник жорамыз бир айда таўып бериў шәрти менен үш жүз грамм алтын сорады. Оған да «бере алмадым». Қайыпберген деген узағырақ жийенимиз бар еди, баласының контракт пулын төлей алмай атыр екен, «өзим сорасам бермейди» деп картайған апамызға соратыпты. Ол байғустың-әм қулағы тас қамал болған екен, тамағым жыртылғанша бақырып зорға түсиндирдим. Ырасын айтсам, апамыз түсинген жоқ, Қайыпбергенге қарата «әй, балам-әй, ханалас болмағаннан кейин гәпиң өте ме?» деп телефонын баласына қайтып берди.

Ҳайранман, адамлар темасын оқыўдан ҳәўлирип кете ме, неге мақаланың ишин оқымайды екен?

Журналист қызға қоңыраў еттим.

— Сорама аға! — деп ол да жарылып қоя берди. — Бир киси қоңыраў етип «сенсация деп қыялыңызға не келсе соны жаза бересиз бе?» деп айтпаған гәпи жоқ. «Бир гүзе алтынды Хийўаның дөгерегин қазып таўып алмаса, бизиң бул дөгеректе ондай бай болмаған» — дейди.

—Адамлар өзи темасын көрип, ишин оқымай қояғояма деймен! — дедим оның кеўлин алмақшы болып.

— Я-ақ, аға, адамларда гина жоқ, — деди ол. Корректорымыз сол күни бир тойдан шығып келип «жаңа шығармамды жазып болған күни бир гүзе алтын таўып алып, қуўанып кеттим» деп жиберипти. Сәўбеттиң соңғы жағында болса «алтын» ҳаққында улыўма басқа гәп жоқ еди.

Журналист қыздан қысынғанымнан, не жуўап айтарымды билмей қалдым. Себеби, мен де сәўбеттиң тек темасын оқып қояғойып едим.

*22.12.2017-ж*

## АЙТПАЙ ЖҮРГЕН ӨТИРИГИМ БЕ?

Маған биринши класста партада қәйтип отырыўды, ручканы қәйтип услаўды муғаллим үйретти. Муғаллимниң айтқанын булжытпай орынладым. Ярым жылдан кейин «Әлипбе» байрамы болды.

— Саған ҳәрип таныўды ким үйретти? — деди «Әлипбе» муғалимми.

— Әжағам, — дедим мен.

Муғәллим шоршып түсти.

— Ҳәмме ата-аналар жыйналып, байрам өтип атырған ўақытта өйдеме, маған ҳәмме ҳәриплерди «Әлипбе муғаллими үйретти» де. Яқшы ма?!

Сөйдеп айттым. Негизинде мен мектепке үйдеги әжағам, әжапамлардан ҳәмме ҳәриплерди үйренип, ҳәтте «аға, апа» деп жаза алатуғын болып барып едим. Бирақ, оны айтыўға болмайды екен.

Алтыншы класс ўақтымда мектепте қуслар байрамы өтетуғын болды. Маған өпепек ҳаққында айтасаң деди. «Бизиң аўылға өпепек ерте бәҳәрде келеди, мен оны биринши мәрте жети жасымда көрдим. Оның басында тажы бар, қанаты қызыл ала, ҳәмме қуслардан бурын келеди» деп басланатуғын еди сөзи.

— Муғаллим, мен өпепекти көргеним жоқ ғо, — дедим мен.

— Неге? — деди муғаллим таңланып.

— Қалаға өпепек келмейди.

— Сен ҳәзир қаланың баласы емес, аўылдың баласы болып сөйлейсең.

Аўылдың баласы болып сөйледим. Көрмесем де өпепекти көрген-нен бетер етип тәрийипледим. Сөзин муғаллим жазып берди.

Мектепти питкерип атырған ўақтымда маған аттестат алыўшылар атынан шығып сөйлеўди тапсырды.

— Билим берген мектебиме, устазларыма ҳәм мектеп директоры Пәленше Төленшеевқа терең миннетдаршылық билдиремен, — деп айтасаң деди класс басшымыз.

— Ҳаў, директорға не деп айтаман, ол жақында келген жоқ па?

— Соның ушын айтып өтпесең болмайды. Ол үлкен лаўазымнан босап, жақында бизге келди. Қапа болып жүр, кеўли көтерилип қалсын.

Танымасам да терең миннетдаршылық билдирип, директордың кеўлин көтердим.

Институтта жаңа биринши курс болып, оқыў баслап атыр едик, декан шақыртты.

— Сен курсласларыңның арасында естиярлылаў көринесең, институттың газетине баслама көтерип мақала жазып бер, — деди ол.

— Не деп баслама көтеремен?

— Биз әзелий дийқанның баласымыз...

— Мен шофёрдың баласыман ғо, — дедим деканның гәпин бөлип.

Декан бирден иркилип қалды.

— Гәп сениң бир өзиң ҳаққында кетип атырған жоқ, гәпти бөлмей тыңлап тур, — деди соң қатал түрде. — «Биз әзелий дийқан баласымыз. Сонлықтан, халқымыздың ырысқы-несийбеси болған ғаўаша тәрбиясына нәл көгерип шыққаннан баслап белсене қатнасамыз ҳәм гүзги жыйын-теримде ҳасылды жаўын-шашынға қалдырмай жыйнап аламыз. Студентлик — бизиң ақ алтын дәўиримиз» деп жазасаң.

Әдебият муғаллими айтып турды, мен жазып турдым. Еки күннен кейин газетада көрпешедей мақалам жарқ ете қалды. Ҳәмме балалар мени бәледей көрди, лекин муғаллимлер ҳәм декан марапатлап, арқамнан қақты. Себеп пенен ректор да таныды мени.

Туңғыш мәрте бир мәкемеде жумыс басладым. Арадан үш–төрт ай өткеннен кейин улыўма жыйналыс болатуғын болды.

— Жас қәнигелер атынан сен шығып сөйлейсең, — деди жергиликли комитет баслығы маған.

— Мен не деп сөйлеймен?

— Усы жерге келип турмысты үйрендим, дейсең. Бул ушын баслыққа терең миннетдаршылық билдирип, узақ өмир тилейсең.

Бул нәрселер енди маған жаңалық емес, бираз үйренип, ысылыпәм қалғанман.

Сөйледим. Усы мәкемеге жумысқа келемен дегенше жақсы-жаманды, ашшы-душшыны билмейтуғынымды айттым. Соның бәрин үйреткен директорыма терең миннетдаршылық билдирип, дүнья турғанша турыўын тиледим. Бир адам қалмастан қол шаппатлады.

Күнлерден бир күни қалалық кеңеске депутат болдым.

— Бүгин ҳәким сайлаўшылар алдында есап береди, — деди сайлаў комиссиясының баслығы мени оңаша шақырып. — Сен ҳәкимниң баянатын мақтап шығып сөйлейсең ҳәм оны және бир шақырыққа депутат болып сайланыўы ушын кандидатурасын усынасаң.

— Не деп мақтайын?

— Бул ҳәким қаланы басқарғалы берли шәҳәримиз гүлзарлыққа айланды, көшелеримиз шырайланды, жаңадан зәўлим жайлар бой тикледи. Ҳәмме кәрханалар ис жобаларын...

— Қойып турың, — деп ирктим мен оны. — Қаяқта қала абаданласады? Еки көшениң биринде үйин-үйин шығынды. Бәҳәрде мың терек отырғызылады, он бес күннен кейин ҳәммеси қуўрайды. Салмалар кеўип атыр. Жайы бузылған адамлар қаяққа барарын билмей...

— Бундай гәплериңди жыйыстыр, — деди ол маған кийлигип. — Сеннен ондай әдет шықпайды деп еди ғо. Шығынды-пығынды менен не жумысың бар?! Ҳәзирше оны жерге–жәмге тийгизбей мақтайсаң! Гәп тамам!

Мақтадым. Ҳәким мени ырас айтып атыр деп түсинди ме, ханасына сыймай керилип отырды.

Қулласы, жумыс орнымнан напақаға шығаман дегенше сөйлемеген мәжилисим, миннетдаршылық билдирмеген баслығым қалмады.

Бир күни ҳүрметли дем алыста кемпиримниң қасында әжик–гүжик болып әңгиме қурып отырсам, радиодан бир хабаршы қыз келди.

— Ата, кекселиктиң гәшти ҳаққында бес-алты аўыз сөйлеп берсеңиз? — деди ол.

— Не деп сөйлейин?

— Өзиңиздиң жеке пикириңизди айтың.

— Менде жеке пикир жоқ ғо.

— Еситиўимше, сиз ҳәмме ўақытта мәжилислерде шығып сөйлейди екенсиз.

— Онда меннен ҳеш ким жеке пикир сораған жоқ. Өзлери үйретти, мен тәкирарладым.

Ақырында, бул қыз да сол жолды тутты. Мен үш жылдан бери кекселиктиң гәштин сүрип атырғанымды, көшемиз абаданласып атырғанын, ул-қызларым жумыс пенен тәмийинленгенин, шаңарағымыз бенен оғада татыў жасайтуғынымызды аўыз толтырып айттым.

— Ҳәмрениң ҳәўеси келетуғын сөз болды! — деди хабаршы қыз қуўанып.

Кемпир жарылып кетейин деп отыр екен.

— Алжыған сениң! — деди қыз шығар-шықпастан. — Пайғамбар жасына келгениңде өйтип өтирик айтып не дегбирден састың! Көшемиз абаданласты дейсең, таслaндыларды бир айда бир әкетпейди, шамал болған күни туншығып өлейин дейсең. Улы–қызың жумыста мыш! Жалғыз балаң шабашки излеп ел гезип жүр. Еки қызың үйинде жумыс орны қысқарып бос отыр. «Шаңарағымыз бенен аўызбиршиликте жасаймыз» дедиң аўыз толтырып. Келинниң қабағы муштай, «бөлек шықпадым» деп. Шәйнекти столға дүрс еттирип қойғанда қақпағы еки бармақ ели көтериледи.

— Енди не дейсең маған?

— Өтирик айтпағанда бәле бар ма?!

— Ўәй, кемпир-әй, айтпай жүрген өтиригим бе?! Сен жаңа еситип атырғансоң шоршып атырсаң. Аўзым кәлип алып кеткен мениң!

*08.06.2018-ж.*

## СЕБЕТ

Биреўлер «баслықлар ўәде бере береди, бирақ, орынламайды» деп қустаны қылады. Бийкар гәп! Ол адамына пайлы. Бизиң баслық ўәде берди ме, тамам! Аспан жерге қулап түссе де орынлайды.

Пул дегенниң бет-жүзине қарамайды. Миллионың мың сом шелли көринбейди оған. Ҳәзир оның мәртлигин айтып берейин, қызғанып кетесиз!

Жаңа жыл алдынан ол ҳәммени жыйнап жыйналыс өткерди.

— Бизде өзи неше адам ислейди? — деди қәнигелер бөлиминиң баслығы Қәтийра апаға.

— Сексен төрт, — деди Қәтийра апа.

Қара, бизиң баслықтың кеңлигине, мәкемеде неше адам ислейди, олар жумысқа келип-кетип жүр ме, иси жоқ ғо!

Баслық бир заман ойланып қалды.

— Көп екенбиз, — деди шекесин азымаз қасып турып. — Бәрине жеткере алмаймыз. Бизде ислеп, напақаға шығып кеткенлер нешеў?

— Он бес шығар деймен.. — деди Қәтийра апа екиленииңкиреп.

— Маған анығы керек.

— Аўа, он бес, жылда жаңа жыл алдынан кишкене пакетте саўға берип шығамыз ғо!

— Әне, сөйтип мениң жети насырымды жерге бүгесиз! — деди баслық қабақ шытып. — Пакет деген не сол?! Уят емес пе?! Бизиң мәкемемиз қайсы мәкемеден кем?! Басқа мәкемелер нураныйларын сыйлап, себет пенен саўға жибереди. Қарап турсаң ҳәўесиң келеди. Ишинде алма дейсең бе, апельсин дейсең бе, шоколад, вафли, ортасында шампанский турады. Қурға шыққан палўандай гәрдийип! Сыртын гүлли пленка менен қаплайды, ишинде ҳәмме зат көринип туратуғын. Жоқарысынан гүлин келтирип лента менен байлайды. Әне, саўғамысаң-саўға! Биз неге соны ислей алмаймыз?!

— Ол қымбатқа түседи ғо, — деди кимдүр.

— Қымбат болғанда қанша?

— Үш жүз мың бар шығар.

— Бола берсин! Он бес себет қанша болады?

— Ой-бу, аға, төрт ярым миллион болып кетеди ғо, — деди бухгалтер Еденбай шоршып түсип.

— Ананңқара! Бугалтер деген халық өзи анасынан қыйқым болып туўылады, не, таба алмаймыз ба төрт ярым миллион?!

Бугалтер төмен қарап қалды.

— Неғыламыз, беремиз бе нураныйларға он бес себетти саўғаға?

— Хызметкерлердиң саўғасына тәсир етпейме? — деди Еденбайдан үн шықпағаннан кейин арт беттен биреў.

— Яқ. Оны мәкемениң үнемленген қаржысы есабынан төлеймиз.

— Үнемленген қаржы оған жетпейди ғо, — деди бухгалтер.

— Жетпесе ендиги үнемленетуғын қаржының есабынан беремиз. Бул гелме-гезек саўда. Ертең биз-әм напақаға шығамыз. Сонда үйимизге себет толы саўға барып турса, балларымыздың алдында қандай абырай!

Абырай ҳәммеге де керек, үндемедик. Бухгалтерге төрт ярым миллион пулды коорпоратив пластикке өткерип бериў тапсырылды. Еденбай жаман қатындай кабинетинде тоқңылдап жүрип өткерди.

Түстен кейин Қәтийра апа қасына еки қыз алып, баслықтың машыны менен он бес себет саўғаны алып келди.

— Мен айтқан дүкәннан алдыңыз ба? — деди баслық Қәтийра апаға.

— Аўа, сол 3-дүкәннан.

— Маңлайына ақ фенопласт пенен жазып қойыпты я?

— Аўа.

— Жақсы дүкән. Ҳәм арзан, ҳәм қәлеген затың табылады. Келешекте де бирге ислесип турамыз оның менен. Енди бул себетлерди ийелерине жеткерип бериң.

— Ертең бе? — деди ойласықтың ишинде болған местком Мырзабай.

— О неге ертең?! Ҳәзирдиң өзинде!

— Ҳәр қайсысының үйин излеп жүргенде түн болып кетеди ғо!

— Болса болады дә! Астыңызда пилдей машын.

Ҳеш ким буннан кейин ҳеш нәрсе демеди. Баслықтың буйрығы додаланбайды.

— Мәкемеде пул бар екен ғо, — деди адамлар былай шығып. — Қуры бухгалтер жылана береди. Ертең алдына кирип айтайық, бизлерге себет болмаса да үлкенирек пакет пенен берсин.

— Қайдам, кеўил хошлығы жақсы болса...

— Жақсы болмай не қылады?! Үйине себет барғанлар түни менен баслыққа рахмет айтып, телефонын тындырмайды. Азанда көресең, қатыны ул туўғандай қуўанып келеди.

Бизиң адамларымыздың болжаўы гейде палкердиң гәпиндей керисине кетеди. Азанда баслық өзгерип келди. Қабағы қатыңқы. Киреберисте сәлемлеспекши болғанларға бармағының ушын зорға тийгизип, кабинетине кирип кетти. Кирди де хаткер қыздан кешеги базарға барғанларды ҳәм ойласықта болғанларды шақырды.

— Саўғаны қайсы дүкәннан алдыңыз? — деди Қәтийра апаға тесилип қарап.

— 3-дүкәннан

— Бийкар гәп! Басқа дүкәннан алғансыз!

— Маңлайына «Дүкан №3» деп жазып қойған екен ғо, ақ фенопласт пенен.

—Дурыслап қарамайсыз ба?! Сол «3» деген санның изинде «4» деген жазыў да болған. Ол қопарылып түсип қалған! Баслықтың гәпин ҳүрмет етип, дыққат пенен қарағаныңызда, түсип қалған санның орнын абайлаған болар едиңиз!

«Гүнакарлар» төмен қараў менен болды. Қарсы дәлил айта алмады. Баслықлар қәтелеспейди ғо.

— Қайтадан төрт ярым миллион табасаң! — деди баслық Еденбайға сұқ бармағы менен шөкелеп. Еденбай дым үндемеди. Кеше бизлерге «улықпанда бары усы» деп атыр еди, яқ, улықпанда еле бар екен.

— Мен ақыры ол дүкәнға ўәде берип келдим! — Баслық еле ҳәўиринен түсе алмай атыр еди. Ашыўы келген адам бирден суўыйғоймайды дә! — Сөзимди самалға ушырмайман! Сизлер, Қәтийра апа, көзиңизди қаттырақ ашың. Асықпай, албырамай үшинши дүкәнды таўып алың. Айсара деген келиншек сатыўшы — Ай-са-ра!

— Болады, болады.

Жергиликли комитет баслығы орнынан турды, Мырзабай аға. Ол мәкемедеги ең жасы үлкен адам еди.

— Баслық иним, сонда..а.. кешеги адамларға және бир-бир себеттен берип шығамыз ба?

Баслық бирден иркилип қалды.

— Бизде сол он бес адам болғаны ма?

— Болғаны ғо. Оның-әм биреўи жақында қайтыс болды. «Еле топырағы кепкен жоқ ғой» деп оны быйылша дизимнен өширмедик.

— ка-ак... Қызық-әй, я, он бес адам... Мәкеме әлимсақтан бери бар болса... Сонда со, олардан бурын ҳеш ким ислемеген бе бизде?

— Ислеген, — және сол Мырзабай аға анықлама берди. — Бирақ, бәри о дүньялық болып кеткен ғой...

— Ҳим-м, — деп баслық еки бармағы менен шекесин қасыды. Шекесин қасыды ма, демек жолын табады. — Баллары бар шығар?

— Биразыники бар, биразларыники жоқ...

— Излестириў керек. Өтмишке ҳүрмет бундай болмайды. Излең, табың! Ал, сизлер, Қәтийра апа, түске дейин он бес себетти әкелип таярлап қойың.

Өлип кеткенлерди излестириўге үш күн ўақыт кетти. Баслығымыз қалайда ақыллы адам ғо, ертеден қозғалды. Болмаса жаңа жыл өтип кетер еди.

«Изқуўарлық»қа ҳәммемиз қатнастық. Ең кексе үш хызметкердиң ақлықларының жайы бузылып, үстинен жол түсип кеткен екен,

олардың қаяққа көшип кеткенин таба алмай, дизимнен өширдик. Алты хызметкердиң мәплик болып отырған кемпирлери табылды. Үшеўиниң үрим-путақлары қаяққадүр көшип кетипти. Олар да дизимнен өшти. Төртеўиниң шаўлықлары, үшеўиниң ақлықлары табылды. Еки себетке жердиң асты-үстин қыдырып ийе таба алмадық. Буның есабын Мырзабай аға тапты.

— Иним, сонша миллионларды таўып отырған өзиң, — деди баслыққа кирип. — Бир себетти келинге апар, бир себетти өзиң сыйлағандай биреўге жиберерсең! Ресторанларда да болатуғын еди ғо, бир столдан екинши столға поднос жибериў.

— Қолайсыз болмаспа екен, — деди баслық тартынғандай болып. Лекин, ишинен қәлеп турғаны жүзинен беп-белгили еди.

— Ҳеш қолайсызы жоқ, иним! Тоғыз миллионнан тоғыз жүз мың пайыңыз бар ғо! Биз қайта бир себет кем берип атырмыз.

Баслық мыйықтан күлди де, гүлли пленкаға оралып, жасыл лента менен байланған еки себетти шкабына салып қойды. Қалған он үш себетти тарқатыўға жигирма алты адам жол машынға шығып кеттик. Баслықтың абырайы — ҳәммемиздиң абырайымыз, ақыры. Ол ўәдесиниң үстинен шықса болды.

Кеше сол үшинши дүкәнның сатыўшысының ким екенин билип алдық. Бирақ, айтпайман — сыр!

*13.12.2017-ж.*

## КИМ ЖЕҢЕДИ?

— Алдымыздағы жыл мениң жылым екен, — деди Ҳаял күйеўине мақтаныш пенен.

— Болса болады да, бизиң жыл-әм келер, — деди күйеўи.

— Мениң жылыма байланыслы нақыл-мақал көп. –Ҳаял тегинликте жеңислик бергиси келмеди. Өзиниң жылын мақтаў ушын дәлил керек болды.

— Жылқы жылына байланыслы да нақыл-мақаллар бар!

— Көп болса биреў-екеў шығар.

— Яғаў, баршылық!

— Өжетлеспесе!

— Неғылады өжетлескенде?!

— Мениң менен өжетлесип жеңген жериң бар ма?

— Бәсекилесесең бе?! — деди күйеўи шын кеўли менен.

Жамбаслап, нәше қылып шай ишип атыр еди, тикейип отырды.

— Бәсекилесемен! — деди ҳаял да қайтпай. — Ал, айт, нақылыңды.

— Өзиң басла. Биринши болып айтсам бир нақыл жетпей қалыўы мүмкин.

— Сен басласеш, еркексең ғо!

— Болады, баслай беремен! «Ат жигиттиң қанаты» — Жигит мардыйып қойды.

— «Ийт опа, қатын жапа!»

— Әне, көрдиң бе, өзиңниң қандай екениңди! –деди жигит мазатланып.

— Ҳәзир мағызын шақпай тур, мәрт болсаң жылыңа байланыслы нақыл таўып айт.

— Айтаман! «Ат баспайман деген жерин үш басады»

— «Ийттен бир сүйек қарызым бар!». — Олар дәсме-дәске өтти.

— «Ат туяғын тай басар».

— «Ийт өкпелейди, ийеси билмейди».

— «Ат тепкисин ат көтереди».

— «Ийттиң ийеси болса, бөриниң қудайы бар».

— «Жылқының пири жылқышы ата».

— «Жақсы ийт өлимтигин алысқа таслайды».

— «Тайда туяқ қалмай қатнасты».

— «Ийттиң ең арғысында жоғы тоқпақ жилик ғайзады».

— Бул нақыл емес, — деди күйеўи уттым ба дегендей мардыйып.

— Пьесада бар. Ат ҳаққында пьесада болса сен-әм айта бер.

— «Ер жигиттиң бир мурады ат болар» Қосықта бар.

— «Ийт төлеўи бир күшик».

— Атлар он бес айлаўға жиберилди.

— «Аўылға жақынлағанда ийт озады». Сениң жаңағы айтқаның нақыл емес, сонда да ерегиспедим.

Жигит ат ҳаққында нақыл таба алмай бираз иркилип қалды.

— Жеңилдиң бе? — деди ҳаял баспалатып.

— Яқ, қойып тур... Ҳәзир... Ҳе, ядыма түсти, «ат киснескенше, адам сөйлескенше».

— «Үйиккен ийттей неббәле!»

Жигит жаңағы нақыл менен жеңдим дегендей исенимде еди, ҳаялының қарсыма-қарсы жуўабынан енди биротала тубалап қалды.

— Қалғанын ертең даўам етемиз, — деди ҳаялына. —Жумыстағы жигитлер менен ойласып көремен. Басқа да нақыллар бар болыўы керек.

— Ойласа бер, бәрибир мени жеңе алмайсаң! Және онлағанын айтып таслайын ба? Еле ийттиң аты менен айтылатуғын ғарғыслардың басы бузылған жоқ. Айтайын ба?

— Айт, айт! Еркектиң жеңген жери бар ма, сирә!

Ҳаял саўдыратып таслады.

— «Ҳә ийт ширкин сениң!», «Ийттиң әўлады!», «Ийт қорлықты көрсетемен еле!», «Басыңа ийттиң күнин саламан!», «Ҳә, ийттиң туўғаны сениң!».

— Ҳәй-Ҳәй! тилиңди тартып сөйле, қатын! Ийтиң не? Бала өсирип, қатын әперип, енди мен ийт болдым ба?!

Босағада баласын байрам менен қутлықлаўға киятырған жигиттиң анасы көринди!

*12.12.2017-ж*

## КӨШЕНИҢ АБЫРАЙЫ

Ҳәкимиятта ислейтуғын бир достым бар еди, арзаларды есапқа алып отыратуғын. Ойламаған жерде ушыратып қалдым.

— Пай, жақсы болды ғо сени көргеним, — деп қуўанып қояберди ол. — Көшеңниң адамларына айтса, қайта-қайта арза жаза бермесин. Көзимизди аша алмай қалдық ғо!

— Не деп жазыпты арзаны?

— Көшемиз тар дейди, еки машын қабатласып өте алмайды дейди, асфальт жүргизилмегенине қырқ жыл болды, деп ядына түскен сәнени жазып қойыпты.

— Дурыс жазған! — дедим мен көшениң адамларының жазған арзасын тастыйықлап. — Көшеде машын түўе велосипедлер бирбирине жол берип турмаса сыймайды. Қазғанағын айтпайсаң ба, былтыр күпә-күндиз бир шуқанаққа түсип кетип, белимнен мертилип үш ай жаттым.

Өтирикти қудай кеширсин, көшениң абырайы ушын қас қақпай жалғанды тоқып таследым.

— Сол арзаны көрип шыға алмай атырсақ, екиншиси тағы келди. — Ток жыпылықлап жанып өше береди, столбалар қыйсық көмилген.

— Туппа-туўры! Сени көрсем өзим-әм айтарман деп жүр едим. Көшениң шеп жағына көмилген столба оң жақтағы жайдың шиферына тийейин деп тур. Өзлеримиз маңлайымызды урып алайын деп зорға өтемиз.

Бир өтиригиңниң тигиси билинбей кеткеннен кейин изи келе береди екен. Сөйтпесең, көшениң абырайы кетежақ.

— Газдиң үстинен баз-баяғы арза көп. Лекин, сизиң көшениң адамларының жазғаны басқаша.

— Қандай, басқаша болғанда?

— Биринши күни азанда ишетуғын шай ушын алтыншы күни кеште плитаны жағып жатамыз дейди.

— Буның ҳеш таңланатуғын жери жоқ, факт! Инанбасаң бизиң үйге қыдырып кел. Ҳәўлиге ошақ қурып, бир машын жыңғыл түсирип қойыппан.

Айтарын айтып болып, шоршып кеттим. Соннан келип қалса… Газдиң қулағын ярым таў қайтарып қоймасаң, шәйнектиң тутқасы жанып кетеди.

Илаж жоқ, көшениң абырайы ушын көзимди жумып өтирик айттым. Жазбаса қолы қышыйтуғын бир-еки арзагөйди жығып бергеним менен шақ шыға ма –көшениң абырайы кетеди, қуры.

— Яқшы, ол-әм бара берсин, кирпитикен көбейип кетти дегенине не дейсеңЎ Ҳәким кирпитикенди жоқ қылып бериў керек емиш.

— Ҳақыйқатында да, сол кирпитикен деген бәлени қалай жоқ етиўге болады? Күни кеше, азанда туфлийимди кийейин деп атырсам, ишинде бир кирпитикен — пәр төсекте жатқандай уйқылап атыр.

Кирпитикен дегенди мектепте сабақлықтан сүўретин көргеним болмаса, нәзерим түскен мақлуқ емес. Неғыласаң, көшениң абырайы — ҳәмМениң абырайы.

— Айтпақшы, және бир арзаны умытыппан, «көшемиздеги жарылған трубадан аққан суўға адамлар қармақ қурып отырады» — депти.

— Дурыс. Мына мен — тири гүўа, алдыңда турман-ғо. Өткен жылы жазда бизиң бала шығанақтай еки балық әкелип тур. «Қаяқтан алдың?» десем, кранның суўынан дейди.

— Ўәй, қойшы, кранның суўында балық бола ма?

— Әдебинде мен-әм сөйтип ойлап едим, кейин билсем, Түйемойыннан итбалықлар ағып келеди де, трубаның ишинде үлкейе береди екен.

Лапгөй деген-әм жерден көгерип шыға ма, усындай қысыныс-паның ақыбетинде пайда болатуғын қусайды. Мени де енди солардың бирлигине есаплай берсе болады.

Достым буннан артық дәртин дастурхан етип тура бермеди. Кетти. Шамасы, меннен де түңилген болса керек.

Арадан үш-төрт ай өтип еди, бир мерекеде және көрисип қалдық.

— Сениң көшеңниң адамлары… — деп тағы гәп баслап киятыр еди, алдын орадым.

— Мен ол көшеден көшип кеттим. Таза посёлкадаман.

— Билемен, сениң көшип кеткениңди-әм жазған. Бул рет сүйир шыбынның үстинен жазыпты. Уйқылатпайды дейди. Қанға зәҳәрин жаяды, адам бундайда өлип қалыўы мүмкин. Айрым хожалықлар сүйир шыбыннан қашып, көшип кетип атыр деп сени жазыпты.

— Айтсам, исенбейсең жора, кейинги бес жыл даўамында бала-шағамыз бенен брезент пешеханада уйқыладық-ғо!

— Айтып болып өзим-әм қысынып кеттим, бөзден дейғойсам болады ғо. Не де болса аўыздан шығып кетти.

— Ўәй, қойшы! Пешехана брезенттен бола ма, сийледен тигиледи ғо, — деди достым қабақ шытып.

— Бул сүйир шыбынның туқымы басқаша, сийлеңди мүлк екен демейди, тесип кете береди.

Достымның арғысында болса, енди қайтып маған шағынбайтуғын шығар. Мен не қылайын енди, «аўа, көшемизде арзагөйлер баршылық» деп, алдынлары өлип кеткен адамлардың үстинен жазғанларын айтып берейин бе? «Арың ушын қара кий» деген, көшениң абырайы керек бизге!

Арадан ярым жылдан көбирек ўақыт өтти. Той-мерекеге барсам ҳәкимияттағы сол достымды ушыратып қалмағайман деп қалтырақлап жүретуғын болдым. Қайда саған!

Бир тойда пул жазылып, дизимнен өтип атырсам, биреў келип шығанағымнан тартады. Қарасам — сол.

— Жақын арада көшип кеткен көшеңе бардың ба? — деди ол.

— Яқ, бармадым. Алты ай болды.

— Ал, енди, көшени пүткиллей қайта қурдық. Суўдың тозған трубаларын алып таслап, полимер трубалар қойдық. Столбаларды қайтадан көмдирдик. Газге көшениң басына ГРП қойып бердик. Көшени кеңейтип, ыссы асфальт пенен асфальтлаттық.

— Әне, енди арзадан қутылыпсыз? Қуры бизиң көшениң адамларын гиналай бересең!

— Қутыларсаң аўа! Бүгин және бир арзасын дизимнен өткерип келип турман.

— Енди не депти?

— Таң азаннан төбемизден самолёт уша береди, аэропортты көширип бериң ямаса, самолёт арманырақтан ушсын, депти.

Әттең, усы рет ужыбатлы дәлил таба алмай қалдым. Көшениң абырайы қолдан кетти.

*25.09.2017-ж*

## МУШТУК

*(Турсынбай Баймировтан)*

Рус тили сабағының оқытылыўына баҳа берип көрген тексериўши кемшиликлер ҳаққында, анығырағы педкеңесте айтқан сөзлери ҳаққында ойлар еди. Ойлаўдан басы қатып кетти ме, шаўқымласып атырған балалар тәрепке нәзер таслады. Қызлар ҳәккелек атып, балалар болса бир-бирин қуўалаў менен бәнт еди.

Еки оқытыўшы өткендеги рус тили сабағын еслеп, пикирлесип тур.

— Муштук сөзин муғаллим доскаға қәте жазды. Мен сөзлик бойынша салыстырып көрдим.

— Тексериўшини көрип албырап қалған шығар.

— Өзи бурыннан-әм көп қәте жазады. Мен билип тураман.

Тексериўши қойын дәптерин алды да, он екинши санның астына он үшинши етип «муштук» сөзин жазды ҳәм жерден жети қоян тапқандай қуўанып, «муғаллимлер бөлмеси»не қарай шалт жүрип кетти.

Сабақлар тамам болып, мектеп босап қалды. Тек те «Муғаллимлер бөлмесин»де еле ғаўырлы басылмаған еди.

— Муғаллимлер 9-«а» классқа жыйналсын, — деди директор илимий бөлимниң баслығына. — Педкеңести сол жерде өткеремиз.

Кеңесте өтилген сабақларға баҳа берген тексериўшилер гезекпе-гезек сөзге шығып, өтилген сабақлардың жетискенликлери ҳәм кемшиликлери ҳаққында сөз етти.

— Мен қанаатланбадым, — деди рус тили сабағына баҳа берген тексериўши күйиншеклик пенен. — Мине, мәселен, дәлиллерге жүгинейик — төртинши класста: «Книга для чтения» сабағын өткен муғаллим сәлемлесиў сөзиниң қалай айтылатуғынын билмейди.

«Здравствуйте» деўдиң орнына «Издраствуйте» деди. Арсланов Қәдирдиң қалай сабақ өтетуғынына соған қарап баҳа бере бериң.

Хо-ош, жоқары классларды алайық, — деп сөзин даўам етти тексериўши. — Олар рус тилинде еркин сөйлесе алыўлары керек. Ҳақыйқатына келсек, сөйлесиў былай турсын, күнделикли мың мәрте айтылып жүрген сөзлерди де дурыс айтып билмейди.– Тексериўши қолындағы кишкене дәптершесин столдың үстине қойды. — Мәселен, Әлимбеков Әширбек деген оқыўшы «хорошо», «спасибо», «срочный», «пожалуйста», «маяк» деген сөзлерди айттырып көргенимде «харашу», «испасибо», «сурушни», «мояк» деп тур. Халимов Насыр болса, муғаллим, оқыўшысының сөзлерди бузып айтып атырғанына басы да айланған жоқ. Жақсысы, өзим сабағына кирген үш рус тили муғаллимлеринен көпшиликтиң алдында имтихан алып, жуўмақ жасаўға қарар еттим.

Тексериўшиниң мына гәплеринен кейин «гүнәкарлар» тынышсызлана баслады. Бир-бири менен көз урыстырып алғаннан кейин, шашларына ақ ене баслаған жасы үлкени орнынан турды.

— Биз имтихан тапсырыў жасынан өткенбиз!

— Тек бир сөз жаздыраман, болғаны. Өтиниш, қағаз-қәлем алың.

Муғаллимлердиң кеўли орнына түсти. «Ал айта бер» дегендей, тексериўшиге телмиристи.

— Жақсысы, доскаға жаздыраман, — деди тексериўши пикиринен қайтып.

— Арсланов, шығың.

Қәдир муғаллимниң түси өзгерип кетти. Гәп кимге тийисли екенин билип турса да, билмегенге алды.

— Мен я?!

— Аўа, сиз!

Орнынан зорға қозғалып доскаға шыққан Арсланов, қәте қылып қойған оқыўшыдай, тексериўшиниң аўзына үңилди..

— Жазың — Муштук!

Муғаллимниң ғәзеби келди.

— Болғаны ма?!

— Болғаны, тек усы сөз! — деди тексериўши нықлап. Арсланов «М» ҳәрипти үлкен етип жазып болып иркилди. Кәсиплеслерине бурылып қарап еди, олар төмен қарап отырып алыпты. Ҳеш кимнен мәдет жоғын сезген ол, тәўекел жазды да қойды — «Муштук!».

Тексериўши жәмәәтке «мине, көрдиңиз бе?» дегендей, қолларын жайып ишара қылды да, доскаға екинши муғаллимди шақырды.

— Насыров, нәўбет сизге. Сиз-әм усы сөзди жазың.

Насыров қолындағы пордың төрт таманын айландырып, өзине қолай етип услады да диктант жазғандай шырайлы етип доскаға жазды — «Муштик».

Отырғанлар бир қозғалысып қойды. Сыбыр-сыбыр көбейди. Тексериўши оқыўшыларды тәртипке шақырғандай, ручкасы менен столды тықылдатты. Кейин үшинши оқытыўшыны доскаға шақырды.

— Мен-әм усы сөзди жазайын ба? — деди үшинши муғаллим наразы түрде тексериўшиге қарап — Бәлким, папирос, сигарет деген сөзлерди.

— Яқ! Тек «Муштук» сөзин жазыў!

Оқытыўшы өзинен алдынғы шыққанлардың натуўры жазып қойғанлығын олардың бет-әлпетинен аңлап, пүткиллей басқаша жол таңлады: «Муштюк!»

Үшинши рус тили муғаллими артына бурылып қарай-қарай орнына отырды. Бираздан кейин тексериўши және гәп баслады.

— «Муштук» сөзин үш оқытыўшы үш түрли жазғанын көрип отырып, мектепте рус тили қалай оқытылып атырғанын түсиндирип отырыўдың зәрүрлиги жоқ. Жақсысы бул сөздиң қалай жазылатуғынын көрсетип бериў менен есабатымды жуўмақлайман.

Тексериўши доскадағы қосық қатарларындай қатарма-қатар жазылған «Муштук» сөзлерине қарап турып, өзи де бираз тубалап қалды. Костюмына қаяқтандур жуғып қалған ақ дақларды бармағы менен шертип кетирип, доскаға үлкен ҳәриплер менен жазды: «Миштук!»

— Мине! — деди тексериўши пор жуққан бармақларын досканың шетине қойылған шүберекке сүртип. — Билмесеңиз билип алың!

Оқытыўшылардың бир-бирин түртип күлисип атырғанынан кәўетерленген тексериўши:

— Ҳе, қәте жаздым ба? — деди ҳаўлығып.

— Қәте!

Орнынан турып доскаға шығып киятырған қосық пәни муғаллимине ҳәмме ҳайран болып қарады. Ол тексериўшиниң жазғанына итибар берместен, бесинши қатарға жазды:

«Мундштук!»

## АДАМ ҚАЛАЙ ҚАРТАЯДЫ?

Сизиңше, адам қалай қартаяды? Жасы улғаяды, тәни тозады, солай ма? Яқ, оннан емес. Пүткиллей басқаша! Билсеңиз, адамды адам қартайтады.

— Сейтекти жақын арада көрдиң бе? — деди Мустафа бир мерекеде ушырасып қалғанда.

— Яқ, — дедим мен.

— Бир барып көриўиң керек. Бийшара, дым қартайыпты.

— Қалай? Үшеўмиз институтта бирге оқыдық. Сениң менен биз диңкилдеп жүрмиз ғо.

— Ол армиядан келип кирди ғо оқыўға! Соның ушын оны «старость» етип сайлады.

— Сондағы еки жас па? Онда бизлер-әм еки жылдан кейин… — Аржағын айтыўға тилим бармады.

— Билмедим, — деди ол басын шайқап. — Бийтаплығы бар ма, қулласы, көрип қалғаның мақул.

Мустафаның мына айтыўынан Сейтек көпке бармайтуғын қусаған. Бес жыл бир тислем нанды бөлисип жеп едик, кейинге қаратыўға ҳүжданым шыдамады. Таң ата жолға түстим.

Айтқанында жан бар екен, Мустафаның. Сейтек маған көзи түсиўден орнынан турмақшы болып еди, Айша дизесинен басып қайта отырғызды.

— Жығылып қаларсаң, отыр.

Мен барып, диз бүгип сәлемлестим. Қушағын ашқан менен турыўға шамасы болмады.

— А-ал, Сейтек жора, бул не аўҳал? — дедим ҳал-аўҳал сорасып, бир-бир шәйнек шай ишип алғаннан кейин. — Аўырып қалдың ба?

— Қудайға шүкир, тәни-жаным саў, — деди ол «диңкем бар» дегендей, даўысына күш берип.

— Онда неге, шай ишсең кесең қалтырайды? Я мәскүнем болып қалдың ба?

— Ол көшеден жүргенди қойғаным қашшан!

Мен буннан артық не саўал беримди билмей, сораўлы мәнисте жүзине тигилдим.

Ол нуры қашып баратырған көзлерин меннен алып қашыўға урынды.

— Әп-әнедей, диңкилдеп жүрген-ақ адам едим, — деди әллен ўақта гәп баслап. — Мени адамлар қуртты. Мына, кемпир де солардың сойынан.

— Әне, бул кисиге асылады, — деп жүзин терис бурды ҳаялы.

— Ырас тә! — Сейтек азымаз дем алып әңгимесин баслады. — Өзиң билесең, жас минген сайын көзден уйқы қашады. Азанда кемпирден бир саат, баллардан еки саат бурын оянаман. Ҳәмме дастурханға жәм болғанша қол қаўсырып отыраман ба? Мал-ҳәлге қарайман, егин-тегинге айланысаман. Бир күни азанда қаўын кетпенлеп атыр едим:

— Сейтек! — деген даўыстан жалт қарадым. Турсынбай деген аталас инимиз екен, шелдиң басында тур. Кетпенге сүйенгенше изиме бурылдым.

— Буяққа кел! — деди ол.

— Аманлық па?

— Келебер!

Бардым.

— Сенде кемпир бар ма?! — деди сәлемге қолын созып. Лекин, мениң сәлемди алған-алмағаным менен иси болмады.

— Бар, — дедим ҳайран болып.

— Баллар бар ма?

— Бар.

— Келинлер бар ма?

— Бар.

— Қызлар бар ма?!

— Турсынбай иним, не болып қалды, бунша тергестирип қалдың?

— Аға-а, жасың пайғамбар жасынан өтти, дүньяның түбине жетесең бе?

— Мына қаўынлар жолдан қалып атырғаннан кейин...

— Әй, пәлегине нәлет қаўынның! Усы ўақытқа дейин ислединң ғо, қара мийнетти!

Ол усыны айтты да, үлкен бир жумыс питкергендей, жеделленип жолына түсти. Мен аңырайып қала бердим. Изинен қарап турман. Алды-артына қарамайды. Ол узақласқан сайын жаңағы гәп батайын деди. «Кетпенниң сабына от түссин» дедим де, келип жатып алдым. Сол-сол екен, қаўын кетпенсиз қалды, малдың асты тазаланбады, ешекке ўақтында от салынбады. Дәтим шыдамай қыялланып тураман

да, Турсынбай қусап, тағы биреў ҳәр гәпин кетпендей қылып айтып салар деп, өзимди иркемен. Баллар, келинлер жумыста, кемпир бала-бағыўдан босамайды.

Бир күни аўылда садақа болды. Пысқырып турған сүр ешегим бар еди, көрдиң ғо, талай. Зәрдтең-зәбертден ертлеп, минип алдым да жетип бардым. Барсам үйдиң алдындағы скамейкада Пиримбет, Гүлман, Шербайлар отыр екен. Сен оларды танымайсаң.

— Сенде бала бар ма? — деди Пиримбет.

— Қуданың берген баллары баршылық, — дедим қабақ шытып.

— Бир балаңда «Нексия», бир балаңда «Ласетти», сеники не жүрис? Усы заманда ешек минип жүрген адам бар ма?

— Неси бар? Өзим менен өзим!

— Әй, қой-ә!

— Оннанша, баллар айтқанымды тыңламайды десеш!

— Балтырына от түссин ондай баллардың!

— Сейтек әдептен балларды еркелетип жаман үйреткен.

Қулласы, сол күни қайтаман дегенше «балларды дурыс тәрбияламаған, қартайғанша жанның рәҳәтин билмейтуғын, жансебил» мен болдым.

Аўылда Өтебай деген бир жасы үлкен бар еди, ешек арба излеп жүрген. Ертеңине ешекти соған апарып бердим, «арбасын өзиң таўып аларсаң» деп. Ешекке от салыў, арқанлап келиў, суўғарып байлаў маған үлкен ермек еди, буннан да қутылдым.

Және бир күни кеште, турмысқа шығып кеткен қызым қыдырып келип еди. Түйетаўық сойып, жүўери гүртик писирттим. Аўқат енди писти-аў дегенде орнымнан турып атыр едим:

— Аға, қаяққа? — деди қыдырып келген қызым.

— Қолымды жуўып қайтаман.

— Сенде келин бар емес пе?

— Ҳаў.. Суў биймәлел ағып тур. Келинниң ўақтын алып…

— Әнекей! Әкең қартайып, алжыды, — деди мына кемпир. — Сөйтип жорғалай берсең келин сыйлай ма сени!

Илажсыз қайтып отырдым. Келин қолыма суў алды, табақ бердим, келин және суў қуйды. Бул енди өзимиздиң дәстүр ғо. Лекин, үйдиң иши болса да былай-былай жүргенде аяғымның тамырлары жазылатуғын еди, қаным бойыма тарайтуғын еди, қалды бәри.

Кемпир намаз оқып атыр еди, — тағы бирде, ақлық оянып жылай баслады. Турдым да қолыма алдым. Ҳәўлетип жоқары көтермекши болдым.

— Жығасаң! Жығып аласаң! — деди кемпир жайнамазын урман-пурман жыйнап.

Қолымнан баланы алды.

— Өзиңниң орныңды бил! — деди кейин ақыл үйретип. — Бала жубатып сен бир қатынбысаң!

Кем-кем аяқ-қолым уйысатуғын болды. Есикке барып келсем ентигемен. «Қой, бул болмас, дедим өзиме-өзим. Азанлы-кеш бир шақырым — еки шақырым жүрип қайтайын».

Сөйтип, арба жол менен азанда қолымды артыма салып баратырсам, Артықбай шықты алдымнан.

— Ҳә, Сейтек аға, қаяққа?

— Әй, бир заман аяқ жазайын дедим.

— Жуўырсеш! — деп күлип кетти үстимнен.

Он-онбес адым жүрип едим, Сәтбай дүкәншы тусымнан өтти.

— Жайша ма, Сейтек аға, — деди ол да.

— Бир заман аяқ жазайын деп.

— Жүзге шығарсаң жүдә!

Қулласы, мен не ислесем ерси бола берди. Ақыры, ҳәммесин қойдым. Қаўын кетпенлемеймен, маллардың астын тазаламайман, суўғаратуғын ешек жоқ. Той-садақаға машинада барып қайтаман. Үйде болса ҳәжетке шығыўдан басқасына қыймылдамайман. Мине, ақыбети. Қыймылдасам буўынларым сықырлайды. Он адым атсам өкпем қысады. Қолым, толы кесаны көтере алмайды. Жасым жетпей, тәним тозды. Мени қартайтқан аўырыў емес, адамлар. Соның ишинде мына кемпир-әм бар.

— Өзиңди қолға ал, еле де кеш емес! — деп мен орнымнан турдым.

— Қойып тур, есикке дейин шығарып салайын, — деп қалтырақлап турып киятыр еди, кемпири шалғайынан басты.

— Отыр ғарры, жығылып қаласаң! Баяғы көкирекке сала берме!

Сейтектиң орнына кемпири дәрўазаға дейин шығарып салды. Бес-алты адым жүргеннен кейин оның гүңкилдисин қулағым шалды.

— Журттың кисилери диңкилдеп-ақ жүр, бизиң сорқайнаған күннен-күнге түйектен шыққан өгиздей, басын көтере алмайды.

*29.12.2016-ж.*

## МЕН ҚАШАН ТУЎЫЛДЫМ

Ҳәр жылы туўылған күнимде қайыстырып дастурхан жаяман, лекин, бир адам келмейди. Я жора-жолдас болып, я туўысқан-туўған. Әри күтемен, бери күтемен, кейнинде бирим-бирим қоңыраў етип шығаман. Ҳәммесинен алатуғыным бир жуўап: «Жаңа жылды ҳәр ким өз үйинде күтип алыў керек».

Шара жоқ, келмеген адамды сүйреп әкелемиз бе? Кейнинде бир ҳәптеге дейин жылытпа ишемиз. Аўысқан гүртик пенен баўырсақларды, қоңсы-қобаға үлестирип шығамыз. Баллардың аўзынан қулағына дейин қатып қалған шиколадларды ғышырлақ қағаз бенен тазалағандай, ҳаял зорға артып алады.

Бир-еки мәрте дастурхан зая болғаннан кейин «келеси жылы тым-тырыс отырамыз» деп шәрт айтамыз. Лекин, жаңа жылға үш күн қалғанда мен мал базарда я таўық базарда, ҳаял дийқан базарда жүрген боламыз. Ким биледи, «жылда бармай қала беремиз, уятты, кирип шығайық» деп биреў-ярымы келип қалса…

— Сен бүйтип бүлингенди қой, — деди бир күни жораларымның биреўи. — Туўылған күниңди өзгертип ал.

— Қалай өзгертемен?

— Паспорт столға барасаң, мениң туўылған күним 31-декабрь емес, 1-январь екен дейсең. Ўәссалам. Өзгертеди де береди.

— Болмайды, өйте алмаймыз, десе не қыламан?

— Өйдемейди. Туўылатуғын сен, паспортқа пул төлейтуғын сен, олардың неси кетипти! Жаңа жылдың дәслепки күни ҳәмме үйинде болады. Ҳаял-бала шағаларды қалдырмай ертип келеғоямыз.

Бул табылған ақыл болды. Паспорт столға бардым.

— Биринши январьда туўылғаныңды қалай дәллилейсең? — деди ол жерде отырған бир лейтенант.

— Өзим билемен.

— Қаяқтан билесең, сен жаңа туўылып атырған болсаң?

— Ата-анам айтып кетти.

— Өлини гүўа тутқан болмайды. Мен сизге питетуғын жағын айтайын, сениң туўылғаныңды көрген ямаса анық билетуғын үш адамнан тил хат алып кел, кейин өзгертип беремиз.

Бул қурақым кеўилге ғулғула түскеннен кейин турыс бар ма? Аўылға тарттым.

— Сениң қай күни туўылғаныңды бир билсе Ҳәмре кемпир биледи, — деди анамды жеңге дей беретуғын Қәдирбай деген адам.

— Бирақ, енди оған түсиндирип айта алсаң. Бийшара, тас гереӊ, бир жүз алтыға шығады.

— Қайсы альфавитте хат таныйды, латынша ма, арабша ма?

— Ҳәй, альфавиттиң басын аўыртып жүрген сен. Қолындағы ақ қағаз ба, шай қағаз ба, соны айырып таныса ақудай дейбер!

Ҳәмре кемпирге аяғымызды өгиз басқандай бақырып, ярым саатта шамалы уғындырған болдық.

— Сол күни түни менен қалың қар жаўды, — деди ол өзи де бақырып сөйлеп. — Қоянлар омақазан атып жүре алмай қалды. Баллар үш-төрт қоянды аяғынан услап әкелди.

— Сол күни декабрьдиң соңғы күни ме еди?

— Ә!?!

— Декабрь ме еди, январь ма?!

— Жаны болмай не қылады, атып алған жоқ, услап әкелди ғо!

Буннан ўәж питпеди. Кеттик. Шақаманға көшип кеткен Оңғарбай деген адам бар екен. Сол адам анам мени туўған жылы аўылда бригад болыпты.

Оңғарбай аға қулағының ишине жүн шығып кеткен, сақал-муртын айтпағанда қасына дейин ағарып болған кексе адам екен.

— Сен биринши январь емес, отыз биринши декабрь де емес, екеўиниң арасында туўылдың, — деди ол.

— Биринши январьда туўылды деп жазып береғойсаңыз ғо!

— Өйте алмайман, қарағым. Өтирик сөйлеўге тилим бармайды.

— Бригад болып ислеген болсаңыз, талай өтириклер кеткен шығар. Соның бири болады дә!

— Әй, енди, оның несин айтасаң! Ўақтында өтирик дегенди қудайдан тапқандай еттик ғо. Райкомнан қорқып өтирик сөйледик, директордан қорқып сөйледик… Енди гөримиздиң аўзы ашылып турғанда өтирик сөйлегенимиз болмас.

Оңғарбай аға биз жалынып қоймағаннан кейин Қуралпада туратуғын Сағындық деген бир тракторшыны силтеди. Ол көп сөйлемейтуғын, тоқетерин айтатуғын адам екен.

— Қашан туўылғаныңды билемен, — деди ол. — Сениң анаңның толғағы аўыр болып, алашаға жатқарып, төрт адам төрт мушынан услап шайқағанбыз. Бир ўақта шыр-р етип сен туўылдың, Мен дәрҳал кисемнен қалта саатымды алып қарасам, саат он екиден бир минут өткен екен.

— Күндизги ме, кешки ме?

— Түнги он еки дә!

— Демек, биринши январь ғо?

— Аўа, биринши январь.

— Сол күнлери 1-январь деп метрика алмаған екен дә!

— Ой иним-аў, ол жыллары метрика дегенди үш-төрт айдан кейин беретуғын еди. Анаң бийшараның гөне жылда толғатқаны есинде қалған дә! Болмаса ол гөне жылда толғатып, жаңа жылда туўды.

Ол биз усынған қағазға биринши январь саат он екиден бир минут өткенде, деп жазып берди. «Саатын жазбай-ақ ғой» десек тыңламады. Буған да шүкир, не болса да бир тил хат таяр.

Сағындық аға екинши адамның мәкан жайын силтеди. Ол усы өзимиздиң қалада, ийегимиздиң астында-ақ жүрген адам екен. Ўәкил болыпты ол, сол жыллары.

— Сен декабрьде туўылдың, — деди ол.

— Сағындық аға он екиден бир минут өткенде, январьда деп айтты ғо?..

— Айтабереди. Оның сааты жети-сегиз минут алда кететуғын еди. Демек, сен жаңа жылға бес-алты минут қалғанда дүньяға келдиң.

— Сонда да! 1-январь деп тил хат береғойың да, аға!

— Я-ақ, қосшым, бизлер темир тәртиптиң адамымыз. Сен еле де Сағындықтың тил хатын жыртып тасла. Сол бойынша өзгертип беретуғын болса, паспорт столыңның пыт-шытын шығараман.

Ҳәммесинен қол жуўып, сүйретилип үйге келдим.

— Сен жора басың ислемейди екен, — деди бир күни үйге келген еки жорам. — Саған неше тил хат керек?

— Үш тил хат.

— Болғаны ма?

— Болғаны.

Екеўи отырды да еки тилхат жазып берди. Үшинши тилхатты өзимиздиң ҳаялға жаздырдық. Бизиң ҳаял Ҳәмре кемпир болды, бир жорам Оңғарбай, бир жорам Сағындық болып жазды. Төменине мәкан жайларын жазып, әрре-тәрре етип қол қойды. «Ғарры адамлар» дурыслап қол қойып билмейди ғо.

Мүшкилим ап-аңсат питкенине қуўанып, ертеңине тил хатларды алып паспорт столға бардым.

— Болды, — деди баяғы лейтенант. — Енди буларды сол районлардың ишки ислер бөлимине жиберип, ҳақыйқатлығын анықлатамыз. Кейин паспортыңызды өзгертип беремиз.

Аяқ-қолымда диңке қалмады. «Қайтарып бер» десем, «сен органды алдап жүрсең бе?» деп жабыса кетсе… Соның арасынша телефон шыңғырлады.

— Ҳәзир жолдас майор! Ҳәзир, — деп жағаларын дүзеди де тез-тез жүрип шығып кетти.

Алла исиңди оңғарайын десе, аңсат екен. Қарасам, мен берген тил хатлар столдың үстинде турыпты. Ала сала мыжымырлап қалтама тықтым да, қарамды батырдым. Сөйтип, туўылған күним бурынғы қәлпинде қалды. Бүгин де дастурханды қайыстырып жайып отырман. Қәйдем, биреў-ярымы келип жүре ме?... Келмесе, жылдағыдай бир ҳәпте жылытпа ишемиз дә!

*21.12.2016-ж.*

## САДАҒАҢ КЕТЕЙИН, ЕВРОПА

Биз ҳәммемиз «Европа» деген кеселге шатылғанбыз — мен-әм, сен-әм, ол да! Әтирапымыздағылардың бәри! Набада Европадан шыққан носки сатып алсақ, оны аяғымызға кийиўге көзимиз қыймайды. Киймей турып бир-еки танысымызға көрсетип аламыз.

— Қара, Европадан шыққан!

— О-о! Қаяқтан алдың?

— Балам әкелди.

Ол носки бир ҳәптеден кейин тесилип қалады. Лекин, Европаға шаң жуқтырмаймыз.

— Өзи, аяғым жаман. Табаным бершимек болып қатып кеткен. Сол қатыўашланып, носки шыдатпайды.

Қоңсымыздың ҳеш жерге басы батпай жүрген бир баласы бар еди. Әўметти қараң, сол күнлердиң биринде Европаға кетипти.

— Мениң балам Европада ислеп атыр! — деп мардыйатуғын болды әкеси.

— О-о, қандай бахытлысаң-ә! Бәлким, өзиң де барып қыдырып қайтарсаң?

— Аўа дә! Балам өзи шақырып алады.

Сөйтсек, оның баласы Европаның қандай да бир түпкиринде, аты картада ийелеп турған орнына сыймайтуғын, еле мәмлекет атын көтереғоймаған кишкене бир үлкеде, кафеде ыдыс-табақ жуўады екен.

Европадан кетсин садаға!

Бир күни базарда әлле қандай бир свитердиң үстинде кегирдеклесип турған ерли-зайыпларды ушыратып қалдым. Ҳаялы «аламан» дейди, күйеўи «алмайсаң» дейди, ҳаялы «аламан» дейди…

— Буның несине қызып турсаң?! — дейди күйеўи дөгереклеп жыйналып қалған адамлардан қысынып. — Қара, көкирегиниң бәри жазыў.

— Болса бола берсин! Есесине — Европадан шыққан!

Соның арасынша жигиттиң бир танысы келе кетти.

— Сен мынаны оқып берши, шет тилин жақсы билесең ғо, — деди оған свитерди услатып.

Танысы свитердеги жазыўға тигилип турды да, қайтып берди.

— Испанша екен.

— Испаншаға түсинбейсең бе? — деди жигит үмитсизленип.

— Түсинемен.

— Түсинсең айтса, не деп жазылған?

Жигит күлди.

— Айтсам қапа боласаң дә?

Ол айтпасына қоймады.

— «Маған еркек керек» деп жазылған екен.

— Ал, енди-әм аласаң ба? — деди жигит ҳаялына қоразланып.

— Аламан! — деди ҳаял. — Бояп таслап кийемен! Сен Европадан шыққан кийимниң парқына бармайсаң!

Бул ҳаялдағы «Европа» кесели әбден өтлесип кеткен екен. Ары қарай кеттим.

Усындай аўҳалға дәриханада да дус келдим. Жасы елиўлерден өтип жүрген бир киси тумаўға қарсы дәри сорап турған екен.

— Мине, еки түрли порошок бар, — деди дәри сатыўшы. — Биреўи өзимизден шыққан, екиншиси Венгриядан.

— Демек, Европадан-ә! Соны бере-ғо.

— Лекин, өзимиздики өткирирек, — деди дәри сатыўшы. — Жүз грамм суўға бир порошок еритип ишсең, жигирма минуттан кейин тумаўдың қаяққа кеткенин билмейсең.

Бәрибир ол Европадан шыққан порошокты алды.

Үйде телевизордың пульти ақлықларда болады. Олар кишкентайында мультфильмнен басқаны қойдырмайтуғын еди, енди болса ержетти, қашан көрсең аўзынан жалын атқан айдарҳа, яки адамхорлар ҳаққында фильмди көрип отырады.

Келсем, экранда ярым жалаңаш қызлар менен шашларын желкесинен байлап алған жигитлер бир-бири менен сыйырдай жаласып, емески жақтылы сарайда ойнап жүр.

— Жоқет мына бәлелерди! — деп кейидим ақлықларыма.

— Ата, сен түсинбейсең, — деп күледи олар.

— Нени түсинбеймен?

— Европаша рок музыканы!

Я то-оба! Бул, Европаның дәстинен қутылатуғын күн бар ма екен? Жумыста Европа, көшеде Европа, үйде Европа! Европа! Европа!

...Түн ярымында бастырнығып ояндым. Түсимде Европада жүргенмишмен. Адамлар Эйпель минарасын узақтан тамашалап турса, мен оған пышықтай өрмелеп баратырман. Бир қарасам Лондондаман. «Титаник»ти суўдың астынан шығарып алыпты. Соған минейин деп турман. Бир ўақытта аэропортқа келип қалдым. Қулағыма таныс даўыс еситилди. Өзимиздиң тилде! Жүрегим шәўкилдеп кетти. Лекин, диктордың тарқатқан хабары төбемнен муздай суў қуйғандай етти: «Бүгиннен баслап Азия мәмлекетлерине Европадан самолёт ушыў тоқтатылады!» — деди ол. Шоршып кеттим. «Неге?! Неге тоқтатылады?! Мен аўылға қайтыўым керек! Мен елге қайтаман! Керек емес маған Европаң! Мени тыныш қой, Европа!!!»

Бастырнығып ояндым! Қара суў, қара тер болып атыр екенмен! Көп ўақытқа шекем қаяқта жатырғанымды есиме түсире алмадым. Әсте-ен басымды көтерип қарадым. Таныдым. Қудаға шүкир, үйде екенмен.

Бас ушымда болса еки шийше винoның босаған ыдысы жатыр.
— Болгариядан шыққан...

*31.12.2016-ж.*

## ЕНДИГИ ЖЫЛ ҚАНДАЙ ЖЫЛ?

Бир бөлмеде үш хызметкер отырамыз. Мен, бөлим баслық Қуўатбай ҳәм басқармадан жақында келген жетекши қәниге Өтемурат деген жасы үлкен адам. Жүдә зәрүрли жумысымыз болмаса үшеўмиз де түсликке үйге қайтпаймыз. Төменде қарызға аўқатлана беретуғын асхана бар. Дайы апамыздың үйине барғандай түсте де, сәл ашықсақ сәскеде де барып ишип-жеп қайта беремиз. Ай питемен дегенше қудайразақ...

Түсте аннан-мыннан гәп кетеди. Аллатала тил берип қойғаннан кейин оннан пайдаланыў керек. Сөйтип, жаңа жылға бес-алты күн қалғанда Қуўатбай жаңа жыл ҳаққында гәп қозғады.

— Ендиги жыл қандай жыл? — деди ол.

— Бир журналдың артында бардай еди, — дедим гибиртиклеп. — Кеште үйге барып қарап көрейин.

— Ендиги жылды айтып отырсыз ба? — деди Өтемурат аға гәпке араласып. — Таўық жылы ғо.

Есимизге түсире алмаған биз екеўмиз бас ийзеп муқулладық.

— Бул жыл қандай болады? — дедим мен Өтемурат ағаға қарап.

— Қуда қәлесе, молшылық жылы болады.

— Оны қалай билемиз?

— Ата-баба жылды ҳәр ҳайўанның аты менен белгилегенде, сол ҳайўанның қәсийетине қарап жылды бөлистирген. Мәселен, «жылқы жылы жылқыдай киснеп келеди» деген гәп бар. Яғный, суўық болады. Жылан жылы оннан да өткереди. Себеби, жыланның түси суўық ғой. Қой жылы қойдай жуўас болып келеди.

— Өтемурат аға, таўық жылының мәнисин…

— Ҳе-е, таўық жылының мәниси ме?… Бул жыл молшылық болады, несийбели болады. Оның себеби, таўық мийнеткеш ғо, тынбайды, аяғы менен пешелейди, тумсығы менен тереди. Демек, бул жылы еккен дийқаншылығың өрре-өрре турады. Қойлар жуп-жуптан қозылайды, көлге аў салсаң, жылымың майланады. Буннан артық қандай берекет болады?!

— Лекин, мен таўықты жаман көремен, — деди Қуўатбай мурнын жыйырып. — Оның жерден шоқымайтуғын нәрсеси жоқ. Ол тезек пе, басқа нәрсе ме…

— Олардың дәми етине де сиңетуғын шығар, — дедим мен тап ҳәзир биреў алдыма таўықтың гөшин қояйын деп атырғандай шоршынып.

— Әлбетте! Ҳаўада ушып жүрген қус болса бир гәп, мәселен, қырғаўыл…

— Ондай деп баҳалаўға болмайды, — деди Өтемурат. — Жеген нәрсесиниң бәри етине тарала бергенде қайда. Организмде баўыр деген нәрсе бар. Ол фильтр хызметин атқарады. Мейли, таўық тири организм дейик, үлкен қалаларда шығынды суўды да тазалап, қайта-дан ишиў ушын пайладанады ғо.

— Таўық жылы онша жыллы да болмайтуғын шығар? — деди Қуўатбай.

— Неге? — Өтемурат усының менен тап өзине гәп келетуғындай әжепленип қарады.

— Себеби, түйетаўық суўыққа төсин тутып жатқанды тәўир көреди. Суўықта семиреди.

— Түйетаўық пенен шайтан таўықты ғабырыстырма, мүшелде «түйетаўық жылы» деген жыл жоқ.

— Сонда келеси жыл шайтан таўық жылы ма? — дедим мен. — Неге онда «таўық» жылы дейди, «шайтан»ын қоспайды.

— Шайтан адамзатты бейиштен қуўдырған.

— Таўық не?

— Таўық бейиштен шыққан.

— Яға, Өтемурат аға, — деп мырсылдап күлди Қуўатбай. — Усы жеринде сәл асырып жибердиңиз. Балық бейиштен шыққан деп еситтик, қой бейиштен шыққан деп еситтик.

— Сол екеўинен кейин аспаннан таўық түскен. Соның ушын бизиң әкем бийшара таўықтың тумсығын алдырып таслап, геллесин қазанға салдыратуғын еди.

— Мийин не қылатуғын еди, мийин ашып жемей ме? — Қуўаттың келеке қылып айтқан гәпи Өтемурат ағаға аўырлаў тийди ме, үндемеди.

— Ҳә-әй, баллар-әй, — деди азырақтан кейин. — Таўық дегениң турған турысы жемис ғой, мәйегин жейсең, гөшин жейсең, пәрин көпшик қыласаң…

— Қағыным түссе қара таўық пенен қақтырасаң! — деди Қуўатбай күлип. Билсе, бул гәпи де тырнаў ушын айтылған еди, лекин, Өтемурат аға оны елестирмеди, қайта мақуллап кетти.

— Таўыққа буншелли жан ашытып қалдыңыз?! — деди Қуўатбай Өтемурат ағаға өзиниң сөзи өре басылмағаннан кейин.

— Әй, енди.. — деп тубалады Өтемурат аға.

— Айтың да, бир гәп бар ғо кеўлиңизде.

— Яғаў, ҳеш гәп жоқ.

— Тилиңиз алдап тур, — деди Қуўатбай күлип. — Лекин, жалған сөзиңизге көзиңиз уялып атыр.

— Дурыс, — деп мақулладым мен де. — Көзиңиздиң қарашығы жасырыныўға жер таппай атыр.

Өтемурат аға тәслим болған мәниде күлимсиреп, төмен қарады. Араға үнсизлик шөкти. Екеўмиз еки жақтан үңилип отырмыз.

— Айтың, аға.

— «Отыз еки тистен шыққан сөз, отыз еки руўға жайылып кетеди-аў».

— Гәп усы жерде қалады.

— Қәтержәм бола бериң аға, бизлердиң мына қулағымыздан тығылған шөп аўзымыздан яки мына қулағымыздан шықпайды. Сол рәуиятты билесиз бе?

— Бул ўақыяға онлаған жылдан асты, — деп әңгимесин баслады ол. — Декабрьдиң басларында ортаншы балама келин түсирип той бердим. Усындай, жылдың аяғы еди, той гезлери аўылда болмай қалған еки жийеним қутлы болсынға келди. Оларға мен жасы үлкенмен. Дайылы-жийен болғаны менен онша гәпимиз үйлесе бермейди. Бир заман болса да жазылысып отырсын деп еки инимди шақырдым. Тентек суўдан бир-екеўи босағаннан кейин бирин-бири басқылаўға қарады.

— Келеси жыл қандай жыл? — деди үлкен иним.

— Таўық жылы.

Ҳәммеси ўа-ҳа-ҳалап күлип жиберди. Жийенимиздиң биреўи таўық жылы туўылған еди.

— Таўық жылы туўылғанлардың мийи болмайды, — деди үлкен қарындасымнан туўылған жийеним.

— Неге мийи болмайды?! — деп шоршып түсти кишкентай жийен.

— Себеби, таўықтың басы бас бармақтан зәрре үлкен. Оның ишиндеги мий неғурлым болар дейсең.

— Еки грамм! — деди кишкентай иним.

— Туппа-туўры! Мен-әм бир жерде оқыдым.

— Соның ушын да таўыққа «төт» десең, еки метр жерге барғаннан кейин умытып, қайтып келе береди екен.

— Мине, тири мысал, — деди үлкен жийеним. — Буның менен кешеги бесинши күни келейик деп келистик. Азанда жолға шығайын деп қоңыраў етсем, «бөле, умытып кетиппен» деп қара-ап тур.

— Сол күни бир жумыслар шығып қалып…

— Қойса, онысыз да ғарқ емессең. Соның ушын да сени таўық мий деп қойыппан.

— Ҳақыйқатында да. Таўық жылы туўылғанлардың бәри таўық мий болады.

Булардың еки гәпиниң биринде «ҳәй, таўық мий», «ҳәй, таўық мий».

— Ендиги жылы туўылғанлардың бәри сениң туўысқанларың болады екен.

— Ҳе, неге?

— Себеби, бәри таўық мий болады дә!

Үшеўи бирин-бири мақуллайды, бийшара, кишкене жийенимизге «қайдан келдим» күн туўды. Қәрекеңниң басқысынан сақла, деген усы дә. Мен әри-бери тәрепин алған болып едим, қызып отырған адамлардың даўысы бәлент болған соң, мениң даўысымды басып кетти.

Отырыспа түн жарпында тарқады. «Таўық мий» десе де түби туўысқан, бир-бири менен сүйисип хошласты.

Азанда жумысқа енди шығайын деп турғаным, есиктиң алдына бир жеңил машина, бир жүк машина келип, маңлайын босағаға тиреп тоқтады.

— Ҳаў, таза қудағай ғо, — деди әйнектен қарап турған ҳаял.

Соның арасынша қудағай есикти жулқып ашып кирип келди.

— Ҳаў, қудағай, ертелетип киятырсаң ғо, — деп бизиң ҳаял көриспекши болып қушағын ашып киятыр еди, қолын қағып жиберди. Изинше шашқа асылды. Ҳаяллардың әдети ғо, жулысажақ болса шаштан баслайды.

Ҳаялдың орамалы кетти бир жаққа ушып. Шашынан услап төмен тартып жиберип еди, ҳаял ет-бетинен түсти. «Ҳаў, ҳаў» деп қолтығынан сүйеп түргелтсем, мурны алқарақан.

— Қудағай, бул не қылғаның?! — дедим.

— Әй, сөйлемесең-ә! — деп кейин босағаның аўзында турған төрт жигитке пәтленди. — Сизлер не қылып турсыз, қазықтай қақайып. Тийең ана затларды!

Не болды, не қойды, түсинсем ҳарам болсын! Қудағай есиктиң аўзында бүйирин таянып тур. Төрт жигит келинниң жайында не зат болса сыртқа тасый баслады. Ҳаялда тил жоқ, өзиниң мурны менен әўере. Сервант кетти, трюмо кетти, еки адам жататуғын диванды бурын өзим әперип қойып едим, ол да машинаға тийелди. Кейин компьютер, стол, гилем, көрпеше, көпшик... Қулласы, бир заманда жай жәп-жалаңаш болды да қалды. Келинниң қысқы-жазғы кийимлери де түйиншиги менен тийелди. Өзи мүйеште тур, бир қысым болып.

— Сен неғып турсаң сүмирейип! — деп бир ўақта қызына алып топылды. — Мин машинаға! Сен симилтир тиришелеў болғанда, мен бүйтип ийтаршы болып келмес едим!

Сөйтип, бир заманда таза түскен келиннен айрылдық та қалдық. Ашыўы басылған шығар деп бир ҳәптеден кейин үйине бардым. Қуда бийшара қудайдан тилеген мөмин адам, гәп қоса алмайды.

— Балаңа бөтен қатын таўып әперебер! — деди қудағай.

— Онша не болып қалды?

— Мениң қызым таўық жылы туўылған — «таўық мий». Уялмай, туқым-теберигиңиз бенен жыйналып айтатуғын гәпиңизди қараң!

— Ҳаў, қудағай, сениң қызың менен ҳеш кимниң иси болған жоқ, жийенлер бирин-бири…

— «Есиктеги пышыққа пыш десең, төрдеги пышыққа дик етеди». Түсинбейтуғын жарымес емес мениң қызым. Сизлерге беретуғын қызым жоқ. Анаў келген есигиң. Пилдиң мийи барынан аларсыз!

Қулласы, басыңызды аўыртып не қылайын, жети ай дегенде келиним зорға қолыма қуўысты. Дәскелер төркининде қалды. Соннан бери таўық ҳаққында жаман сөз айтпаўға серт айтқанман.

Өтемурат аға айтып болып суўық демин алды.

— Аға, оннан бери бир мүшел жыл өткен болса… — деп киятыр еди Қуўатбай, Өтемурат аға алақаны менен өзиниң аўзын қақпалады.

— Тамның да қулағы бар деген, иним, қудағайға сөз бергенмен, «таўық» деп айтыўға тилим келмей қалғай деп.

Әне, соның менен таўық ҳаққындағы гәпке ноқат қойылды. Әңгиме және басқа түс алып кетпеўи ушын өзимниң таўық жылы туўылғанымды сыр бүгип қалдым.

*17.12.2017-ж.*

## КҮТИЛМЕГЕН САЎҒА

Жаңа жылға бир айдай қалғанда мәкемемиздиң кәсиплик аўқам баслығы өзгерди. Мәдирейим аға деген, меннен бес-алты жас үлкен аға хызметкер сайланды.

Бир күни ол мени ойласыққа шақырды.

— Мениң биринши жумысым, хызметкерлерге жаңа жыл саўғасын бериўден басланажақ, — деди ол. — Өзиң билесең, адамлар жаңадан сайланған басшыдан қандай да бир жаңалық күтеди. Соған бир нәрсе ойлап көрсек?

— Өзиңиздиң ойлаған нәрсеңиз бар ма?

— Бар. Бирақ, оған сениң жәрдемиң керек.

— Мәйли, мен таярман.

— Мениң усынысым, ҳәр бир хызметкердиң саўғасына бир-бирден открытка салсақ, сыртында конверти болады. Открыткада бир шуўмақ қосық пенен қутлықлаў жазылса. Сениң азы-кем қосық жазатуғын өнериң бар. Соған жәрдем бере аласаң ба?

— Болады.

— Бәрекелла! Лекин, қутлықлаў ҳәзил тақлетинде болсын. Газетте де шығады ғо, жаңа жыл ҳәзиллери, сондай.

— Өкпелеп қалмас па екен?

— Яға-аў. Мәселен, беташарға өкпелеп атырған адам жоқ-ғо. Бирақ, баслыққа сыпайылап жаз. Ҳаял адам, өзи отырыңқырап қалып жақында турмысқа шықты. Оған хошамет қыл. Бухгалтердиң қыйқымлығын айт, шофёрдың тирсеклигин жаз, хаткер қыздың қуўыршақтай бояна беретуғынын… Қулласы, саған үйретиўдиң кәжети жоқ.

Сол күннен баслап ҳәзилге кирисип кеттим. Күннен бурын таярлап қоймасам, қосық деген дүкәнда турған зат емес, тақалып қалғанда йош келмей қалса… Себеп пенен хаткер қызды бир шымшып алатуғын рети келди, деп ойлап қойдым. Қашан көрсең трюмоның алдында. Үйинде жаққан бояўлары жуқалық ете ме, екинши-үшинши «сыбаўларын» урып атқаны. Оның үстине дусласып қалғандағы назлы карасларын айтпайсаң ба? «Кәпир көзи» «кел-кел» деп шақырып турады. Ҳаял — бала-шаған сол заматта есиңнен шығып кетеди. Ол қосықты тек мен жазатуғынымды биледи. Сөзиме мумдай ерип, ықласы кетеғойса… Ҳәр гүлдиң ийиси басқа деген.

Жаңа жылға үш күн қалғанда Мәдирейим аға екеўмиз қапыны илип алып, ҳәзиллер менен таныстық. Оған ҳәзиллердиң унағаны соншелли, орнынан турып, қолымнан қысты.

31-декабрь күни қысқа жумыс күни болды. Түстиң ўақтында баслығымыз Перуза Турсуновна ҳәммени кабинетине жыйнап, байрам менен қутлықлады. Соң кәсиплик аўқам баслығы Мәдирейим ағаға сөз берди.

— Биз быйылғы жаңа жыл байрамына өзгеше бир күтилмеген саўға, яғный сюрприз таярладық, — деди ол ҳәммени байрам менен қутлықлап болып. — Әлбетте, саўғадағы алма, апельсин, шоколадлар бир заманлық қуўаныш. Балалар таласып-тармасып жейди де, соның менен умытылады. Ал, биз таярлаған күтилмеген саўға жыллар бойы естелик болып қалады. Оны альбомларыңызға қыстырып қоясыз, Қудаға шүкир, шайырымыз өзимизден. — Ол

мени ҳүрмет пенен ҳәммеге көрсетип қойды. Мен орнымнан турып, кәсиплеслериме күле шырай менен иззет көрсеттим. Олар маған қайтымына миннетдаршылық билдирди.

— Ҳәр бир хызметкердиң сауғасына бир-бир открыткадан салғанбыз, — деди Мәдирейм аға. — Открыткада бир шуўмақ қосық бар. Ол сиз бенен бизиң ҳәр биримиздиң минез-қулқымызға, кәсибимизге арналып жазылған ҳәзил. Мен ойлайман, конвертти кеште шаңарағыңызда төрт көз тууел отырып ашқаныңыз мақул. Күтилмеген сауға, яғный, сюрприз сонда қызықлы болады.

Соң Мәдирейим аға биримлеп сауғаларды тапсыра баслады. Биринши болып баслығымыз Перуза Турсуновнаға усынды ҳәм баҳанада оның нәзик саусақларын қысып қойды. Ҳәзилди мен жазғаным ушын баслықтың өзи маған қолын усынып, миннетдаршылық билдирди.

Жаңа жыл байрамы — шаңарақлық байрам. Соның ушын ҳеш ким ҳеш жаққа алаңламай, тууры үйлерине қайтты. Биз таярлаған күтилмеген сауға кимге қалай тәсир еткенин билмеймен, әйтеуир ҳаялдың алдында бойым қарыс көтерилип қалды. «Рети келсе китап-питап шығараман ба?» деген гәпти-әм қосып қойдым үйде.

Жаңа жыл дем алыс күнлериниң алдына тууры келип, үш күн байрам болды. Ишим дүбирлеп баратыр. Адамлардың ҳәзилди қалай қабыл еткенин билгим келди. Билемен, дәслепки жумыс күни маған көрсетилетуғын ҳүрмет-иззетлерден өзимди қоярға жер таппай қаламан. Бәлким, буннан буяғына баслық та анау-мынау мәселеде тек мени ойласыққа шақыратуғын шығар.

Беглигим тутып, жумысқа сәл кешигиңкиреп келдим. Излесин дедим мени. Айтқанымдай-ақ, хаткер қыз жолыма қарап тур екен.

— Сизди баслық күтип отыр, тез кириң, — деди маған бурынғыдан да бетер күлимсиреп. Демек, қосығым жүректен урған. Қуданың өзи кеширсин. Бир мәрте ҳаялға қыянет қылсақ қылыппыз дә!

Сәлем берип күле шырай менен кирип бардым. Қарасам, баслықтың қабағынан қар жауып тур. Мәдирейим аға мойнын төмен салып алған. Маған нәзерин салып та қарамады. Аманат ғана барып, Мәдирейим ағаның қарсысына отырдым. Не де болса бир қолайсыз аўҳал жүз берген. Мәкемеге уры түсти ме, я складқа от тийди ме, ким биледи. Демек, буннан былай мен ойласықтың ишинде боламан-дә!

Мәселе мен ойлағандай болып шықпады. Баслық кешеги открытканы алдыма атып урды.

— Оқы! — деди соң буйырып.

Мен ҳайран болып жүзине тигилдим.

— Оқы деп атырман сизге!

Әсте конвертти аштым. Открыткадағы қосыққа көзим түскени сол, жүрегим тоқтап қалайын деди.

— …К…кеширерсиз…

— Оқы деп атырман, сизге!

— Оқыдым ғо.

— Даўысыңды шығарып оқы!

Мәдирейим ағаның еки көзи менде. Ол еле бул открыткада не жазылғанынан хабарсыз. Даўысым дирилдеп оқыўға киристим.

Еки жүзиң жаңа үзген алмадай,
Мениң ушын туўған сени қайнақай!
Бир сүйейин, қушып қыпша белиңнен,
Есикти ил, биреў келип қалмағай…

Мәдирейим ағаның албырағаны соншелли, қоллары қалтырап, бармақлары өзине бағынбай, столдың үстин тақырлатып жиберди.

— Кеширерсиз, бул ҳәзил сизге емес еди…

— Көрсеш, конверттиң сыртын. Перуза Турсуновнаға деп бажырайтып жазып қойыпсыз. Мәдирейим ағаның гәпи жерде қалмасын деп, ҳәмме дастурқанға жыйналған ўақта күйеўиме берермен бе…

— Мени урып өлтиретуғын адам жоқ… Мени урып өлтиретуғын адам жоқ, — деп Мәдирейим аға орнынан отырып тура берди.

Усы ўақытлары есик қағылды. Хатира апаның басы көринди. Жақында ол пенсияға шығып еди. Бирақ, саўғаны аларда болды.

— Хатира апа, кейинирек, — деди баслық.

— Яқ, қарағым, мына екеўи барда киремен, — деп ол туп-туўры кирип келди де, кешеги открытканы баслықтың алдына атып урды.

— Бул не қылған ермегиңиз?! — деди соң кийлигип. — Кетсем мен пенсияға кетиппен. Өлиўге кеткеним жоқ ғо.

Баслық открытканы мениң алдыма таслады.

— Оқы!

Жәмәәт деп сарпладың көп ўақтыңды,
Тәғдир мине, жолыңызды жақтырды,
Сүйген ярың жолыңызға интизар,
Буяғына Алла ашсын бахтыңды.

Ақырғы қатарын оқып болмай-ақ, Хатира апа еңиреп жиберди.

— Билемен, күйеўимниң жолыма интизар болып қарап атырғанын. Қудайым, кеширегинен бергейсең, ең болмаса мына кишкене баламды үйлендирип алайын деп ҳәр күни қудайдан тилеймен. Онысыз да жақыннан бери түсиме ене береди. Күни кеше және көрдим. «Болағойсаң-о, кемпир кетейик» деп еңсемде тур.

Мен үскиним қуйылып отырып қалдым. Баслық пенен Мәдирейим аға екеўлеп оны зорға жубатып, «алжасық болған» деп есиктен шығарып салды. Ырасын айтқанда, бул қосық баслыққа жазылған жақсы тилек еди. Ол барып еле күйеўиниң жылы болмаған Хатира апаға түсипти.

— Енди сизлер-әм көзимнен жоғалың! — деди Перуза Турсыновна.

Мәдирейим аға қаңбақтай епелеклеп, есикке барып қалды. Мен дурыслаңқырап кеширим сораў ушын орнымда тикейиўим менен қалдым.

— Неғып турсаң?! — деди бир ўақта қағаздан көзин алып. — Шық! Басқа мәкемелер шайырсыз-әм жасап атыр!

Есиктен аяғым сүйретилип зорға шықтым. Шықсам, хаткер қыз трюмоның алдында қәдимги әдетине бола қасларын гүзеп тур екен. Айнадан мени көрди де, изине бурылды.

— Қалай, шайыр аға, бизиң сюрприз унады ма?! — деди сыңқылдап күлип.

Сонда барып абайладым, саўғаларды бир күн бурын хаткер қыздың шкафына салып кеткен едик. Мениң күтилмеген саўғам оған жақпай қалып, баслықтики менен алмастырып қойған екен.

*18.12.2016-ж.*

## НӘЗИК МИЙМАН

Алыс районлардың биринде туратуғын жийенимиз улын үйлендирип той берди. Жақын адам сыпатында бир күн бурын барып қонатуғын ретим бар еди, лекин, ҳәзир қонып жатып қонақ болыў дәстүрден қалып баратыр. Жақсысы, азанда ерте барыўды кеўлиме түйип қойдым.

Адамлар азанғы шай дастурханын жыйнамай турып, жетип бардым. Барсам тойханада жийен ҳәм оның қасында фасом кийинген үш-төрт жигит тур екен.

— Дайы, саған қонақ жер бермеймен, — деди жийеним оң болсын айтып болғаннан кейин. — Мына, елдиң бас көтерген жигитлери менен бирге қонақларды күтип аласаң.

— Қонақларыңды мен танымасам…

— Сен танымасаң, олар таныйды.

Жийен ҳәмме ўақыт дайыға мәтибий болады. Биз бағындық. Тойханада саўлат төгип турғанлардың үшеўи де бурын усы районда белгили лаўазымларда ислеген адамлар екен.

Жийенимди шетке шығарып сорадым.

— Нәзик мийманың бар ма?

— Бар. Соның ушын мына жигитлер кетпей турыпты.

— Ким ол?

— Келген ўақта көресең. Несип болса бирге отырасаң. Лекин, маған сөйлегендей ҳәзил-пәзил қыла берме. Ҳәзилди жақтырмайды.

Арадан бир сааттан көбирек ўақыт өтти. Алыстағы ағайинлер келе баслады. Оларды күтип алыўға мениң менен жийеним шықты да, басқалар қозғалмады. Олардың күткен мийманы басқа. Я районның ҳәкими-дә, я қандай да бир министр болса керек.

— Киятыр, киятыр! — деген даўрық шықты бир ўақта.

Тойханадан ана-да-ай жерге бир қара лимузин келип тоқтады. Машина оғыры узын болғанлықтан оннан бери жақынлай алмайтуғын еди. Мийман күтиўшилер жуўырысып алдына шығып кетти. «Әй, дәў де болса нәзик мийман усы шығар» деп мен де излеринен жылыстым. Мен жетип бараман дегенше лимузинниң есиги ашылмады. Шофёр туў анаяқтан айланып келип есикти ашты. Дәслеп бир аяқ жерге қойылды. Соң самар табақтай төңкерилген қарын көринди. Кейин ғарбыздай домалақ бет… Қулласы, мийман әлле немирде түсип болды.

Биринши болып оның менен қарны сол мийманд икине жете қаба болған үш кисиниң биреўи барып көристи. Үш мәрте қушақласып, үш мәрте сүйисти. Соң екиншиси, үшиншиси… Той ийесине олардан кейин барып нәўбет жетти. «Елге дәстүр болса, кемпир арқама мин» деген, мен де қатардан қалмайын деп қушақласыўға таяр тур едим, мийман қолының ушын созды. Семизликтен бармақлары ийилмей қалған екен.

— Бул жигит ким? — деди тойға оң болсын айтып болғаннан кейин мийман мени көрсетип.

— Мениң дайым — жазыўшы.

— Районның жазыўшылары аз болды ма, ўа-ҳа-ҳа!!!

Мийман қарны селкилдеп күлди, оған ҳәмме хор болып қосылды.

— Қапа болма, өзи ҳәзилкеш адам, — деп жийеним билегимди қысып қойды. Соң қулағыма сыбырлады. — Ҳәзилди тек өзи айтады, басқаның ҳәзилин көтермейди.

— Баяғыда мен-әм қосық жазатуғын едим-ә? — деп мақуллатып қойды мийман қасындағыларға.

— Аўа, төртинши класс ўағында.

— Төртинши класс ўақтында бул ләңки тебиўге тепериш еди, — деп гәп қыстырып қалды күтип алыўшылардың биреўи.

— Сен мениң мийимди жеп қоймайтуғын едиң, — деп оның билегинен услап алды мийман. — Ләңки ойнағанша сабағыңды оқы, сабағыңды оқы деп. Сонда саған айтып едим, «сен милиса болыўың керек» деп.

— Болсақ болдық-ғо.

Мийман ҳәммени аўзына қаратып бир өзи сөйлеп тур. Қалғанлар аўзынан шыққан сөзди шыққанлай қақшып алып мақуллаў менен бәнт.

— Жақында Мәпириўзаны көрип қалдым, базарда, баяғы төртинши класста мениң менен бир партада отырған, — деди мийман қалтасынан темеки алып. Қасындағылар зажигалка тутты.

— Муғаллим, мынаў шымшып алды деп жылай беретуғын еди ол, бийшара.

— Ертерек жигит болғанбыз-дә! — Мийман сигарет қутысын қасындағыларға тутты. Олар «яқ, яқ, рахмет» деп кишипейиллик көрсетти. Ол сөзин жалғастырды.

— Базарда қатық-сүт сатып отыр. Қолына жүз доллар бердим. Қатық-сүтин сумкасы менен маған услатып атыр. Неғыламан оның кир-кир баклашкаларын.

— Баяғы төртинши класс ўақтымда… — деп және даўам етти ол.

Буннан кейин шамасы он-он бес мәртебе оның төртинши класста «есте қаларлық» ўақыялары айтылып, уллы ўа-ҳа-ҳаға ғарқ болды. Шамасы, оның өмиринде төртинши класстағыдай есте қаларлық ўақыялар аз болса керек.

— Ал, мен отырмайман, — деди бир ўақта нәзик мийман. — Нан аўыз тийемен де, кетемен!

— Я-яқ, — деп жийенимнен бетер қасындағылар жабырласты. — Жораңның сеннен үлкен қонағы жоқ. Саған арнап меңи жоқ ақ қошқар сойылған.

— Сизлер бирге отырасыз-ғо?

— Әлбетте, сизди күтип ҳеш жаққа кетпей турмыз.

— Мына жазыўшы да бола ма? — деп маған жыйрылыңқырап қарады.

— Яқ, ол өзимиздиң ағайинлер менен отырады, қонық жери басқа, — деди жийеним.

— Анық ашыўлансам мен-әм жазаман бул қурақым, ўа-ҳа-ҳа!!!

Миймады қонақ жерине жиберип болып, жийеним үлкен бир миннеттен қутылғандай «үҳ» деп қасыма келди.

— Қапа болма, дайы, — деп мениң кеўлимди алып. — Бай адамлар өзи жазыўшыны жақтырмайды. Бул адам районның ярымын сатып алыўға қурбы жетеди.

— Қаяқта ислейди?

— Ҳеш жерде ислемейди.

— Лекин, мениң бир ҳайран қалғаным, ылғый төртинши класс айтатуғыны, төртинши класстан арман өтпеди-ғо.

— Аржағына оқымаса не қылсын!

*16.11.2015-ж.*

## ҚУТЕКЕНИҢ ҚОСЫҒЫ

Оның ырас аты Қутлымурат па, Қутыбай ма, ҳеш ким билмейди. Ҳәмменің билетуғыны — ол Қутеке.

— Пәленшениң тойына Қутекени алдырыпты! Бир жандырып қосық айтты ма дейсең, ой-буў, дүньяға бир келген жигит-аў, өзи де!

— Кеше бизиң жасы үлкен туўылған күн берди. Кутекени алдырды! Аўыр жатарға дейин ҳәз берди-ғо! Сирә даўысы шаршамас.

— Сенде Қутекениң дискети бар ма?

— Бар, бирақ, бере алмайман. Қайтып бермей қаласаң!

Қулласы, еки адамның бириниң тилинде Қутеке! Тәрийиплегенде аўзының суўы қурыйды. Лекин, сол Қутеке я телевизорға шықпайды, я радиодан айтпайды, я концертлерде көринбейди. Оны тек той мерекелерден, отырыспалардан табасаң.

...Узақ районлардың биринен кешлетиңкиреп қайттым. Уйқы да қысайын деди.

— Аға, уйқы ашар дискет қойып берейин бе? — деди шофёр мениң есней баслағанымды сезип.

— Қандай дискет?

— Қутекениң таза қосықлары.

— Қой, қәне!

Өзим де оның ҳаўазын жақсы көргенликтен дәрҳал разы болдым.

Магнитофон жаңлап кетти. Пай-па-ай, заңғардың баласының ҳаўазы! Қоңыраўдай сыңғырлайды! Ырғағын айтпайсаң ба? Егер телевизордан шығып бир қосық айтағойғанда барма, абырайы буннан бетер аспанға шығар еди. Себеби, әпиўайы халық оны билмейди. Ол көбинесе аты тилге түскен адамлардың той-мерекелеринде, шақырықларында хызмет қылар еди. Қәлеген қосықшыдан мин излейтуғын мениң қытымыр минезим де бул рет оннан мүлтик таба алмады.

Дискеттиң бир жағы ярым саатта ма, оннан көбирек ўақытта ма айтып болынды. Сылт етпей отырып тыңладым.

— Қалай, аға? — деди шофёр мени риза еткенине кеўли толып.

— Зор! — дедим оған шын кеўлим менен. — Сенде ол баланың телефоны бар ма?

— Бар.

— Магнитофоныңды қайтарып тур.

Қутекениң номерин тердим.

— Алло, Қутеке?

— Ассалаўма алейкум, аға! — деди ол шырп етип.

— Мен баспаханадағы…

— Таныдым аға, сизиң даўысыңызды танымай бола ма?

— Рахмет, иним! Қоңыраў етип атырғаным — жолда киятырып бираз ўақыт сениң қосықларыңды тыңладым. Гәптиң шыны — ләззет алдым.

— Миннетдарман, аға! Хызмет болса таярман.

— Яқ, хызмет жоқ, иним. Айтайын дегеним, сизге бурын да айтқан шығарман. Аллатала бундай ҳаўазды сүйген бендесине береди, халыққа хызмет етсин деп береди, онда да!

— Дурыс, аға! Соның ушын да, халыққа хызмет етип жүрмиз, ақсақал!

— Оныңыз дурыс шығар, лекин, хызметти басқаша ислеўиң керек. Сиз телевизордан шығың, радиодан айтың. Талантыңызды тек той-мерекедегилер яки отырыспа дөгерегиндегилер емес, пүткил халық билсин.

— Дурыс, дурыс.

— Дурыс болса былай ет, бир күн радиоға, бир күн телевидениеге барып, қосықларыңды лентаға түсир. Баратуғын ўақтыңды айтсаң оларға мен-әм айтып қояйын.

— Айтыўыңыздан кемис жоқ, аға! Бир-еки отырыспаларда да ескертип едиңиз. Лекин ўақыт ғәниймет. Ўақыт таба алмайман. Мине ҳәзир саат түнги он еки ярым болды, еле хызметтемен!

— Иним, бундай хызметлер отырыспа тамам болыўдан умытылады. Егер қосықларыңды радиоға жаздырсаң, елиў жыл, бәлким жүз жыл даўысың сақланып қалыўы мүмкин. Сениң талантың халыққа керек. Келешек әўладқа керек.

— Дурыс ғой, аға! Сизди хүрмет қыламан. — Ол кимгедүр асығыс жуўап берди. — Ҳәзир, ҳәзир… Аға, ишке шақырып атыр екен. Бир арқайын сөйлесермиз.

Ол телефонды бирден жаўып жибериўге уялды ма, сәл иркилди. Лекин оның меннен қутылғанша асығып турғаны дем алыўынан белгили еди.

— Болады иним, барабер, — дедим оған. — Бирақ, соны есиңде тут, бүгинги бир-еки сом пул ушын әжайып талантың зая болмасын!

— Болады., аға! Мәсләҳәтиңиз ушын рахмет. Хызмет болса айтабериң! Той-мереке бола ма, қонақ шақырасыз ба?... Хызметтиң үлкен-кишиси жоқ. Сизге яқ демеймиз.

Мен жуўап қайтармай телефонды өширдим.

— Аға, дискеттиң екинши жағын қойып берейин бе? — деди шофёр мен телефонды жабыўдан.

— Екинши жағында не бар?

— Қутекениң қосықлары!

— Яқ! Керек емес! Қаттырақ айда!

*27.03.2016-ж.*

## ЯДЫМА ТҮСТИ

— Баслық шеп жағынан турған ба?! — деп бөлим баслық кабинетке тоңқылдаўы менен кирип келди.

— Ҳе, аманлық па? — деди орынбасары.

— Ҳаў… Азан менен өзи қатнасатуғын жыйналысқа мени жиберип… Дүньяның бақырысын еситип қара түтиним шығып киятырсам, хаткер қыз алдымнан шығып тур. «Келип-кетсин деп атыр»

— деди. Кирдим. Жыйналыстың жуўмағын сорайтуғын шығар десем, яқ, «дүньяға белгили бес алымның атын айтып бер» деди. Бес алым тилимниң ушында тур ма?! Иркилип қалдым.

— Ҳе, билмейсең бе? — деди шекшийип.

— Билемен-ғо, — дедим гибиртиклеп.

— Билсең, айт!

— Ибн Сина, Аль Хорезмий, Аль Ферғаний, Аль Беруний, Матрудий…

— Дүньяға белгили алымлардан айт деп атырман!

— Дүньяға белгили-ғо булар-әм.

— Булар шығыс илимпазлары… Яқшы, барабер, — деди қабағы ашылмай. — Адам деген дүньялық илимнен хабардар болып жүриў керек. Зиялы адамсаң!

Бөлим баслық тоңқылдап жүрип орнына отырып атыр еди, хаткер қыз келип орынбасарын шақырып кетти.

— Мен айтқан алымларды тәкирарлап жүрме! — деп изинен даўыслады бөлим баслық.

Орынбасардың барыўынан қайтыўы тез болды.

— Қалай, кеўлиндегини таптың ба? –деди бөлим баслық.

— Яға-аў! Ломоносов, Менделеев деп баслап киятыр едим, шық деп жиберди.

Гәп усы жерде кесилди. Шабарман маған келди. Барғанша қысқа ғана ойлап үлгердим. Демек, баслыққа ески грек ямаса немец алымларының аты керек.

Маған да сол саўал тәкирарланды.

— Аристотель, Платон, Герцень, Эйнштейн, Нобель…

Баслық ручкасын тықылдатты. Бул «қоя ғо» дегени.

— Ҳеш қайсысыңыз илимге қызықпайсыз-ә! — деди кейин өкпели пишинде. — Мейли, барабер. Маған екинши бөлимдеги Шыныбайды шақырып жибер.

Үндемей, мойным салбырап есикке бетледим.

— Аға, кеширерсиз, тағы бир алымның аты ядыма түсти, — дедим босағаға барып.

— Ким?

— Ньютон.

— Ким-ким? — Баслық столға өңменлеңкиреп алға умтылды. — Ким дедиң?

— Ньютон. Басына алма түсип тартылыс нызамын ашқан алым.

— Хош-хош, аты ким соның?

— Исаак! Исаак Ньютон!

— Атаңа рахмет! Мен ана гөрсаўатларға усы илимпаздың атын айттыра алмай қара тер болдым-ғо! Барабер, рахмет саған!

Бес алымның атын дурыс таба алмағаныма қатты қорқып қалған екенмен. Сыртқа шығыўдан босасып, қапыға сүйенип турып қалдым.

Баслық кимгедур ентигип қоңыраў етти.

— Ҳаял! Ядыма түсти. Тап ҳәзир еследим. Исақтың тойы екен ғо түни менен атын таба алмай атырғанымыз. Айттым-аў, қандай да бир илимпаздың атына уқсас деп… Кийинип таярланып отыр, ярым саатлардан бараман.

31.05.2016-ж.

## СЕН ШЫҒЫП ТУР

«Баланың кишкенеси болғанша, ийттиң күшиги бол» деген гәп бар бизиң халықта. Дурыс, генжетай болған жақсы, ҳәмме еркелигиң сыяды, жеймен дегеniңди жейсең, кийемен дегениңди кийесең. Лекин, бул артықмашлықтың екинши тәрепи де бар.

Үйге еки адам келе ме:

— Сен шығып тур, бизлер сөйлесип алайық.

— Айнанайын, далада ойна, бизлердиң гәпимиз бар.

— Шығып тур балам, әжапаң менен сөйлесип алайық, — деп сен есикти тарс еттирип жаппағанша әңгимелерин басламай турады.

Әжапам узақтан келген болса, айда-жылда бир көрсем, үлкен адамлар қусап мен де оны сағынған болсам… Яқ, ояғы менен ҳеш кимниң иси жоқ. Азан ба, кеш пе, бәрибир:

— Бар, далада ойна!

— Бар, шығып тур!

Ҳәмме сыйған үйге шүлликтей мен сыймайман. Қашан үлкен болар екенмен, қашан әңгимениң ўақтында шығарып жибермейтуғын боламан, деп тезирек үлкейиўдиң ҳәрекетине киристим. Тойып-тойып жедим. Турникке тартылып-тартылып өстим.

«Қартайсаң баладай боласаң» деген де гәп бар халықта. Адам өзинен-өзи қартаймайды. Қартаймай турып қартайтады. Үйдегилер қартайтады. Жасым алпысқа шамаласып еди, баяғы балалықтағы күн қайтадан басыма түсти.

— Шайыңды ишип болдың ба? — деди ҳаял азанда.

Жас қайтқан соң уйқы қашады. Ертерек турып шай ҳалқас қылып алатуғын әдетим.

— Аўа, болдым, — дедим.

— Болсаң шығып тур.

— Ҳе?

— Келин шай ишип алсын.

— Ҳаў, оған мениң не зыяным бар?

— Бир еркек адам бежирейип қарап отырса тамағынан өте ме нәрестениң!

Үндемей турып кеттим. Келин мениң алдымда ийбе сақлап шай ише алмаса, оған да рахмет. Саатыма қарайман. Жумысқа барыўыма еле бир саат бар. Оған дейин қаяқта қыслайман? Кишкене бөлмеде келинниң бөпеси уйқылап атыр. Екинши бөлме — китапхана. Мийман күтетуғын залды көбинесе илип қоямыз. Уйқылаған бөлмеге қайтып кирейин десем, көзим илинип кетиўи мүмкин. Шай ишип болып уйқылаған адам жети жиним.

Сыртқа шықтым.

— Ассалаўма әлейкум?

— Ўалейкум ассалам!

— Ҳә, жезде, азан менен далада жүрсең-ғо? Я әжапам қуўып жиберди ме?...

— Сәлем бердик, қайнаға?

— Көп жаса.

Қулласы, жумысқа кетемен дегенше он-он бес адам менен сәлемлесемен. Оларға таза ҳаўада шамаллап жүргенимди, доктор көбирек азанғы қуяш нурына тапланыўым кереклигин айтқанын түсиндирген боламан.

Жаздың мыс қайнаған ыссы күнлериниң бири еди. Автобус күтип төбемнен күн өтип кетпесин деп таксиде үйге келдим. Келсем гүмбирлеген музыканың даўысы қулағыңды жарады. Ҳаял босағада күтип алды.

— Бул не шаўқым?

— Әке болғаныңа?! Әнжимниң туўылған күни-ғо бүгин.

Әнжим быйыл лицейди питкерген кишкене қызым.

— Билемен-ғо. Азанда «өзиң бир нәрсе аларсаң» деп ақша берип кеттим.

— Берсең жақсы болыпты. Енди көшеден бир айланып қайт.

— Ҳе?

— Қызың айнаны қараңғылап, дослары менен танца ойнап атыр.

— Ҳаў, ол еле аўзынан сарысы кетпеген…

— Ол сениң бала ўақтында шығар. Ҳәзиргиниң баллары тез ержетеди.

— Ең болмаса бир кеса шай ишип алайын.

— Көшеден суў-пуў ишерсең, шығып тур. Сени көрсе уялып ойнай алмайды.

Кеттим. Бетимнен аққан тер мойныма қуйылады. Аңқам кеўип баратыр. Шөлим басылсын деп бир вокал газли суў ишип едим, ол да дәрҳал тер болып, арқамнан шықты. Көйлегим етиме жабысып қалды.

Қулласы, басыңды аўыртып не қылайын, түнниң бир мезгилинде үй босады.

Және бирде жумыстан шаршап келсем, үйге үлкен келинниң анасы қыдырып келген екен. Негедур қабағы салыңқы.

— Қудағай, үй-ишлер саў ма? — десем ернин сылп еткизди. «Саў» дегенин-әм билмеймен, «саў емес» дегенин-әм.

Диваннан көпшик алып, бир қапталға жамбаслайын деп атырғаным сол, ҳаял:

— Неғылайын деп атырсаң? — деди.

— Түсленейин деп.

— Түсликти бүгинше көше-пөшеде жерсең, шығып тур.

— Ҳе?

— Қудағай менен сөйлесип алатуғын гәпимиз бар.

Билсем, келин ҳаял менен гәп алысып қалып, соған анасын шақыртқан екен.

Бул мәселе де «парахатшылық пенен» шешилди. Буннан кейин таза келинниң үйбети бесик әкелетуғын болғанда, қызымыз Әнжим узатылғанда, қуда-шақырықтың сарпайлары ҳаққында ойласықта, қолымыздағы еки келин урысып қалып, жарастырыўға қудағайлар келгенде сыртқа шығып турдым. Буның менен «үйинде қәдири жоқ екен» деп ойламаң. Жаңағы айтылған мәселелердиң бәри қәрежет пенен питеди. Сол ўақта еле бизиң жаққа келип үлгермеген модадан баслап, дуз-шырпыға дейин табыў мәселесинде мен жуўапкермен.

Бир күни гезектеги мийнет дем алысымнан келсем, кеңседе ҳеш ким жоқ. Өзим үш-төрт күн тумаўратып, белгили күннен кешигиңкиреп киятыр едим. Ана қапыны тартаман — тас қамал, мына

қапыны тартаман — сылт етпейди. Ақыры, қапы қалдырмай тартып шығып, директордың кабинетине келдим. Ашсам, жыйналыс болып атыр екен.

— Сиз шығып турың, — деди баслық есиктен басымды суққаным сол. — Кейин кирерсең.

Кейин билсем, мен ислеп атырған бөлимди жаўып, өзимди пенсияға жибериў ҳаққында мәселе қаралып атыр екен.

*19.07.2016-ж.*

## БАРЫП-БАРЫП ИСЛЕЙТУҒЫН «МАГНИТОФОН»

Радио техникаға японнан өтетуғыны жоқ. Заңғардың баллары, көшеден тат басып жатқан темир таўып алса, я телевизор соғады, я магнитофон. Олар соққан магнитофонға таң қалмай илаж жоқ. Тез жүрер поездың айнасынан зыңғытсаң-әм, таўып алған адам биймәлел айттырып кете береди. Оған жазылған жазыў өзи менен бирге кетеди…

Шемби күни еди. Кеўлиме бир қыял келди де, институтта бирге оқыған достым Қутлымуратқа қоңыраў еттим.

— Үйге келип кет, — дедим оған. — Бир мәсләҳәтли гәп бар.

— Айтабер телефоннан.

— Яқ, аўызды аўызға тақап турып сөйлесетуғын гәп!

Келди.

— Ал, не гәп? — деди ол бир кеса шайдан соң.

— Гәп сол — кеўлиме түйип жүрген бир нийетлерим бар еди…

— Қандай?

— Маған ҳүрмети дүзиў бес-алты жасы үлкеним бар, соларға үйден шай бермекшимен. Саған ойласқандағы мақсет, сен олар менен көбирек отырысып жүрсең, қәйтип күтиў керек, қандай тағамды жақсы көреди, усы мәселеде…

— Сен әдеп маған кимлерди шақыратуғыныңды айт, — деди ол мениң гәпимди бөлип.

— Ким деп енди.. Мәденбай, Ғайбыл, Таңатар, Қармыс, Тилеўбай, соң Ғанийбай менен Өсербайды да қоссам деп отырман. Көрген жерде «иним, шаңарағыңды көрмедик-ғо» дей береди…

Қутлымурат мыйығынан күлди.

— Ҳе, неге күлесең?

— Усылардың басын қоса аламан деп отырсаң ба?

— Ҳе?

Ол «соны да билмейсең бе?» дегендей бетиме тигилип қарады.

— Мәденбай менен Ғайбыл геллесин кесип алсаң да бир дастурханда отырмайды.

— Неге?

— Солай!

— Түсиндирип айтса, неге отырмайды? Я бизиң дастурханда отырмай ма?

— Кимниң дастурханы болса соның дастурханы болсын, отырмайды. Сен бир, аспаннан түскендей болып сөйлейсең. Журт еситкен нәрсени сен еситпейсең бе?

— Еситсем ҳарам болсын!

— Ертеректе Мәденбай менен Ғайбыл бир орынға қатара усынылып, Ғайбыл өтип кеткен. Мәденбай болса «мен турғанда Ғайбылға қайда» — деп ҳаялына дастурхан жая бериўди тапсырып кеткен екен. Несийбе-дә! Ғайбыл өтип, Мәденбайдың қойы сойылыўы менен қала берген.

— Оған Ғайбылдың не айыбы бар?

— Ҳәй, қойшы, отырмайды деген соң болды-ғо!

— Ал, яқшы, қалғанлары бундай иллеттен аўлақ па?

— Ол ким менен отырыўына байланыслы. Мәселен, Таңатар Ғайбыл менен «кемпир сойыспаға туратуғын» дос, бирақ, Мәденбайды жақтырмайды.

— Жақтырмаса жақтырмасын, бир-еки сааттың ишинде не болар дейсең?!

— Не, дастурханның басында урыстырып отыражақсаң ба? Мәденбай бир нәрсе десе, Таңатар қырсығына жуўап береди. Я бир уят анекдот айтып, изин Мәденбайға әкелип шөгиреди.

— Мәйли, онда Мәденбайға айтпай-ақ қоярман. Ғайбыл, Таңатар, Қармыс, Ғанийбай…

— Ҳаў-ҳаў, тоқтап тур. Қармыс пенен Ғәнийбай мың тилла берсең-әм мерекелес болмайды.

— Оларға не бәле болып қалған?

— Қармыстың пәтия оқып, сәршемби күни әкелемен деп отырған қызын Ғәнийбай базарда қуўырдақ жеп отырған жеринде алдап машынға мингизип, алып қашып кеткен. Қыз Ғәнийбайды үш күнге

дейин қасына жолатпаған. Бәрибир енди ат кешкен соң… Билесеңғо, ояғын!

Дүзип қойған режелерим шилпәрше болды. Ғәнийбай Таңатарды да жаман көреди екен. Өсербай менен Тилеўбай бурын жан қоңсы болған. Өсербай КРУда ислейди екен. Бир күни Тилеўбайдың мәкемесин тексериўге келип, оның бес жыллық «гөне шөңге»син тапқан. Нәтийжеде Тилеўбай жайын сатып зорға қутылыпты.

Қутлымурат булардың бәрин қуйқылжытып айтып берди. Әдеп қызығып тыңладым да, кейин ашыўым келди.

— Сен мениң иззетимди қызғанып отырсаң, — дедим оған қабақ шытып. — Мен не, оларды көрмей жүрмен бе? Мерекеде бир-бири менен сүйисип көриседи, бир-бирин шетке тартып сөйлеседи..

— Ой-бу-ў, ояғының несин сорайсаң! Көргенде апақ-шапақ. Тап, биреўи Мағриптан, биреўи Машриқтан келип, бүгин ушырасып атырғандай. Лекин, ҳәр бириниң көкирегинде «япон магнитофонлары» бар. Қушақласып, сүйисип турғанда-ақ, сол «магнитофонлары» ислеп турады.

Қулласы, мен мийман күтиў нийетинен қайттым.

— Усылардың бәрин естен шығары-йып бир жазылысайық, — дедим Қутлымуратқа. — Булардың қылығын еситиўдиң өзи аўыр екен-ғо.

Сақыйлығым тутып кетип, ортаға еки «гүби шийше»ни дүрс еттирдим. Қутлымураттың көзи тас төбесине шығып кетти.

— Биреўин ишейик, жора, биреўин алып қой, — деди.

— Аўысқаны дастурханда қалсын.

— Әй, қайдан билейин… Усы нәрсениң аўысып дастурханда қалғанын көргеним жоқ.

Биринши қадақты жаңағылардың көкирегиндеги «япон магнитофонлары» ислемей қалыўы ушын иштик. Екинши қадақ бизлердиң көкирегимизде ондай «магнитофон» пайда болмаўы ушын алынды. Үшиншиси.. Қулласы, екинши гүби шийшениң ярымына дейин биримиздиң аўзымыздағыны биримиз алып жейтуғын дәрежеде татыў болдық. Гәпимиз екинши ярымынан кейин бузылды.

— Сен мени сынаў ушын шақырдың, — деди Қутлымурат көзи қызарып.

— Сен мениң иззетимди қызғандың! — дедим мен.

— Сениң көкирегиң қараңғы! — деди ол. — Болмаса баяғыда бир рет..

— Өзиң не, өзиң! Еле есимнен кеткен жоқ, сол сапар…

— Ҳәрўақ үйге барғаныңда бизиң қатынды жутып қояйын деп тигилесең, — деди ол жинкөзленип.

Қулласы, азанда оянсам, көз әйнегим сыныпты, көйлегим жыртылыпты. Анадай жерде турған ләгенде шашырап жайылған қан бар…

— Анаў не? — дедим ҳаялға ҳүрейим ушып.

— Ҳе, билмейсең бе, не қылғаныңды? — деди ол. «Отыз еки тисиңди тамағыңа жиберемен» — деп жораңның үш тисин сындырдың ғо.

Дым үндегеним жоқ. Үндейтуғын бет қайда?! Тек аңлағаным сол болды — сақланамыз деп жүрсек, бизлердиң көкиреклеримизде де «япон магнитофонлары» пайда болыпты. Бирақ, бизлердики барып-барып ислейтуғын магнитофон екен.

10.02.2016-ж.

## МЕН АШҚАН ЖАҢАЛЫҚ

Районда ҳәким өзгерди. Таза ҳәким келди. Бурыннан киятырған әдетке бола бир айға бармай гүмпилдеген гәп шықты. Тойда да сол гәп, лазымда да. Еки адамның басы қосылған жерде таза ҳәкимниң жумыс тәртиби.

— Жигитлер, не де болса қыйын болды. Ҳәким жүдә қатал ҳәм менмен қусайды.

— Қаталлығы жақсы-ғо, бирақ, жаңағы менменлиги шатақ екен.

— Шатақ болғанда сорама! Адам қабылламайды дейди.

— Қабылламағаны ҳеш гәп. Арзаңды да оқымайтуғын қусайды.

— Қапылта бермең, сонда ол не ислейди?

— Я-ақ, сизлер ғабырыстырып отырсыз, арзаңды оқымайды емес, оқыйды. Лекин, не ҳаққында екени қыялына кирип шықпастан, шекесине қол қойып жибере беретуғын қусайды.

— Ең жаманы — ҳәким не ислесе, төмендегилер де соны тәкирарлап отыра береди дейди.

Бул гәплерди еситe-есите қулағым «жаўыр» болайын деди. Ақыры, бул гәплердиң анығына жетиўди мақул көрдим. Ойланып-ойланып, ҳәкимге хат жаздым.

«Ҳүрметли, ҳәким!

Өзиңиз жақсы билесиз, ҳәзирги ўақытта халық хожалығының ҳәмме тараўы дерлик толық механизацияласқан. Көпшилик жағ-

дайларда жумыс компьютер менен басқарылады. Лекин, аўыл хожалық тараўы бул мәселеде бираз кешеўиллеп атыр. Сонлықтан оны механизацияластырыўдың жаңа әдисин қолланыў бойынша бир жаңалық ойлап таптым. Бул жаңалық турмысқа асағойса, қол мийнети бес мәрте қысқарады, жанар май үш есе аз сарпланады. Нәтийжеде дәрамат бес есеге көбейеди.

Жаңа усылдың техникалық ҳәм экономикалық көрсеткиши анализленген еки беттен ибарат қосымша бирге усыныс етиледи».

Хатты алып ҳәкимге бардым.

— Ҳәй, ҳәй, қаяққа?! — деди бир ҳаўлыққан даўыс ҳәкимниң қапысына енди қол узата бергенимде.

— Ҳәкимге!

— Ҳәким бүгин қабылламайды, буяққа жүр!

— Яқ, кирмесем болмайды.

— Буяққа жүриң деймен! Ҳәкимниң кабинети сизге кәрўан сарай емес!

Ҳәкимниң жәрдемшиси мени жардан қулап кетейин деп турған адамды шаққанлық пенен қутқарып қалған адамдай, әнтек-тәнтегимди шығарып кабинетине алып келди.

— Не даў менен киятырсыз?

— Даў емес, техника бойынша жаңалық усыныс етпекшимен.

— Усынысыңызды қағазға түсириң.

— Түсирип қойыппан, минекей.

Ол мениң қолымдағы хатымды алды да, көп қағазлардың арасына қосып қойды.

— Ҳаў, Ҳәкимге алып кирмейсиз бе?

— Почта күнине бир мәрте киритиледи. Кеште.

— Онда қашан хабар алайын?

— Ертеңниң арғы күни... Яқ, келеси ҳәпте хабар ал, еки күн ишинде хатыңызды көрип үлгермеўи мүмкин.

Адамлар қуры айта береди екен-аў. Еки күн ишинде мениң хатымды көрип үлгермесе, демек ҳәмме хатты да асықпай, дыққат пенен оқыйды екен-дә.

Келеси ҳәпте туўры жәрдемшиге бардым.

— Хатыңыз кеше шықты, — деди жәрдемши.

— Не деди?

— «Тийисли тәртипте үйренип шығып, усыныс бериң» деп биринши орынбасарға жиберди.

— Биринши орынбасардың кабинети қаякта?

— Оған асықпаң. Хатыңыз еле дизимнен өтеди. Соң кешки почта менен киритиледи. Онын-әм, сениң хатыңды оқыўдан басқа жумысы жоқ па? Жақсысы, он күннен кейин кир, анық жуўап аласыз.

Он күннен кейин бардым.

— Хатыңыз кеше шықты, — деди биринши орынбасардың жәрдемшиси.

— Не деди?

— «Тийисли тәртипте үйренип шығып, усыныс бериң» деп аўыл хожалығы бойынша орынбасарға жиберди.

Бул орынбасар районға тийисли төгинди алып қайтыў ушын Наўайыға кеткен екен. Еки ҳәптеде айланды. Келгеннен жағасынан алған болмайын деп және бир үш күнди араға салып бардым.

Қатардағы орынбасарда жәрдемши болмайды екен. Өзи қабыл етти.

— Хатыңызды кеше «тийисли тәртипте үйренип шығып, усыныс бериң» деп техникалық қадағалаў бөлимине жибердим, — деди ол.

— Ақыры, ол бурын үйренилип…

Ол мениң сөзимди ақырына дейин айттырмады. Техникалық бөлимниң кабинетин силтеди.

Кабинеттиң аўзына шаппаттай қағаз қыстырылған екен. «Бөлим ғаўаша тәрбиясында».

Соның менен ҳәммесине қолды бир сермеп, үйге қайттым. Арадан еки айдан аслам ўақыт өтти. Хатты да, жуўапты да умыттым. Бир күни кеште аўылымыздың фермери Маңғытбай келди. Қолында мениң хатым. Шекесинде ыбыр-жыбыр жазыўлар: «Тийисли тәртипте үйренип шығып, усыныс бериң». Ең соңында Маңғытбайға да сондай тапсырма берилипти.

— Буны неғыламан? — деди ол ҳайран болып.

— Неғылатуғын едиң, усыныс бересең.

— Не деп усыныс беремен.

— Болмаса былай ет, хаттың шекесине «Тийисли тәртипте үйренип шығып, усыныс бериң» деп мениң атыма жаз.

Маңғытбай қатыны ул туўғандай қуўанып кетти. Сол жердиң өзинде ирсек-тирсек етип жазды да, қолыма услатты. Соның менен «қуда да тыныш, қудағай да тыныш».

«Халық айтса қалпы айтпайды» деген ырас екен. Хатты итибарсыз оқығаны ушын қатты қуўандым. Себеби мен ашқан жаңалық буннан жигирма жыл бурын-ақ өндиристе бар еди.

*03.05.2016-ж.*

## «ӨМИРБЕК»ТИҢ ТАНЫСЛАРЫ

Жолдасларымнан кешигип қалып, райондағы бир қыймас достымның тойына бир өзим бардым.

— Пай жора, сәл кешиктиң дә! — деди достым қолымнан қысып. — Сениң жигитлериңе ҳәзир ғана екинши аўқатын тартыпты.

— Зыяны жоқ. Бир тарелка аўқат болса қарным тояды.

— Яқ, ондай қылма. — Ол хызметте жуўырып жүрген жеңил аяқ бир жигитти шақырды. — Сен мына ағаңды Өтәмбеттиң үйине апар. Сөйт те Өтәмбетке айт, кастрюлин алып келсин, палаў таяр болды.

Өтәмбеттиң үйинде мен қатары, меннен бираз жасы үлкенирек онлаған адам отыр екен. Көк шайға тойған, оның үстине тентек суўдан да бираз кеткен қусайды. Әңгиме дүкан қызып атыр екен. Мениң берген сәлемиме салқын жуўап бериcти де, әңгимелерин келген жеринен даўам етти. Жайдың бир жапсарында үлкен экранлы телевизор. Онда «Өмирбек ҳәм тазша» спектакли болып атыр. Отырғанлардың әңгиме дүканы да экранда көринген «Өмирбек» ҳаққында кетип атыр екен.

Кимдур гәпти кесе белден қойып қалды.

— Мен, ана ыштанының дизеси өрим-өрим болып жүрген аўмақай жигитке қайыл қаламан дә! — деди, ҳәз етип күлип. — Өмирбектиң алдағанын түсинбей қорадағы ақ қошқарын сойып әкелиўин қарасеш оның!

Бул байғус қәдирсизлеў адам қусайды. Гәпине ҳеш ким күлмеди, мақулламады да.

— Сен әңгимениң белине теппей турса, — деди төрге таман отырған буғағы салынған бир киси. — Сол Өмирбек мениң туўысқан бөлем болады. Оның анасының аты Орынгүл. Мениң анамның аты Сарыгүл. Сарыгүлден кишкентайының аты Қәнигүл. Қәнигүлден кишкентайы Жәнигүл, Жәнигүл бирақ жаслай қайтыс болған.

— Өмирбектиң әкеси Қосымбет мениң әкемниң жан жорасы еди, — деп гәпке қосылды жаңағы Өмирбектиң бөлесинен еки тис төмен отырған биреў. — Өле-өлгенше бизиң әкем менен қатнасып кетти. Бир қыдырып келсе үш күнге дейин мийман болатуғын еди.

— Бийзар-әм болған екенсиз-дә! — деди, есик беттеги қонақлардың бири.

— Яғаў, қайта қосық еситип, ҳәз етип қалатуғын едик. «Қосымбет келди» десе аўылдың адамлары жыйналып қалады. Қара үйге

сыймай кетеди. Кейин үйдиң арқасын ашып, жабықты түрип қойып еситетуғын еди. Қысса жолына оннан өтетуғын адам қарақалпақта жоқ. Мениң еситиўимше Қәўендер бала усы Қосымбеттен пәтия алған дейди.

— Келиспеген гәпти айтпа, — деп, оны Өмирбектиң бөлеси қайтарып таслады. — Қәўендер баланың сүйеги сипсе болғаны қашшан! Қосымбеттиң өлгени кеше-ғо. Өз қолым менен қойдым. Молла «гөрге түсиўге қорқаман» деп маған жабысып алды. Қойдым мен, не бопты! Ертең ҳәммемиз де түсемиз-ғо.

— Өмирбектиң өзинде бақсышылық та бар ма деймен.

— Ҳа-аў! Әкеси қонып жатып қысса оқып жүрген болса, ол бақсы болмай ким болады.

Негизинде ондағы ҳаўаз әкесинен емес, анасынан өткен дейди, — деп, палаў тартылған ўақытлары гәпке таза «информатор» араласты. Ол Айымбет дегенниң алты улдан кейин туўылған үлкен қызы екен.

Сен-әм таныйсаң ба? — деди Өмирбектиң бөлеси.

— Мен сол Айымбеттиң иниси Байымбеттиң қызынан туўылған баланың қызының қәйинбийкеси-ниң жийенимен-ғо. Оның үстине Өмирбек пенен қатнасып отырман. Жақында келин менен қыдырып келип бир түйетаўығымды жеп кетти. Қытайдан кеше келдик, — деди сонда. Усы пьесаны уйғырларға апарып көрсетип қайтыпты.

Енди буған не дерсең?! Бул пьесаның қойылғанына отыз жылға шамаласқан болса. Ҳәзир сол «Өмирбеги» бир жүз жигирма килоға тас сындыратуғын елиўден өткен киси болса, оның үстине қазы болып ойнаған Мақсет пенен Таўасар байдың ҳаялы Маржан қайтыс болып кеткен болса… Қәйтсе де ҳәзир олардың гәпин бөлиў лаўлап турған отқа суў қуйған менен барабар еди. Не де болса түўесилип, жанып болсын, қоламтаға айланған ўақта араласарман деп жым отырдым.

— Заңғардың баласы, өзине де қудай берген-аў, бир өзи бес адамның орнына даўыс шығарады.

— Ҳаял болып айтынып жылаўын айтпайсаң ба?

— Мениң еситиўимше әкесиниң өзи қатын даўыслы еркек болған дейди.

— Яғаў. — Гәпке бағанағы жорасының баласы араласты. — Мен жақсы билемен-ғо. Қосымбет «Ҳә, ярсане-ә-әй!» деп өрнекте турып қайтарғанда, даўысы «Қәлли жағыс»қа баратуғын еди. — Мениң еситиўимше Қосымбеттиң әкеси Есимбет, Есимбеттиң әкеси

Дүрсимбет деген адам болған. «Дүрсилдек қайнаға» дейди екен келинлери.

— Ана жигиттиң айтқаны туўры.

Өмирбекке ҳаўаз анасынан өткен, — деди «бөлеси».

Өйдегеним, оның ана тәрепи тұқымы менен хош ҳаўаз еди. Ҳәтте, мениң анам «Ҳийгалай»ды айтқан ўақта Нөкистиң артистлери еңбеклеп келип қолынан сүйетуғын еди.

«Нөкис» деген гәп тилге алынған ўақта төрдеги жасы үлкенниң көзи мени шалып кетти.

— Сен иним қаяқтан келдиң? — деди.

— Нөкистен, — дедим.

— Онда сен булардан гөре жақсырақ билесең-ғо, Өмирбекти. Мына отырғанлар ҳәр қайсысы ҳәр жақтан жыйналған, оның үстине тентек суў аўзына тийген соң не сөйлегенин билмейди. Сөйтип, иним, Өмирбек қаяқта бул күнде?

Күни менен айтып отырғанлары ырас болса, бул жерде «Өмирбек»тиң бөлеси де, жийени де, дайысының баласы да, жорасының иниси де баршылық еди. Не де болса булардың қаншелли ағайиншилиги бар екенин билгим келди.

— Өмирбек әп-әнендей жумысына барып-келип жүрип еди, — деп, иркилип қалдым.

— Ҳе, не болды?

— Кеше усланып қалыпты.

— Неге?

— Көп жылдан бери наркотик затлар сатыў менен шуғылланады екен. Үйин тинткен екен, бес кило тирйек шығыпты. Милийсалар «бул болғаны емес, барлық ағайин-туўғанларын, жора-жолдасларын, тамыр-таныcларын қалдырмай тинтиў жасаў керек» депти. Сөйтип кеше түн жарпында бизиң үйди де тинтип кетти. «Мәйли, сиз таза екенсиз, бирақ, Өмирбектиң дайысы бар ма, жийени бар ма, бөлеси бар ма, билгениңди бизге жазып бер» деп кетти» — дедим.

Отырғанлар сам-саз болып қалды. Мен қойнымнан блокнот пенен ручка шығардым.

— Яшуллы, сиз туўған бөлесимен деп пе едиңиз? — дедим бағанағы йошып отырған кисиге.

— Қойсаң-ә қосшым! — деп ол шоршып түсти. — Көпшилик жыйналған жерде не айтылмайды?!

— Сизиң әкеңиз Қосымбеттиң жан-жорасы болған-ғо.

— Билмеймен! — «Бөлеси»нен еки тис төмен отырған киси силкиниў менен орнынан турды. — Шернияз аға, аўмийин етиң, бул той емес, кейни тергеўге айланажақ!

Әңгимениң бағытын маған бурған жасы үлкенниң аты Шернияз екен. Оның да рәңки-рөйинде қан қалмапты. «Айыпкерлигине» қысынып, келте-қайырым аўмийин етиў менен болды. Ҳәмме топарласып орнынан турды ғаўырлыны еситип үй ийеси жуўырып келди.

— Ҳаў, қонақлар, қаяққа? Екинши аўқаттың гүртигин жайып атыр-ғо.

— Өзлериң жейбериң. Қаяқтағы бир «сум хабар»ды үстимизге киргизип!

Қолымдағы телефонды фотоаппараттай етип кеселеп услап, олардың алдына шықтым. Байғуслардың кейпи ушып кеткени сонша, кими қалпағын, кими тақыясын, кими шапкасын бетине көлегейлеп, бөлмеден шығыў менен болды.

Сөйтип, екинши аўқат үй ийеси менен екеўмизге қалды. — Жермиз-дә! Болмаса, Өмирбектиң және бир «дайылары» менен «бөлелери» келмес пе екен?!

## ИЙТ САТАМАН

Өзлериң билесиз, бизиң қалада базардың түр-түри бар. Дийқан базары, кийим базары, мал базары, гөне кийим базары... Лекин, ийт базары жоқ екен.

Көзин ашар-ашпастан сүт берип сақлаған бир гүржи ийтим бар еди. Соны сатыўға мәжбүр болып қалдым. Ҳәр ким — ҳәр кимге айтсам:

— Қандай ийт? — деп сорайды.

— Гүржи.

— Ўәй, қойшы... Оны бир орыс кемпир таўып сатпасаң, ким алады. Гүржиден адам айбынбаса я мал үркпесе!

Тәўекел базарға шығарыўды нийет еттим. Бир мүйешинен басын шығарып, киширек жол сумкасына салып алдым. Биринши тоқтаған жерим мал базары болды. Қарасам, бизиң гүржи бул жерде улыўма нәзерге түсиўи мүмкин емес. Гәўмис сыйырлардың тобығынан келмейтуғын гүржини ким елестиреди?

Оның үстине алдыңғы аяғы менен жер қазып не бир таналар тур. Шақы менен бир илдирсе ақтеректиң уша басынан айланары сөзсиз.

Қой-ешки базарына бардым. Жерге отырып, азмаз арқа-мойнын жазсын деп сумканың аўзын ашқаным сол, ийт атылып шығып қойлардың арасына урып кетти. Болды топалаң.

Қой-ешки базардың шаңы аспанға шықты.

Бир заманда ким ешкисин таба алмай жүрген, ким қошқарын. Мен жән-жаққа алаңлап ийтимди излеймен. Сирә көзге түспейди. Қай жерде қойлар қаттырақ аспанға секирип атса сол жерге жетип бараман. Мен бараман дегенше қойлар және бир жерде секириседи.

Оның үстине, базарда бизиң гүржи себепли көтерилген шаўқым да жаныма егеўдей батып, тула бденимнен муздай тер шықпаға қарады.

— Бизиң ешкини бер!

— Қаяқта сениң ешкиң? Өзимдики!

— Бас жибин танып турман, аға! Берман бер.

— Ҳе, дүньяда усындай жип қурып қалды деп пе едиң?

— Әй, мына қошқар кимдики? Тартсаң-ә қошқарыңды! Мен бүйерге қой қашырыў ушын келгеним жоқ.

Биреўлер нениң не екенин түсинбей ҳайран. Мениңше олар қарыйдарлар болса керек.

— Неўе? Не болды өзи?

— Не топалаң?

— Үй, биреў базарға ийти менен келген қусайды?

— Қандай осамас өзи? Маңлайын жарыў керек екен!

— Көзиме көринсе ийттиң күнин басына салар едим оның!

Усыны еситип турып қалай ийтимди излеймен. Лекин, таўып әкетпесем болмайды. Қойлар топар-топары менен үркип гә дәрўазаға, гә қорғаншаның дус келген жерине урынып атыр.

Есабын таптым. Мен де ешкисин жойтқан болдым.

— Жағал ешки көрмедиңиз бе?

— Қулағында курттай тилиги бар жағал ешки?

Бул белгилер бизиң гүржи ийттиң белгилери еди. Тилимде — жағал ешки, кеўлимде гүржи ийт, себилим шығып излеп жүрмен. Бир ўақытлары қолыма түсти-аў. Урман-пурман сумкаға тықтым да, базардан шығыў менен болдым. Қудай жарылқап таяқ жемедим, сыртымнан айтқаны болмаса тикке бетиме келип ҳеш ким сөкпеди.

Ийнимди қысып таўық базарына бардым. Түйе таўық пенен шайтан таўықтың ортасына отырып алдым. Гүржи сумкадан шыққысы келип ҳәр бир талпынады. «Аўзы күйген қатықты үплеп ишеди» дейди-ғо. Өлтир шығараман ба? Ҳәр итималға гөре керек

болар деп, үйде компьютерге «Ийт сатаман» деп, ири ҳәриплер менен жаздырып алып шыққан едим. Ўақты-ўақты соны көрсетип қояман. Бир адам итибар берсе сирә! Аз емес, көп емес, еки саат шамасы отырдым. «Қайтқан малда қайыр бар, қайтағояйық, дедим гүржиге. Несийбең болса ендиги базар көрермиз».

Соның арасынша жасы мен қатары, азада кийинген бир зыялы киси таблонды көрип қалды.

— Ийтиң қәне? — деди маған.

Мен ийегим менен сумканы нусқадым.

— Шығар, көрейик.

Таўықлар үркип кетеме деп, қорқа-қорқа сумкадан алдым. Лекин, үйде таўықлар ийт пенен араласып жүреди-ғо. Үйренискен. Үркпеди.

— Қанша айтасаң? — деди болажақ қарыйдар.

— Қайдем? Бурыннан-соңғы ийт сатып көрмесем...

— Сонда да базарға әкелген соң нийетлеген шамаң бар шығар... Үйде бир еркетай ақлығым бар — гүржи ийт десе өзин тамнан таслайды. Болмаса буныңа бир қоян аўлатайын деп атырман ба?

— Ертеректе Одессада ийт базарына барып қалған едим. Сонда бир, аўзы үлкен, қуйрығы шонтық ийтке үш мың доллар айтып отырғанын көрип едим.

— Әй, жора, доллардың басын аўыртып не қыласаң. Мына гүржиң тәрезиге тартқанда еки кило я шығады, я шықпайды. Оннанша болатуғын жерин айт?

Қулласы, ол алатуғын болды, биз сататуғын болдық.

— Енди-и, базардың өзиниң қағыйдасы бар, — дедим қарыйдарға. — Мал сатқанда айыбын айтпасаң, саўда ҳарам болады.

— Аўа, аўа, — деп мақуллады ол. — Қандай айыбы бар бул байғустың?

— Ийтим судланған!

— Не!? — Қарыйдардың аўзы ашылып қалды.

— Қорықпай-ақ, қойың. Аса қәўипли жынаят ислемегени ушын кеширим берилген.

Ол мени шығанағымнан тартып, беррегирек шығарды.

— Түсиндириңкиреп айт, не өзи — «судланған», «кеширим берилген»?..

— Бунның тарийхы былай: Ырасын айтсам, сатқым да келип турған жоқ. Өзим кишкене бир көшениң турғыныман. Көшемизде он бир хожалық бар, болғаны. Бизиң бул гүржи сол он бир хожалық-

тың бәрин қорыйды. Көшениң ана басынан көринген адамды мына басына дейин шығарып салады. Оның үргенин есапқа алып атыр ма, атырған жоқ па — бәрибир, үре береди. Бирақ, бир жақсы жери, тислемейди.

Қарамаңлай, бир күни ғабырысып, қоңсының баласының билегин тислеп алыпты. Онда да баланың өзинен, гүржиниң мурнына шөп тығып алған.

Қоңсы баласын жетелеп үйге келди.

— Ийтиң қутырған жоқ па еди? — деп сорады меннен. Лекин, ашыўланған жоқ.

— Яқ, ондайдан аман. Бир айлықта ветеринардың бақлаўынан өткерип, ҳәмме ҳүжжетлерин алып қойыппан. Керек болса көрсетейин.

— Яғаў, шәрт емес. Исенемен-ғо. Сонда да баламды докторға апарып көрсетейин. Өзиң билесең-ғо, былтыр микрода бир кәрис ҳаялды өзиниң пышығы тислеп қайтыс болды.

— Дурыс ғой, сақлықта қорлық жоқ. Бирге жүр десең, бирге барайын.

— Яқ, өзим көрсетемен-ғо.

Көрсеткен қусайды. Түстен кейин ҳайўанатларды қорғаў жәмийетинен бир адам келди.

— Ийтиңиз қутырған жоқ па еди? — деди ол.

— Яқ.

— Ветеринарға көрсетип турсыз ба?

— Көрсетип турман.

— Ҳүжжетлерин әкелиң.

Алып келдим. Көрип-көрип ҳеш кемис таба алмады.

— Неге байлап қоймадыңыз? — деди соң.

— Туўылғалы ҳеш байланбаған еди.

— Байланбаған болса енди байлайсыз. Тийисли тәртипте жәриймa да төлейсиз!

Хызметкер оңбағандай пулды көрсетип, жәриймa жазып берди. Ҳәм көзинше ийтти байлатты. Бурын жип тийип көрмеген байғус аспанға шапшып атыр, жер тырнап атыр, жибин шайнап атыр. Ырасын айтсам, тап қорлығым келип кетти.

Азанда ветеринария бөлиминен бир доктор қыз келди.

— Ийтиңиз байлаўлы ма? — деди дәрўазаның есигин қыя ашып турып.

— Байлаўлы, келе бериң.

Ол да бирим-бирим ҳүжжетлерди көрип шықты. Соң «шаншыў ислеймен» — деди.

— Ҳаў, жақында өзи шаншылып еди-ғо.

— Ҳәр итималға гөре. Усыннан қутырып кетсе бизлер жуўап беремиз.

Шаншыўдың пулын төлеп, докторға қайтыў ушын такси шақырып бердим. Әлбетте, таксидиң пулы да бизиң есаптан кетти.

Түстен кейин участкалық инспектор келди.

Оның ийт пенен онша иси болған жоқ.

— Үйде жасырып сақлап қойған қурал-жарақ жоқ па? — деди, маған жынаятшыға тигилгендей тигилип.

— Яқ. Улыўма, қурал дегенди услаўға қорқаман.

— Гиябентлик нәрселерден не бар?

— Ҳеш нәрсе!

— Өзиң пяниста емессең бе?

— Яғаў! Арасында шөллеген ўақта бир бокал, ярым бокал пиво ишемен.

— Пиво да алькогольге жатады. Ал, тийкарғы мәселеге келейик. — Ийтиң неге қоңсыңның баласының қолын тиследи?

— Қайдан билейин. Ол ийт болса...

— Маған қырсық сөйлемең!

Ырасын айтсам, қоңсыма қатты ашыўым келди. Милицияға айтпағанда не қылады?! Кейин билсем, ийт тислеген аўҳал бойынша докторлар тийисли жерлерге хабарлаўға миннетли екен.

Буннан кейин инспектор үйге келген жоқ. Есесине күнде — күн ара, өзим кеңсесине баратуғын болдым. Бармасам кейин шатақ болатуғын қусайды.

Инспектор маған мына ҳүжжетлерди топлап келиўимди тапсырды: — жумыс орнымнан минезлеме, айлық ис ҳақым ҳаққында мағлыўматнама, бурын судланбағаным ҳаққында ишки ислер бөлиминен мағлыўматнама, оң жақ, шеп жақ қоңсыларымнан мениң тәртипли адам екенлигим ҳаққында исеним хат, көше бийиниң тастыйықлаўы менен қой аўзынан шөп алмайтуғын жуўаслығым, үйде ҳаялым менен жәнжеллеспейтуғыным, балаларымның мектепте жақсы баҳаларға оқыйтуғынлығы ҳаққында минезлеме, қулласы, газден, тоқтан, суўдан қарызсызлығым ҳаққында да мағлыўмат алдырды. Булардың ҳәммесине еки ҳәпте ўақтым кетти. Жумыстан да еситпеген бақырысым қалмады. Лекин, гүржиниң пәрўайы пәлек. Қоңсының баласын мен тислегендей, бүлип қалдым.

— Енди бул мәселе питти ме? — дедим инспекторға ең соңғы сораған мағлыўматын апарып берип атырып.

— Оны суд шешеди! — деди ол.

— Еле судқа да бараман ба?

— Бармақ түўе судланасаң-әм?

Арадан бир ярым ай өтип судқа шақырылдым. Жумыстан сорап шығыўым жүдә қыйын болды. Онысыз да күнде, күн ара жумыс қалдырып, әбден жаман атым шыққан.

Енди:

— Судқа шақырған екен, — десем ҳәмме меннен гүмансырайды.

— Ийттиң суды болатуғын еди, — десем, набада инспектор еситип қалса...

Қулласы, судқа бир саат кешигип бардым. Орынлаўшы мени дәлизде ушыратты.

— Сизиң ийтиңиздиң суды болып кетти, — деди ол.

— Қандай жуўмаққа келинди?

— Қәўипли жынаят ислемегени ушын кеширим берилди. Лекин, жәрийма төлейсиз. Бийлик үйиңизге почта арқалы барады.

Қулласы, усы гүржиниң әўере-сарсаңынан үш ай тынышым бузылды. Болмаса усыны сатып қысыр алайын деп пе едим?!

Қарыйдар гүржини сатып алайын деп пулын қысымлап тур еди, әсте ақырын қайтарып қалтасына салды да, «ал, яқшы» да айтпастан көзден ғайып болды.

Бийшара гүржини сумкаға салып алып қайттым. Аламыз десеңиз үйге келиң, сатаман. Лекин, айыбы бар: — судланған, бирақ, аса қәўипли жынаят ислемегени ушын кеширим берилген...

## САЯХАТ

*(Ханс Рослерден)*

Ҳаялым менен саяхатқа шықпақшы едик.

— Кити, поезд саат алты ярымда жүреди!

— Билемен, Йоханнес!

— Тезирек бол.

— Жаңа он еки болды-ғо!

— Соның ушын тезирек бол деп атырман дә!

Кити чемоданға затларын сала баслады. Бир кисиге саяхатта не зәрүр болса ҳәммеси тақланды. Лекин, айырым нәрселер чемоданға

сыймай қалды. Соннан соң Кити чемодандағы затларды қайта тақлай баслады. Бул ўақытлары саат төрт болған еди.

— Кити! Таярсаң ба, поездың жүретуғын ўақтына еки саат қалды.

— Еле ўақыт бар екен-ғо.

— Поезд бизди күтип турмайды!

— Мен-әм күттирмеймен!

Бул жуўаптан сәл арқайын болдым. Он минут ишинде өзиме керек нәрселерди алып алдым. Бир ўақта қарасам Кити еле өзиниң блузкасын жуўып атыр.

— Пай, блузка жуўатуғын ўақытты таптың-дә! — деп, бақырдым ашыў менен.

— Не енди, кир-кир блузка менен жолға шығыўым керек пе? — деп тоңқылдады ол.

— Яқ, енди…

— Қой, ўақтымды алма, Йоханнес, кешигип қаламыз.

Пальто менен қалпағымды кийип, саат бес ярымға дейин оны босағада күтип турдым.

Вокзалға дейин ярым саат жол жүриўимиз керек еди. Ол болса еле…

— Таярмысаң, Кити?

— Ҳәзир, бир минут.

— Күтип турман.

— Ҳәзир дедим-ғо!

— Еле кийинбегенсең-ғо!

— Ҳәзир кийинемен.

Лекин, ол еле гибиртиклеп жүр.

— Йоханнес, көк көйлегим менен қызыл қалпағымды кийгеним мақул ма, я жол-жол көйлегим менен қара қалпағымды?

— Қайсысын қәлесең сонысын кий, тезирек болсаң болды!

— Йоханнес, биреўин айт-тә, ақыры!

— Көк көйлегиңди кийе-ғо!

— Ол болмайды, қалпағымды чемоданға салып қойдым.

— Онда жол-жол көйлегиңди-ақ кий, — деп жекириндим. Лекин, мен оған онша бақырмайтуғын едим. Арасында бақырып турыў-әм керек пе деймен. — Қолыңа илинген биреўин кий де, жүрсе!

— Бул пикириң жүдә дурыс, Йоханнес! Әлбетте, бул сениң пикириң!

— Мениң пикирим бе?

— Аўа. Күлиреӊ қурткам менен блузкамды кийеғояман.

Күлиреӊ қуртканы кийип алды. Лекин, блузканы таба алмады. Излеўге кирисип кетти. Кроваттың астын, печканың артын, қулласы, ҳәмме жақты астын-үстин етти, блузканы жер жутты ма, шайқус алды ма, ҳеш жерде жоқ еди. Оған дейин саат нақ алты болды.

— Таптым, блузкамның қаяқта екенин! — деп қуўанып кетти Кити.

— Қаяқта екен?

— Тигиўшиде. Йоханнес, мийайлан ҳаялман дә, өзим-әм. Енди поездға үлгермеймиз. Оҳ, Йоханнес! Мени еле де сүйесеӊ бе? Мени енди сүймей қойыўың-әм мүмкин. Себеби, мендей биймаза ҳаялға кимниң емешеси қурыйды?! Я, Йоханнес, ырасыңды айт, мени еле де сүйесеӊ бе?

— Сүйемен, сүйемен! Тезирек бол енди! — дедим мен.

— Бәрибир, Йоханнес, поездтан кеш қалдық-ғо!

— Кеш қалғанымыз жоқ.

— Яғә-әй?! Ырас па?

— Ырас. Усындай боларын әўелден сезип, саатымды бир саат алға жылыстырып қойып едим. Ҳәзир бес болды.

— Йоханнес, әзизим! Жүдә ақыллысаң-дә! Мен мине, ҳәзир таяр боламан!

Лекин, Китидиң еле сол баяғы гүймеңлеўи. Саат екинши мәрте алты болғанда зорға көшеге шықтық. Сол ўақытта бирден Китидиң есине газдиң қулағын қайтармағаны түсип, үйге жуўырды. Қайтып келгенде саат алты ярым болған еди.

— Йоханнес, енди сирә дә поездға үлгермеймиз.

— Үлгеремиз!

— Поезд алты ярымда жүрип кетти-ғо, ақыры!

— Яқ, поезд жетиде жүреди, мен сени тезирек болсын деп солай айтып едим, — деп тән алыўға мәжбүр болдым.

— Жүдә жақсы, Йоханнес!

Он минуты кем жетиде вокзалға жетип келдик-аў.

— Оҳ, Йоханнес!

— Және не болды?

— Торкватоны қоңсыларға берип кетиўди умытыппан!

— Пышықты ма?

— Аўа. Қайтып бармасам болмайды. Бийшара пышық…

Буннан кейин және бир әжайып ўақыя жүз берди. Ҳаялым үйден сегизге он минут қалғанда жетип келгенде еле поезд жүрмеген еди. Буның ушын достым Ханс Гулшеге миннетдаршылық билдириўимиз керек. Ол перронда күтип турған екен.

— Мен сениң ҳаялың менен ўақтында жетип келе алмайтуғыныңды билер едим. Соның ушын «поезд жетиде жүреди» дедим. Негизинде поезд саат сегизде жүреди, — деди.

Солай етип, саяхатқа жөнеп кеттик. Кетиўимиздиң жағдайы усы болса, саяхатымыз қандай болады, ояғы бизге қараңғы!

## СОҚЫР ИШЕК

Бийтап кроватьта еки бүгилип, аўырыўдың ҳазарына шыдамай ыңырсыр еди. Доктор оның бас ушында арман-берман жүрип, бул кеселликтиң ақыбети ҳаққында түсиник бериў менен әўере.

— Яшуллы, биз сениң соқыр ишек екенлигиңизди ўақтында анықлап, жақсы қылдық. Болмаса… Балаларыңыз бар ма?

Бийтап сөйлеўге ҳазарланып, «бар» дегендей бас ийзеди.

— Америкада соқыр ишекти нәресте туўылған ўақытта алып таслайды. Дурыс қылады олар. Себеби, соқыр ишек асқынса… Қәйерде ислейди?

Бийтап қолы менен компьютердиң клавишаларын терип көрсетти. Доктор оның баласының бары-жоғы оператор екенин аңсат ғана түсинди.

— Соқыр ишек гейде аўқаттан зәҳәрленгенге де усап кетеди, — деп гәпин даўам етти ол. — Бундайда айрым врачлар наўқасты жуқпалы аўырыўлар емлеўханасына жиберип, үлкен қәтеликке жол қояды. Лекин, биз ақыл менен ис туттық… Балаларыңыз нешеў?

Бийтап бир бармағын көрсетти.

— Диагноз қойыўда қәтеликке жол қойыў бийтап ушын жүдә қымбатқа түсиўи мүмкин. Өйткени, соқыр ишек жарылып кетсе… Қызлардан бар шығар?

— Еки қызым бар, — деди, бийтап ыңырсып..

— Үй болған ба?

— Аўа.

— Жақсы екен. Қыз бала деген ата-анаға мийриман болады… Жаңағы айтқанымдай, соқыр ишек набада жарылып кетсе, онда сол ишекте жыллар бойы жыйналып қалған зәҳәр демде организмди уўлайды. Бул демек… Қызлар қәйерде ислейди?

Бийтаптың аўҳалы кем-кем аўырласа баслады. Маңлайынан муздай тер шықты. Лекин, доктор сораўына жуўап күтип турғанлықтан, қыйланып болса да қызларының декретте екенлигин түсиндирди. Еки қолы менен баланың қундағын көрсетти.

— Ҳе-е, декретте ме? Екеўи де ме?

Бийтап мақуллап бас ийзеди. Доктор сөзин даўам етти.

— Зәҳәр организмге жыйылды деген сөз, демек… Күйеў баллар қаяғында?

Бийтап бир заман маңлайын жыйырып турды. Соң бар күши менен:

— Т….Т…Тергеўши! — деди даўысын созып.

Доктор бирден жанланды.

— Гүлсара! — деп бақырды дәлизге қарап.

Ақ халатлы қыз жуўырып келди.

— Операция столын таярла!

— Қашшан таярлап қойыппан!

Доктор бийтапты ийеги менен нусқады.

— Тез алып барың! — Соң әсте сыбырланды. — Нәзеримде соқыр ишеги жарылып кетти ме деп турман.

*20.02.2016-ж.*

## КҮНИМИЗГЕ ЖАРАҒАН ӨТИРИК

Адамлар «өтириктиң өмири қысқа» дейди. Айтабереди. Өтирик — адамзат бина болғалы жасап киятыр. Буннан былай да жасай береди. Диндарлардың өзлери айтады-ғо — «бул дүнья жалған дүнья» деп. Сол жалған дүньяның ишинде туўылғаннан кейин жалғаннан қашып қаяққа барасаң!

Нәресте тили шықпай турып өтирикке көнлигип баслайды. Анасы бесик таянып отырып:

Айнанайын баладан,

Таўып алдым даладан, — деп алдайды.

Бала бийшара «қәйерден таўып алды екен-әй», деп ойлайды. Тили шыққаннан кейин сорайды.

— Апа, мени қаяқтан таўып алдың?

— Үйдиң қасынан түйе өтип баратыр еди, соннан түсип қалдың, — дейди, қас қақпай.

Бала байғус үйиниң қасынан түйе өткен сайын мойнын созып қарайды — қайсы түйеден түскен екенмен-әй! Мени танып қалып аўзына тислеп әкетип қалмас па екен?

Үйде тек оның анасы емес, атасы менен кемпир апасы да өтирик сөйлейди.

— Кимниң баласысаң? — дейди атасы емиренип.

— Атамның! — дейди ол еркелеп.

Кейин кемпир апасы келеди.

— Кимниң-кимниң баласы дейди?!

— Апамның! — деп, шалқаяды нәресте.

Жатарда өзлериниң бөлмесине барғаннан кейин әкеси бир аймалайды «өзимниң балам» деп, анасы бир аймалайды. Бала бийшара төртеўиниң қайсысы ырас айтып атырғанын билмей, ар-сар болады.

Күндиз ҳәмме жумысқа кетеди де, бала кемпир апасы менен қалады. Әне, енди көребер өтириктиң көкесин. Кемпир ақлығын қасына жатқарып адам исенбейтуғын өтириклерди булқытып жибереди.

— Бурынғы өткен заманда бир ғарры менен бир кемпир болған екен. Олардың үйине үш дәў қыдырып келипти.

— Ғарры, мына дәўлерге не асып берейин? — депти кемпир.

— Не асатуғын един, төрдеги дәўдиң төсин ас, ортадағы дәўдиң басын ас, есиктеги дәўдиң өзин ас, — дейди.

Буны еситкен дәўлер тура-тура қашады.

Бұннан асқан өтирик бола ма? Үйге зорға сыйып кирген үш дәў мәпилик кемпир-ғаррыдан қорқып қашып кетсе-я?! Бирақ, бала бийшара соған инанып, ғаррының мәртлигине мәс болып, өзи де сондай күшли болыўын әрман етип уйқылап қалады. Демек, өтирик керек екен-ғо, баланы мәртликке тәрбиялаў ушын да!

«Деңгенениң үлкенин түйе сойғанда көресең» дегендей, өтириктиң үлкенин бала хат таныған нан кейин көреди. Қолына Қоблан я Мәспатша дәстаны түседи. Қараса, қара шыбындай ғаўлаған душпанның ортасына Қоблан я Мәспатшаның бир өзи түсип қалады. Соннан қылышты қыннан суўырып тийисип кетеди. «Алдын қырдым дегенде, арты гүўлеп барады. Артын қырдым дегенде, алды гүўлеп барады». Лекин, бизиң батыр бәрин қамыстай баўлап, қыйратып таслайды. Қара, қып-қызыл өтирик! Лекин, соны биле тура бала түўе өзиң де Мәспатшаға я Қобланға болысып отырасаң. Сондай батыр болғың келип кетеди. Сонда өтириктиң қәйери жаман?! Бул өтириклердиң бәрин тоқып жүрген кимлер? Атлары тарийхта қалмаған жазыўшылар менен шайырлар.

Ертеде бир патшаға ўәзирлер шағым етипти.

— Сиз шайырларға ҳәдден тыс ҳүрмет көрсетесиз, зер шапан жаўып сыйлайсыз! Олардың жазғанының бәри өтирик. Созса қолы жетпейтуғын аспандағы Ай менен Күнди мақтайды. Қызларымызды сол қыялындағы Ай жулдызға теңеп, басын айландырып, мәңгүр етип қойыпты, — депти.

Патша шайырларды шақырып алып:

— Буннан былай тек ғана көрген-билгениңизди жазасыз! — деп, пәрман етипти.

Шайырлар «күн жаўды, аспанда булт көшти, арқадан самал ести» деген сыяқлы көзи көрген нәрселерден арман өте алмапты.

Халық көтерилип кетипти. Оқыйтуғын қосық жоқ, тыңлайтуғын ертек жоқ.

Патша қайтадан шайырларды шақырып:

— Сол баяғы өтириклериңди жаза бериң, — деп өзиниң қәтелескенин мойынлапты. Демек, өтирик жаман ба екен?! Жаман емес!

Усыларды айтсам, бир достым мениң менен жатып өжетлести.

— Өтириксиз жасаў мүмкин емес, — дедим мен.

— Мүмкин, — деди ол.

— Бәрибир арасында өтирик керек болады.

— Дым керек емес.

Үйинде мийман болып отырғаннан кейин көп керилдесе бермедим. Турдық.

— Аға, маған вилосипед әкелип бер, — деп, баласы изинен жуўырып шықты.

— Болады, балам, — деди ол ойланып та турмастан.

Жол бойы велосипед сататуғын дүкәнның алдында тоқтадым.

— Ҳе? — деди ол.

— Балаңа велосипед алмайсаң ба?

— Ақша қайда соған?

— Жаңа балаңа ўәде етип кеттиң-ғо!

— Әй, бала дегенди алдай бересең…

— Қалай енди, өтирик арасында керек пе екен?

Танысым дым үндемей, күлип мойынлады да қойды.

Жақында аталас ағайинимиздиң кеўлин сорап үйине бардым. Докторлар «алып кете бериң, бес-алты күнлик өмири қалды», — деп қайтарған екен.

— Қапа болма аға, «ауырып турдың-аўнап турдың» деген. Қуда қәлесе еле аттай болып кетесиз! — дедим. Билип турып қып-қызыл өтирик айттым.

— Айтқаның келсин! — деди. Бийшара ол да ең соңғы өтириклерин ислетип қалды. Болмаса өзи де биледи, мениң айтқанымның келмейтуғынын. Өтирик болса да жыллы сөз бенен алдастырып турып кеткениме қуўандым.

Усы жерде гүрриңимди «күнимизге жарап отырған өтирик. Жасасын өтирик» деп, жуўмақ жасадым да, редакторға алып бардым. Ол гүрриңимди бас көтермей оқып шықты. Соң:

— Ҳәзир газетте орын жоқ, күтип турған мақалалар көп, — деп қайтарды.

Оны да түсинсе болады, «Өтирик ҳаққында бундай шығарманы жәриялай алмайман» деўге қысынып, маған қас қақпай өтирик сөйледи. Ал, қәне өтирик керек емеслиги?! Күнимизге жарап отырған усы өтирик!

## ҚАН ҚЫЗБА

*(фельетон)*

Түсте бийтапланып атырған бир достымыздың кеўлин сорап барыўға ўәделесип, он екиге шамаласқанда невролог Жумабайдың кабинетине бардым. Киргеним сол, изимде тасыр-тасыр бола қалды.

— Бармайман.

— Яқ, иркилмеймиз, бир аўыз сорап шығамыз.

— Несин сорайсаң?! Мен саппа-саўман!

— Саўсаң ба, аўырыўсаң ба, ҳәзир доктор айтады.

Жасы алпыслардан өтип қалған бир кисини изинде ҳаялы арқасынан зорға ийтерип киргизди де, қапыны жапты.

— Доктор, мениң күйеўимниң ден саўлығын тексерип бериң.

— Нени тексереди, мен саппа-саўман!

— Аға, мына жерге отырың! Сизди ҳеш ким саў емес деп атырған жоқ.

— Әй, мына ақылдан азған қатын…

— Өзиң ақылдан азған! Қәйним, бираз ўақыт болды, үйден берекет қашты. Қолына түскен нәрсени бас-көз демейди, ылақтырып жибереди, биреўлерди заў-затын қалдырмай сыртынан сөгеди.

— Дурыс қыламан!

— Ана күни, азанда шай ишип телевизордан концерт тыңлап отырсақ, ишип отырған шәйнегин шай-пайы менен дийўалға урды ма де, шәйнек шил-пәрше болды. Мына қараң, қолы соннан күйип қалды.

Ҳаял күйеўиниң қолын докторға көрсетпекши еди, ол силкинип жиберди.

— Кешениң алдынғы күни кеште, телевизорға қарай қант тарелканы жиберди, еле де есик беттен келин келип қалмағанда экраны атылатуғын еди. Қант тарелка келинниң шығанағына тийип, поднос пенен алып киятырған аўқаты полға төгилди. Қудай жарылқап күйип қалмады.

— Сағынбайды урғанымды неге айтпайсаң? Дәрьябайдың телефонын сындырғаным ше? Сайрасеш, бул қурақым болған соң! Радионы теўип сындырғаным…

— Әне, өзи де мойынлап отыр.

— Ақсақал, көзиңизди бир ноқатқа қадап, еки қолыңызды алдыңызға созың.

Соның арасынша Жумабайдың телефонына қоңыраў келди. Ол қоңыраў орнына қосық жаздырып қойған екен:

Жат деген жериңде уйықлайын жатып,
Мойным терис питкей билегиң батып!

Наўқас оқтай атылып барып, доктордың қолындағы телефонды жулып алды да, ашық турған айнадан сыртқа зыңғытты. Доктор ҳайран.

— Яшуллы, бул не?

— Оны маған айтпа, қосық айтып турған адамға айт. Билесең бе, не деп турыпты — мойным терис питкей… Терис питсе гелле адамның геўдесиниң ишине кирип кетиўи керек-ғо. Соған ақылың жетпеди ме?

— Бүйерде мениң ақылым жеткен-жетпегениниң не қатнасы бар?

— Неге қатнасы жоқ! Бетиң бүлк етпей тыңлап отырсаң-ғо соны.

Кеўил сораўға барыў ушын хирург Оразбай да усы кабинетке келиўи керек еди. Оның әдети, ыңылдамай жүрмейди.

Жаслығымды күн нурына нурлатып,
Толқынлап ескенде бәҳәрдиң ләби!

Қосығы аўзында қалды. Наўқас оның алдын кес-кеследи.

— Сени ана тилден ким оқытты?

— Ә-ә?

— Ана тилден ким оқытты деп атырман?

— Сениң не жумысың бар?

— Барып турған гөрсаўат адамның қолында оқыған екенсең! Қаяқта көрдиң бәҳәрдиң ләбин?! Бәҳәрде ләб бола ма? Леб болады! Ләб мине, мине, мине?!

Ол Оразбайдың ернине суқ бармағын басып-басып жиберди. Тырнағы жырып кетти ме, Оразбайдың ерни қанап кетти. Екеўлеп зорға арашалап алдық. «Я алла, абырай бергейсең, усы жерде маған биреў қоңыраў етип қалмағай!» Қайда саған! Тилегениң болып атыр ма?! Телефонда қосық жаңлап кетти:

Шадланып-шәўкилдеп урар жүреги,
Мың түменге арзан Бийбисәнемниң!

— Әй, сен пәжмүрде! — Ол Оразбайды қояберип маған асыла кетти. — Бийбисәнемниң жүрегин мың түменге сатажақсаң ба?

— Мен емес, мына қосықта…

Ол қолымдағы телефонды арман тартты, мен берман тарттым, жилли адам қарыўлы болады деген ырас екен, алақанымды тырнағы менен далқараған қылып, телефонды жулып алды. Бизиң телефон да Жумабайдың телефонының қасына барып түсти.

— Жеңге, хожейиниңиздиң кесели мәлим болды, — деди Жумабай наўқастың ҳаялына. — Ол қан қызба кеселине шалынған. Лекин, ол бизиң дәри-дәрмағымыз бенен саўалмайды. Концерт шөлкемлерине алып барың. Дебдиўин шығарсын. Сол жердеги қосықшылар қосығын дүзеп айтса, күйеўиңиз өз-өзинен жазылып кетеди.

03.11.2016-ж.

## ЖОЛДАҒЫ ЎАҚЫЯ

Үйден асфальт жолға дейин еки шақырым аралық қумлық, қызғанақлы жол менен өтетуғын еди. Жолдың еки бойы шоқ-шоқ өскен жыңғыл ҳәм сексеўиллерден ибарат. Жол тар. Сонлықтан пиядалар «изимде машина жоқ па екен» деп үлкен жолға шыққанша жалтақ-жалтақ изине қарағышлап барады.

Мениң жол менен жүз қәдемдей жүргеним сол, изимде киятырған әўкийген «Урал» машинасы көринди. Таныдым. Бул экспедицияда

ислейтуғын Мәденбай қырсықтың машинасы еди. Аўыл адамлары оған усындай лақап берген.

— Буған жөн сөз айтсаң-әм ешекти суўға айдағандай, терис қарап кетеди, — деп күледи биразлар ҳәм оған жүдә зәрүр болмаса жумыс айтпайды.

Қырсық пенен қырсығып бола ма? Көз ушында киятырса да қапталдағы бир шоқ сексеўилдиң қасына бийикке шығып жол берип турдым. Мәденбай тусыма келип тоқтады. Миндим.

— Ақсақал, қаяққа шықтыңыз? — деди ол қол берип сәлемлесип.

— Қалаға.

— Жолыңыз болған екен, мен-әм қалаға баратырман.

Буннан кейин арада үнсизлик шөкти.

Ярым шақырымдай жүрип един, қумның арасынан тумсығы ақ бир сур ешек алдымызға түсти. Мәденбай газди басты. Ҳарылдаған даўыстан қорыққан ешек дәслеп жорғалаўға, соң шабыўға қарады. Мәденбай оннан сайын «тамашаға» батып, гә жақынлап барар, гә бақыртып сигнал берип, иркилиңкиреп алар, оған ешектиң жол бергени емес, усы қорқып шапқылағаны қызық еди. Ешек шаршады. Лекин, жол берип, капталға шығып кетиўге ақылы алыспады.

— Артынан түртип жиберейин бе? — деди ол маған қарап күлип.

— Қой, жығылып қалар.

— Жығылса секең-ң етип үстинен өтип кетемиз-дә!

Ол меннен мақуллаў күтпей-ақ тезликти асырды. Машина менен ешектиң арасы он қәдем қалды, бес қәдем, үш қәдем… Мен көзимди жумдым. Машинаның алды бир нәрсеге «тық» етип тийгендей болды. Лекин, секеңлемеди.

Көзимди ашсам жолда ешек жоқ екен.

— Не қылдың? — дедим Мәденбайға ҳаўлығып.

— Түртип жибердим, — деди масайрап.

— Бирақ, баспадың я?!

— Қапталға сексеўилдиң арасына омақазан атып түсти. Өлген-әм шығар бул ўаққа.

— Жақсы қылмадың, иним. Ол да өзимиздей жаны бар…

— Ағайиниң бе еди? — Мәденбай «қатырдым ба» дегендей ўаҳа-ҳалап күлди.

Буннан кейин бир аўыз сөз қатыспастан асфальт жолда түсип қалдым.

— Қалаға бармайтуғын ба едиң?

— Яқ. Усы жерде биреўди күтиўим керек.

Қайтарсын жумыстан қайтқан инимниң машинасына илестим. Асфальттан түсиўимиз бенен бағанағы алдымызға түсип шапқылаған ешек көз алдымнан кетпеди.

— Тоқта! — дедим иниме бир ўақта. Бир шоқ сексеўилдиң аржағында аяғы сәррийип өлип атырған ешекти көзим шалып қалды. Тоқтады.

— Белиң бар ма?

— Яқ. Бирақ, кишкене белше бар.

— Алып түс.

Екеўмиз ешектиң геўдеси сыйғандай шуқанақты бир сааттан көбирек ўақта қазып болдық. Соң оны қатып қалған аяғынан көтерип, қазыўлы орға аўнаттық. Үстине жуқалап топырақ жүритип болғанымызда күн уясына кире баслаған еди.

— Бул қалай өлди екен? — деди иним таңланып. Себеби, ешектиң бели қайқайып қалған, өз әжели менен өлмегени сезилип турар еди.

— Буны өлтиргенде мен қасында бар едим, — дедим оған. Лекин, жүзине қарамаўға тырыстым.

— Ки...ким өлтирди?

— Өзиниң ағайини.

Ғәзебим жүзиме урып турғанлықтан ол меннен «ешектиң ағайини» ким екенин сораўға батына алмады.

*03.11.2016-ж.*

## СЫБАЙ САЛТАҢ

— Таксиди нешеге шақырсам екен? — дедим ҳаялға.

— Ярым саат бурын шақыра бер.

— Неге? Вокзал ийегимиздиң астында-ғо.

— Сонда да… Бурыннан әдетиң, бар ғо, бир нәрсең умыт қалып жолдан қайтатуғын.

— Тап усы сапары сениң қастыңа ҳеш нәрсени умыт қалдырмайман.

Ҳаялдың илме-қармақ гәпинде де жан бар. Ҳәрдайым дем алысқа кетсем, бир затым умыт қалып жолдан қайтаман да, я барған соң есиме түсип, биреўден берип жибериўин айтып қоңыраў етемен.

Лекин, усы рет жүдә пуқталық еттим. Ақыры «соқыр-әм ҳасасын бир мәрте жойтады» деген-ғо. Мен неше мәрте «жойттым»? Жолға шықпасымнан үш күн бурын ҳәмме затларымды түўеллеп, өзим жататуғын диванның үстине бир-бирине тийгизбей дизип қойдым. Өзим жерде жаттым. Шала болмаўы ушын ҳәр күни уйқыға кетерден алдын бирме-бир түўеллеп турдым — шалбар-бар, көйлек бар, көз-әйнек-бар, сақал алғыш-бар, қулласы, ҳәммеси тақ туйнақтай.

Ертең жүремен деген күни кеўлиме және алағадалық түсти. Жазып қойыўым керек! Аўызша есаптан адам ғабырысыўы мүмкин. Компьютерде ярым саат отырып, әкететуғын затларымды хатқа түсирдим. Дизимди еки-үш мәрте оқып көрдим. Әбден ядта қалыў ушын даўысымды шығарып та бир-еки мәрте оқыдым. Соң ҳаялды шақырдым.

— Мен дизимди оқыйман, сен бирме-бир түўеллеп сумкаға салып турасаң.

Ҳаял сумканы ашты.

— Шалбар?

— Бар.

— Көйлек?

— Бар.

— Көзәйнек?

— Бар.

— Сақал алғыш?

— Бар.

— Носки?

— Бар.

Қулласы, дизимдеги заттың ҳәммеси түўелленди. Енди арқайын уйқыласам болады.

Ертеңине такси айтылған ўақытта есиктиң аўзына келип қоңыраў етти.

Сумканы қолыма алып турып, және кеўлиме гүптикей келди. «Жары жолда және бир нәрсе есиме түсип, жолдан қайтып жүргенше тағы бир мәрте түўеллеп көрейин» Сумканы еки мушынан услап жерге аўдардым.

— Ҳе, тағы не таптың? — деди ҳаял ҳаўлығып.

— Сениң түўел салғаныңа исенбей турман. Енди сен дизимди оқып тур, өзим түўеллеймен.

Ол оқып турды, мен сумкаға салып турдым.

— Шалбар?

— Бар.

— Көйлек?

— Бар.

— Көзәйнек?

— Бар.

— Сақал алғыш?

— Бар.

Дизимдеги заттың ҳәммеси түўел болып шықты. Сумканың замогин жаўып, еки жеринен скотчладым. Қәне, енди ким мени умытшақ деп гиналар екен?

Вокзалға жетип келгенимде поездың жүрип кетиўине үш минут қалған екен. Проводник мени өкшелетип вагонның есигин жапты.

Өзиме тийисли купени таўып алдым. Жоқарыдағы еки орынлықта еки жас жигит, төменде — мениң қарама қарсымда өзим теңлес бир киси бар екен.

Поезд кетти — тақ-туқ-тық, тақ-туқ-тық... Ушы қыйыры жоқ қумлықтың арасынан төрт сааттай жол жүрдик.

— Паспортларыңызды, билетлериңди таярлап отырың, — деп ескертип өтти проводник.

Еки жигит секкирип-секкирип түсип, сумкаларынан билетлерин алды. Қарсы алдымдағы кисиниң паспорт ҳәм билетлери қалтасында екен. Шығарып столдың үстине қойды. Мениң бир әдетим — қалтама ҳүжжет салып жүргенди жаман көремен. Қандай ҳүжжет болсын, сумканың ишки қалтасына саламан.

Журт қатары мен де билетимди таярлап отырыў ушын қапталымнан сумкамды қармаладым. Қолыма ҳеш теңе тиймеди. Соң бурылып қарадым.

— Мениң мына жерде сумкам бар еди-ғо, — дедим қасымдағыларға.

— Аға, сиз сумка әкелмедиңиз, — деди жоқарыда жатырған еки жигит теңине.

— Яғэй?!

— Аўа, келгенде сыбай-салтаң едиңиз, — деди қасымдағы киси де.

Билдим, сумкамды поездға алып шықпаппан.

Лекин, мен-әм жүдә еси кеткен умытшақ емеспен. Сумканың қәйерде қалғанын анық билемен — я үйде қалды да, я таксиде...

*07.11.2016-ж.*

# ҚУДАЙЫ ҚОНАҚ

Күн батып, әдеўир геўгим түсип қалған пайыт еди. Дәрўазаны кимдур тақылдатты.

— Ким? — деп, даўыслады жиптеги кирлерди жыйнап жүрген ҳаял.

— Қудайы қонақпан. Бир ақшам қонақ алың, баратуғын жерим жоқ еди.

Мусылманшылықта қудайы қонаққа есик ашпаў гүнә. Ҳаял қолындағы кирлерди бир қолтығына қысты да, дәрўазаның кишкене есигин ашты. Ашты да, шоршып кетти. Есик аўзында бет-аўзын жара басып кеткен, үсти-басы жупыны, қолында иймек ҳасасы бар, әбигер бир киси турар еди.

Ҳаял оған бастан аяқ сын нәзер менен шолып өтти де:

— Қонақ алмаймыз! — деп есикти жапты.

— Ким екен? — деди, бул ўақта иштен шығып киятырған күйеўи.

— Әй… Қудайы қонақпан дейди, қайтарып жибердим.

— Неге? — Күйеўи дәрўаза таман тез-тез жүрип келди.

— Қандай пыйғыл менен келип турғанын қайдан билесең?!

— Билесең бе, ҳаял, — деди ишке кетежақ болып турған ҳаялын тоқтатып. — Бир ўақлары сен де усы босағаға қудайы қонақ болып келип един. Бет-аўзың көгерген, үсти басың жыртылған. Сени де сөйтип есиктен қайтарып жибергенде ҳалың не кешкен болар еди. Мине, әп-әнедей хожалық болдық. Жығылған шаңарағым қайта тикленди. Билип қой, ҳәр дайым қудайы қонақ келген үйге дәўлет келеди.

Күйеўи оның жуўабын күтип турмастан сыртқа жуўырып шықты да, жолда аяғын зорға сүйреп басып баратырған кисини шақырып алды. Үйге алып кирди. Шай-суў берди. Аўқатландырды.

Ҳаялы олар отырған бөлмеге кирмеди.

— Қонақ түргелгеннен кейин шай-суўын бер, — деди азанда ерте жумысқа кетип баратырып ҳаялына.

Қудайы қонақ шай ишпеди. Дәрўаза аўзында турып, ҳаялға аянышлы түрде телмирип қарады ҳәм бир шийше виноға пул сорады.

— Қонақ кетти ме? — деди түсликке келген күйеўи ҳаялына.

— Кетти.

— Шай бердиң бе?

— Ишпеди. Бир шийше виноға ақша сорады.

— Бердиң бе? Бийшара бул дүньяда ҳеш талабы келиспеген адамға усайды.

— Сеннен бир өтинишим бар, — деди ҳаял күйеўине муңлы нәзерде қарап. — Бундай адамларға жыллы сөйлесең қайта айланып келе береди. Екинши оны қудайы қонаққа алмаң.

Ҳаял буннан жигирма жыл бурын үйине жылап-еңиреп қайтып барғанда таяқлап қуўып шыққан өгей әкесин таныған еди.

*10.03.2017-ж.*

## ГӨШ

Дастурхан дөгерегинде дослық ҳаққында гәп кетти. Кимдүр «достың мың болса да аз» деди, кимдүр көп деди, кимдүр «биреўиниң өзи жеткиликли» деди, қулласы, ҳәр ким билгенин айтып қалды.

— Достың азы-көплигинде гәп жоқ, — деди, төрде отырған жасы үлкен. — Гәп оның садықлығында. Мен сизлерге бир рәўият айтып берейин:

Ертеде бир байдың жалғыз улы бар екен. Бала жүдә ысырапқор болып, көрингенди үйине жыйнап зыяпат қылар екен. Зыяпаттың адағы болмапты. Бир күни бай улынан сорапты.

— Булар кимлер?

— Досларым, — депти бала.

— Досларың сонша көп пе, ҳәр зыяпатта бурын нәзерим түспегенлерин көремен.

— Олар жүдә көп, ата.

— Солардың нешеўи саған садық?

— Ҳәммеси.

— Онда былай етемиз, сол досларыңды бир сынап көрейик. Бүгин кеште қорадағы қошқардың биреўин сойдырып, қапшыққа салып, дийўалға сүйеп қой. Таң ата досларыңдикине жол аламыз.

Азанда гөштиң қаны шығып турған қапты арқалап, бай менен бала жолға түсипти. Бир дәрўазаның алдына келгенде бала:

— Мине, бир достымның үйи, — депти.

— Достыңды шақыр.

Бала достын даўыслап шақырыпты.

— Сен улым, бизиң баланың достымысаң? — деп сорапты бай дәрўазаны ашқан жигиттен.

— Достыман, — депти жигит.

— Олай болса, сениң бир жәрдемиң керек болып тур. Балам кеше кеште қоңсының баласы менен урысып қалып, оны өлтирип қойды. Мынаў қапшықтағы соның денеси. Усы өликти жоқ қылып, баланы жазадан қутқарыў керек.

Жигит сол ўақыттың өзинде дәрўазасын қарс еттирип жаўып, «маған жақынламаңлар, мен сизлерди танымайман» деп, иштен тәмбилеп алыпты.

Бай баласының екинши, үшинши, төртинши досларына да барыпты. Жаңағы гәпти еситкеннен кейин ҳәммеси тамларын иштен илип алып, буларды жолатпапты.

— Енди мениң бир жалғыз достым бар еди, соған барып көрейик, — депти бай ҳәм баласын ертип өзиниң нешше жыллық достының үйине келипти.

Досты оны қушақ ашып күтип алыпты. Бай баяғы гәпти тәкирарлапты.

— Әўели ишке кирип шай-суў ишиң, қонақ асыңызды жең. Өлсе өледи дә, күн батсын, дәрьяға атамыз оны! Урыс өз-өзинен болмайды, гүнасы мойнында шығар, — депти досты.

— Гөш… гөш не болды? — деп гәпти шорта бөлди күни менен пүткил денеси қулаққа айланып тыңлап отырған қызыл бет жигит шыдамай.

— Не гөш? — деди рәўият айтып отырған жасы үлкен албырап.

— Жаңағы қойдың гөши… Анда-мында арқалап жүргенде сасып кетпеди ме екен?!

Жигит қассап еди.

*16.10.2016-ж.*

## КӨЗИМ ҮЙРЕНИП КЕТКЕН

Сапарбай муғаллим өзи оқытатуғын алтыншы класстан диктант алды. Балалар диктантты шаққан жазып болғаны ушын тәнепистен еки-үш минут бурын шаўқымласпай шығып ойнаўға руқсат берди.

Оқытыўшылар бөлмесине келсе өзин мектепте ана тилинен оқытқан ҳәзир кәсиплес устазы, Кәримбай аға отыр екен.

— Ассалаўма алейкум, устаз, — деди ол қолындағы оқыўшылардың мийнетлерин стол үстине қойып. — Сизди көргеним жақсы болды-ғо. Көптен бери нийет етип, бирақ, айта алмай жүр едим.

— Не еди, тынышлық па? — деди устазы сораўлы нәзер менен тигилип.

— Мениң оқыўшыларымның мийнетлерин бир баҳалап берсеңиз?

— Өзиң не?

— Сизиң баҳалаўыңыз басқа дә, қәтени бир көргеннен аңлайсыз. Мениң көзим үйренип кеткен оларға. Себеп пенен сиз мениң оқытыўшылығыма да баҳа берген болар едиңиз…

Устазы келисим берди.

Ертеңине тап усындай тәнепис ўақтында устазы диктантларды оның алдына қойды. Сапарбай тез-тез ашып көрип, баҳалар менен таныса баслады. Ҳәмме фамилиялар өзине таныс болғанлықтан тек оқыўшылардың атларын ғана еситилер-еситилмес гүбирлеп оқып, соң баҳаларға қарады: Жумог-4, Клеопатра-3, Изаура-4, Котовский-3, Калина-2, Валентин-3, Ошин-4, Тотионо-4, Янтавал-4, Гагарин-2, Аманбай-5..

Усы жерине келгенде Сапарбай иркилип қалды. Көзлерине исенбей, қайтадан оқыды. Бекимбетов Аманбай 5…

— Ҳаў, устаз, Аманбай деген оқыўшыға «5» қойғансыз ба?

— Аўа, ол балаға бес қойдым.

— Жазыўлары патас, ҳәм қәтеси де баршылық-ғо?

— Ояғына кеширим бердим.

Сапарбай устазына ҳайран болған пишинде қарады.

— Аўа, онысына кеширим бердим, — деди устазы тәкирарлап. — Бийшара балам, гилең жат журтлы кино қаҳарманларының арасында бир өзи екен, бүйирим бурып кетти.

Сапарбай бирден күлип жиберди.

— Айттым-ғо, устаз, сиз қәтени бир көргеннен аңлайсыз деп… Мениң болса олардың атларына да көзим үйренип кеткен.

Соң ол бирден күлген аўзын жыйнап алды.

— Кеширерсиз устаз, жақында бизиң баллар-әм ақлық қыздың атын Эсмеральда қойып еди…

*23.11.2016-ж.*

## ЎӘЛИЙ

Қалжан дуқтыр баласын үйлендирип той берди. Ол таза қалада туратуғын еди. Сыйлы қонақларының бир топарын гөне қаладағы Сапаргүл деген келиншектиң үйине жиберди. Қонақлар ҳаял адамлар еди. Қонақ жерде өзлерине жайылған дастурқанды көрип аўызлары ашылып қалды. Дастурхан түрли жемиске толтырылған, кеса қоярға орын жоқ, оннан қоянның сүтинен басқасы табылар еди.

— Ағайин бе екен? — деп қойды қонақлардан бири отырар-отырмастан.

— Яғаў, ағайин емес, Қалжан апаның ағайинлерин мен таныйман, — деди тағы бири.

— Мектепте бирге оқыған шығар.

— Қаяқта бирге оқыйды, Қалжан апа пенсияға шамаласып қалды, мынаў жас ғой.

— Мүмкин бурын қоңсы отырды ма?

— Қоңсы бүйтип дастурхан жаймайды, бергениңди қойса да болар.

Қулласы, олар Сапаргүлдиң Қалжан дуқтырға қандай жақынлығын билмегенше ишлери улы-дүпирли болды.

Бир кеса-бир кесадан шай ишип болған ўақытлары пуўы бурқыраған қуўырдақ келди — екеў ара. Қуўырдақ сондай кәмине келтирилип писирилген, аўзыңа салғаннан ерип кетер еди.

Ҳаяллар оннан сайын бул үйдиң қандай жақынлығы барын билгиси келип ишқыста болды. Ҳаяллар бир нәрсени билгиси келди ме, әлбетте оны шық-шығына жетип анықламағанша тынбайды.

— Сиңлим, — деди, үй ийеси ыссы шай әкелген ўақта төрде отырған кейўаны ҳаял. — Қалжан дуқтырға қандай жақынлығыңыз бар?

— Кеўил жақынбыз, — деди де қойды ол қысқа қылып. Соң және шығып кетти. Ҳаялларға тағы ғулғула түсти. Үй ийесиниң айланып келиўин сабырсызлық пенен күтти.

— Кеўил жақын болғанда қандай, — деди бағанағы ҳаял Сапаргүлдиң төбеси көриниўден. — Аўыллассыз ба, мерекелессиз бе?

— Яқ, ондай жақынлығымыз жоқ. Апа менен он-он бес жыллықта танысып қалып едик, саўдыраған ашық минезли ҳаял екен, «бирге ислесейик» деди, соннан бери жақын қатнасамыз.

— Сиз қаяқта ислейсиз?

— Мен бе? Базарда орын пул жыйнайман.

— Ҳаў, сонда қалай... ол доктор болса..?

— Ҳе-ей, заманласлар-әй, — деди, Сапаргүл күлимсиреп. — «Таҳанның түрли-түрли былғаўы бар» деген, не қыласыз шуқластыра берип, бирге ислесемиз — болғаны.

— Билдим, — деди төрдеги кейўаны ҳаял Сапаргүл шығып кеткеннен кейин. — Менимше, бул ҳаялдың меншик дәриханасы бар.

Ҳаял ҳақыйқаттан да ўәлийлик еткен еди.

*21.11.2016-ж.*

## ЖӘНЖЕЛ

Кийим-кеншек базарында шаўқым көтерилди. Бир ҳаялдың дүкан ишинде бажалақлап бақырыўы дүканда турғанлардың мийин қағып қолына берди. Сыпайырақ қарыйдарлар қолын бир сермеди де шығып кетти. Лекин, бир адам шықса орнына бес адам кирип, «пулсыз тамашаға» үймеледи.

— Неўе, не болды өзи?

Ҳәр ўақта қарыйдарлар арасынан еситилген бул саўалға даў шығарып атырған ҳаялдың жуўабы тайын еди.

— Мына саўдагер жигит… Уялмай, күпә-күндиз мени тонады!

— Не қылдым мен тонап? Қалтаңа түстим бе?

— Ҳе, түспей не қылдың?! Пластиктеги пул, пул емес пе? Сениң алақаныңда шықырлап турыў керек пе?! Пул болмаса пластикти неге шығарды ҳүкимет! «Ийттиң ийеси болса, бөриниң қудайы бар» деген. Мени де тыңлайтуғын жерлер бар шығар. Усыннан бар ма, тоқсан есикке таныс қалмасам, Малика атым қурсын.

— Не өзи, не болды жеңге?

— Саўал қайталанады, жуўап-пулеметтың оғындай атылып шығады: -та-та- та-та, та-та-та-та!

— Пулыңды нақ қайтарып берейинсеш!

— Өйтип байсыма маған! Мен сеннен садақа сорап турғаным жоқ. Өзимниң пулымды терминалыңнан алып, пластигиме салып бересең!

— Терминалдан ала алмайсаң я?! Тапқан екенсең аўышты!

Усы ўақытлары формадағы бир жигит дүканға кирип келди.

— Не шаўқым?!

Ҳаял көзине жас алды, мурнын тартып-тартып зорға сөйледи.

— Мына саўдагер… ҳи… күпә-күндиз ..ҳм.. 600 мыңды салып алды.

Жигит сораўлы түрде сатыўшыға тигилди.

— Бул келиншек жаңарақта меннен 600 мыңға плащ алды. Кийип көрди, жарасады екен деди. Ақшасын пластиктен төледи. Бир заманнан келип шаўқым салып тур, «анаяқта 500 мыңнан тур екен» деп. «Ҳаў, оның материалы басқа шығар» деп атырман…

— Ҳеш қандай басқа емес, тап усының өзи, мени көзи соқыр деп пе едиң?!

— Затыңды әкелип берип тур ма?

— Аўа.

— Пулын қайтарып бер! Не қыласаң адамларға тамаша көрсетип.

— Адамларды адам екен деп турған жоқ бул! Ҳаял оннан сайын қызды. — «Қой дейтуғын хожа жоқ», қутырып кетти булар!

Сатыўшы биресе формадағы жигитке қарады, биресе ҳаялға.

— Бер, бер ақшасын қайтып бер, — деди формадағы жигит.

— Я-ақ, мен алмайман, — деди ҳаял оннан сайын безилдеп. — Маған пластикке салып берсин. Нақ пул көрсе күйеўим ҳәзир арақ-қа пул сорайды.

— Әне, көрдиңиз-ғо. Мен бағанадан бери айтып атырман, пу-лыңды қайтып берейин, деп.

— Ананы қараш! Қып-қызыл жалақор!

— Пулың таяр ма?

— Таяр.

— Берман бер.

Сатыўшы алты жүз мыңды формадағы жигиттиң қолына услатты.

— Мә, жеңге уста мынаны.

— Я-я-як, усламайман! Терминалдан алып еди, қайтарып пласти-гиме салып берсин.

— Болды енди, жеңге! Жәнжел деген де жөни менен болыў керек. Қара, қанша адамды саўдасынан қалдырдыңыз.

Ҳаял пулды сумкасына салып, шығып баратырып гүңкилдеди.

— Бәриниң аўзы бир, түўе…

Ол тоңқылдысын формадағы жигит еситип қойды ма дегендей, артына жалтақ-жалтақ қарап, аламанға араласып, көзден ғайып бол-ды.

Күйеўи оны босағада күтип тур еди.

— Неғылдың? — деди ҳаялы жақынлаўдан.

— Не қылатуғын едим, бежердим! Мә, ал!

Ол алты пашка мыңлықты күйеўиниң алақанына салды да, сум-касынан желпиўишин алып, мәрдана желпинип қойды.

*05.11.2016-ж.*

## ЕТИК МАЙ

Ҳаялдың күтимине үйренип қалған еркек, бесикке бөленетуғын баладай болады екен.

Сол «бесик баласы»ның бири өзиммен.

Ҳаял мени жигирма жыл барпазлады. Жумысқа кетерде өзи кийиндирип, босағадан шығарып салады. Келсем кийимлеримди үстимнен шешип алып, орынлы орнына қояды. Қулласы, ол мени туфлийимниң баўын байлаўға да еңкейтпейтуғын еди.

Күтилмегенде усы хызмет үзилиске түсти. Ҳаял кеселленип, емлеўханаға жатты.

— Енди сени ким кийиндирип, ким барпазлайды?! — деди, ол уўайымлап.

— Оның не машақаты бар, өзим кийинемен, өзимди-өзим барпазлайман.

— Қайдан билейин-аў…

— Не, қайдан билейини бар?!

— Еркек адам баладай болады, олпы-солпы кийинип, мени уятқа қалдырмасаң болар еди!

— Пай, жүдә! Саған керек уят маған керек емес пе?! Ертең қарап тур, тап сениң барпазлағаныңнан он есе зыят кийинбесем…

Сөзимниң үстинен шығыўым ушын жумыстан келиўден талабым кийим таңлаў болды. Ана көйлекти көрдим, унамады, мына костюмды таңладым жақпады. Ақыры, еле ийниме сұқпай қойған мойылдай қара костюм-шалбарым бар еди, соны пакеттен алдым. Көйлектиң де тазасын аштым. Соң олардың қасына төрт түрли галстукти қатар жайып қойдым. Қайсысы мас түсер екен?

— Қызыл галстукти таққаның мақул шығар, — деди, балам.

— Дурыс айтасаң, қызыл галстукти тағаман.

Туфлийим жылтырап-ақ, тур еди, бул қурақым болған соң ҳаял гәп таўып жүрмесин деп кремди ағызып-ағызып жиберип майладым. Қара костюм, ақ көйлек, қызыл галстук, қара туфлий! Айнаға қарап едим, суқсырдай жигит болыппан! Өзиме өзимниң ҳәўесим келип кетти. Қәне, енди ҳаял кийиниўимнен қандай кемис табар екен? «Еркек адам баладай болармыш!»

Ырасында да ол қарап көзине исенбеди.

— Өзиңбисең? — деди жүзи жайнап.

— Көрип турғаныңдай-өзиммен!

— Көз тиймесин! Берман жақынла, бир түпирип қояйын.

Хошаметтен баладай еркеленип, қасына жақын бардым.

— Қойып тур — қойып тур, — деди, бир ўақта еки қасының арасы жыйырылып. — Үстиңнен бир нәрсениң ийиси шыға ма?

— Нениң ийиси?

— Етик майдың ийисине усайды.

— Туфлийимди жаңа майлап шықтым дә!

Ол мениң сөзиме итибар берместен, тула бедениме мурнын тутып ийискелей баслады. Бир ўақлары костюмымның оң қалтасына қолын урды.

— Мынаў не?!

Қарасам... туфлийимди майлап болып щетканы қалтама салған екенмен.

*12.11.2016-ж.*

## ЖАЎШЫЛАР

— Ағасы, үйге мийманлар келген екен...

— Ким? — деди диванда буйығып жатырған қарынлы, жасы алпыслардан өтип қалған үй ийеси.

— Қызыңа келген жаўшылар қусайды.

— Жаўшы?! — Хожейин орнынан тикейип отырды. — Қаяқтан келипти? Қандай адамлар?

—Жақын районлардың биринен болса керек. Жаман емес, сөзи дүзиў адамлар көринеди.

Хожейин костюмының жеңиниң бир қолын кийип, ҳаялының изинен мийманханаға бетледи.

Жаўшылар қырық бес-елиў жаслардағы еки киси еди. Хожейин олар менен шеп қолда сәлемлести. Мийманлар оның оң аяғын сылтып басып киятырғанын есиктен киргенде-ақ абайлаған еди. «Оң тәрептен жығылған екен-аў» деп қойды ишлеринен.

Қыз сорап келген тәреп айып ислеген адамдай тартыншақ болады.

— Ақсақал, айып етпейсиз, — деди, жасы үлкени бираздан соң гәп баслап. — Ул ержетсе келин излеў, қыз бойжетсе күйеў таңлаў ата-ананың парызы. Бизиң баламыз сизиң қызыңыз бенен кеўил табысқан екен. Соған алдыңыздан өтейик деп келдик.

— Жүдә, мақул, — деди хожейин. — Қайсы аўылдан келдиңиз?

— Тоғызыншы аўылдан.

— Болады, болады. Онша узақ емес екен-ғо. Енди мениң кеўлиме түйип жүрген бир ойым бар еди, қызым төрт улдың ортасындағы бир қыз. Соның ушын көрпе-төсеги менен, үй дәскеси менен, қулласы, себи менен узатып бермекшимен. Буны қалай көресиз?

— Бизге де сонысы мақул, ата-бабаның дәстүри… Той күнин қашанға белгилеймиз?

— Оны өзиңиздиң таярлығыңыз биледи.

— Ағасы, күйеў баламыз қаяқта ислейди екен, оны сорамадыңыз-ғо, — деди, хаялы қонақларға да қулақ қағыс еткендей еситтириңкиреп.

— Әй, оның не әҳмийети бар? — деди хожейин елестирмей. — Бала-баланы қәлесе кәсибинде турған гәп жоқ.

— Сонда да…

— Қудағайдың айтқаны да дурыс, — деди, жаўшылар. — Биз қыздың ата-тегин, кәспи-кәрин сорастырып болып келип отырмыз. Бизиң баламыз да оқыған, жоқары мағлыўматлы, районлық қазнашылық кеңсесинде бөлим баслық.

Ҳаял бирден шоршынып кетти. Жалт етип хожейинге қарады. Хожейинининиң реңи ағарып, көзлери бир жерге қадалып қалды. Ҳаял стол үстиндеги сүлгини алып бетин желпиў менен болды. Жаўшылар да тик аяққа турды. Бирақ, не ислерин билмей, аңырайысып турар еди.

Әллен ўақытлары хожейинниң жүзине қан жуўырды.

— Ш…ш…шығың! — деди, бир ўақта саў қолы менен есикти көрсетип.

— Ҳаў, ақсақал, биз…

— Шық дегеннен кейин шығағойсаңыз-ғо, — деди хаял шырпынып. — Енди ол жумысыңыз питпейди. Хожейинди усы аўҳалға түсирген сол қазнадағы баллар. Болмаса әп-әнедей, гүрлеп турған бир мәкемениң баслығы еди.

Жаўшылар столдың аяқ бетине барып бир иркилди, есикке барып бир иркилди, ақыры шығып кетиўден басқа илажы қалмады.

Қазна менен ислесип көрмегенликтен, олар буған ҳайран еди.

*27.10.2016-ж.*

## ТӘРБИЯ САБАҒЫ

Бир мерекеде ата-ананың ҳүрмети ҳаққында гәп қозғалды. Гейде ата-ана қәдирин билмейтуғын перзентлер себепли олардың кеўли қабаратуғынлығы айтылды. Усы жерде мен де шыдап тура алмадым. Өзим менен кәсиплес, бир бөлмеде отыратуғын бир хызметкердиң «әкеме өйдедим, әкеме бүйдедим» деп, туўған әкесин

қустаны қылып отыратуғынын, оған қанша мәрте «буның надурыс» десем де жуўмақ шығармайтуғынын айтып өтиўге мәжбүр болдым.

— Ол айтқан балаң ўәсият тыңлаўдан өтискен, — деди отырған жасы үлкенлердиң бири. — Оған хәр жақтан тымсаллап, керек болса ата-ананың ҳүрмети ҳаққында рәўиятлар айтып берип тәрбия сабағын өтесең. Әне, сонда ол барып-барып өзиниң қәтесин түсинеди.

Жасы үлкенлердиң тәжирийбесине әмел қылып, ҳәр муқамнан тымсал келтирип көрдим. Кәсиплесим түсинбеди.

Қыс болды. Жерге қалың қар жаўды. «Енди буған рәўият айтып көрейин, бәлким соны түсинер» деп ойладым ишимнен.

— Ертеде тап усындай күнлери буннан да қалың қар жаўыпты, — дедим көсиплесимди өзиме қаратып. — Қардың қалыңлығы соншелли, тереклердиң шақалары майысып, жерге тийип қалыпты. Тамбасында болса бир метрдей қар жыйналыпты.

Бир ғарры азанда сыртқа шығып, қалың қарды көрип баласын қасына шақырыпты.

— Балам, мына қар қысы менен жататуғынға усап тур. Тезирек тамның басын артып тасла, — депти.

— Болады, аға, — депти бала.

Бала түске дейин малқораның қарын тазалапты, малларға от салыпты, суў берипти, лекин, тамның басындағы қарды артпапты.

Түс ўақтында ғарры және бағанағы гәпти тәкирарлапты.

— Болады, аға, — депти бала. Лекин, түстен кейин де қарды артпапты.

— Саған бир емес, еки мәрте айттым, — депти ғарры кеште ашыўланып. — Неге тамбасындағы қарды артпадың?!

— Аға, мен артпайын дегеним жоқ, лекин, сиз иште отырсыз, сиз әкем болсаңыз, арзымаған қар деп қалай сизиң төбеңизге шығаман, депти бала.

Кәсиплесим усы жерде жамбасына бир урып, орнынан турып кетти.

Қуўанып кеттим оның гәпке түсингенине.

— Екеўи де ақмақ екен! — деди ол бирақ.

— Ҳе, неге? — дедим мен.

— Қыста қар жаўатуғынын биледи. Жазы менен шифрлатып таслaмай ма?!

Солай етип, мениң тәрбия сабағым және босқа кетти.

*17.10.2016-ж.*

## ҚАҢҒЫМАЙ ҚОРАЗ

*(Рустем Умматовтан)*

Қундыз түни менен толғанып шықты, жамбасы жер ийискемеди.

— Мен қатын емеспен бе?! — деди бажылдап. — Я қатыншылыққа жарамай қалдым ба? Қашанға дейин ҳадал төсегимди былғайды?

Ол қолындағы оқлаў менен терезени урып, айна көзлерди шилпәрше етти. Усы ўақта кирип келген Турсынбай көзи қанға толған ҳаялының қолына асылды.

— Дениң саў ма, уят болады-ғо.

— Уят?! — Қундыздың даўысы бурынғыдан еки-үш пердеге жоқарылады. — Сен еле уятты да билесең бе?!

— Жинли болдың ба, берекет тапқыр? Келиниң еситсе…

— Еситсин? Бир еситип қойсын, — ол даўысының барынша бажылдады. — Ҳәй, қызым.

— Ләббай, ене!

Турсынбай әбден бир қысым болды. Қундыз келинди шақырыўға шақырды да, келген соң гәп таба алмай тордың ишиндеги қоразға көзи түсти.

— Ана жер жутқырды услап әкел.

Таң атпай басланған шаўқымнан шоршып, еле шақырып та үлгермеген қораз байғус, қанына тойып турған қатынның қолында пытырлады.

— Қораз деген барып турған қаңғымай мақлуқ болады, — деп, күйеўине жинкөзленип қарап алған ҳаял келинине түсиндире баслады. — Қайшыны-әм әкелип бер, берекет тап. Егер қоразым қаңғырып кетпесин десең жер жутқырдың қуйрығы менен қанатын кесип қоясаң. Түсиндиң бе, қызым?

Бундай қаңғымай қораз саўдасы еле басына түсип көрмеген келин байғустың аңы ушып кеткен еди. Ол гә қәйиненесине, гә қәйинатасына жалтақ-жалтақ қарап бас ийзеди.

— Әжеп болады, ене!

Өткир қайшы шарт-шарт етти де, жаңа ғана таўыстай таўланып турған қоразды жупыны бир мақлуққа айландырды. Оған реҳими келген Турсынбай қоразды қолына алмақшы болып еди, бата алмады. «Өй, бийшара, өй бийшара» дей берди нәйлаж.

Бәрибир қораздың бул турысы да Қундыздың хәўирин баса алмады.

— Күйеўиңе айт, — деди, қәйинене келинине буйырып. — Дәрриў сойып тасласын. Жақсылап тазалаң. Түсликке сорпа қыламыз. Қалған жағын қазанда қаңғырады.

Турсынбай ҳаялына муңайып қарады.

— Ҳе, неге мөлересең? — Ҳаялы оған беттер зәҳәрин жайды. — Кеселден турғандай, ҳал-димардан қалыпсаң-ғо. Бар, ана төсегиңе кирип жатып ал.

— Бир аўыз меннен-әм гәп есит!

— Несин еситемен? Дәлилди қашан тоқып қойғансаң-ғо. Тилиңәм таңлайыңа жабысып қалмайды екен, мудам баҳана, мудам жалған.

— Егер жалған айтқан болсам.

— Енди ант ишиўге қарадың ба? — Таўық тазалап атырған келинине бир қарап алды да, ҳаял жер тоқпақлай баслады. — Илайым, ант урғай сени, ант урғай!

— Ақыры, Қулмураттың үйине мийман келип…

— Қәне, кеттик,-деди ҳаял оқлаўды қаттырақ қысымлап.

— Қаяққа?

— Қулмураттыкине! Алдыма түс, бол!

— Қундыз бул гәпти сондай қәҳәр менен айтты, егер Турсынбайдың орнында Афлатун болғанда да геўишиниң сирисинен басып жорғалаў менен болар еди.

— Хожейин Самарқандқа кетип еди, — деди оларды босағада күле шырай менен қарсы алған Қулмураттың ҳаялы.

— Ақыры, кеше кеште бирге отырып едик-ғо, — деди, урқанаты ушқан Турсынбай.

— Ярым ақшамда қоңыраў болып қалды.

— Тоқта! — Қундыз бир адым алға өтип Қулмураттың ҳаялының шашына пәнже салыўға қайымласты. — Күйеўиңиз жоқ болса, Турсынбайды неге түни менен алып қалдыңыз?

Қулмураттың ҳаялы ашыўдан дирилдеп кетти. Ҳәзир ғана күлип турған көзлерине жас көлегейледи. Соң бир аўыз үндеместен дәрўазаны тарс еттирип жапты да бәләәтлеп кетти.

— Қудайдан тапқайсаң! Азан менен ҳақ адамға жала жаўып. Сениң байың мениң не жарама ем еди?

— Болар ис болды, шайтанға ҳай бер, — деп ҳаялына жалына баслаған Турсынбай басына дөнип киятырған оқлаўды көрип тура қашты.

— Ўай-ўай, — деп, жолдан өтип баратырған бийтаныс биреў оннан шоршынып кетти.

Жан айбатта қашып баратырған жигит пенен оқлаў көтерген ҳаял көшеде оқтай атылып барар еди.

## МАЛДАС

*(Рустем Умматовтан)*

Көптен бери өз теңин таба алмай жүрген Қошқар ата «жас ҳаял еркекти жасартады» дегенди еситип қалды. Сол-сол екен, бақшаның баслығы болып ислейтуғын қыпша белге кеўли кетти.

— Бир аўыз қулақ-қағыс етип көр, — деди инисине. — Ҳәўлиниң ярымын атына өткерип беремен.

Қыз Қошқар атаның ортаншы қызы менен бирге оқыған еди.

— Мейли, — деди ол жаўшыны наүмит қылмай. — Бирақ, бир шәртим бар, ағаңыз малдас қурынған орнынан қолын таянбай түргеп кетсин, болғаны.

— Ақыры, ол адам…

— Гәп сол! Қашан, қәйерде, маған айтсаңыз, мен тасарақ жерден бақлап тураман. Шәртимди орынласа классласыма ана болғаным болсын.

Қошқар ата шынығыўды баслады. Кемпири сырып берген гөнетоз көрпешени төсеп мың мәрте малдас қурды, мың мәрте домалап түсти. Сүйеклери сырқырап, бели қақсады. Кешқурын кирип келген иниси соңғы мәрте аўнап түскенин көрип, ишек-силеси қатып қалды.

— Күлме, — деди ғайбана «ашық» — Еле көресең!

Күнлер зымырап өтип атыр, шынығыўдан нәтийже жоқ. Бир айдан кейин жаўшы енди буны қыстастырды.

— Сынақтан өтиўге барамыз ба, жоқ па?

Қошқар ата салпаўсыды.

— Әй, келиспей атыр, иним. Шәртин орынлай алмаспан-аў…

— Ҳа-аў…

— Бел тамам болған екен. — арры мойнына алды. — Қартайғанда елге күлки болмайын, өзим теңи кемпир-семпир болса қарастырағо…

# ЕРКЕКЛЕР ҲӘМ ҲАЯЛЛАР

## ҲАЯЛЛАР

Ҳаял гүлге уқсайды. Еркек нәзер аўдарған сайын жадырап ашыла береди.

Ҳаял кирпитикенге уқсайды. Жақтырмаған адамына тикенлерин ҳәррийтип алады.

Ҳаял илимий китапқа уқсайды, өмир бойы оқысаң да үйренип болмайсаң.

* * *

Ҳаял яратқаннан күндестиң пайда болмаўын (жасырын болса да), абысынына иси түспеўин, қәйин енесиниң тезирек қартайыўын тилеп, ишинен аўмийин етеди.

## ҲАЯЛЛАР СӨЙЛЕСКЕНДЕ

— Он жети орынлық «Газел»ге қырық сегиз адам сыя ма?

— Сыяды, қуда шақырық болса!

— Ҳе-е, онда дурысын айтқан екен-аў, мен өжетлесип жүрмен…

* * *

— Уялы телефонның үстинен арыз етежақпан.

— Кимге?

— Баслығына.

— Ҳе?

— Ҳаў, сөйлесип атырсаң өшип қала береди, өшип қала береди. Абысын менен бир саат сөйлескенниң өзинде үш рет өшти.

— Жаз! Мен-әм қол қояман!

* * *

— Жылтыр, қымбат көйлеклерди басқа еллерде тек сахнаға кийеди екен-ғо.

— Олардың абысыны жоқ тә!

* * *

— Қоңсы қатын менен урысып қалдым, ләген төккенниң үстинде?

— Жулдың ба?

— Яқ. Бирақ аўзыма келгенин қайтармадым.

— И-ий, жулсаң болады-ғо!

— Жақында гилем жуўаман. Сонда сөйлеп көрсин, жулмақ түўе пыт-шытын шығараман!

## УРЫСҚАНДА

— Адамлар мени бийҳая дейтуғын қусайды, сыртымнан. Мен сирә киси менен урысып билмеймен.

— Оның несин жасырасаң, бетиңе шығып тур-ғо!

— Неғылдедиң?! Ҳә, жәҳәнди қуртқан саллақы сениң! Зуҳра-а! Қаяқтасаң, жер жутқыр! Маған ана пол жуўғыш таяқты әкелип бер!

## КҮЙЕЎИН МАҚТАҒАНДА

— Бизиң үйдеги со-ондай дуўпияз, көйлегиниң жағасы пышақтың қырындай болмаса киймейди. Туфлийин ақ орамал менен сыпырып көреди. Айнымаған мениң өзим!

— Бизиң киси қазан-табақтың пири! Писирген тамағын жеп тоймайсаң! Мени асхана бетке жақынлатпайды — жүзиңе аўқаттың пуўы урады дейди.

— Бизиң шабаз бала бакқанда алдына адам салмайды! Әйтеўир өзим жети бала туўып, биреўин түнде турып тосып көргеним жоқ. Өзи тосады, өзи уйқылатады. Ағам менен екеўиниң топырағы бир жерден алынған.

## КҮЙЕЎИН ЖАМАНЛАҒАНДА

— Усы қудайдан тапқырға тийгели етим кетип сүйегиме тақалды. Күнде ишип келеди. Есиктен дүзиў кирип келген күни жоқ. Арақ заўытқа от берип жиберер едим, қәйерде екенин билеғойсам!

— Бизиң собылықтың жети жини мениң төркиним. Үйбеттен келип бир туўысқаным нан аўыз тийсе жети күн урыс шығарады.

— «Сен симилтирге қатын болып отырған мен. Болмаса еки дизеңди қушақлап тақ өтесең» десем үндемейди. Биледи өзиниң шамасын!

## ҲАЯЛ МЕНЕН ҚАЛАЙ ОҢЫСЫЎҒА БОЛАДЫ?

Ол қызып кеткен ўақытта сен пәсиңе қайтасаң.
Абысынларын жаманлап атырғанда қосылып жаманлайсаң.
Төркин бетинде шақырық болса мол-молақай жазыласаң.
Изиңе адам ертип келе бермейсең.
Айлығыңнан пыстырмалап қалмайсаң.

## ЕРКЕКЛЕР

— Еркеклер кимге усайды?
— Түйетаўықтың шөжесине.
— Неге?
— Жығылса өзи тура алмайды.

* * *

— Еркек қудайдан кейин кимнен қорқады?
— Ҳаялынан.

* * *

— Еркекке жағымсыз нәрсе не?
— Қәйин журттағы шақырық.

* * *

— Еркек қай ўақта қуўанады?
— Аяқ астынан отырыспа табылса.
— Қай ўақта қапа болады?
— Тост түўесилип қалса.

* * *

— Еркектиң ўәдеси қандай?
— Бир майданлық.

— Неге?
— Азанда сөз берип, түстен кейин бузып қояды.

* * *

— Еркек өсек қуўалай ма?
— Қуўалайды. Лекин, ҳаялларға жете алмайды.

* * *

— Еркек баласына қәйтип айбат шегеди?
— «Апаңа айтып беремен» деп.

## ЕРКЕКТИ ХОШАМЕТЛЕЙТУҒЫН МАҚАЛЛАР

Есерсоқ болмай ер болмас.
Еркек тананың басы артық.
Төбелесте тентек жеңеди.
Бақыраўық түйениң бары жақсы.
Бай ғайратлы болса қатын уятлы болады.

## ҲАЯЛҒА ҒӘРЕЗЛИ ҚЫЛЫП ҚОЙҒАН МАҚАЛЛАР

Еркектиң атын қатын шығарады.
Еркекти ер ететуғын да қатын, жер ететуғын да қатын.
Ат айланып қазығын (ҳаялын) табады.
Ҳаял аўзыңа шөп өлшеп алады.
Балаң жақсы болғанша, келиниң мусылман болсын.

## ЕРКЕК ПЕНЕН ҚАЛАЙ ОҢЫСЫЎҒА БОЛАДЫ?

Атқан адымын қадағалап барасаң.

«Саған тийемен деп бахтым ашылмады» деген гәпти тез-тез есине салып турасаң.

Ишип келген күни тамыңа кирип жатып қаласаң, шайын өзи демлеп ишсе ишкени, ишпесе аш жатады.

Кеңсесине барып қолына тийетуғын айлығын билип аласаң.

Қазан-табақтан басқа үй жумысларын мойнына қоясаң.

Урысса «жайды атыма өткерип аламан, қаңғырып далада қаласаң» дейсең. Юрист танысларың болса буяғын да ойласып қоясаң.

## БИЗИҢ ҮЙДЕГИ СЫЛБЫР

Сәпиўраның күндеги әңгимеси «бизиң үйдеги сылбыр»дан басланады. Бисмилласы сол. Ҳаяллар оны тыңлап, я күйинип айтып атырғанын, я сүйинип айтып атырғанын түсинбейди.

— Маңлайыма аямай-ашымай усы сылбырды жазған-ғо. Өзлигинен иш кийимин сатып алып кийе алмайды. Баладай, мен әперсем кийеди, әпермесем жалаңпут жүриўге қайыл.

— Қойшы, қапылтпай!

— Ҳаў, аўа деймен! Басына телпек кийген менен бәри еркек бола бермейди екен-ғо...

— Азанда базардан сойыслық әкелдим. Әке-шешеме қуран шығартайын деп нийет етип едим. Келсем, бизиң үйдеги сылбыр еле уйқылап атыр.

— Өзин неге жибермедиң базарға!

— Ҳаў, көк түйнек сатып ала алмайтуғын сылбырға, сойыслықты исенип бола ма? Еркек сүмек қыстырғанның бәри еркек бола бермейди екен-ғо...

— Кеше ийис шығарайын деп қарасам, үйде бир шылым ун қалмапты. Үйдеги сылбырды жиберсем, дүкан ашық емес деп келип тур.

— Күйип кеткен шығарсаң?

— Күймек түўе парт болдым! Үйден жөтелип кирип-шыққан менен еркек бола бермейди екен-ғо...

Бир күни ол ҳаяллардың бирине жылап қоңыраў етти.

— Бизиң үйдеги сылбыр.. ҳи-ҳи...

— Ҳе, не болды сылбырыңа?

— Биреў менен жүреди екен.

*21.07.2017-ж.*

## МҮСӘПИР

Жигит иштен руўхы түсиңкиреп, анығырағы, албыраңқырап шықты. Қатар текшелерден тез-тез жүрип түсти де машинаға келди. Есикке енди қол соза бергени, төрт қапы бирден шырт етип жа-

былды. Ол дөгерекке алаңлап, есикти пульт пенен басқарып турған шофёрды изледи. Көринбеди.

Ол министрдиң орынбасарына қоңыраў етти.

— Кеширерсиз, машина бос емес, — деди орынбасар. — Ҳәзир мектептен балларды алып қайтыўы керек.

Қараса, қасында бас есапшының «Ковальт»и тур. Дәрҳал қоңыраў етти. Телефон сол заматы келте гудок берди. Және қайталады, және сондай. Демек «жағымсыз қоңыраў» дизимине қосып тасланған.

Бир мәҳәл иштен бөлим баслық шықты. Машинасына отырды. Ол солай қарай жүрди. Лекин, бөлим баслық оны абайламады ма, бурылды да үлкен жолға түсип кетти.

— Перуза, такси компанияларының номерлерин билесең бе, такси шақырып жибер, — деди, текшеден сумкасын қолында ойнатып киятырған хаткер қызды көрип.

— Телефонымның пулы таўсылып қалды, — деп қыз өз жөнине кетти.

Жигит найлаж үлкен жолға шықты. Өткен машиналарға қол көтере баслады. Лекин, ҳеш бир машина тоқтамас, оның тусына келгенде қасақана ислегендей, ысқыртып өтип кетер еди.

Жигит бир заманда мүсәпир болды да қалды. Ол буннан ярым саат бурын министр еди.

*05.07.2017-ж.*

## ҚЫЗ ТАҢЛАЎ

— Аллаярдың қызы қалай болар екен? — деди ғарры кемпирине, генжетайына қыз қолайлап.

— Әй, — деди кемпир жақтырмай. — Гөнебетлеў. Нашар деген ең болмаса жас гезинде жанып турмағансоң.

Ғарры ойланып қалды.

— Алийдиң қызы..?

— Айсара ма?

— Ҳим?

— Секеңлеп турған биреў-ғо, уят жоқ, ийбе жоқ.

— Өзиң айт онда, басқа кимниң қызы бар биз билетуғын? Я өзине салып қояйық па?

— Өзине салсаң бети жылтыраған биреўди әкеледи де қояды, ата билмесек, ене билмесек.

Олар бармақ бүгип жетер жердеги тамыр-танысларының қызларын бирме-бир «електен» өткерди, лекин, бәри «кепек» бола берди, мағызы бары шықпады.

— Усы заманда дурыслы нашардың өзи қалмаған, — деди кемпир гүрсинип. — Балам бийшара сөйтип жүрип дус келген бир шүйке басқа тап болады дә!

Ғарры отырып-отырып, мырс-мырс күлди.

— Ҳе, неге күлесең? — деди кемпир қабақ шытып. — Я қәте ме мениң айтып отырғаным?

— Дурыс-ғо, — деди ғарры муртынан күлиўинше. — Анам бийшара есиме түсип кетти. Маған қыз таңлағанда да әкеме сөйдеп атырғанын еситип едим.

*30.06.2017-ж.*

## ҚОРҚЫНЫШ

— Қурдас, өзиң келип бизиң ҳаялды ақылландырмасаң, ҳеш айтқанды тыңламайды, — деди жигит жорасының ҳаялына телефоннан шағынып. — Ҳәмлени алдырып таслайман дейбереди. Бес емес, он емес, жалғыз ғана перзентимиз бар өзи.

— Сен руқсат қылма! — деди қурдасы.

— Қулақ аспайды. «Мени аңлып отырсаң ба, сен жумысқа кеткенде алдырып таслайман» дейди.

— Яқшы, соңырақ барып сөйлесемен ол қатын менен.

Түсте келсе қурдасы менен усы темада сөйлесип отырғанының үстинен шықты.

— Яқ, қой, басымды аўыртпа! — деп атыр ҳаял сәддердей қағып. — Алдырып таслайман!

— Ҳаў, неге алдырасаң, қатын? Ул туўсаң балаңа қосшы болады, қыз туўсаң қыдырып барар жериң.

— Қорқаман! Түсинесең бе, қорқаман!

— Қойшы! Несине қорқасаң? Толғақтан өлип атырған қатын бар ма?!

— Толғақтан қорқып атырғаным жоқ.

— Енди не?

— Әкесине усап қалама деймен.

— Неси бар усаса!

— Дым аўмасаң-әй, сен қатын! Жақсы ма усаса?! Ақыры, көрмесек екен, ол бесинши қабатта турады, биз үшинши… Бир подьездден кирип шығамыз.

Жигит босағада буннан узақ күтип тура алмады. Ишке кирди де, өзине дәрек нәрселерди алып, үйди тәрк етти.

*30.06.2017-ж.*

## АТА ҲӘМ БАЛА

— Балам, базарға барғандай болсаң, маған еки зағара менен бир кеса ийжан әкелип бер, — деди ғарры баласына.

Ол көптен бери наўқаслы, бирақ, кеўли сергек еди.

Бала ўәде берди. Ғарры сол күни баласы келгенше көз илиндирмеди.

— Бүгин базарға бара алмадым, — деп бала түн ярымында келди де, өз бөлмесине кирип кетти.

Бул аўҳал ертең де, арғы күни де, бир ҳәптеден кейин де тәкирарланды. Ҳәр сапар бала атасына базарға бара алмағанын ат үсти айтып, өтип кетер еди.

— Балам, бүгин базарға барсаң баяғы гәпим есиңнен шықпасын, — деди ата тағы бирде. Баяғыдан кейин арадан еки ҳәпте өтти ме, бир ай өтти ме, ғарры есаптан алжасқан еди.

— Бағана базарға барып едим, — деди бала сол күни кеште келип. — Базарда зағара менен ийжан сатқанларды милийса қуўып атыр екен, саттырмады.

— Туўры ойлапсаң балам, — деди ата ҳәлсиз қоллары менен сақалын тарамыслап. — Бир ўақытлары мен де сени барлық ойыншық дүканларды милийса жаптырып атырғанын айтып, алдастырып едим.

*31.03.2017-ж.*

## САЎАЛ ҲӘМ ЖУЎАП

Белгили бир жазыўшы китап оқыўшылар менен ушырасыў өткерип атыр еди. Жазыўшыға саўаллар ҳәм аўызша, ҳәм жазба түрде берилип турды. Ол жазба түрде келген саўалларды әдеп оқып еситтирип, кейин жуўап берер еди. Бир мәҳәл ол нәўбеттеги саўалды оқыды.

— Сизиң екинши ҳаялыңыз бар дейди, сол рас па? Зал дүр-р етип бир күлисти де, кейин тым-тырыс қалды… Олар демлерин ишине жутып, жазыўшының не деп жуўап бериўин күтти.

— Саўал берген қыз, мүмкин болса тикейип бой көрсетесиз бе? — деди жазыўшы.

Бирден адамларда жанланыў пайда болды. Алдында отырғанлар артына қайрылып қарады, арттағылар болса жан-жаққа көз жуўыртып, кимниңдүр тикейип, бой көрсетиўин күтти. Ҳеш ким сылт етпеди.

— Күтип турман, — деди жазыўшы.

Ортарақтан кимдур саўал таслады.

— Бой көрсетсе ырасын айтасыз ба?

— Ырасымды айтаман! — деди жазыўшы исенимли түрде.

Азырақтан кейин ортаға таман, оң тәрепте отырғанлардан бир жас келиншек тикейди. Ҳәмmениң дыққаты соған аўды.

— Турмысқа шыққанбысыз? — деди жазыўшы оған.

— Аўа, — деп жуўап берди келиншек.

— Сизиң екинши күйеўиңиз бар ма?

Отырғанлар дуў күлди.

— Қудай сақласын! — деп келиншек ашыўланып, шарта орнына отырды.

— Әне, бул жуўабыңызды мениң жуўабым орнына да қабыл етиң.

Адамлар қол шаппатлап жиберди. Жазыўшы нәўбеттеги саўалға өтти.

*10.03.2017-ж.*

## ӘРМАН

Ол жақты дүньяны бир көрди, лекин, мийинде сәўлелендирип қалыўға үлгермеди.

## ҲӘР ЗАМАНҒА, БИР ЗАМАН

Қыз он алты жасында гүлмыйықлы арбада узатылды. Сексен жасында ғаррысы менен лимузинде айланды.

## ӨМИР

Ол биринши мәрте көзин ашқанда кимниңдур қолында жылтырап жанған шүтик шыраны көрди. Ақырғы мәрте көз жумғанда болса төбесинде әлўан түске дөнип турған алтын жалатылған люстраға қарап күлимсирегенше жан берди.

*13.01.2017-ж.*

## ЗАЎАЛ

Адам күнделикли шынығыў бөлмесинде азанғы дене шынықтырыў менен шуғылланып атыр еди. Есикти ашпастан, көзлери шоқтай жанып Әзирейли кирип келди.

— Мен сениң жаныңды алыўға келдим, — деди Адамға.

— Берсем аласаң дә! — деди Адам қырсығып.

— Бермеске ҳаққың жоқ!

— Қалай беремен? Мениң еле тәним тозған жоқ. Он бес жасымнан баслап спорт пенен шуғылланаман. Елиў жасымнан бери диетадаман. Сиз мениңше алжасып кирип қалдыңыз. Анық жан алыў шәрт болса қоңсы кемпирге бар, тоқсаннан асып отыр.

— Бардым.

— Хош? Алдың ба жанын?

— Яқ. Оның Қудайдан шаўлығының тойын көрип кеткенше өмир бериўин тилеп отырғанын еситип қалдым.

— Мен ҳеш кимнен тиленбеймен, — деди Адам. — Өзимниң ден саўлығыма, күш-қуўатыма исенемен. Бәлким, қырқ-елиў жылдан кейин айланарсаң.

— Жүдә узаққа силтеп жибермедиң бе?

— Көнсең сол!

Ол усыны айтты да, Әзирейлиге өзин көрсетип қойыў ушын қолындағы гантеллерди қапталға атып урып, он алты килолық гир тасты алды. Оны бир қолынан бир қолына өткерип, аспанға ылақтырып ойнай баслады.

Әзирейли таңланбады. Адам енди оны қоя берип, отыз еки килограммлық гирди алды. Оны еки қоллап төбесинен зыят ылақтырып, түсип киятырғанда қақшып алды. Соң және ылақтырды, және қақшып алды. Соң тағы…

Әзирейли өткир нәзерин Адамға ҳәм оның қолындағы гир тасқа қадады. Сырт көзге олар қып-қызыл шоққа айланып кеткендей еди. Бирақ, оны Адамның өзи сезбеди. Усы ўақытлары оның аяқлары шалынысып кетип, шалқасына жығылды. Ҳаўадағы гир тас айланып-айланып келип жүрек аўзына дүрс етти.

Адамның аўзынан жәп-жасыл жалын бурқ етти де, соң тымтырыс болды. Әзирейли оның жанын алып, шығып кеткен еди.

*02.01.2017-ж.*

## БӨТЕКЕ

Кеңседе еки ҳаял сөйлесип отырар еди — биреўи орта жасларға барған кейўаны ҳаял, екиншиси жас келиншек.

— Бизиң қоңсы кеше Ҳиндстаннан келди, — деди орта жастағысы.

— Қыдырып қайтты ма? — деп сорады жас келиншек.

— Яқ. Ол әдеп бир бөтекесин алдырып еди. Кейин екинши бөтекеси де шикасланған. Ҳиндстанға барып, бес мың долларға биреўдиң бөтекесин сатып алып, салдырып қайтты.

— Бир бөтеке бес мың доллар ма?! — деди жас келиншек көзлери уясынан шыға жазлап.

— Аўа дә! Адамның мүшеси-ғо, ол ақыры!

Келиншек кешке дейин зорға шыдады.

— Мен аяқ астынан бес мың доллар табатуғын болдым, — деди есиктен кире сала күйеўине.

Диванда газета оқып отырған күйеўи аңырайып қалды.

— Қалайынша?

— Бир бөтеке бес мың доллар турады екен. Менде болса үш бөтеке бар. Докторлар маған донор болыўың мүмкин деди баяғыда, Биреўин сатаман. Бирақ, ҳәммесине өзим кийинемен.

— Маған жүз доллар…

— Я-яқ, — деди ҳаял күйеўине гәпиниң изин айттырмай. — Өзим қымбат-қымбат кийимлерден аламан.

Ол усыны айтты да шай қойыў ушын шешинбестен асханаға кирип кетти ҳәм изинше қайтып шықты.

— Айтпақшы, оны кимге сатаман?

— Қәйдем, — деди күйеўи пәрўайы-пәлек.

— Яқшы, жүз доллар беремен, сен сорастыр, кимге бөтеке керек екен?

— Болады. Азанда шәңгекке кирип өтермен.

*31.12.2016-ж.*

## ЖУБАНЫШ

Айсулыў енди ғана он бес жасқа толып атыр еди. Туўылған күнине бир ҳәпте қалғанда тосаттан анасы қайтыс болды. Анасы оған арнап көйлек тиктирип, сол күни кийесең деп алып қойып еди. Қыз күтилмеген қайғыны көтере алмады. Анасы кийдире алмаған саўғаны баўырына басып, егил-тегил жылай берди. Ҳеш кимниң тәселлеси оны жубата алмады. Кейнинде пүткиллей даўысы шықпай қалды. Соң ҳуўшынан кетти.

Докторлар оны қайта ҳуўшына келтирди. Бийҳуўш жатқанда тамағы азғана дем алған екен. Қайтадан… қайтадан ҳәўиж алып жылай берди ол. Усылайынша бир ҳәпте жылады. Бир ай жылады. Анасының биринши садақасы күни және баяғы аўҳал тәкирарланды. Ҳуўшынан кетти. Докторлар ҳуўшына келтирди.

Анасыз өткен күнлерине қыздың көнлигиўи қыйын кешти. Оның кийимлерин қолына алып, услап тутқан буйымларын көрип, көзиниң жасын жумбай-жумбай төгер еди.

Күнлердиң биринде оған және бир хабар жетип келди. Қәдирдан досты Жумагүлдиң де анасы қайтыс болыпты.

— Үҳ-ҳ! — деди ол көкирегин толтырып, тереӊ дем алып. — Белиме белбеў буўғандай болды-ғо!

Сол күннен баслап ол көз жасын тыйды. Енди ол жалғыз емес еди!

*31.12.2016-ж.*

## КЕШКИ МӘҲӘЛ

Автобус бәндиргисинде кешки мәҳәл бир жигит пенен бир қыз турар еди. Қыз қәўмети келискен, шырайлы, жигит оннан да бетер. Олар бир-биринен бес-алты адым ғана қашықлықта. Ўақты-ўақты «сездирмедим» дегендей бир-бирине жутынып қарап қояды.

Ақыры, қыз шыдамады. Биринши болып гәп баслады.

— Жақсы жигит, сиз не ҳаққында ойлап турсыз? — деди наз бенен.

Жигит те кеўилли күлимсиреди.

— Сиз не ойлап турған болсаңыз, мен де соны!

— Жоқбош, уялмайсаң ба?! — деди қыз қолы менен жүзин жасырып.

*02.01.2017-ж.*

## КҮТИЎ

Докторлар ең соңғы мәрте консилиум өткизди. Ғаррының жасап кетиўинен үмит жоқ еди.

— Әкеңиздиң еки-үш күнлик ғана өмири қалды, — деди биринши болып шыққан профессор бийтаптың перзентлерине. Изинде киятырған докторлар да, «солай» дегендей ғамгүн бас ийзеп өте берди. Ҳәммесиниң изинде киятырған психолог ҳаял сәл иркилди. Балалар оның жүзине үмит пенен телмиристи.

— Әкеңиз кимдидүр күтип атыр, — деди психолог. — Егер, қыйланбай жан берсин десеңиз, сол адам менен дийдарластырың.

Балалар әкесиниң алыс-жақын ағайинлерин, қәдирдан досларын избе-из ҳәзир етти. Лекин, олардың ҳеш бири бийтаптың дәртин жеңиллестирмеди я аңсат жан тәслим етиўине жәрдем ете алмады. Ғарры бир сабаққа илинип жатар еди.

Арадан үш күн өтти. Ең соңғы күни… ол күткен адам келди.

— Қалайсаң? Көзиңди аш! Мен Жупарман! — деди кемпир ғаррының тарамысланған қолларын қысымлап.

Ғарры әсте-әсте көзлерин ашты ҳәм кемпирге нәзери түсиўи менен сәл жанланғандай болды.

— Бармысаң, бийопа! — деди соң күлимсиреп дирилдеген даўыс пенен.

— Барман! Барман! — деди кемпир күле шырай берип.

— Күлгишиң еле баяғыдай-ә! — деди ғарры. — Мени бийнесип қалдырған нәмәрт қайда?!

— Өлди.

— Қудаға шүкир! — Ғаррының көкиреги бир көтерилип басылып, терең дем алды ҳәм көзлери бир ноқатқа тигилгенше қатып қалды.

*30.12.2016-ж.*

## ГОПАЛЬ

Паспорт столдың кеңсесине бир жигит келди.

— Атымды өзгертпекши едим.

— Неге?! Ата-анаңның азан айттырып қойған атын өзгертпекшимисең?

— Ҳеш ким мениң қулағыма азан айтпаған. Мен туўылған жыллары әкем киномеханик, анам кинотеатрда кассир екен. Екеўи де ҳинд фильмлериниң «жинлиси» болған. Сол жылы «Сангам» қойылған екен. Қызығып кетип, атымды Гопаль қойыпты.

— Неси бар? Гопаль деген атты мен де жақсы көремен, — деди паспорт стол хызметкери.

— Лекин, мени ҳеш ким Гопаль деп шақырмайды дә, ҳәмме Қопал дейди.

## ДУРЫС СӨЙЛЕП ҮЙРЕН

— Ден саўлығың қалай?

— Жақсы.

— Арақ ишесең бе?

— Яқ.

— Темеки шегесең бе?

— Яқ.

— Насыбай атасаң ба?

— Яқ.

— Азанда бир шақырым — еки шақырым жуўырасаң ба?

— Яқ.

— Не бул, бәри — яқ, яқ?!

— Дуқтыр қадаған етип қойыпты.

— Онда саған бир мәсләҳәт берейин — ендигиден былай дурыс сөйлеп үйрен.

— Ҳе, мен жалған сөйледим бе?

— Жалған сөйледиң.

— Қашан?

— Жаңа. «Ден саўлығың қалай» десем «жақсы» дедиң-ғо.

*24.11.2016-ж.*

## КҮЙЕЎ

— Кишкенелигинде жығылып-сүрнигип болса да даладан мурның қанап келетуғын ба еди?

— Ўәй, күн қуры емес еди.

— Сабақтан «еки» алдың ба?

— «Еки» деген дийқаншылық-ғо, математика муғаллими «бир» қоятуғын еди-ә!

— Класстың мүйешинде гербиш көтерип турдың ба?

— Төртинши классқа дейин турдым. Кейин бир күни гербиш аяғыма түсип кетип, муғаллим тәкибайға өзгертти.

— Танеписте төбелесип көрдиң бе?

— Еки мәртебе сондайдан мурным бузылды.

— Армияға бардың ба?

— Бардым.

— Гуппахтқа түстиң бе?

— Алты мәртебе.

— Арақ ишесең бе?

— Бар ма?!

— Яша, азамат! Барабер. Ҳаял, буяққа кел. Бала жаман емес, топырағы мениң ылайымнан ийленген көринеди. Қызыңа айт, мен ыразыман, жаўшы жибере берсин!

*14.10.2016-ж.*

## СӨЗИҢДЕ ТУР

— Доктор, мениң жүрегимниң аритмиясы дым жийилесип кетти.

— Неғылады?

— Еки соғып бир тоқтайды.

— Дәрисин ишип атырсаң ба?

— Ишип атырман, бирақ, тәсири аз.

Доктор бир заман үнсиз қалды.

— Сен былай ет, дым басыңды айландырма, «үш қой бир сом»де де жүре бер.

— Тоқтап қалса не қыламан?

— Не тоқтап қалады?

— Жүрегим.

— Тоқтамайды.

— Набада тоқтап қалса дә…

— Тоқтап қалса өзим жуўап беремен.

— Болады, бирақ, сөзиңде тур!

*16.11.2016-ж.*

## БИЗДЕ ХЫЗМЕТ ТӨЛЕМЛИ

Төлемли хызмет көрсетиўши адвокаттың алдына бир жигит келди.

— Сизден бир нәрсе сорамақшы едим…

Адвокат сөзиниң изин айттырмады.

— Бизде хызмет төлемли, — деди кесип.

— Билемен, төлеминен қашып отырғаным жоқ. Бирақ, сол даўа қылмақшы адамым…

— Бизде хызмет төлемли.

— Буны айттыңыз. Сорайын дегеним, ол адам мениң туўысқаным.

— Бизде хызмет төлемли.

— Яқшы, мен разыман. Лекин, мусылманшылық деген бар, уят болмас па екен…?

— Бизде хызмет төлемли.

— Қанша төлеймен?

— Арзаңызды тыңлаўым ушын ең кем ис ҳақының 50 проценти.

Жигит адвокаттың айтқан пулын төледи.

— Хош, не демекшисиз? — деди адвокат.

— Туўысқаным меннен он миллион қарыз алып еди, үш жылдан бери төлемей жүр. Судқа берсем бе екен?

— Бул сениң пуқаралық ҳуқуқың.

— Бирақ, арамызда тилхат я шәртнама жоқ еди, сонда да суд бул мәселени көрер ме екен?

— Бизде хызмет төлемли.

*12.11.2016-ж.*

## ПӘНТ БЕРГЕННЕН БОЛМА

Қалаға көптен берли көшпели китап дүкан келген жоқ еди. Бир сәтли екшемби күни базардың дәрўазасынан кире берген жерде еки стол қойып, оған муқабасы көздиң жаўын алатуғын шырайлы китаплар жайылды. Дәрўазадан өткен адам бир үңилмей өтпес еди.

Жайма дүкан дөгереги бир заманда үймелескен адамға толды да қалды.

— Бүйерде не сатып атыр-әй? — деди бир жас бала адамлардан асырылып мойнын созып.

— Китап, — деди кимдүр.

— Ҳе, жақсы болды-ғо, китап бар жерге адамлар көп келеди. — Соң ол китап сатып отырған жигитке жүзленди. — Қасында отырып лоторея сатсам бола ма?

Китап сатыўшы жигит «лотореяңды қаяққа қоясаң?» дегендей сораўлы пишинде қарады.

— Өзимниң жыйналмалы стол-тубиретким бар, минекей… — деди бала.

Китап сатыўшы келисим берди.

Бала ҳәп заматта лотореяны столдың үстине жайып таслады.

— Келиң қәне, кимге машын керек, кимге холодильник..?

Китап жаймасына үймелескен адамлардың тобы әсте сийрексий баслады.

Лекин, орнын жаңа адамлар толтырды. Олар ҳәр түрли китапларды қолларына алып көрип, ярым бет — бир бетке шекем оқып, кейин қайтып орнына қояр, соң лоторея сатқан баланың алдына барып, әсте-әсте кисесине қол апарғанын билмей қалар еди.

Бул аўҳал түске дейин даўам етти. Әдеп китап жаймасына, соң лотореяға…

Түс аўа адамлардың изи сейиле баслады. Дәрўазадан кирип келиўшилер емес, шығып баратырғанлар көбейди.

— Мен, қайтаман, — деди бир ўақта лотореяшы бала столын жыйнастырып.

— Ҳе?

— Сатып болдым.

— Қанша болды?

— Үш миллионға сәл жетпеди. Өзиң ше?

— Үш жүз мыңға сәл жетпеди, — деди китап сатыўшы сынық ҳаўазда.

Лотореяшы бала мыйықтан күлип, деди:

— Ата-баба айтқан-ғо, «пәнт бергеннен болма, пәнт жегеннен бол» деп.

Сол нақылға садық адамлардың бәри меннен саўда иследи.

## ТӨРТ ҚАТЫНЛЫ ҚОРАЗ

Ҳәрдайым гүзекте Қоңыратқа жолым түссе балық базарына кирмей кетпеймен. Балық базар бизлер бетте де бар, лекин, Қоңыраттың базары басқа дә! Ишиңизден оқың, Қоңыраттың балық базарында қырғаўыл болады! Қырғаўыл қызыл китапқа кирген қус. Сонлықтан оны аўлаўды қадаған ететуғын бийликлер шығып турады.

Бәрибир, Қоңыраттың базары қырғаўылсыз болмайды. Руқсат етилген жыллары оны балық пенен қатар жайып қояды, жуп-жуптан — бир қораз, бир мәкийен, бир қораз, бир мәкийен.

Сол сапары да аўлаў қадаған емес еди. Әсиресе, ақыраптың аяғына жетпей қар жаўып, көпшилик салылар қар астында қалды. Бул қусларға қол келди. Әсиресе, қырғаўыллар өзи қаттыға семирип, ҳә дегенде көтерилип уша алмайтуғын дәрежеге жетти. Нәтийжеде олар жуп-жуп болып базарға түсе берди — бир қораз, бир мәкийен, бир қораз, бир мәкийен…

— Қораз қанша турады? — деп сорадым сатып турған келиншектен.

— Айырып сатылмайды, алсаңыз бала-шағасы менен аласыз.

Жағалап өрге қарай жүрдим. Бир жерде пәрлери шоқтай жанған үлкен бир қораз қырғаўылға көзим түсти. Қасында төрт мәкийенди қатар жайып қойған екен.

Бағанағы саўалымды тәкирарладым.

— Алсаңыз бала-шағасы менен аласыз, — деди ол да.

— Қайсысы бала-шағасы?

— Төртеўи де.

— Ой-бу, қоразыңыз инсапсыз екен-ғо, — дедим күлип.

— Неси бар? — деди, келиншек ҳәзилге ҳәзил менен. — Мусылманшылықта төрт қатынға дейин неке түседи-ғо!

Мен қалтамнан пул шығарыў менен болдым

*01.11.2016-ж.*

## ҒӘРЕМЕТ

Балық базары базардың бир шетиндеги узын бастырманың астына жайласқан еди. Қарыйдар оның ана басынан түсип, мына шетине шекем шолып өтти. Соң изге айланып, ортарақтағы бир кейўаны ҳаялдың тусында тоқтады.

— Балығыңыз таза ма? — деди қарыйдар.

— Таза, — деди, кейўаны исенимли түрде.

— Ырас па?

— Ҳаў, ырас болмай не, бес-алты сомның жүзи-қарашылығы ушын өтирик сөйлейин бе?

— Әй, қайдан билейин. Затыңыз өтиўи ушын айта бересиз сизлер. Өткен ҳәпте бир ҳаялдан бес балық алып едим, үшеўин далаға таслаласдым. Гөнерип кеткен екен.

— Ғәремет жаппаң! — деди, ҳаял ашыўланып. — Екеў еди гөнерип кеткени!

*24.10.2016-ж.*

## АНА

Бир киси ғурқ болған шайтан таўығына он еки дана үйректиң мәйегин бастырды. Арасына таўықтың бир де мәйегин қоспады.

Белгили күннен кейин шөжелер шықты. Таўық шөжелериниң жалпақ тумсығына қарап ҳайран болар еди. Лекин, сонша күн өз баўырына алып жатқанлықтан оларды өз перзентим деп қабыл етти ҳәм ҳәр күни өзи қайда барса сонда изине ертип жүрер еди.

Бир күни шөжелерин ертип үйден сәл шетиректеги арнаның жағасына келип қалды. Үйрек палапанлардың туўма қәсийети оянды да, избе-из суўға түсип жүзип кетти. Ана таўық шыжа-пыжа болып ырашты жағалап арман жуўырды, берман жуўырды. Лекин, үйрек палапанлар буны итибарға да алмады. Қасында бир де шөжеси қалмаған ана таўық ақыры суўға бойын атты. Ол үсти-үстине төрт-бес мәрте қанатын патырлатып суў жутты. Соң биротала көринбей кетти. Азырақтан кейин қайнаўытлап аққан ылай суўда аспанға қарай сәррийип баратырған еки аяғы көринди. Ол пәтли ағыс пенен аяққа қарай ығып барар еди.

*18.10.2016-ж.*

## ГӨДЕК

*(Фарс)*

— Апа, күн суўық па?

— Көрпе жамылып шай ишип отырмыз.

— Газ жоқ па?

— Жазда ебиндей бар еди, суўық түскели өшти.

— Ток не?

— Ток бар.

— Өшпей ме?

— Шық түспесе, теректиң жапырағы қыймылдамаса өшпейди.

— Суў қалай?

— Үш күн тындырып қойып ишип отырмыз.

— Хлорды көп қоса ма?

— Яға-аў, хлор деген қалды-ғо. Ылай суў ағады.

— Әй-й, онда жата тураман, шықпайман.

— Қой, балам, шығабер. Ол ислер жөнлесемен дегенше саған сақал шығып кетеди.

Гөдек анасының ўәсиятын тыңлады. Ярым сааттан кейин «Тез жәрдем» машинасы келип, ҳаялды туўыў үйине алып кетти. Ҳәзир ғана анасының жыллы қурсағынан шыққысы келмей атырған гөдек «шыр-р» етип акушер ҳаялдың қолына өтти. Ҳаял оны дәрҳал қабат-қабат простынаға орап таслады. Айнада қыраў бар еди.

*14.10.2016-ж.*

## КОСТЮМ

Саратанның мыс қайнаған ыссысында мектепте бирге оқыған достымның кеңсесине баратуғын жумысым шығып қалды. Сая-сая менен жүрсем де терлеп писип қалдым.

— Жаңарақта бар еди, — деди, хаткер қыз. — Кирип отырып турағойың, келип қалар.

Мени баслықтың кабинетине киргизип жиберди. Баслық өзимниң он жыл бирге оқыған достым болғаны ушын өз үйимдей шалқайып отырып алдым.

Арадан ярым саат өтти. Келетуғын баслық жоқ. Стульдың арқасында костюмы жабыўлы тур. Баслық адамлардың ийегинен тери сорғаласа да костюмын шешпейтуғын әдети бар дә! Байғусты аяп кеттим.

Қыял сүрип отырып және ярым саат өткенин билмей қалыппан. Лекин, достымыздан еле дәрек жоқ. Столының үстиндеги қағазларға көз жуўыртаман: ҳәр қыйлы хатлар, мирәтнамалар… Сәнесине қарасам —январьдағы, өткен жылдың декабриндеги…

— Аға, түстен кейин келесиз бе, есикти илежақ едим, — деди хаткер қыз бир ўақта. Саатыма қарасам түс болып қалған екен.

Ертеңине усы аўҳал және тәкирарланды. Көйлегим терден сығып алғандай болып үйге қайттым.

Үшинши күни телефонына қоңыраў еттим.

— Айтып келсең болады-ғо, — деди ол қолайсызланып. — Мен онша кеңседе отыра бермеймен.

— Қайдан билейин, костюмыңа қарап…

— Не костюм? — деди ол ҳайран болып.

— Стульдың арқалығына жаўып қойған костюмың дә!

— Әй, соны өзгертип қоярман деп едим-әй, — деди ол бираз ойланып турып.

— Өзгерткени қалай?

— Өзимдикин жабаман дә, ол бурынғы баслықтан қалған костюм-ғо.

*29.08.2016-ж.*

## ПӘЛЕК АСТЫНДАҒЫ ХЫЗМЕТКЕР

— Сиз набада белгили бир мәкемениң жуўапкер хызметкери болып тайынлансаңыз, не ислер едиңиз?

— Ҳеш нәрсе ислемеймен.

— Ҳеш нәрсе ислемегениңиз биреўлерге унап қалып, сол мәкемеге баслық етип қойса…

— Улыўма ҳеш нәрсе ислемеймен.

— Улыўма ҳеш нәрсе ислемейтуғыныңыз жүдә қол келип, басқармаға сайласа…

— Ҳеш нәрсе ислемеймен.

— Әўмет күлип бағып, оннан да жоқарырақ лаўазымға….

— Бизики бир сөз. Ҳеш нәрсе ислемеймен.

— Қара я! Қандай хызметкерлеримиз бар пәлек астында жатырған!

*03.02.2016-ж.*

## АЙЛЫҚ

Институттың кассири касса алдынан асығып өтип баратырған бир муғаллимди шақырды.

— Аға, айлықларыңызды алмайсыз ба?

— Ә? Айлық? Қайсы айдики?

— Өткен айдики бар, усы айдың авансы... Соң, бир-еки мәрте Ташкентке барып келген хызмет сапарыңыздың пуллары бар еди.

— Кеширерсең, қарағым, умытыппан. Азанда келип алсам бола ма, ҳәзир асығып баратыр едим?

Ол кассирдиң жуўабын да күтпестен дәлиздиң арғы басында оны тыпыршылап күтип турған үшинши курстиң курс басшысына қарай асығыс жүрип кетти.

*20.02.2016-ж.*

## АУКЦИОН

— Айтымова, тур орныңнан!

Айтымова турады.

— Сен, «3»ти «4»ке өзгертиў ушын арзымаған елиў мыңға қыйланып, деканның орынбасарына қоңыраў еттирипсең?

— Басқа илажым болмады.

Онда обалың өзиңе! Сол қылғаныңа «ставка»ны жүзге көтеремен!

— Ҳаў, муғаллим...

— Не «ҳаў, муғаллим»?

— Деканға да қоңыраў еттирип едим.

— Еле сөйтип-әм булдирип жүрсең бе? Бир жүз елиў мыңды санап турып әкелесең! Билдиң бе?!

— Ректор айтпады ма, ақыры...

— Неғылдейди?! Ректорды да араластырдың ба буған? Өзиң ырысыңа тепкен қыз екенсең! Азанда еки жүз мыңды әкелмей, аудиторияға кирмейсең!

— Муғаллим, неге жоқарыға айттырған сайын қайта баҳаны арттырып баратырсыз?

— Басың ислейме сен қыздың? Бурын «3»ти «4»ке өзгертиўди тек мен билетуғын едим. Сен оны ҳәммеге жәрия қылып болыпсаң! Олардың пайын не, мен қалтамнан төлеймен бе?

— «Аукцион»ға шықпай турып «ҳақысын» төлеп алған студентлер ишлей мардыйысып отырды.

*20.02.2016-ж.*

## ҚУЙЫН

Балалар берилип топ ойнап атыр еди. Қәпелимде қаяқтандүр буўдақ-буўдақ болып келген қара булт күнниң жүзин қаплады. Изинше арқа батыстан есирип ескен өткинши самал жоқ жерден шаң-тозаңды уйтқытып, аспанға қарай суўырды.

— Қуйын! Қуйын киятыр! — деп хәўлиристи балалар.

Қуйын барған сайын үлкейип, жерден қағаз ба, шүберек пе, дус келген нәрсени шыр гүбелек айландырып аспанға суўырар, ең жаманы — ол туп-туўры балалар ойнап атырған тәрепке қарай бағыт алып келер еди.

—Таздың үйине бар. Таздың үйине бар! — деп жабырласты балалар.

— Таздың үйине бар! каздың тақыясын алып қаш!

Қуйын балалардың өтинишин есапқа алғандай, бағытын кескин өзгертип, аўыл шетиндеги пәскелтек жайға қарай бетледи.

— Сағынбай, сениң үйбетиңе баратыр, — деп кетик тислери ыржыйып күлди Узақбай. Ол хәмме балалардан бир-еки жас үлкен, аўыл балаларының «атаманы» еди. Сағынбайдың ашыўы мурнының ушына шығып турса да, «атаман»ға гәп қайтара алмады.

Қуйын ҳақыйқатында да таўланып-таўланып барып, Сағынбайдың үйиниң дийўалына урылды ҳәм сол жердеги патты-саттыны қосып алып, аспанға көтерилди.

— Ананқара, тақыя!

— Тақыясын алып қашты!

Сағынбай буннан артық шыдап тура алмады, үйине қарай шыбындай ушты.

Келсе, ағасы қаннан қәперсиз басына бир қос шаршыны жийеклеп тартып алып китап оқып отыр еди.

— Аға, тақыяң қайда? — деди Сағынбай есиктен келе сала хаўлығып.

— Тақыя?! Ҳе, оны не қыласаң?

— Тақыянды қуйын алып қашты ма?!

— Қуйын?! Ағасының бирден түси өзгерип кетти. Ол дөгерегин қармалап, көпшиктиң астына қойған тақыясын алып, кийди.

— Қуйын өтти ме? — деди соң сам-саз болып турған баласына қарап. — Баллар мазақлады ма?

Сағынбай сес шығармады. Оның көзлеринен еки тамшы жас бетиниң алмасынан сызылып ағып, түсти. Ол ағасын қапа қылып алғанына қатты өкиниште, бирақ, оны қалай жуўып-шайыўдың есабын таппай ар-сар еди.

*24.11.2017-ж*

## ҚАЎЫН САЎДАСЫ

Гүздиң аязлы күнлериниң басланып киятырған гезлери еди. Жол шетине үйип қойып қаўын сатып отырған орта жаслардағы ҳаялдың алдына бир жеңил машина тақаңқырап келип тоқтады.

— Қаўын қаншадан? — деди рульдеги жигит айнаны ашып.

— Килосы еки мың, — деди ҳаял отырған орнында.

— Сәл қымбатлаў екен я?..

— Маған келип турғаны сол.

Жигит буннан кейин гәп қоспады.

— Яқшы, маған еки қаўын өлшең! — деди кисесинен пул қарастырып.

Ҳаял ериншеклик пенен орнынан турып, еки қаўынды тәрезиге тартты.

— Машинаға салып жибериң, жеңге!

Жигит бул гәпти қаншелли кишипейиллик пенен айтпасын, оның отырған орнынан қыймылдамаўы ҳаялға батайын деди.

Ол еки қаўынды еки қолтығына қысты да, бир қолының ушы менен есикти зорға ашты. Қаўынларды орынлықтың төменине қойды. Соң «жарылды».

— Жап-жас жигитсең, буншелли не көкирек?! Шешең машында туўғандай…

Ҳаял жигит усынған пулға қол созып атырып, бирден тула бедени қалтырап тил қата алмай қалды. Жигиттиң еки аяғы жуўан саннан жоқ еди.

*22.11.2017-ж*

## ОН АЙЛЫҚ ХЫЗМЕТКЕР

Тазадан шөлкемлестирилген мәкемеге мени баслық етип тайынлады. Маған дейин шөлкемлестириў комиссиясының баслығы ҳәмме хызметкерлерди жумысқа қабыллап, орны-орнына қойып кеткен екен. Мен енди тек олар менен тил табысып, бирге ислесиўим керек. Лекин, сол бирге ислесиў аңсат болмады. Жумысқа алынған хызметкерлердиң иске уқыбы ҳәм билим дәрежеси «мен не деймен, қобызым не дейди» деген аўҳалда еди. Әсиресе, Сансызбай деген жетекши қәниге улыўма имлаға келмеди. Ақыры, жеке өзин шақырып айттым.

— Иним, өз арзаң менен қоясаң ба, яки...

— Өз арзам менен, — деди ол гәпимниң изин айттырмай.

Мен алдына бир бет қағаз бенен ручка қойдым.

— Ҳәзир емес, — деди ол қағазды кейин ысырып.

— Ҳе, неге ҳәзир емес?

— Он айдан кейин, — деп ол орнынан турды.

— Тоқта! Неге он айдан кейин? Мен он айға дейин күтип жүре алмайман! — дедим ашыўға минип.

— Жүре алмасаңыз — бир айлық хызметкерлер бар, үш айлық хызметкерлер бар, солардың арзасын ала бериң. Мен он айға дейин төлеп қойыппан.

Ол усыны айтты да, кабинетти тәрк етти.

*04.11.2018-ж.*

## АБЫРЖЫ

Фермер қонаға жаўып шыққан қалың қарға ышқы етип қарап тур еди. Кимдүр тоңып қата баслаған қарды ғарш-ғарш басып, оған қарай туўрылап келе берди.

— Маған жигирма адам керек, — деди ол сәлем-аликти де несийе қылып.

— Не жигирма адам? — деди фермер түсинбей.

— Көмир түсириўге. Бир вагон көмир келди.

— Көмир менен мениң не жумысым бар?!

— Маған еки саат ўақыт берилген. Оннан кешиксем жарийма салады.

— Иним, сен алжасып келип турған жоқсаң ба, мен фермермен!

— Ертең және еки вагон киятыр, бир жүз жигирма тонна болады ол.

— Саған және бир мәрте айтаман — мен фермермен, пахта егемен.

— Оны он бес районға тарқатыўым керек. Тийеў-түсириў, сениң еле жигирма адамыңның күши келмейди-әм!

— Әй, сен қызықсаң-әй! Қаяқтың жигирма адамы! Бир адамымәм жоқ саған беретуғын.

— Егер поезд маған жәриймa салса буның баҳасы барып көмирге қосылады. Нәтийжеде көмир қымбатып кетеди.

— Ҳаў, мусылманның баласы, мен фермермен деп атырман саған! Пахта егемен, бийдай егемен. Сениң көмириң менен не жумысым бар мениң! Көмириңди өзиң түсир! Ҳәр ким өзиниң жумысын өзи ислесинсеш!

— Солай ма? Бул гәпти жазда пахтаңды отап бергенимизде неге айтпадың? Чеканканың ўақтында неге аўзыңа суў уртлап алдың?! Теримде ше-теримде, тилиңди қара молла байлап па еди? Бересең бе жигирма адам, бермейсең бе?

— Бермеймен! — деп қышқырып жиберди фермер. — Бар, баратуғын жериңе!

—Азат, бәстир машыңды. Аўдар үстине!

Қараса, жигирма тонналық самосвал буның үстине қарай дөнип киятыр. Егер, ол аяқ-қолын сермелекленип оянып кетпегенде сөз жоқ, жигирма тонна көмирдиң астында қалатуғын еди.

Көзин ашса төбесинде ҳаялы турған екен.

— Тур. Сыртта ҳәкимияттан адам келип тур.

— Не дейди?

— Шарўаға шөп тасыўға бес адам берсин дейди.

— Адамды соғаман ба мен?! Буяқта көмир түсириўге жигирма адам керек деп атыр.

Ол түси менен оңының парқын ажырата алмай, абыржыда қалған еди.

*25.09.2017-ж*

## МАЗМУНЫ

Соңғы тилек *(роман)* ........ 3

**Гүрриңлер**

Отыз мың биринши операция ........ 191
«Бир гүзе алтын таптым» ........ 196
Айтпай жүрген өтиригим бе? ........ 199
Себет ........ 202
Ким жеңеди? ........ 206
Көшениң абырайы ........ 208
Муштук *(Турсынбай Баймировтан)* ........ 211
Адам қалай қартаяды? ........ 214
Мен қашан туўылдым? ........ 218
Садаған кетейин, Европа ........ 221
Ендиги жыл қандай жыл? ........ 223
Күтилмеген саўға ........ 228
Нәзик мийман ........ 232
Қутекениң қосығы ........ 235
Ядыма түсти ........ 237
Сен шығып тур ........ 239
Барып-барып ислейтуғын «Магнитофон» ........ 242
Мен ашқан жаңалық ........ 245
«Өмирбек»тиң таныслары ........ 248
Ийт сатаман ........ 251
Саяхат *(Ханс рослерден)* ........ 256
Соқыр ишек ........ 259
Күнимизге жараған өтирик ........ 260
Қан қызба (фельетон) ........ 263
Жолдағы ўақыя ........ 265
Сыбай салтан ........ 267
Қудайы қонақ ........ 270
Гөш ........ 271
Көзим үйренип кеткен ........ 272
Ўәлий ........ 273
Жәнжел ........ 275
Етик май ........ 276
Жаўшылар ........ 278
Тәрбия сабағы ........ 279
Қаңғымай қораз *(Рустем Умматовтан)* ........ 281
Малдас *(Рустем Умматовтан)* ........ 283
Еркеклер ҳәм ҳаяллар ........ 284
Ҳаяллар ........ 284

Ҳаяллар сөйлескенде ........ 284
Урысқанда........ 285
Күйеўин мақтағанда........ 285
Күйеўин жаманлағанда........ 285
Ҳаял менен қалай оңысыўға болады?........ 286
Еркеклер ........ 286
Еркекти хожаметлейтуғын мақаллар........ 287
Ҳаялға ғәрезли қылып қойған мақаллар........ 287
Еркек пенен қалай оңысыўға болады?........ 287

**Драбблләр**
Бизиң үйдеги сылбыр........ 288
Мүсәпир........ 288
Қыз таңлаў........ 289
Қорқыныш........ 290
Ата ҳәм бала........ 291
Саўал ҳәм жуўап........ 291
Әрман........ 292
Ҳәр заманға бир заман........ 292
Өмир........ 293
Заўал........ 293
Бөтеке........ 294
Жубаныш ........ 295
Кешки мәҳәл........ 295
Күтиў........ 296
Гопаль ........ 297
Дурыс сөйлеп үйрен........ 297
Күйеў........ 298
Сөзиңде тур........ 298
Бизде хызмет төлемли........ 299
Пәнт бергеннен болма........ 299
Төрт қатынлы қораз........ 301
Ғәремет........ 301
Ана ........ 302
Гөдек *(фарс)*........ 302
Костюм........ 303
Пәлек астындағы хызметкер........ 304
Айлық ........ 304
Аукцион ........ 305
Қуйын ........ 306
Қаўын саўдасы ........ 307
Он айлық хызметкер ........ 308
Абыржы ........ 308

**Муратбай НЫЗАНОВ**

# ТАҢЛАМАЛЫ ШЫҒАРМАЛАРЫ

## VIII ТОМ

**«Билим» баспасы**
**Нөкис — 2018**

Редактор *У. Юсупова*
Көрк. ред. *И. Сержанов*
Тех. редактор *Б. Турымбетов*
Оператор *Г. Серимбетова*

**Лицензия: AI №108, берилген ўақты 2008-жыл 15-июль.**

Басыўға руқсат етилген ўақыт 14-ноябрь 2018-жыл. Форматы 60×90 $^1/_{16}$. «TIMES KRKP» гарнитурасы. Офсет баспа қағазы. Офсет баспа усылында басылды. Көлеми 19,5 б.т. 20,0 есап б.т. Нусқасы 500 дана. Баҳасы шәртнама бойынша. Буйыртпа № .

«Билим» баспасы, 230103. Нөкис қаласы,
Қарақалпақстан көшеси, 9.

**Электрон мәнзил:** bilim.baspa.@bk.ru

ЖШЖ «NISO POLIGRAF»ында басып шығарылды.
Ташкент областы, Орта Чирчик районы, «Оқ ота» КФЙ,
п. Машъал, Марказ көшеси, 1.